



AETNA BETTER HEALTHSM FIDA PLAN

Tiliv pou Patisipan pou 2017



Aetna Better Health FIDA Plan se yon plan swen kontwole ki gen kontra avèk toulède Medicare ak New York State Department of Health (Medicaid) pou bay patisipan yo benefis ki soti nan toulède pwogram yo atravè Demonstrasyon Avantaj Doub ki Totalman Entegre (FIDA).

Enfòmasyon ki itil

Sèvis Patisipan

1-855-494-9945 (TTY: Rele 711)

Transpò nan ka ki pa ljan

1-866-334-8919

Adrès

Aetna Better Health FIDA Plan

55 W. 125th St., Suite 1300

New York, NY 10027

Enfòmasyon pèsonèl

Nimewo idantifikasyon mwen

PCP mwen (pwofesyonèl swen sante prensipal mwen)

Nimewo telefòn PCP mwen

Non ak nimewo telefòn responsab swen m lan

Aetna Better Health FIDA Plan

Tiliv pou Patisipan

1ye janvyè 2017 – 31 desanm 2017

Pwoteksyon Asirans Sante ak Medikaman w nan Aetna Better Health FIDA Plan

Tiliv sa a ba w enfòmasyon sou pwoteksyon ou genyen nan Aetna Better Health FIDA Plan (Medicare-Medicaid Plan) apatide dat ou enskri w nan Aetna Better Health FIDA Plan jiska 31 desanm 2017. Li esplike kijan Aetna Better Health FIDA Plan kouvri sèvis Medicare ak Medicaid, ikonpri kijan li kouvri medikaman sou preskripsyon, san sa pa koute w anyen. Li esplike sèvis swen sante yo, sèvis sante nan domèn konpòtman, medikaman sou preskripsyon, ak sèvis ak sipò alontèm ke Aetna Better Health FIDA Plan kouvri. Nan sèvis ak sipò alontèm yo gen swen ki baze nan etablisman alontèm epi sèvis ak sipò alontèm ki baze nan kominote a. Sèvis ak sipò alontèm ki baze nan kominote a ba w swen ou bezwen adomisil e nan kominote w, epi l ka bese chans ou genyen pou yo voye w nan yon etablisman swen enfimye oswa lopital.

Dokiman sa a se yon dokiman legal ki enpòtan. Tanpri, mete l yon kote ki an tout sekirite.

Aetna Better Health FIDA Plan se yon Plan Avantaj Doub ki Totalman Entegre (FIDA) ke Aetna Better Health of New York ofri. Nan *Tiliv pou Patisipan* sa a, lè nou ekri "noumenm", "nou" oswa "n" sa vle di Aetna Better Health of New York. Lè ou wè nou ekri "plan an" oswa "plan nou an", sa vle di Aetna Better Health FIDA Plan.

Ou kapab resevwa tiliv sa a gratis nan lòt. Rele nan 1-855-494-9945 (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis.

Puede recibir esta información en otros idiomas en forma gratuita. Llame al **1-855-494-9945** o al **711** (línea TTY/TDD), las 24 horas del día, los 7 días de la semana. Esta llamada es gratuita.

È possibile ottenere queste informazioni gratuitamente in alter lingue. Chiamare il numero **1-855-494-9945** e il número **711** per il servizio TTY/TDD per l non udenti, 24 ore al giorno 7 giorno alla settimana. La chiamata è gratuita.

Ou kapab jwenn enfòmasyon sa a pou gratis nan lòt lang. Rele **1-855-494-9945** ak **711** pou TTY/TDD, 24 sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis.

可以免費取得本資訊的其他語言版本。請撥打 **1-855-494-9945**，若使用 TTY/TDD 請撥 **711**，每週 7 天、每天 24 小時均提供服務。此免費電話。

Вы можете бесплатно получить эту информацию в переводе на другой язык. Позвоните по телефону **1-855-494-9945**. Линия работает круглосуточно и без выходных. Звонки бесплатные. Если вы пользуетесь устройством TTY/TDD, звоните по телефону **711**.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

다른 언어로 이 정보를 무료로 받으실 수 있습니다. 연중 무휴 24 시간 **1-855-494-9945** 번 또는 TTY/TDD 의 경우 **711** 번으로 전화해 주십시오. 통화는 무료입니다.

Ou ka jwenn tiliv sa a gratis nan lòt fòm, tankou an gwo karaktè, an bray, oswa sou fòm odyo. Rele **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 sou 24, 7 jou sou 7.

Dèke w vin yon patisipan nan Aetna Better Health FIDA Plan, pral gen yon Responsab Swen ki pral rele w. Pandan apèl la, yo pral mande w si w gen yon lang ou pito ak/oswa yon fòm ke ou pito resevwa enfòmasyon plan an. Epitou ou ka kontakte Sèvis Patisipan an oswa responsab swen w pou chanje pou sa w pito a nenpòt lè.

Avi sou non-responsabilite

Aetna Better Health FIDA Plan se yon plan swen kontwòle ki gen kontra avèk toulède Medicare ak New York State Department of Health (Medicaid) pou bay Patisipan yo benefis ki soti nan toulède pwogram yo atravè Demonstrasyon Avantaj Doub ki Totalman Entegre (FIDA).

Ka gen limit ak restriksyon ki aplikab. Si w bezwen gen plis enfòmasyon, rele Sèvis Patisipan Aetna Better Health FIDA Plan oswa li Tiliv pou Patisipan nan Aetna Better Health FIDA Plan an. Sa vle di ke w dwe suiv sèten règ pou Aetna Better Health FIDA Plan ka peye pou sèvis ou yo.

Lis Medikaman ki Kouvri yo ak/oswa rezo famasi ak pwofesyonèl swen sante yo ka chanje nan ane a. Nap voye yon avi ba ou anvan nou fè yon chanjman kap afekte w.

Benefis yo ka chanje 1ye janvye chak ane.

Leta Nouyòk kreye yon pwogram medyasyon pou patisipan ke yo rele Rezo Endepandan pou Defans Konsomatè (Independent Consumer Advocacy Network, ICAN) pou bay Patisipan yo, asistans gratis ak konfidansyèl sou nenpòt sèvis Aetna Better Health FIDA Plan ofri. Ou ka kontakte ICAN nan nimewo pou apèl gratis la ki se 1-844-614-8800, oswa sou sit Entènèt la nan icannys.org (TTY dwe rele nan 711, apres sa suiv direktiv pou fòm 844-614-8800.)



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Chapit 1: Kijan pou kòmanse antanke yon Patisipan

Tabmatyè

A. Byenveni nan Aetna Better Health FIDA Plan.....	4
B. Kisa Medicare ak Medicaid ye?	4
Medicare.....	4
Medicaid.....	4
C. Ki avantaj ki gen nan Plan FIDA sa a?.....	5
D. Ki zòn sèvis Aetna Better Health FIDA Plan kouvri?.....	6
E. Kisa ki fè ou ka elijib pou vin yon Patisipan nan plan an?	6
F. Men sa wap jwenn lè w fèk antre nan yon Plan FIDA	7
G. Kisa yon Plan Sèvis ki Konsantre sou yon Moun ye?.....	8
H. Èske Aetna Better Health FIDA Plan gen yon prim mansyèl pou plan an?.....	8
I. Enfòmasyon sou Tiliv pou Patisipan an.....	8
J. Ki lòt enfòmasyon ou pral resevwa nan men nou?.....	8
Kat Idantifikasyon Patisipan ou nan Aetna Better Health FIDA Plan.....	9
Anyè Pwofesyonèl Swen Sante ak Famasi	9
Lis Medikaman ki Kouvri yo	10
Esplikasyon Benefis yo	11
K. Kijan èske w ka kenbe dosye Patisipan w lan ajou?.....	11
Èske nou kenbe enfòmasyon pèsònèl sou sante w prive?	11



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

A. Byenveni nan Aetna Better Health FIDA Plan

Aetna Better Health FIDA Plan se yon Plan Avantaj Doub ki Totalman Entegre (Fully Integrated Duals Advantage, FIDA). Yon *Plan FIDA* se yon òganizasyon ki konpoze de doktè, lopital, famasi, pwofesyonèl ki bay sèvis ak sipò alontèm ak lòt pwofesyonèl ki bay sèvis sante. Epitou li genyen Responsab Swen ak Ekip Entèdisiplinè (IDT yo) ki pou ede w jere tout pwofesyonèl swen sante ak tout sèvis ou yo. Yo tout yo travay ansanm pou ba w swen ou bezwen an.

Aetna Better Health FIDA Plan te apwouve pa Eta New York ak Centers for Medicare & Medicaid Services (CMS) [Sant pou Sèvis Medicare & Medicaid] pou ba w sèvis nan kad Demonstrasyon FIDA.

FIDA se yon pwogram demonstrasyon ke Eta New York ak gouvènman federal la administre ansanm pou yo bay pi bon swen sante pou moun ki gen toulède, Medicare ak Medicaid. Selon demonstrasyon sa a, leta a ak gouvènman federal la vle teste nouvo fason pou amelyore jan w resevwa sèvis swen sante Medicare ak Medicaid ou yo. Poulemoman, demonstrasyon sa a pral fini le 31 desanm 2017.

Depi 2011, Aetna Better Health of New York ap bay manm ki New York yo Swen Alontèm Kontwole (MLTC). Konpayi ki jere nou an, Aetna, gen plis ke 30 ane depi lap jere swen pou moun ki anrejistre nan Medicaid ak Medicare. Nou byen konprann kisa patisipan nou yo bezwen. Nou pral travay ak founisè swen sante lokal ak gwoup kominotè nan New York pou n satisfè bezwen sa yo.

B. Kisa Medicare ak Medicaid ye?

Medicare

Medicare se yon pwogram asirans sante federal pou:

- moun ki gen 65 lane oswa pi gran,
- sèten moun ki gen mwenske 65 lane ki gen sèten andikap, ak
- moun ki gen maladi ren nan faz final (ensifizans renal).

Medicaid

Medicaid se yon pwogram gouvènman federal la ak Eta New York administre ki ede moun, ki pa gen anpil revni ni anpil resous, peye pou sèvis ak sipò alontèm, ak depans medikal yo. Li kouvri sèvis ak medikaman anplis ke Medicare pa kouvri.

Chak eta deside kisa ki konte kòm revni ak resous e ki moun ki kalifye. Chak eta deside tou ki sèvis ki kouvri ak konbyen sèvis sa yo koute. Eta yo ka deside kijan pou yo administre pwogram yo, depi yo respekte règ federal yo.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Medicare ak Eta New York apwouve Aetna Better Health FIDA Plan chak ane. Ou ka resevwa sèvis Medicare ak Medicaid atravè plan nou an depi:

- Ou elijib pou patisipe nan Demonstrasyon FIDA a,
- Nou chwazi pou n ofri Plan FIDA a, e
- Medicare ak Leta New York apwouve Aetna Better Health FIDA Plan pou l patisipe nan Demonstrasyon FIDA a.

Sizoka ta rive yon lè plan nou an sispann fonksyone, sa pap afekte elijibilite w pou gen sèvis Medicare ak Medicaid.

C. Ki avantaj ki gen nan Plan FIDA sa a?

Nan Demonstrasyon FIDA a, ou pral resevwa tout sèvis Medicare ak Medicaid kouvri nan Aetna Better Health FIDA Plan, ikonpri sèvis ak sipò alontèm (LTSS) ak medikaman sou preskripsyon. Ou pa gen anyen pou peye pou antre nan plan an ni pou resevwa sèvis nan plan sa a. Sepandan, si w gen Medicaid ak yon limit "revni anplis pou depanse (spend-down)" oswa si w gen "revni depase", wap gen pou kontinye peye bay Plan FIDA a revni anplis pou depanse a.

Aetna Better Health FIDA Plan pral ede benefis Medicare ak Medicaid ou yo fonksyone pi byen ansanm e pou yo fonksyone pi byen pou ou. Men kèk avantaj ki genyen lè w gen Aetna Better Health FIDA Plan:

- Ou pral gen yon Ekip Entèdisiplinè ke w ede mete sou pye. Yon Ekip Entèdisiplinè (IDT) se yon gwoup moun kap konn tout sa w bezwen e kap travay avè w pou devlope ak akonpli yon Plan Sèvis ki Konsantre sou yon Moun ki adapte espesifikman ak sa w bezwen. Pami IDT ou genyen Responsab Swen, doktè yo, founisè sèvis yo, oswa lòt pwofesyonèl swen sante ki la pou ede w resevwa swen sante w bezwen.
- Ou pral gen yon Responsab Swen. Se yon moun ki travay ansanm avèk ou, ak Aetna Better Health FIDA Plan, avèk pwofesyonèl swen sante w yo pou asire ke w resevwa swen ou bezwen yo.
- Wap kapab dirije pwòp swen w avèk èd ke IDT ou ak Responsab Swen w pral ba ou.
- Responsab Swen an ak IDT a pral travay avè w pou yo ka monte yon Plan Sèvis ki Konsantre sou yon Moun ki fèt espesyalman pou l satisfè sa w bezwen. Responsabilite IDT a se kowòdone sèvis ou bezwen yo. Sa vle di, paregzanp:
 - » IDT ou pral asire l ke doktè w yo okouran de tout medikaman wap pran pou yo diminye nenpòt efè segondè w ta ka genyen.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

- » IDT ou pral voye rezilta tèl ou yo bay tout doktè ak tout lòt pwofesyonèl swen ou genyen.
- » IDT ou pral ede w pran randevou epi l ap ede w ale nan randevou kay doktè ak kay lòt pwofesyonèl swen yo.

D. Ki zòn sèvis Aetna Better Health FIDA Plan kouvri?

Zòn sèvis nou an enkli konte sa yo nan New York: Kings, Nassau, New York, Queens, ak Suffolk.

Se sèlman moun ki viv nan zòn sèvis nou an ki ka enskri nan Aetna Better Health FIDA Plan.

Si w demenaje epi w ale andeyò zòn nou desèvi a, ou pa ka rete nan plan sa a.

E. Kisa ki fè ou ka elijib pou vin yon Patisipan nan plan an?

Ou elijib pou patisipe nan plan nou an pouvike:

- ou abite nan zòn sèvis nou an;
- ou gen dwa pou resevwa Medicare Pati A, ou anrejistre nan Medicare Pati B, e ou elijib pou Medicare Pati D;
- ou elijib pou Medicaid;
- ou se yon sitwayen ameriken oswa ou se yon rezidan legal Ozetazini;
- ou gen laj 21 an oswa w pi gran, lè w enskri;
- ou oblije resevwa 120 jou oswa plis Sèvis ak Sipò Alontèm (LTSS) ki baze nan kominote a oswa ou elijib sou plan klinik pou ale nan yon etablisman ki bay swen enfimyè epi w bezwen sèvis sipò alontèm ki baze nan etablisman; e
- yo pa eskli w nan enskripsyon an selon youn nan esklizyon ki sou lis pi ba a.

Yo pap kite w patisipe nan plan nou an si:

- ou se yon rezidan nan yon etablisman Biwo Leta New York pou Sante Mantal (New York State Office of Mental Health, OMH) oswa ou nan yon etablisman sikyatrik;
- ou resevwa sèvis nan sistèm Biwo Leta pou Moun ki gen Andikap nan Devlopman (State Office for People with Developmental Disabilities, OPWDD) – kit wap resevwa sèvis nan yon etablisman OPWDD oswa nan yon sant tretman, kit ou te ka resevwa sèvis nan yon ICF/IID men w deside pa resevwa sèvis la, oubyen ankò;
- yo prevwa wap elijib pou Medicaid nan mwenske sis (6) mwa;
- ou elijib pou resevwa benefis Medicaid pou sèvis ki gen rapò ak tibèkiloz, ak sèvis kansè nan tete, oswa sèvis kansè nan kòl matris;



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

- wap resevwa sèvis ospis (lè w enskri);
- ou elijib pou pwogram ekspansyon planin familyal la;
- ou se yon rezidan nan yon pwogram tretman rezidansyèl alontèm pou moun ki abize alkòl/sibstans;
- ou elijib pou Medicaid nan ka dijans;
- ou enskri nan pwogram egzonerasyon 1915(c) pou pasyan ki gen Twomatis nan Sèvo (TBI);
- ou patisipe epi w rete nan yon etablisman ki gen Pwogram Rezidans Asiste; oswa
- ou nan pwogram Demonstrasyon Swen Fanmi Adoptif.

F. Men sa wap jwenn lè w fèk antre nan yon Plan FIDA

Lè w fèk antre nan plan an, yo pral fè yon evalyasyon konplè pou yo konn kisa w bezwen sou 90 jou oswa nan sis mwa apre dènye evalyasyon yo fè pou ou a, si w te soti nan Aetna Better Health of New York pou w antre nan Aetna Better Health FIDA Plan. Se yon Enfimyè Otorize ki nan Aetna Better Health FIDA Plan ki pral fè evalyasyon an.

Si Aetna Better Health FIDA Plan se yon plan ki nouvo pou ou, ou ka kontinye al kay doktè w al wè kounye a, pou resevwa sèvis wap resevwa kounye a pandan yon sèten peryòd tan. Sa rele "peryòd tranzisyon." Nan pifò ka yo, peryòd tranzisyon yo pral dire 90 jou oswa jiskaske Plan Sèvis ki Konsantre sou yon Moun ou a finalize e ke yo enpleman l, toudepannde sa ki vin annapre a.

Lè peryòd tranzisyon an fini, ou pral gen pou ale wè doktè ak pwofesyonèl swen sante ki nan rezo Aetna Better Health FIDA Plan. *Yon pwofesyonèl swen sante rezo se yon pwofesyonèl swen sante ki travay avèk Aetna Better Health FIDA Plan.* Gade nan Chapit 3 pou ka gen plis enfòmasyon sou kijan pou jwenn swen.

Gen de eksepsyon nan peryòd tranzisyon nou dekri pi wo a:

- Si w se yon rezidan nan yon etablisman ki bay swen enfimye, ou ka kontinye viv nan etablisman ki bay swen enfimye a pou peryòd tan Demonstrasyon FIDA a dire, menmsi etablisman ki bay swen enfimye a pap patisipe nan rezo Aetna Better Health FIDA Plan.
- Si lè wap anrejistre a, wap resevwa sèvis nan men yon pwofesyonèl ki bay swen nan domèn konpòtman, ou ka kontinye resevwa sèvis nan men pwofesyonèl sa a jiskaske tretman an fini, men pa pou pliske dezan. Ka sa a aplike menmsi pwofesyonèl swen sante a pap patisipe nan rezo Aetna Better Health FIDA Plan.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

G. Kisa yon Plan Sèvis ki Konsantre sou yon Moun ye?

Sou premye 90 jou apre dat enskripsyon w lan efektif, ou pral rankontre manm ki nan Ekip Entèdisiplinè (IDT) w la pou pale sou sa w bezwen e pou devlope Plan Sèvis ki Konsantre sou yon Moun (PCSP) w la. Yon Plan Sèvis ki Konsantre sou yon Moun (PCSP) se yon plan sèvi swen, sèvis alontèm ak sipò, ak medikaman sou preskripsyon ke w pral jwenn ak fason ou pral jwenn yo.

Lè sa va nesèsè, yo pral fè yon re-evalyasyon konplè pou ou, men yap fè l omwen chak sis mwa. Sou 30 jou apre re-evalyasyon konplè a, IDT ou pral travay avèk ou pou l fè mizajou sou Plan PCSP w la. Ou ka mande pou yo fè yon nouvo evalyasyon oswa yon mizajou nan PCSP w la nenpòt lè, annik rele Responsab Swen w lan.

H. Èske Aetna Better Health FIDA Plan gen yon prim mansyèl pou plan an?

Non. Nanpwen okenn prim mansyèl pou peye nan plan an epi pagen okenn lòt depans pou patisipe nan Aetna Better Health FIDA Plan. Sepandan, si w gen Medicaid ak yon limit "revni anplis pou depanse (spend-down)" oswa si w gen "revni depase", wap gen pou kontinye peye bay Plan FIDA a revni anplis pou depanse a.

I. Enfòmasyon sou Tiliv pou Patisipan an

Tiliv pou Patisipan sa a fè patide kontra nou genyen avèk ou. Sa vle di nou fèt pou n respekte tout règ ki nan dokiman sila a. Si w panse nou fè yon bagay ki kont règ sa yo, ou ka fè yon demann dapèl, oswa ou ka konteste aksyon nou an. Si w bezwen enfòmasyon pou konn kijan pou ale annapèl, gade nan Chapit 9, oswa rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), oswa rele Rezo Endepandan pou Defans Konsomatè nan 1-844-614-8800. Epitou ou ka pote plent poutèt kalite sèvis nou bay la, annik rele Sèvis Patisipan an nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7.

Kontra a anvigè pou mwa ou enskri nan Aetna Better Health FIDA Plan yo ant 1ye janvyè 2017 ak 31 desanm 2017.

J. Ki lòt enfòmasyon ou pral resevwa nan men nou?

Ou ta dwe deja resevwa yon kat idantifikasyon Patisipan nan Aetna Better Health FIDA Plan, yon *Anyè Pwofesyonèl Swen Sante ak Famasi*, ak yon *Lis Medikaman ki Kouvri yo*.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Kat Idantifikasyon Patisipan ou nan Aetna Better Health FIDA Plan

Nan plan nou an, ou pral gen yon kat pou sèvis Medicare ak Medicaid ou yo, ki enkli sèvis ak sipò alontèm ak preskripsyon. Ou fèt pou w prezante kat sa a lè wap resevwa nenpòt sèvis oswa preskripsyon. Men yon echantiyon kat pou montre w a kisa kat pa w la ap sanble:

<p>AETNA BETTER HEALTH™ FIDA PLAN</p> <p>Participant Name: Last Name, First Name Participant ID: 000000000000 Health Plan (80840): info to come Effective Date: 000000</p> <p>PCP: Last Name, First Name PCP Phone: 000-000-0000</p> <p>Copays: PCP/Specialist: \$0 ER: \$0 Rx: \$0</p> <p>CMS - H8056 001</p>	<p>aetna</p> <p>MedicareRx <small>Prescription Drug Coverage</small></p> <p>RxBIN: 610591 RxPCN: MEDDADV RxGRP: RX8823</p>	<p>In an emergency, call 911 or go to the nearest emergency room (ER) or other appropriate setting. If you are not sure if you need to go to the ER, call your Care Manager or the 24-Hour Nurse Advice line.</p> <p>Participant Services: 1-855-494-9945 (TTY: 711) 24-Hour Nurse Advice: 1-855-494-9945 (TTY: 711) Care Management: 1-855-494-9945 Pharmacy Help Desk: 1-855-364-2979 Website: www.aetnabetterhealth.com/newyork</p> <p>Send claims to: Aetna Better Health FIDA Plan P.O. Box 63848, Phoenix, AZ 85082 Payer ID: 34734</p>
--	--	--

Si kat ou a domaje, si w pèdi l, oswa si yo vòlè li, rele Sèvis Patisipan an touswit epi nap voye yon nouvo kat pou ou.

Toutotan ou se yon Patisipan nan plan nou an, ou pa bezwen itilize kat wouj, blan ak ble Medicare w la, ni kat Medicaid ou a, pou resevwa sèvis. Kenbe kat sa yo yon kote ki an tout sekirite, sizoka ou ta bezwen yo annapre.

Anyè Pwofesyonèl Swen Sante ak Famasi

Anyè Pwofesyonèl Swen Sante ak Famasi a se yon lis ki gen pwofesyonèl swen sante ak famasi ki nan rezo Aetna Better Health FIDA Plan. Pandan w se yon Patisipan nan plan nou an, ou fèt pou w itilize pwofesyonèl swen sante ki nan rezo nou an pou sa resevwa sèvis ki kouvri yo. Gen kèk eksepsyon ki aplike lè w fèk antre nan plan nou an (gade nan paj 7). Epitou nan plan nou an gen eksepsyon, sizoka w pa ka jwenn yon pwofesyonèl swen sante ki ka reponn a bezwen ou genyen yo. Ou pral bezwen pale sou sa avèk Ekip Entèdisiplinè (IDT) w la.

- ➔ Ou ka mande pou yon Anyè Pwofesyonèl Swen Sante ak Famasi *anyèl* lè w rele Sèvis Patisipan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Epitou ou ka wè *Anyè Pwofesyonèl Swen Sante ak Famasi* a nan **www.aetnabetterhealth.com/newyork**, oswa teledèchaj l (transfere l nan òdinatè w la) sou sitwèb sa a.
- ➔ Anyè Pwofesyonèl Swen Sante ak Famasi a ba w enfòmasyon pou konn kijan pou jwenn swen epi li gen lis enfòmasyon sou pwofesyonèl swen sante (tankou doktè, enfimiyè pratisyen, ak sikològ), etablisman (tankou lopital oswa klinik), ak founisè sipò (tankou Swen Sante Lajounen pou Adilt ak Pwofesyonèl Swen Sante Adomisil) ke w ka al wè antanke yon Patisipan nan Aetna Better Health FIDA Plan. Epitou li liste famasi ke w ka itilize pou w pran medikaman sou preskripsyon w yo.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan **www.aetnabetterhealth.com/newyork**.

Kisa "pwofesyonèl swen sante rezo" yo ye?

- Pami pwofesyonèl swen sante rezo Aetna Better Health FIDA Plan wap jwenn:
 - Doktè, enfimyè, ak lòt pwofesyonèl swen sante ke w ka al wè antanke yon Patisipan nan plan nou an;
 - Klinik, lopital, etablisman ki bay swen enfimye, ak lòt kote ki bay sèvis swen sante nan plan nou an; ak
 - Ajans swen sante adomisil, founisè ekipman medikal dirab, ak zòt ki bay atik ak sèvis ke w resevwa atravè Medicare oubyen Medicaid.
- Pwofesyonèl swen sante rezo yo dakò pou yo aksepte peman nan men plan nou an pou sèvis ki kouvri yo, kòm peman konplè. Lè w ale wè pwofesyonèl swen sante sa yo, ou pap gen pou peye anyen pou sèvis ki kouvri yo.

Kisa "famasi rezo" yo ye?

- Famasi rezo yo se famasi (magazen ki vann medikaman) ki aksepte ranpli preskripsyon pou Patisipan ki nan plan nou an. Itilize *Anyè Pwofesyonèl Swen Sante ak Famasi* a pou jwenn famasi rezo ou vle itilize.
- Esepte nan ka dijans, ou fèt pou ranpli preskripsyon w yo nan youn nan famasi rezo nou yo si w vle pou plan an peye pou yo. Ou pap gen anyen pou peye lè wap ranpli preskripsyon medikaman nan famasi rezo yo.

Kontakte Sèvis Patisipan an nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7, pou ka gen plis enfòmasyon. Sitwèb Sèvis Patisipan an ak Aetna Better Health FIDA Plan, toulede ka ba w dènye enfòmasyon sou chanjman nan famasi ak pwofesyonèl swen sante rezo nou yo.

Lis Medikaman ki Kouvri yo

Plan an gen yon *Lis Medikaman ki Kouvri*. Nou rele li "Lis Medikaman" kòm ti non kout. Li fè konnen ki medikaman sou preskripsyon Aetna Better Health FIDA Plan kouvri.

Lis Medikaman an endike tou si gen kèk règ oswa restriksyon sou nenpòt medikaman, tankou yon limit sou kantite medikaman ou ka pran. Gade nan Chapit 5 pou ka jwenn plis enfòmasyon sou règ ak restriksyon sa yo.

Chak ane, nou pral voye ba ou yon kopi Lis Medikaman an, sepandan ka gen kèk chanjman ki fèt pandan ane a. Pou ka gen dènye enfòmasyon ki ajou sou ki medikaman ki kouvri yo, ale sou sit Entènèt la nan **www.aetnabetterhealth.com/newyork** oswa rele nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan **www.aetnabetterhealth.com/newyork**.

Esplikasyon Benefis yo

Lè w itilize benefis medikaman sou preskripsyon Pati D w yo, nap voye yon rapò rekapitilatif ba ou pou ede w konprann epi kontwole peman pou medikaman sou preskripsyon Pati D w yo. Rapò rekapitilatif sa a rele *Esplikasyon Benefis* (oswa *EOB*).

Esplikasyon Benefis yo montre w montan total nou peye pou chak medikaman sou preskripsyon Pati D pandan mwa a. Chapit 6 bay plis enfòmasyon sou *Esplikasyon Benefis* yo ak sou kouman li ka ede w kontwole sa plan an kouvri pou medikaman w yo.

Epitou depi w mande pou yon *Esplikasyon Benefis*, yap ba w youn. Pou ka jwenn yon kopi, tanpri kontakte Sèvis Patisipan an.

K. Kijan èske w ka kenbe dosye Patisipan w lan ajou?

Ou ka kenbe dosye Patisipan w lan ajou lè w fè n konnen lè enfòmasyon w yo chanje.

Pwofesyonèl swen sante ak famasi rezo yo fèt pou genyen bon enfòmasyon an sou ou. **Yo itilize dosye Patisipan w lan pou konnen ki sèvis ak ki medikaman w pran.** Akozdesa, li enpòtan anpil ke w ede nou kenbe enfòmasyon w yo ajou.

Fè n konnen bagay suivan yo:

- Si gen nenpòt chanjman nan non w, nan adrès ou, oswa nan nimewo telefòn ou
- Si w gen nenpòt chanjman nan nenpòt lòt plan asirans sante, tankou asirans anplwayè w, asirans anplwayè mari w/madanm ou, oswa dedomajman travayè
- Si w gen nenpòt reklamasyon responsabilite sivil, tankou reklamasyon apre yon aksidan machin
- Si yo admèt ou nan yon mezon ki bay swen enfimye oswa nan yon lopital
- Si wap resevwa swen nan yon lopital ki andeyò zòn sèvis la oswa ki pa nan rezo a, oubyen nan sal dijans
- Si moun kap ba w swen an oswa nenpòt moun ki responsab ou chanje
- Si wap patisipe nan yon etid rechèch klinik

Si gen nenpòt enfòmasyon ki chanje, tanpri rele Sèvis Patisipan an pou fè n konn sa, rele yo nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7.

Èske nou kenbe enfòmasyon pèsònèl sou sante w prive?

Wi. Lalwa egzije pou nou kenbe dosye medikal ak enfòmasyon pèsònèl sou sante w yo, prive. Nou asire n ke enfòmasyon sou sante w pwoteje. Pou ka jwenn plis enfòmasyon sou kijan nou pwoteje enfòmasyon pèsònèl sou sante w, al gade nan Chapit 8.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Chapit 2: Nimewo telefòn ak resous enpòtan

Tabmatyè

A. Kijan pou kontakte Sèvis Patisipan an nan Aetna Better Health FIDA Plan.....	14
Kontakte Sèvis Patisipan an pou:	14
▪ Kesyon sou plan an	14
▪ Kesyon konsènan reklamasyon, bòdwo oubyen Kat Idantifikasyon Patisipan	14
▪ Desizyon sou sèvis ak atik plan an ap kouvri	14
▪ Ale annapèl pou sèvis ak atik ou yo	14
▪ Plent konsènan sèvis ak atik ou yo	14
▪ Desizyon sou sa plan an kouvri pou medikaman w yo	15
▪ Ale annapèl pou medikaman w yo	15
▪ Plent poutèt medikaman w yo	15
▪ Peman pou swen sante ak medikaman ke w deja peye pou yo	15
B. Kijan pou kontakte Responsab Swen w lan	16
Kontakte Responsab Swen w lan konsènan:.....	16
▪ Kesyon sou Swen w ak kesyon sou sèvis, atik ak medikaman ki kouvri	16
▪ Èd pou pran randevou e pou ale nan randevou yo	16
▪ Kesyon sou kijan pou jwenn sèvis sante nan domèn konpòtman, transpòtasyon, kijan pou jwenn sèvis ak sipò alontèm (LTSS)	16
▪ Pou mande sèvis, atik ak medikaman	16
▪ Pou mande yon lòt evalyasyon konplè oubyen pou mande chanje Plan Sèvis ki Konsantre sou Yon Moun (Person-Centered Service Plan)	16
C. Kijan pou kontakte Nimewo Telefòn Enfimyè ki bay Konsèy la (Nurse Advice Call Line).....	17
Rele Nimewo Telefòn Enfimyè ki Bay Konsèy la pou:	17
▪ Kesyon rapid konsènan sante w.....	17



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

D. Kijan pou kontakte Liy Asistans pou Ka Kritik nan domèn Konpòtman	18
Kontakte Liy Asistans pou Ka Kritik nan domèn Konpòtman an pou:.....	18
▪ Kesyon konsènan sèvis sante nan domèn konpòtman	18
▪ Nenpòt pwoblèm ou ka genyen	18
E. Kijan pou kontakte Ajan ki Responsab Anrejistreman an	19
Kontakte New York Medicaid Choice pou:	19
▪ Kesyon konsènan opsyon Plan FIDA w lan	19
F. Kijan pou kontakte Pwogram Asistans Asirans Sante Leta a (State Health Insurance Assistance Program, SHIP)	20
Kontakte HIICAP si w gen:.....	20
▪ Kesyon konsènan asirans sante Medicare ou	20
G. Kijan pou kontakte Òganizasyon ki responsab Amelyorasyon Kalite a (Quality Improvement Organization, QIO).....	21
Kontakte Livanta si w:.....	21
▪ Gen kesyon konsènan swen medikal ou.....	21
H. Kijan pou kontakte Medicare	22
I. Kijan pou kontakte Medicaid	23
J. Kijan pou kontakte Rezo pou Defans Konsomatè a	23
K. Kijan pou kontakte Medyatè pou Swen Alontèm nan Eta New York	24
L. Lòt resous	24



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

A. Kijan pou kontakte Sèvis Patisipan Aetna Better Health FIDA

RELE	1-855-494-9945 Koutfil sa a gratis. 24 è sou 24, 7 jou sou 7 Nou gen sèvis entèprèt gratis tou ki disponib pou moun ki pa pale Angle.
TTY	711 Koutfil sa a gratis. 24 è sou 24, 7 jou sou 7
EKRI	Aetna Better Health FIDA Plan 55 West 125th Street, Suite 1300 New York, NY 10027
SIT ENTÈNÈT	www.aetnabetterhealth.com/newyork

Kontakte Sèvis Patisipan an pou:

- **Kesyon sou plan an**
- **Kesyon konsènan reklamasyon, bòdwo oubyen Kat Idantifikasyon Patisipan**
- **Desizyon sou sèvis ak atik plan an ap kouvri**

Yon desizyon sou sa plan an ap kouvri se yon desizyon pou detèmine si w ka resevwa sèten sèvis ak atik plan an kouvri oswa ki kantite nan sèten sèvis ak atik ki kouvri ke w ka resevwa.

Rele nou oswa rele Responsab Swen w lan si w gen kesyon konsènan yon desizyon Aetna Better Health FIDA Plan oswa Ekip Entèdisiplinè (IDT) ou te pran sou pwoteksyon pou sèvis ak atik ou yo.

➔ Pou gen plis enfòmasyon sou desizyon sou sa plan an ap kouvri, al gade nan Chapit 9.

- **Ale annapèl pou sèvis ak atik ou yo**

Yon *apèl* se yon fason ofisyèl pou mande nou revwa yon desizyon nou menm oswa IDT ou te pran konsènan pwoteksyon w nan plan an e pou mande nou pou n chanje l si w panse nou oswa IDT ou fè yon erè.

➔ Pou gen plis enfòmasyon sou kijan pou ale annapèl, al gade nan Chapit 9.

- **Plent konsènan sèvis ak atik ou yo**

Ou ka soumèt yon plent (yo rele l "fè yon plent" tou) kont nou oswa kont nenpòt pwofesyonèl swen sante (kit pwofesyonèl swen sante yo pa nan rezo a, kit yo nan rezo a). Yon pwofesyonèl swen sante rezo se yon pwofesyonèl swen sante ki travay ansanm avèk Aetna Better Health FIDA Plan. Epitou ou ka soumèt yon plent bannou oswa bay Òganizasyon ki responsab Amelyorasyon Kalite a (Quality Improvement Organization) (gade nan Seksyon G ki pi ba a).



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

➔ Note: Si w pa dakò ak yon desizyon sou sa plan an kouvri ke Aetna Better Health FIDA Plan oswa IDT ou te pran konsènan sèvis oswa atik ou yo, ou ka soumèt yon demann dapèl (gade nan seksyon ki pi wo a).

Epitou w ka soumèt yon plent kont Aetna Better Health FIDA Plan dirèkteman bay Medicare. Ou ka itilize yon fòm sou Entènèt la nan <https://www.medicare.gov/MedicareComplaintForm/home.aspx>. Oubyen ou ka rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) pou mande yo ede w.

➔ Pou gen plis enfòmasyon sou kijan pou soumèt yon plent, al gade nan Chapit 9.

▪ **Desizyon sou sa plan an kouvri pou medikaman w yo**

Yon desizyon sou sa plan an ap kouvri se yon desizyon pou detèmine si w ka jwenn sèten medikaman plan an kouvri oswa ki kantite nan sèten medikaman asirans lan kouvri ke w ka resevwa. Sa aplikab pou medikaman Pati D, medikaman sou preskripsyon Medicaid kouvri, ak medikaman san preskripsyon Medicaid kouvri jan Aetna Better Health FIDA Plan kouvri yo. Al gade nan Chapit 5 ak nan Lis Medikaman ki Kouvri yo pou ka gen plis enfòmasyon sou benefis medikaman w yo ak kijan w ka jwenn medikaman asirans lan kouvri.

➔ Pou ka gen plis enfòmasyon ki gen rapò ak desizyon sou sa plan an kouvri pou medikaman sou preskripsyon w yo, al gade nan Chapit 9.

▪ **Ale annapèl pou medikaman w yo**

Yon *apèl* se yon fason ou ka mande nou pou n chanje yon desizyon nou pran sou sa plan an kouvri.

➔ Pou ka gen plis enfòmasyon sou kijan pou ale annapèl pou medikaman sou preskripsyon w yo, al gade nan Chapit 9.

▪ **Plent poutèt medikaman w yo**

Ou ka soumèt yon plent (yo rele sa "fè yon plent" tou) kont nou oswa kont nenpòt famasi. Ou ka soumèt tou yon plent konsènan medikaman sou preskripsyon w yo.

➔ Note: Si w pa dakò avèk yon desizyon sa sa yap kouvri pou medikaman sou preskripsyon w yo, ou ka soumèt yon demann dapèl (gade nan seksyon ki pi wo a).

Epitou w ka soumèt yon plent kont Aetna Better Health FIDA Plan dirèkteman bay Medicare. Ou ka itilize yon fòm sou Entènèt la nan <https://www.medicare.gov/MedicareComplaintForm/home.aspx>. Oubyen ou ka rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) pou mande yo ede w.

➔ Pou ka gen plis enfòmasyon sou kijan pou soumèt yon plent pou medikaman sou preskripsyon w yo, al gade nan Chapit 9.

▪ **Peman pou swen sante ak medikaman ke w deja peye pou yo**

Pou ka konnen kijan pou mande nou ranbouse w, al gade nan Chapit 7.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

B. Kijan pou kontakte Responsab Swen w lan

Antanke Patisipan nan Aetna Better Health FIDA Plan, yo pral ba w yon Responsab Swen selon kote w rete e selon lang ou pale. Se yon moun ki travay ansanm avèk ou ak ansanm avèk pwofesyonèl swen sante w yo pou asire ke w resevwa swen ak sèvis ou bezwen yo. Responsab Swen w pral rele w pou l swete w byenveni nan plan nou an. Nan apèl la, Responsab Swen w pral idantifye pwoblèm ijan ki ka mande pou yo ede w tousuit. Responsab Swen w lan pral ba w nimewo telefòn li ak adrès imèl li pou sa kontakte l. Ou ka kontakte responsab swen w lan tou lè w rele Sèvis Patisipan an nan **1-855-494-9945** (TTY: **Rele 711**). Li enpòtan pou gen yon bon rapò avèk Responsab Swen w lan. Si w vle chanje Responsab Swen w lan, tanpri rele Sèvis Patisipan an.

RELE	1-855-494-9945 Koutfil sa a gratis. 24 è sou 24, 7 jou sou 7 Nou gen sèvis entèprèt gratis tou ki disponib pou moun ki pa pale Angle.
TTY	Rele 711 Koutfil sa a gratis. 24 è sou 24, 7 jou sou 7
EKRI	Aetna Better Health FIDA Plan 55 West 125th Street, Suite 1300 New York, NY 10027
SIT ENTÈNÈT	www.aetnabetterhealth.com/newyork

Kontakte Responsab Swen w lan konsènan:

- **Kesyon sou swen ou, sou sèvis, sou atik ak sou medikaman ki kouvri yo**
- **Èd pou pran randevou e pou ale nan randevou yo**
- **Kesyon sou kijan pou jwenn sèvis sante konpòtman, transpòtasyon, kijan pou jwenn sèvis ak sipò alontèm (LTSS)**
- **Pou mande sèvis, atik ak medikaman**
- **Pou mande yon lòt evalyasyon konplè oubyen pou mande chanje Plan Sèvis ki Konsantre sou Yon Moun (Person-Centered Service Plan)**



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

C. Kijan pou kontakte Nimewo Telefòn Enfimyè ki bay konsèy la (Nurse Advice Call Line)

Aetna Better Health FIDA Plan gen yon Liy Telefòn Enfimyè ki Bay Konsèy ki disponib pou ede reponn kesyon medikal ou genyen yo, pou bay konsèy sou opsyon pou tretman e pou konfime enskripsyon. Liy Telefòn Enfimyè ki Bay Konsèy la pa ranplase pwofesyonèl swen sante prensipal ou a men li disponib kòm yon lòt resous pou ou. Nimewo sa a disponib 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Se pwofesyonèl medikal ki travay la. Ou ka kontakte Liy Telefòn Enfimyè ki bay Konsèy la nan **1-855-494-9945** (TTY: **Rele 711**).

RELE	1-855-494-9945 Koutfil sa a gratis. Nimewo Telefòn Enfimyè ki Bay Konsèy la disponib 24-è sou 24, 7 jou 7. Nou gen sèvis entèprèt gratis tou ki disponib pou moun ki pa pale Angle.
TTY	711 Koutfil sa a gratis. Nimewo Telefòn Enfimyè ki Bay Konsèy la disponib 24-è sou 24, 7 jou 7.

Rele Nimewo Telefòn Enfimyè ki Bay Konsèy la pou:

- Kesyon rapid konsènan sante w



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

D. Kijan pou kontakte Liy Asistans pou Ka Kritik nan domèn Konpòtman

Aetna Better Health FIDA Plan ofri yon Liy Asistans pou Ka Kritik nan domèn Konpòtman. Si w bezwen asistans imedyatman pou swen sante nan domèn konpòtman e ou pa konnen kilès pou rele, ou ka rele Liy Asistans pou Ka Kritik nan domèn Konpòtman an. Se pwofesyonèl medikal ki travay la e yo ka ede w jwenn swen ou bezwen an lè w bezwen èd imedyatman pou yon pwoblèm sante mantal oswa akoutimans alkòl oswa dwòg ki kritik. Nimewo sa a disponib 24 è sou 24, 7 jou sou 7.

Men kèk sentòm ki prezante pou ka kritik nan domèn konpòtman:

- Ou pèdi lespwa, ou gen yon sansasyon tankou pa gen okenn solisyon
- Ou gen anksyete, ou ajite, ou pa ka dòmi, oswa imè w ap plede chanje
- Ou gen sansasyon tankou pa gen okenn rezon pou w viv
- Wap fè kòlè oswa ou fache
- Wap fè aktivite ki gen risk ladan yo, san w pa reflechi
- Ou abize alkòl oswa dwòg piplis
- Ou rete lwen fanmi ak zanmi

RELE	1-855-494-9945 Koutfil sa a gratis. 24 è sou 24, 7 jou sou 7 Nou gen sèvis entèprèt gratis tou ki disponib pou moun ki pa pale Angle.
TTY	711 Koutfil sa a gratis. 24 è sou 24, 7 jou sou 7.

Kontakte Liy Asistans pou Ka Kritik nan domèn Konpòtman an pou:

- **Kesyon konsènan sèvis sante nan domèn konpòtman**
- **Nenpòt pwoblèm ou ka genyen**



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

E. Kijan pou kontakte Ajan Anrejistreman an

New York Medicaid Choice se ajan ki responsab Anrejistreman pou pwogram FIDA a pou Eta Nouyòk. New York Medicaid Choice bay konsèy gratis sou opsyon Plan FIDA ou yo epi li ka ede w anrejistre oswa anile anrejistreman w nan yon Plan FIDA.

New York Medicaid Choice pa konekte ak okenn konpayi asirans, ni okenn plan swen kontwole, ni ak Plan FIDA.

RELE	1-855-600-FIDA Apèl sa a gratis. Ajan ki responsab anrejistreman an disponib de lendi a vandredi, de 8:30 am a 8:00 pm, e le samdi de 10:00 am a 6:00 pm.
TTY	1-888-329-1541 Apèl sa a gratis. Nimewo sa a se pou moun ki gen pwoblèm pou tandè oswa moun ki bèbè. Se pou w genyen ekipman telefòn espesyal pou w ka rele nimewo sa a.
EKRI	New York Medicaid Choice P.O. Box 5081 New York, NY 10274
SIT ENTÈNÈT	http://www.nymedicaidchoice.com

Kontakte New York Medicaid Choice pou:

▪ Kesyon konsènan opsyon Plan FIDA w lan

Konseye New York Medicaid Choice yo ka:

- » ede w konprann dwa w genyen yo,
- » ede w konprann chwa ki genyen nan Plan FIDA w lan, epi yo
- » ka reponn kesyon w genyen sou kijan w ka chanje pou ale nan yon nouvo Plan FIDA.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

F. Kijan pou kontakte Pwogram Asistans Asirans Sante Leta a (State Health Insurance Assistance Program - SHIP)

Pwogram Asistans Asirans Sante Leta a (SHIP) bay moun ki gen Medicare konsèy sou asirans sante gratis. Nan Eta Nouyòk, yo rele SHIP la Pwogram Enfòmasyon sou Asirans Sante, sou Konsèy ak sou Asistans (Health Insurance Information, Counseling, and Assistance Program, HIICAP)

HIICAP pa konekte ak okenn konpayi asirans, ni okenn plan swen kontwole, ni ak Plan FIDA.

RELE	1-800-701-0501 Apèl sa a gratis.
SIT ENTÈNÈT	http://www.aging.ny.gov/healthbenefits

Epitou, ou ka kontakte biwo HIICAP lokal la dirèkteman:

BIWO LOKAL	RELE	EKRI
Konte Nassau	516-485-3754	Office of Children and Family Services 400 Oak Street Garden City, NY 11530
Vil New York	212-602-4180	Department for the Aging Two Lafayette Street, 16th Floor New York, NY 10007-1392
Konte Suffolk	631-979-9490	RSVP Suffolk 811 West Jericho Turnpike, Suite 103W Smithtown, NY 11787
Konte Westchester	914-813-6651	Department of Senior Programs & Services 9 South First Avenue, 10th Floor Mt. Vernon, NY 10550

Kontakte HIICAP si w gen:

▪ Kesyon konsènan asirans sante Medicare ou

Konseye HIICAP yo ka:

- » ede w konprann dwa w genyen yo,
- » ede w konpran chwa plan Medicare ou genyen yo, epi
- » li ka reponn kesyon w genyen sou kijan w ka chanje pou ale nan yon nouvo Plan FIDA.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

G. Kijan pou kontakte Òganizasyon ki responsab Amelyorasyon Kalite a (Quality Improvement Organization, QIO)

Eta nou an gen yon òganizasyon ki rele Livanta. Òganizasyon sa a se yon gwoup doktè ak lòt pwofesyonèl swen sante ki ede amelyore kalite swen medikal moun ki gen Medicare resevwa. Livanta pa konekte ak plan nou an.

RELE	1-866-815-5440 Apèl sa a gratis. Livanta disponib de lendi a vandredi, apatide 9:00 am jiska 5:00 pm, ak le samdi e le dimanch de 11:00 am a 3:00 pm.
EKRI	BFCC-QIO Program 9090 Junction Dr., Suite 10 Annapolis Junction, MD 20701
IMÈL	BFCCQIOArea1@livanta.com
SITWÈB	http://bfccqioarea1.com

Kontakte Livanta si w:

- **Gen kesyon konsènan swen medikal ou**

Ou ka soumèt yon plent poutèt swen w resevwa, si:

- » Ou gen yon pwoblèm ak kalite swen an,
- » Ou panse yap fè w kite lopital la twò bonè, **oswa**
- » Si w panse swen sante adomisil ou, swen w resevwa nan etablisman ki bay swen enfimye espesyalize, oswa sèvis etablisman ki bay pasyan ki pa entène swen reyabilitasyon konplè (comprehensive outpatient rehabilitation facility, CORF) fini twò bonè.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

H. Kijan pou kontakte Medicare

Medicare se pwogram asirans sante federal pou moun ki gen 65 lane oswa plis, pou sèten moun ki gen mwenske 65 lane ki gen yon andikap, epi pou moun ki nan faz final maladi ren (ensifizans renal pèmanan ki nesosite dyaliz oswa yon grèf ren).

Ajans federal ki responsab Medicare la se Centers for Medicare & Medicaid Services, oswa CMS.

RELE	1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) Apèl nan nimewo sa a gratis, 24 è sou 24, 7 jou sou 7.
TTY	1-877-486-2048 Apèl sa a gratis. Nimewo sa a se pou moun ki gen pwoblèm pou tande oswa moun ki bèbè. Se pou w genyen ekipman telefòn espesyal pou w ka rele nimewo sa a.
SITWÈB	http://www.medicare.gov Sa a se sit Entènèt ofisyèl pou Medicare. Li ba w dènye enfòmasyon sou Medicare. Epi li bay enfòmasyon sou lopital, sou etablisman ki bay swen enfimye, sou doktè, sou ajans swen sante adomisil, ak sou etablisman ki fè dyaliz. Ladann wap jwenn tiliv ou ka enprime apatide òdinatè w. Epi ou ka jwenn kontak pou Medicare nan eta kote w rete a si w seleksyone "Forms, Help & Resources (Fòm, Èd ak Resous)" epi klike sou "Phone numbers & websites (Nimewo telefòn ak sit Entènèt)." Sit Entènèt Medicare la gen fasilite suivan yo ki ka ede w jwenn plan medikal nan zòn kote w rete a: Zouti Rechèch pou Plan Medicare (Medicare Plan Finder): Li bay enfòmasyon pèsonalize sou plan pou medikaman sou preskripsyon Medicare kouvri, sou plan sante Medicare, ak sou règleman Medigap (Asirans Sipleman Medicare) nan zòn kote w rete a. Seleksyone "Find health & drug plans (Chèche plan sante ak medikaman)." Si w pa gen yon òdinatè, bibliyotèk oswa sant pou moun aje ki bò lakay ou ka kite w itilize òdinatè pa yo epi yo ka ede w ale nan sit Entènèt sa a. Oubyen ou ka rele Medicare nan nimewo ki make pi wo a epi di yo ki enfòmasyon wap chèche. Yap jwenn enfòmasyon an nan sit Entènèt la, yap enprime l epi yap voye l ba ou.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

I. Kijan pou kontakte Medicaid

Medicaid ede ak sèvis medikal e ak sèvis alontèm, epi li peye pou moun ki gen revni ak resous limite.

Ou enskri nan Medicare e nan Medicaid. Si w gen kesyon konsènan èd ou resewa nan men Medicaid, rele Nimewo Telefòn Asistans Medicaid la (Medicaid Helpline).

RELE	1-800-541-2831 Apèl la gratis. Liy Asistans Medicaid la disponib de lendi a vandredi, apatide 8:00 am a 8:00 pm ak le samdi de 9:00 am a 1:00 pm.
TTY	1-877-898-5849 Apèl la gratis. Nimewo sa a se pou moun ki gen pwoblèm pou tandè oswa moun ki bèbè. Se pou w genyen ekipman telefòn espesyal pou w ka rele nimewo sa a.

J. Kijan pou kontakte Rezo Endepandan pou Defans Konsomatè a

Rezo Endepandan pou Defans Konsomatè (Independent Consumer Advocacy Network, ICAN) ede moun anrejistre nan yon Plan FIDA epi li pèmèt yo gen sèvis ak atik ki kouvri, li pèmèt yo poze kesyon sou bòdwo, oswa poze lòt kesyon e adrese pwoblèm. ICAN ka ede w soumèt yon plent oubyen yon demann dapèl kont plan nou an.

RELE	1-844-614-8800 Apèl sa a gratis. ICAN disponib de lendi a vandredi, apatide 8:00 am jiska 8:00 pm.
TTY	Rele 711, apreswa swiv direktiv yo pou fòmè 844-614-8800
IMÈL	ican@cssny.org
SITWÈB	http://www.icannys.org



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

K. Kijan pou kontakte Medyatè pou Swen Alontèm nan Eta New York

Pwogram Medyatè pou Swen Alontèm la ede moun aprann enfòmasyon sou etablisman ki bay swen enfimye espesyalize ak sou lòt etablisman ki bay swen alontèm. Epitou li ede rezoud pwoblèm ant etablisman sa yo ak rezidan oswa fanmi yo.

RELE	1-800-342-9871 Apèl la gratis.
SITWÈB	http://www.ltcombudsman.ny.gov

Epitou ou ka kontakte medyatè pou swen alontèm ou an dirèkteman. Ou ka jwenn enfòmasyon pou kontakte medyatè nan konte kote w rete a nan anyè enfòmasyon ki nan sitwèb suivan an: <http://www.ltcombudsman.ny.gov/Whois/directory.cfm>.

L. Lòt resous

Ajans ki nan seksyon sa a fè patide yon sèvis konplè ke yo kreye pou ede moun ki rete nan zòn nan pou yo rete endepandan lepliske posib.

Nassau County Department of Senior Citizen Affairs (Depatman Afè Moun Aje nan Konte Nassau)

RELE	(516) 227-8900
TTY	(516) 227-8926
FAKS	(516) 227-8972
EKRI	Nassau County Department of Senior Citizen Affairs 60 Charles Lindbergh Boulevard Suite #260 Uniondale, NY 11553-3691
IMÈL	seniors@hhsnassaucountyny.us
SITWÈB	http://www.nassaucountyny.gov/agencies/Seniors/index.html



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

New York City Department for the Aging (Depatman pou Moun Kap Vyeyi nan Vil New York)

RELE	Nan senk minisipalite Vil New York - 311 Andeyò senk minisipalite Vil New York - (212) 639-9675
TTY	(212) 504-4115
FAKS	(212) 442-1095
EKRI	New York City Department for the Aging 2 Lafayette Street, 7th Floor New York, NY 10007-1392
SITWÈB	http://www.nyc.gov/html/dfta/html/home/home.shtml

Suffolk County Office for the Aging (Biwo pou Moun Kap Vyeyi nan Konte Suffolk)

RELE	(631) 853-8200
FAKS	(631) 853-8225
EKRI	Suffolk County Office for the Aging H. Lee Dennison Building, 3rd Floor 100 Veterans Memorial Highway P.O. Box 6100 Hauppauge, NY 11788-0099
SITWÈB	http://suffolkcountyny.gov/aging/Home.aspx



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Chapit 3: Kijan pou itilize pwoteksyon plan an pou resevwa swen sante w, e pou resevwa lòt sèvis ak atik ki kouvri

Tabmatyè

A. Enfòmasyon sou "sèvis ak atik," "sèvis ak atik ki kouvri," "pwofesyonèl swen sante," ak "pwofesyonèl swen sante rezo"	28
B. Men règ jeneral pou suiv pou ka resevwa swen sante, swen nan domèn konpòtman, sèvis ak sipò alontèm Aetna Better Health FIDA Plan kouvri	28
C. Ekip Entèdisiplinè (IDT) ou	30
D. Responsab Swen w;	31
Kisa yon Responsab Swen ye?	31
Ki moun ki gen yon Responsab Swen?	31
Kijan m ka kontakte Responsab Swen m lan?	31
Kijan m ka chanje Responsab Swen m lan?	31
E. Kijan pou jwenn swen sante nan men Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal, espesyalis, lòt pwofesyonèl swen sante rezo, ak pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo	32
Kijan pou jwenn swen sante nan men yon Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal (PCP)	32
Kijan pou jwenn swen sante nan men espesyalis ak lòt pwofesyonèl swen sante rezo	33
Kisa kap rive si yon pwofesyonèl swen sante rezo kite plan nou an?	33
Kijan pou jwenn swen nan men yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a	33
F. Kijan pou jwenn otorizasyon pou sèvis ak atik ki mande otorizasyon davans	34
G. Kijan pou jwenn sèvis ak sipò alontèm (LTSS)	35
H. Kijan pou jwenn sèvis swen sante nan domèn konpòtman	36
I. Kijan pou jwenn swen ke oumenm ou dirije	36
J. Kijan pou jwenn sèvis transpò	37



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

K. Kijan pou jwenn sèvis plan an kouvri lè w gen yon ijans medikal oswa lè w bezwen swen annijans, oswa pandan yon dezaz	37
Kijan pou jwenn swen lè w gen yon ijans medikal	37
Kijan pou jwenn swen ki nesèsè annijans	39
Kijan pou jwenn swen pandan yon dezaz	39
L. Kisa kap rive si yo voye bòdwo a dirèkteman ba ou pou pri total sèvis ak atik Aetna Better Health FIDA Plan kouvri yo?	40
Kisa pou fè si plan nou an pa kouvri kèk sèvis ak atik?	40
M. Kijan plan an kouvri sèvis swen sante w yo lè ou nan yon etid rechèch klinik?	41
Kisa yon etid rechèch klinik ye?	41
Lè w nan yon etid rechèch klinik, ki moun ki peye kisa?	41
Fason pou jwenn plis enfòmasyon	42
N. Kijan plan an kouvri sèvis swen sante w lè w nan yon enstitisyon relijye ki pa medikal men ki bay swen sante?	42
Kisa yon enstitisyon relijye ki pa medikal men ki bay swen sante ye?	42
Ki swen plan an kouvri nan yon enstitisyon relijye ki pa medikal men ki bay swen sante?	42
O. Règ pou posede ekipman medikal dirab	43
Èske wap posede ekipman medikal dirab ou a?	43
Kisa kap rive si w pèdi pwoteksyon Medicaid ou?	43
Kisa kap pase si w chanje Plan FIDA w lan oswa si w kite FIDA pou ale nan yon Plan MLTC?	44



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

A. Enfòmasyon sou "sèvis ak atik," "sèvis ak atik ki kouvri," "pwofesyonèl swen sante," ak "pwofesyonèl swen sante rezo"

Sèvis ak atik se swen sante, sèvis ak sipò alontèm, akseswa, sante nan domèn konpòtman, medikaman sou preskripsyon ak medikaman san preskripsyon, ekipman ak lòt sèvis. **Sèvis ak atik ki kouvri** se nenpòt nan sèvis ak atik sa yo ke Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo. Swen sante ak sèvis ak sipò alontèm ki kouvri enkli tout sa ki make nan Tablo Atik ak Sèvis ki Kouvri yo ki nan Chapit 4 epitou li enkli nenpòt lòt sèvis Aetna Better Health FIDA Plan, IDT ou, oswa yon pwofesyonèl swen sante otorize deside ki nesèsè pou swen w.

Pwofesyonèl Swen Sante yo se doktè, enfimyè ak lòt moun ki ba w sèvis ak swen. Epitou mo *pwofesyonèl swen sante* a vle di lopital, ajans ki bay swen sante adomisil, klinik, ak lòt kote ki ba w sèvis, ekipman medikal, sèvis ak sipò alontèm.

Pwofesyonèl swen sante rezo se pwofesyonèl swen sante ki travay avèk plan sante a. Pwofesyonèl swen sante sa yo dakò pou aksepte montan nou peye yo kòm peman total. Pwofesyonèl swen sante rezo yo voye bòdwo yo dirèkteman ba nou pou n peye pou swen yo ba ou. Lè w al wè yon pwofesyonèl swen sante rezo, ou pa peye anyen pou sèvis ni pou atik ki kouvri yo.

B. Règ jeneral pou suiv pou ka jwenn swen sante, swen nan domèn konpòtman, sèvis ak sipò alontèm Aetna Better Health FIDA Plan kouvri

Aetna Better Health FIDA Plan kouvri tout sèvis Medicare ak Medicaid kouvri, plis li kouvri sèten sèvis ak atik anplis ki disponib atravè Pwogram FIDA a. Pami sèvis sa yo genyen sèvis sante nan domèn konpòtman, sèvis ak sipò alontèm ak medikaman sou preskripsyon.

Jeneralman, Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis ak atik ou bezwen si w suiv règ plan an etabli sou fason pou resevwa yo. Pou plan an kouvri w:

- Swen w resevwa a fèt pou l se **yon sèvis oswa yon atik plan an kouvri**. Sa vle di sèvis ak atik yo fèt pou yo sou lis ki nan Tablo Atik ak Sèvis ki Kouvri nan plan an. (Tablo a nan Chapit 4 ki nan tiliv sa a). Gen lòt sèvis ak atik ki pa sou lis ki nan tablo a plan an ka petèt kouvri si Ekip Entèdisiplinè (IDT) ou detèmine yo nesèsè pou pou ou.
- Swen an fèt pou l **medikalman nesèsè**. *Medikalman nesèsè* vle di sèvis ak atik sa yo nesèsè pou anpeche, pou dyagnostike, pou korije, oswa pou geri maladi ki bay soufrans egi, ki mete lavi moun andanje, ki ka vin bay maladi oswa ki ka rann enfim, ki entèfere ak kapasite w pou fè aktivite nòmal, oswa ki ka menase pou bay andikap grav. Pami swen sa yo gen swen ki anpeche w entènè lopital oswa nan yon etablisman ki bay swen enfimye. Sa vle di tou tout sèvis, akseswa ak medikaman yo reponn a estanda pratik medikal ki akseptab.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

- Ou pral gen pou kolabore avèk yon **Ekip Entèdisiplinè (IDT)**. IDT ou pral fè evalye tout sa w bezwen, li pral travay avèk ou ak/oswa moun ou deziyen an pou l planifye swen ak sèvis sante w, epi li pral asire li ou jwenn swen ak sèvis ki nesèsè yo. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou IDT a nan Seksyon C.
 - » Nan pifò ka yo, ou fèt pou gen otorizasyon Aetna Better Health FIDA Plan, IDT ou oswa yon pwofesyonèl swen sante ki otorize avan pou jwenn sèvis ak atik ki kouvri yo. Yo rele sa *otorizasyon davans*. Pou ka konn plis enfòmasyon sou otorizasyon davans, gade nan paj 34.
 - » Ou pa bezwen otorizasyon davans pou swen dijans ni pou resevwa swen w bezwen ann ijans, ni pou konsilte yon pwofesyonèl swen sante ki okipe sante fanm. Ou ka resevwa lòt kalite swen ankò san w pa bezwen okenn otorizasyon davans. Pou ka konn plis enfòmasyon sou sa, gade nan paj 34.
- Ou pral gen yon **Responsab Swen** kap sèvi kòm kontak prensipal ant oumenm ak IDT ou. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou Responsab Swen an nan Seksyon D.
- Ou fèt pou chwazi yon pwofesyonèl swen sante rezo ki pou sèvi kòm **Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal (PCP)** ou. Epitou **ou kapab** mande pou PCP ou se yon manm nan IDT ou. Pou ka gen plis enfòmasyon sou kijan pou chwazi oswa pou chanje yon PCP, al gade nan paj 32.
- **Ou oblije resevwa sèvis ak atik ou yo nan men pwofesyonèl swen sante rezo yo.** Jeneralman, Aetna Better Health FIDA Plan pap kouvri sèvis ni atik yon pwofesyonèl swen sante ki pa patisipe nan rezo Aetna Better Health FIDA Plan, bay. Men kèk sitiyasyon lè règ sa a pa aplike:
 - » Plan an kouvri swen nan ka dijans oswa swen dijans nan men yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a. Pou ka gen plis enfòmasyon e pou wè kisa *swen dijans oswa swen ki nesèsè annijans* vle di, gade nan paj 37.
 - » Si w bezwen swen sante plan nou kouvri, epi pwofesyonèl swen sante rezo yo pa ka ba ou swen sante w bezwen an, ou ka jwenn swen sante a nan men yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a. Nan sitiyasyon sa a, nap kouvri swen an kòm si w te resevwa l nan men yon pwofesyonèl swen sante rezo epi ou pap gen anyen pou peye. Pou ka konnen kijan pou gen otorizasyon pou ale konsilte yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a, al gade nan paj 33.
 - » Plan an kouvri sèvis ak atik pwofesyonèl swen sante ak famasi ki pa nan rezo a bay, lè pagen pwofesyonèl swen sante ak famasi rezo ki disponib a yon distans ki pa twò lwen lakay ou.
 - » Plan an kouvri sèvis dyaliz pou ren lè ou andeyò zòn kote plan an bay sèvis pandan yon ti tan. Ou ka resevwa sèvis sa yo nan yon etablisman dyaliz Medicare sètifye.
 - » Lè w fèk antre nan plan an, ou ka kontinye konsilte pwofesyonèl swen sante ou konsilte aktyèlman an pandan "peryòd tranzisyon an." Nan pifò ka yo, peryòd tranzisyon an pral dire 90 jou oswa jiskaske Plan Sèvis ki Konsantre sou yon Moun ou a finalize e ke yo enpleman l, toudepannde sa ki vin annapre a. Sepandan, pwofesyonèl swen sante w ki pa nan rezo a fèt pou l dakò kontinye ba w tretman e li fèt pou l aksepte montan nou peye a. Lè peryòd tranzisyon an fini, nou pap kouvri swen sante w si w kontinye ale kay pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

- » Si w se yon rezidan nan yon etablisman ki bay swen enfimye, ou ka kontinye viv nan etablisman ki bay swen enfimye a pou peryòd Pwogram FIDA a dire a, menmsi etablisman ki bay swen enfimye a pap patisipe nan rezo Aetna Better Health FIDA Plan.
- » Si lè wap enskri a, wap resevwa sèvis nan men yon pwofesyonèl ki bay swen nan domèn konpòtman, ou ka kontinye resevwa sèvis nan men pwofesyonèl sa a jiskaske tretman an fini, men pa pou pliske dezan.

C. Ekip Entèdisiplinè (IDT) ou

Chak Patrisipan gen yon Ekip Entèdisiplinè (IDT). Men moun ki fè patide IDT ou:

- Oumenm avèk moun ou deziyen an(yo) ak
- Responsab Swen w lan.

Epitou ou gen dwa mande pou nenpòt nan moun suivan yo patisipe nan nenpòt reyinyon oswa nan tout reyinyon IDT w yo:

- Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal (PCP) w la, ki enkli yon medsen, yon enfimye pratisyen, yon asistan medsen, oswa yon espesyalis ki aksepte pou sèvi kòm PCP w, oswa yon moun klinik PCP w la deziyen ki gen eksperyans klinik (tankou yon enfimye diplome, yon enfimye pratisyen, oswa yon asistan medsen) e ki konnen sa w bezwen;
- Pwofesyonèl Swen Sante nan domèn Konpòtman (BH) ou, si w gen youn, oswa yon moun klinik Pwofesyonèl BH ou deziyen ki gen eksperyans klinik e ki konnen kisa w bezwen;
- Oksilyè adomisil ou (yo), oswa yon moun ajans swen adomisil la deziyen ki gen eksperyans klinik e ki konnen kisa w bezwen, si wap pran swen adomisil;
- Yon reprezantan klinik ki nan etablisman swen enfimye w la, si wap pran swen enfimye nan yon etablisman; e
- Gen lòt moun toujou, pami lòt:
 - » Lòt pwofesyonèl swen sante ke ou te mande oswa ke moun ou deziyen an te mande, oswa jan manm IDT yo te mande e ki nesèsè pou planifye swen w kòm sadwa, e ke oumenm oswa moun ou deziyen an te apwouve; oswa
 - » Enfimye otorize (RN) la ki te konplete evalyasyon w lan.

Se Responsab Swen Plan FIDA a ki an tèt IDT a. Se IDT ou ki jere planifikasyon sèvis ou yo ak devlope Plan Sèvis ki Konsantre sou yon Moun (PCSP) ou. Se IDT ou ki otorize kèk oswa tout sèvis nan PCSP ou, toudepann si PCP ou te patisipe nan pwosede pou devlope PCSP w la. Aetna Better Health FIDA Plan pa ka chanje desizyon sa yo.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

D. Responsab Swen w

Kisa yon Responsab Swen ye?

Responsab Swen Plan FIDA a kowòdone Ekip Entèdisiplinè (IDT) ou. Responsab Swen an pral asire entegrasyon sèvis medikal, sèvis sante nan domèn konpòtman, itilizasyon sibstans, sèvis ak sipò alontèm (LTSS) ki baze nan kominote oswa ke yo bay nan etablisman, ak bezwen sosyal. Responsab Swen an pral kowòdone sèvis sa yo jan yo defini nan Plan Sèvis ki Konsantre sou yon Moun ou a.

Ki moun ki gen yon Responsab Swen?

Tout Patisipan yo gen yon Responsab Swen. Yo nonmen oswa yo seleksyone yon Responsab Swen pou ou lè w fèk enskri nan Aetna Better Health FIDA Plan.

Kijan m ka kontakte Responsab Swen m lan?

Lè yo nonmen oswa lè yo seleksyone yon Responsab Swen, Aetna Better Health FIDA Plan pral ba w enfòmasyon w bezwen pou kontakte Responsab Swen w lan. Eitou Sèvis Patisipan an ka ba w enfòmasyon sa a nenpòt ki lè etan wap patisipe nan Aetna Better Health FIDA Plan.

Kijan m ka chanje Responsab Swen m lan?

Ou ka chanje Responsab Swen w lan nenpòt lè, sepandan wap oblije chwazi youn nan lis Responsab Swen Aetna Better Health FIDA Plan an. Si w deja gen yon Responsab Swen (ke w te genyen nan yon plan Swen Kontwole Alontèm, oswa MLTC pa egzanp), ou ka mande pou yo ba w menm moun nan kòm Responsab Swen ou nan Plan FIDA a. Eitou si Responsab Swen an disponib nan Plan FIDA a epi kantite ka Responsab Swen an ap jere, pèmèt sa, Aetna Better Health FIDA Plan fèt pou l onore demann ou. Si w vle chanje Responsab Swen w, kontakte Sèvis Patisipan an nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

E. Kijan pou resevwa swen sante nan men Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal, espesyalis, lòt pwofesyonèl swen sante rezo, ak pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo

Kijan pou resevwa swen sante nan men yon Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal (PCP)

Ou fèt pou chwazi yon Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal (PCP) ki pou ba ou e ki pou jere swen sante w. Aetna Better Health FIDA Plan pral ofri w pou chwazi youn pami omwen twa Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal. Si w pa chwazi yon PCP, yap chwazi youn pou ou. Ou ka chanje PCP w la nenpòt lè, pou fè sa, kontakte Sèvis Patisipan an nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7.

Kisa yon "PCP" ye, e kisa PCP a fè pou ou?

Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal (PCP) ou se doktè prensipal ou e se li kap responsab pou l ba w plizyè swen prevantif ak swen sante primè. PCP w la ap fè patide Ekip Entèdisiplinè (IDT) ou, si w vle. Si PCP ou nan IDT ou, PCP ou pral patisipe nan devlopman Plan Sèvis ki Konsantre sou yon Moun ou a, li pral pran desizyon sou kisa yap kouvri pou ou antanke yon manm nan ekip IDT ou, epi lap rekòmande oswa lap mande plizyè nan sèvis ak atik IDT ou oswa Aetna Better Health FIDA Plan pral otorize.

Kijan map fè pou m gen yon PCP?

Nap ba w chwazi pami omwen twa PCP. Si w pa chwazi yon PCP, na chwazi youn pou ou. Lè nap chwazi yon PCP pou ou, nap konsidere a ki distans PCP a ye apatide lakay ou, nap konsidere bezwen espesyal ou genyen yo, al nenpòt ki bezwen ou genyen konsènan lang ou pale.

Si w te deja gen yon PCP lè w te antre nan plan an, wap kapab kontinye al wè menm PCP a pandan peryòd tranzisyon an (gade nan paj 7 pou ka gen plis enfòmasyon). Apre peryòd tranzisyon an, ou ka kontinye ale kay PCP a si li nan rezo nou an.

Èske yon klinik ka PCP mwen?

Non. PCP ou pa ka yon klinik epi PCP ou fèt pou l se yon tip pwofesyonèl swen sante byen espesifik ki satisfè sèten egzijans. Si PCP a travay nan klinik la epi li satisfè tout kritè yo, ou kapab chwazi pwofesyonèl swen sante sa a kòm PCP.

Kijan w ka chanje PCP ou

Ou ka chanje PCP ou pou nenpòt ki rezon, nenpòt ki lè. Annik rele Aetna Better Health FIDA Plan epi mande pou yon nouvo PCP. Plan an pral travay sou demann ou an epi yap fè w konnen nan ki dat chanjman an ap efektif, e sa pral sou senk jou ouvrab apatide lè w fè demann lan.

Si PCP ou genyen aktyèlman an deside kite rezo nou an oswa si li pa ta disponib ankò, Aetna Better Health FIDA Plan pral ba w yon lòt opòtinite pou seleksyone yon nouvo PCP.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Kijan pou jwenn swen sante nan men espesyalis ak lòt pwofesyonèl swen sante rezo

Yon *espesyalis* se yon doktè ki bay sèvis swen sante pou yon maladi byen presi oswa pou yon pati nan kò a. Gen plizyè kalite espesyalis. Men kèk egzanp:

- *Onkològ* yo trete pasyan ki gen kansè.
- *Kadyològ* yo trete pasyan ki gen pwoblèm kè.
- *Òtopedis* yo trete pasyan ki gen pwoblèm nan zo, nan atikilasyon, oswa nan misk.

Swa Aetna Better Health FIDA Plan oswa IDT ou ap otorize vizit kay espesyalis ki apwopriye pou pwoblèm medikal ou yo. Aetna Better Health FIDA Plan oswa IDT ou fèt pou apwouve vizit ou kay espesyalis yo atravè yon otorizasyon pèmanan oswa atravè yon otorizasyon davans pou yon kantite vizit fiks kay espesyalis la. Yap mete enfòmasyon sa a nan Plan Sèvis ki Konsantre sou yon Moun (PCSP) w la.

Kisa kap rive si yon pwofesyonèl swen sante rezo kite plan nou an?

Yon pwofesyonèl swen sante rezo wap itilize ka kite plan nou an. Si youn nan pwofesyonèl swen sante w yo kite plan nou an, ou gen sèten dwa ak sèten pwoteksyon ke nou rezime pi ba a:

- Menmsi pwofesyonèl swen sante nou yo ka chanje pandan ane a, nou fèt pou n ba ou aksè a pwofesyonèl swen sante san enteripsyon.
- Lè li posib, nap avize w omwen 15 jou davans konsa wap gen kont tan pou seleksyone yon nouvo pwofesyonèl swen sante.
- Nou pral ede w seleksyone yon nouvo pwofesyonèl swen sante ki kalifye, ki pou kontinye jere swen sante ou bezwen yo.
- Si wap resevwa tretman medikal, ou gen dwa mande pou nou pa entewonp tretman ki medikalman nesèsè wap pran an, e nap travay avèk ou pou asire nou tretman an pa kanpe.
- Si w panse nou pa ranplase pwofesyonèl swen sante ou te gen anvan an pa yon pwofesyonèl swen sante ki kalifye oswa si w panse nou pa jere swen sante w kòm sadwa, ou gen dwa pou soumèt yon demann dapèl poutèt desizyon nou an.

Si w dekouvri youn nan pwofesyonèl swen sante nou yo ap kite plan an, tanpri kontakte nou pou n ka ede w jwenn yon nouvo pwofesyonèl swen sante ak jere swen sante ou. Kontakte Sèvis Patisipan an nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7.

Kijan pou jwenn swen nan men yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a

Si w bezwen resevwa swen plan nou an kouvri epi pwofesyonèl swen sante rezo nou an pa ka ba w swen sa a, ou ka mande pou Aetna Better Health FIDA Plan oswa IDT ou ba w pèmasyon pou resevwa swen nan men yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a. Nan sitiyasyon sa a, nap kouvri swen an kòm si w te resevwa l



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

nan men yon pwofesyonèl swen sante rezo epi ou pap gen anyen pou peye. Si w bezwen otorizasyon pou wè yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a, oumenm oswa pwofesyonèl swen sante w gen entansyon wè a ka rele Sèvis Patisipan an nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7.

Sonje, lè w fenk antre nan plan an, ou ka kontinye ale kay pwofesyonèl swen sante kote w ale aktyèlman an, pandan "peryòd tranzisyon an." Nan pifò ka yo, peryòd tranzisyon an pral dire 90 jou oswa jiskaske Plan Sèvis ki Konsantre sou yon Moun ou a finalize e ke yo enpleman l, toudepannde sa ki vin annapre a. Nan peryòd tranzisyon an, Responsab Swen nou an pral kontakte w pou l ede w jwenn ak chanje pwofesyonèl swen sante ki nan rezo nou an. Apre peryòd tranzisyon an, nou pap peye pou swen sante w si w kontinye ale kay pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a, amwenske Aetna Better Health FIDA Plan oswa IDT ou te otorize w kontinye ale kay pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a.

➔ **Tanpri, note:** Si w bezwen ale kay yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a, tanpri travay ak Aetna Better Health FIDA Plan oswa ak IDT ou pou ka jwenn otorizasyon pou ale kay yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a epi pou jwenn youn ki satisfè egzijans Medicare ak Medicaid ki aplikab yo. Si w ale kay yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a san w pa gen otorizasyon Plan an ni otorizasyon IDT a, ou ka oblije peye pri total sèvis ou resevwa a.

F. Kijan pou jwenn otorizasyon pou sèvis ak atik ki mande otorizasyon davans

Se Ekip Entèdisiplinè (IDT) ou ki responsab pou l bay otorizasyon pou yo ba w tout sèvis ak tout atik yo ka antisipe lè yap devlope Plan Sèvis ki Konsantre sou yon Moun (PCSP) w la. Sepandan, IDT ou ka pa anmezi pou otorize tout sèvis ou bezwen si PCP ou pa patisipe nan IDT a. Paregzanp, si pagen PCP oswa si pa gen okenn lòt doktè ki patisipe nan yon reyinyon IDT, IDT a pa ka otorize nouvo medikaman sou preskripsyon yo. Nan ka sa yo, IDT ou pral ajoute lis medikaman sou preskripsyon ou bezwen yo nan PCSP a. Alèkile Aetna Better Health FIDA Plan pral revize ak apwouve medikaman sou preskripsyon yo si yo nesèsè sou plan medikal.

Metsouli, se Aetna Better Health FIDA Plan ak sèten pwofesyonèl swen sante otorize ki gen responsabilite pou otorize laplipa nan sèvis ak atik swen sante ou ka bezwen ant lè rankont planifikasyon pou sèvis IDT yo ak mizajou PCSP yo. Sa yo se sèvis ak atik ke yo pa ta ka planifye ni predi kidonk yo pat mete yo nan PCSP ou.

Men sèvis ou ka resevwa san w pa gen otorizasyon davans

Nan pifò ka yo, ou pral bezwen otorizasyon Aetna Better Health FIDA Plan, IDT ou, oswa sèten pwofesyonèl swen sante anvan ou ka al wè lòt pwofesyonèl swen sante. Otorizasyon sa a rele "otorizasyon davans." Ou ka resevwa sèvis tankou sèvis ki sou lis ki pi ba a san w pa bezwen okenn otorizasyon:

- Sèvis dijans nan men pwofesyonèl swen sante rezo oswa pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo.
- Swen ki nesèsè annijans nan men pwofesyonèl swen sante rezo yo.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon,** ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

- Swen ki nesèsè annijans nan men pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a lè w pa ka jwenn pwofesyonèl swen sante rezo poutèt ou pa nan yon zòn kote plan an bay sèvis.
- Sèvis dyaliz pou ren ke w resevwa nan yon etablisman dyaliz Medicare sètifye lè w pa nan zòn kote plan an bay sèvis. (Tanpri rele Sèvis Patisipan an anvan w ale andeyò zòn kote plan an bay sèvis. Nou ka ede w jwenn dyaliz etan w deplase.)
- Vaksinasyon ki enkli vaksen kont lagrip, vaksen kont epatit B, ak vaksen kont nemoni pouvike w pran yo nan men yon pwofesyonèl swen sante rezo.
- Swen sante woutin pou fanm ak sèvis planin familyal. Ladann gen egzamen tete, mamografi pou depistaj (radyografi tete), tès fwoti (Pap tès), egzamen pèlvyen (basen) pouvike ou fè yo kay yon pwofesyonèl swen sante rezo.
- Vizit kay Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal (PCP).
- Swen palyatif.
- Lòt swen prevantif.
- Sèvis nan etablisman ajans swen sante piblik pou depistaj tibèkiloz, tretman ak dyagnostik, ikonpri Terapi yo Obsève Dirèkteman (TB/DOT).
- Sèvis vizyon atravè klinik Atik 28 ki bay sèvis optometri e ki aflye ak Kolèj Optometri nan Inivèsite Eta Nouyòk pou resevwa sèvis optometri plan an kouvri.
- Sèvis dantè atravè klinik Atik 28 Sant Dantè Akademik administre.
- Reyadaptasyon kadyak pou premye seri tretman an (se yon Medsen oswa yon Enfimyè Otorize ki oblije bay seri tretman kap fèt apre premye seri tretman an).
- Sèvis edikasyon, byennèt, ak jesyon swen sante siplemantè.
- Anplis, si w elijib pou resevwa sèvis nan men pwofesyonèl swen sante Endyen, ou ka al kay pwofesyonèl swen sante sa yo san otorizasyon Aetna Better Health FIDA Plan ni IDT ou.

G. Kijan pou jwenn sèvis ak sipò alontèm (LTSS)

LTSS ki baze nan kominote se yon gàm sèvis medikal, sèvis abilitasyon, sèvis swen adomisil, oswa sèvis sosyal yon moun bezwen pandan plizyè mwa oswa pandan plizyè ane defason pou l amelyore oswa mentni kapasite l pou l fonksyone oswa pou l mentni sante l. Yo bay moun nan sèvis sa yo lakay li oswa nan yon kad ki baze nan kominote a tankou nan etablisman ki bay lojman asiste. LTSS ki baze nan etablisman se sèvis yo bay nan yon etablisman ki bay swen enfimye oswa ke yo bay nan kad swen sante rezidansyèl alontèm.

Antanke yon Patisipan nan Aetna Better Health FIDA Plan, ou pral gen yon evalyasyon konplè sou tout sa w bezwen, ikonpri LTSS ou bezwen ki baze nan kominote oswa ki baze nan etablisman. Yap adrese tout sa w bezwen, jan yo idantifye yo nan evalyasyon an, nan Plan Sèvis ki Konsantre sou yon Moun (PCSP) ou. PCSP ou pral dekri ki LTSS ou pral resevwa, nan men kimoun ak chak konbyen tan.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Si w te gen yon plan sèvis ki te deja egziste avan w te enskri nan Aetna Better Health FIDA Plan, ou pral kontinye jwenn LTSS ki baze nan kominote oswa ki baze nan etablisman ke yo te mete nan plan ki te deja egziste a. Nap respekte plan ou genyen ki egziste deja a pandan 90 jou oswa nap respekte l jiskaske PCSP ou finalize ak enpleman, kèlkeswa sa ki fèt andènye a.

→ Si w gen kesyon konsènan LTSS, kontakte Sèvis Patisipan an oswa Responsab Swen w lan.

H. Kijan pou jwenn sèvis swen sante nan domèn konpòtman

Sèvis swen sante nan domèn konpòtman se yon varyete sèvis ki sipòte sante mantal ak sèvis pou moun kap abize sibstans, sizoka ou ta bezwen sèvis sa yo. Sipò sa a ka gen ladann, sèvis emosyonèl, sèvis sosyal, sèvis edikatif, sèvis pwofesyonèl, sèvis sipò mityèl ak sèvis konvalesans; tout sa yo se anplis de sèvis sikyatrik ak sèvis medikal tradisyonèl yo.

Antanke yon Patisipan nan Aetna Better Health FIDA Plan, ou pral gen yon evalyasyon konplè sou tout sa w bezwen, ikonpri sa w bezwen kòm sèvis swen sante nan domèn konpòtman. Yap adrese tout sa w bezwen, jan yo idantifye yo nan evalyasyon an, nan Plan Sèvis ki Konsantre sou yon Moun (PCSP) ou. PCSP ou pral dekri ki sèvis swen sante nan domèn konpòtman ou pral resevwa, nan men kimoun ak chak konbyen tan.

Si lè wap enskri nan Aetna Better Health FIDA Plan, wap resevwa sèvis nan men yon pwofesyonèl ki bay swen nan domèn konpòtman, ou ka kontinye resevwa sèvis nan men pwofesyonèl sa a jiskaske tretman an fini, men pa pou pliske dezan. Ka sa a aplike menmsi pwofesyonèl swen sante a pap patisipe nan rezo Aetna Better Health FIDA Plan.

→ Si w gen kesyon konsènan sèvis swen nan domèn konpòtman, kontakte Sèvis Patisipan an oswa Responsab Swen w lan.

I. Kijan pou jwenn swen ke oumenm ou dirije

Ou gen opòtinite pou dirije pwòp sèvis ke ou resevwa atravè pwogram Sèvis Asistans Pèsonèl Kliyan Dirije (CDPAS).

Si w gen maladi kwonik oswa si w gen yon andikap fizik epi w bezwen èd medikal pou fè aktivite moun fè toulèjou (ADL) oswa sèvis enfimye espesyalize, ou ka resevwa sèvis sa yo atravè pwogram CDPAS. Nan sèvis sa yo ka gen sèvis yon oksilyè swen pèsonèl (oksyè adomisil), oksilyè swen adomisil, oswa yon enfimye. Ou gen libète ak fleksibilite pou chwazi moun kap ba w swen an.

Ou fèt pou kapab e pou dispoze fè chwa eklere konsènan fason wap jere sèvis wap jwenn yo, oswa pou pou fè yon konseye legal oswa yon manm fanmi w ke ou dezilyen oswa yon lòt adilt ki kapab e ki dispoze ede w fè chwa eklere.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Epitou swa oumenm oswa moun ou deziyen an fèt pou l responsab pou rekrute, anboche, antrène, sipèvize ak revoke moun kap bay swen an epi se pou swa oumenm oswa moun ou deziyen an fè aranjman pou jwenn yon moun ki pou fè travay la lè li nesèsè, fè aranjman ak kowòdone lòt sèvis, ak kenbe rejis pewòl yo.

Responsab Swen w lan ak Ekip Entèdisiplinè (IDT) w la pral revize opsyon CDPAS avèk ou, nan reyinyon IDT w yo. Ou ka seleksyone chwa sa a nenpòt ki lè, annik kontakte Responsab Swen w lan.

J. Kijan pou jwenn sèvis transpò

Aetna Better Health FIDA Plan pral ba w mwayen transpò nan ka dijans ak nan ka ki pa ijan. Ekip Entèdisiplinè (IDT) ou pral diskite sou mwayen transpò ou bezwen epi lap planifye pou l satisfè yo. Nenpòt ki lè ou bezwen mwayen transpò pou ale kay yon pwofesyonèl swen sante pou ka resevwa sèvis ak atik ki kouvri yo, annik rele Responsab Swen ou.

Nan mwayen transpò asirans la kouvri, gen yon asistan kap la pou l akonpaye w kote w prale a, si li nesèsè.

Epitou mwayen transpò yo disponib pou ale nan randevou ki pa medikal tankou nan sèvis relijye, nan aktivite kominotè, oswa nan sipèmakèt.

K. Kijan pou jwenn sèvis plan an kouvri lè w gen yon ijans medikal oswa lè w bezwen swen annijans, oswa pandan yon dezaz

Kijan pou jwenn swen lè w gen yon ijans medikal

Kisa yon ijans medikal ye?

Yon *ijans medikal* oswa *ijans nan sante konpòtman*, se yon pwoblèm ki prezante sentòm grav, doulè grav oswa blesi ki grav. Pwoblèm lan tèlman grav ke, si yo pa ba li swen medikal imedyatman, oumenm oswa nenpòt moun ki gen ti konesans nan domèn sante ak nan domèn medikal deja konnen pwoblèm lan ka:

- mete sante w (oswa, pou yon fanm ansent, sante fanm lan oswa sante pitit ki nan vant li) an danje grav, oswa sizoka sa ta yon pwoblèm sante konpòtman, ki ta mete sante w oswa sante zòt an danje grav; **oswa**
- koze domaj grav nan fonksyonman kò a; **oswa**
- koze disfonksyonman grav nan nenpòt ògàn oswa nan nenpòt pati nan kò a; **oswa**
- koze defigiman grav; **oswa**
- sizoka sa ta yon fanm ansent, li ka koze tranche aktif, ki vle di fanm lan gen tranche nan yon moman kote youn nan bagay suivan yo ta rive:
 - » Pagen ase tan pou mennen ou, an tout sekirite, nan yon lòt lopital anvan w akouche.
 - » Transfè nan lòt lopital la ka menase sante w oswa sekirite w oswa menase pitit ki nan vant ou an.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Kisa pou fè si w gen yon ijans medikal?

Si w gen yon ijans medikal:

- **Ale chèche èd leplivit ke posib.** Rele 911 oswa ale nan sal dijans oswa nan lopital ki pi pre a. Rele yon anbilans, si w bezwen youn. Ou pa bezwen otorizasyon Aetna Better Health FIDA Plan ni otorizasyon IDT ou.
- **Osito w kapab, asire w ke ou fè plan nou an konnen osijè ka dijans lan.** Nou bezwen fè suivi vizavi swen dijans ou. Swa oumenm oswa yon lòt moun fèt pou rele nou pou fè n konnen wap resevwa swen dijans, jeneralman sou 48 èdtan. Sepandan, ou pap gen pou peye pou sèvis dijans poutèt ou te fè n konnen anreta. Kontakte Sèvis Patisipan an nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7.

Kisa ki kouvri si w gen yon ijans medikal?

Ou ka resevwa swen dijans plan an kouvri nenpòt lè w bezwen, nenpòt ki kote Ozetazini oswa nan teritwa l yo. Si w bezwen yon anbilans pou ale nan sal dijans la, Aetna Better Health FIDA Plan ap kouvri sèvis anbilans la. Pou ka gen plis enfòmasyon, al gade nan Tablo Atik ak Sèvis ki Kouvri yo ki nan Chapit 4.

Si w gen yon ka dijans, Responsab Swen w lan pral pale ak doktè ki ba w swen dijans yo. Doktè ki ba w swen dijans yo pral di Responsab Swen w lan kilè ijans medikal ou ap fini.

Lè ka dijans ou an fini, ou ka bezwen resevwa swen suivi anplis pou ka asire ou refè. Aetna Better Health FIDA Plan pral kouvri swen suivi w la. Si w resevwa swen dijans ou nan men pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a, Responsab Swen w lan pral eseye fè yon pwofesyonèl swen sante rezo jere swen sante w leplito ke posib.

E si malgresa se pat yon ka dijans medikal?

Pafwa li pa fasil pou di si w gen yon ka dijans medikal. Ou ka ale pran swen dijans epi doktè ka di w se pat vreman yon ka dijans medikal. Pouvike ou te gen rezon ki fè w te panse sante te an danje grav, nap kouvri swen sante w.

Sepandan, apre doktè a fin di se *pat* yon ka dijans, nap kouvri swen sante anplis wap resevwa yosèlman si:

- ou ale kay yon pwofesyonèl swen sante rezo, **oswa**
- yo konsidere swen anplis ou resevwa a kòm "swen ki nesèsè annijans" epi w suiv règ pou ka resevwa swen sante sa a. (Gade nan seksyon ki vin apre a.)



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Kijan pou jwenn swen ki nesèsè annijans

Kisa swen ki nesèsè annijans ye?

Swen ki nesèsè annijans se swen w resevwa poutèt yon maladi sibat, poutèt ou blese oswa poutèt yon pwoblèm ki pa yon ijans men ki mande pou yo ba w swen tousuit. Pa egzanp, ou ka gen yon epizòd poutèt yon pwoblèm ki te deja egziste epi w bezwen pou yo trete l.

Men kijan pou jwenn swen ki nesèsè annijans lè w nan zòn kote plan an bay sèvis

Leplisouvan, nap kouvri swen ki nesèsè annijans sèlman si:

- ou resevwa swen sa a nan men yon pwofesyonèl swen sante rezo, e
- ou suiv lòt règ yo ki dekri nan chapit sa a.

Sepandan, si w pa ka jwenn yon pwofesyonèl swen sante rezo, nap kouvri swen ki nesèsè annijans ou resevwa nan men yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a.

Ou toujou ka rele doktè (PCP) w la kèlkeswa lè travay yo. Si biwo a fèmen, moun ki travay andeyò lè travay yo pral transmèt enfòmasyon an bay doktè w oswa bay doktè ki desèvis la epi yo pral fè suivi avè w pou yo di w kisa pou w fè. Si w bezwen yo ede w, annik rele Sèvis Patisipan an nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Epitou ou ka pale ak responsab swen w oswa enfimyè w 24 sou 24, 7 jou 7 pou yo ka ede w lokalize etablisman ki bay swen dijans ki pi pre w la. Pa bliye mache ak kat idantifikasyon Aetna Better Health of New York FIDA ou sou ou.

Men kijan pou resevwa swen ki nesèsè annijans lè w nan zòn kote plan an bay sèvis

Lè w pa nan zòn kote plan an bay sèvis, ou kab pa ka resevwa swen sante nan men yon pwofesyonèl swen sante rezo. Nan ka sa a, plan nou an pral kouvri swen ki nesèsè annijans ke ou resevwa.

→ Plan nou an pa kouvri swen ki nesèsè annijans oswa nenpòt lòt swen ou resevwa andeyò Lèzetazini.

Kijan pou jwenn swen pandan yon dezaz

Si Gouvènè eta kote w ye a, si Sekretè Ameriken Sèvis Sante ak Imen an, oswa si Prezidan Ameriken an deklare yon eta dezaz oswa yon eta dijans nan zòn jewografik ou a, ou gen dwa toujou pou resevwa swen nan Aetna Better Health FIDA Plan.

Tanpri, ale sou sitwèb nou an pou enfòmasyon sou kijan pou jwenn swen ou bezwen pandan yon dezaz yo deklare: **www.aetnabetterhealth.com/newyork**.

Pandan yon dezaz yo deklare, si w pa ka itilize yon pwofesyonèl swen sante nan rezo a, nap pèmèt ou resevwa swen kay pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a e ou pap gen pou peye pou sa. Si ou pa ka itilize yon famasi rezo pandan peryòd dezaz yo deklare a, wap ka ranpli preskripsyon w pou medikaman yo nan yon famasi ki pa nan rezo a. Gade nan Chapit 5 pou ka gen plis enfòmasyon.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan **www.aetnabetterhealth.com/newyork**.

L. Kisa kap rive si yo voye bòdwo a dirèkteman ba ou pou pri total sèvis ak atik Aetna Better Health FIDA Plan kouvri yo?

Pwofesyonèl swen sante yo fèt pou voye bòdwo yo bay Aetna Better Health FIDA Plan sèlman pou pri sèvis ak atik ki kouvri yo koute. Si yon pwofesyonèl swen sante voye yon bòdwo pou ou olye pou l voye l bay Aetna Better Health FIDA Plan, ou ka voye bòdwo a ba nou pou n peye l. **Ou pa fèt pou peye bòdwo a.** Men si ou peye l, Aetna Better Health FIDA Plan ka ranbouse w.

➔ Si w te peye pou sèvis ak atik ki kouvri yo, oswa si w te resevwa yon bòdwo pou sèvis oswa atik ki kouvri yo, **al gade nan Chapit 7 pou ka konnen kisa pou fè.**

Kisa pou fè si plan nou an pa kouvri sèvis ak atik yo?

Aetna Better Health FIDA Plan kouvri tout sèvis ak atik:

- ki medikaman nesèsè **ak,**
- sa ki sou lis ki nan Tablo Atik ak Sèvis ki Kouvri yo oswa sèvis ak atik Ekip Entèdisiplinè (IDT) ou detèmine ki nesèsè pou ou (gade nan Chapit 4) **ak,**
- sa ou resevwa yo lè ou suiv règ plan an.

➔ Si w resevwa sèvis ak atik Aetna Better Health FIDA Plan pa kouvri, **se ou menm ki pou peye pou pri total la.**

Si w ta renmen konnen si nou pral peye pou nenpòt sèvis oswa atik, ou gen dwa mande nou. Se dwa w pou mande pou sa alekri. Si nou di nou pap peye pou sèvis oswa atik, ou gen dwa pou ale ann apèl poutèt desizyon nou an.

Chapit 9 esplike kisa pou fè si w vle pou plan an kouvri yon sèvis oswa yon atik medikal. Epitou, li esplike w kijan pou ale annapèl poutèt yon desizyon sou nou pran konsènan sa ki kouvri. Epitou ou ka rele Sèvis Patisipan an pou ka gen plis enfòmasyon konsènan dwa ou genyen pou ale annapèl.

Si w pa dakò ak yon desizyon plan an pran, ou ka kontakte Rezo Endepandan pou Defans Konsomatè a (ICAN), pou l ka ede w avèk demann pou ale annapèl la poutèt desizyon an. ICAN bay enfòmasyon ak asistans gratis. Ou ka rele ICAN nan 1-844-614-8800, de lendi a vandredi, depi 8:00 am jiska 8:00 pm. (TTY, rele **711**, apresya suiv direktiv pou fòmè 844-614-8800.)



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

M. Kijan yo pral kouvri sèvis swen sante w yo lè ou nan yon etid rechèch klinik?

Kisa yon etid rechèch klinik ye?

Yon *etid rechèch klinik* (yo rele li yon *esè klinik*) se yon mwayen doktè itilize pou teste nouvo tip swen sante oswa medikaman. Yo mande volontè pou patisipe nan etid la. Jande etid sa yo ede doktè yo deside si yon nouvo tip swen sante oswa yon nouvo medikaman fonksyone byen e si li pa gen danje.

Yon fwa Medicare apwouve yon etid ou vle patisipe ladann, ap gen yon moun ki travay nan etid la ki pral kontakte w. Moun sa a pral pale w de etid la epi lap gade si w kalifye pou ladann. Ou ka patisipe nan etid la depi w satisfè kondisyon yo egzijè yo. Epitou ou fèt pou konprann ak aksepte fè sa w dwe fè pou etid la.

Etan w nan etid la, ou ka rete enskri nan plan nou an. Konsa, wap kontinye resevwa swen nan plan nou an ki pa gen okenn rapò ak etid la.

Si w vle patisipe nan yon etid rechèch klinik Medicare apwouve, ou *pa* bezwen gen otorizasyon Aetna Better Health FIDA Plan, ni otorizasyon IDT ou, e ni otorizasyon Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal ou. Pwofesyonèl swen sante ki ba w swen sante ki fè patide etid la *pa* oblije yon pwofesyonèl swen sante rezo.

Ou dwe fè nou konnen anvan w kòmanse patisipe nan yon etid rechèch klinik.

Men rezon an:

- Nou ka di w si Medicare apwouve etid rechèch klinik la.
- Nou ka di w ki sèvis ou pral resevwa nan men pwofesyonèl swen sante ki nan etid rechèch klinik la olye de plan nou an.

Si w gen entansyon patisipe nan yon etid rechèch klinik, swa oumenm oswa Responsab Swen ou fèt pou kontakte Sèvis Patisipan an.

Lè w nan yon etid rechèch klinik, ki moun ki peye kisa?

Si w deside patisipe volontèman nan yon etid rechèch klinik ke Medicare apwouve, ou pap peye anyen pou sèvis ki kouvri nan etid la e Medicare ap peye pou sèvis ki kouvri nan etid la e lap peye tou pou depans woutin ki asosye avèk swen w. Yon fwa ou antre nan yon etid rechèch klinik Medicare apwouve, yap kouvri laplipa atik ak sèvis wap resevwa yo nan kad etid la. Sa vle di wap resevwa:

- Chanm ak pansyon pou yon sejou lopital ke Medicare ta peye pou li menmsi w pat nan etid la.
- Yon operasyon oswa lòt pwosedi medikal ki fè patide etid rechèch la.
- Tretman poutèt nenpòt efè segondè ak konplikasyon nouvo swen sante a ka bay.

Si w fè patide yon etid Medicare *pa* apwouve, **se oumenm ki pral peye kèlkeswa montan li koute poutèt ou nan etid la.**



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Fason pou jwenn plis enfòmasyon

Ou ka gen plis enfòmasyon sou patisipasyon nan yon etid rechèch klinik si ou al li "Medicare ak Etid Rechèch Klinik (Medicare & Clinical Research Studies)" sou sitwèb Medicare la (<http://www.medicare.gov/Publications/pubs/pdf/02226.pdf>). Epitou ou ka rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. TTY dwe rele nan 1-877-486-2048.

N. Kijan yo kouvri sèvis swen sante w lè w nan yon enstitisyon relijye ki pa medikal men ki bay swen sante?

Kisa yon enstitisyon relijye ki pa medikal men ki bay swen sante ye?

Yon *enstitisyon relijye ki pa medikal men ki bay swen sante* se yon kote ki bay swen ke w ta dwe nòmalman resevwa nan yon lopital oswa nan yon etablisman ki bay swen enfimye espesyalize. Si resevwa swen nan yon lopital oswa nan yon etablisman ki bay swen sante kont kwayans relijye w, nap kouvri swen w yo nan yon enstitisyon ki pa medikal men ki bay swen sante. Ou ka chwazi pou resevwa swen sante nenpòt ki lè e pou nenpòt ki rezon. Benefis sa a se sèlman pou sèvis pasyan ki entènè (sèvis swen sante ki pa medikal) Medicare Pati A kouvri. Medicare ap peye sèlman pou swen sante ki pa medikal enstitisyon relijye ki pa medikal men ki bay swen sante bay.

Ki swen plan an kouvri nan yon enstitisyon relijye ki pa medikal men ki bay swen sante?

Pou ka resevwa swen nan yon enstitisyon relijye ki pa medikal men ki bay swen sante, ou fèt pou siyen yon dokiman legal ki di ou pa dakò resevwa tretman medikal ki "pa fè pati eksepsyon."

- Tretman medikal ki "pa fè pati eksepsyon" se nenpòt swen ki *volontè e okenn lwa lokal, leta oswa federal* pa egzije l.
- Tretman medikal ki "fè eksepsyon" se nenpòt swen ki *pa volontè e ke lalwa lokal, leta oswa federal* egzije.

Pou plan nou an kouvri w, se pou swen ou resevwa nan enstitisyon relijye ki pa medikal men ki bay swen sante fèt pou l satisfè kondisyon suivan yo:

- Medicare fèt pou l sètifye etablisman ki bay swen an.
- Aetna Better Health FIDA Plan kouvri sèlman sèvis swen ki *pagen aspè* swen relijye.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan 1-855-494-9945 (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

- Si w resevwa sèvis nan men enstitisyon sa a ke yo ba ou nan yon etablisman, bagay suivan yo ap aplike:
 - » Ou fèt pou gen yon pwoblèm medikal kap pèmèt ou resevwa sèvis plan an kouvri pou pasyan ki entèn lopital, oswa ki nan etablisman ki bay swen enfimye espesyalize.
 - » Ou fèt pou gen otorizasyon Aetna Better Health FIDA Plan oswa otorizasyon IDT ou anvan yo admèt ou nan etablisman an, sinon yo pap kouvri tan wap pase a.
- Plan nou an pral kouvri jou pasyan an entèn lopital san limit nan yon lopital ki nan rezo a lè li nesesè sou plan medikal e avèk otorizasyon davans.

O. Règ pou posede ekipman medikal dirab

Èske wap posede ekipman medikal dirab ou a?

Ekipman medikal dirab vle di sèten atik yon pwofesyonèl swen sante òdone pou ka itilize lè w lakay ou. Pa egzanp atik sa yo se ekipman oksijèn ak akseswa, chèz woulant, kàn (baton), bekiy, deyanbilatè (wòkè), ak kabann lopital.

Wap toujou posede sèten ekipman, tankou ekipman pwostetik. Aetna Better Health FIDA Plan pral lwe lòt kalite ekipman medikal dirab yo pou ou. Pa egzanp atik yo pral oblije lwe yo se chèz woulant, kabann lopital, ak aparèy kap bay vantilasyon a presyon kontinyèl (CPAP).

Nan Medicare, moun ki lwe sèten tip ekipman medikal dirab vin posede yo apre 13 mwa.

Kisa kap rive si w pèdi pwoteksyon Medicaid ou?

Si w pèdi pwoteksyon Medicaid ou epi w kite Pwogram FIDA a, ou pral gen pou fè 13 peman youn dèyè lòt selon règ Original Medicare pou ka posede ekipman an si:

- ou pat vin pwopriyete atik ekipman medikal dirab la etan w te nan plan nou an **e**
- ou resevwa benefis Medicare ou nan pwogram Original Medicare.

Si w te fè peman pou ekipman medikal dirab la sou Original Medicare anvan w te antre nan Aetna Better Health FIDA Plan, peman Medicare sa yo pap konte pami 13 peman ou ta gen pou fè apre Medicaid ou fini. Ou pral gen pou fè 13 nouvo peman youn dèyè lòt selon règ Original Medicare pou posede atik la.

➔ Pagen esepsyon nan ka sa a lè w retounen nan Original Medicare. Si w antre nan yon plan swen sante Medicare (tankou plan Medicare Advantage) olyede Original Medicare, ou fèt pou tcheke ak plan an konsènan ekipman medikal dirab li kouvri.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Kisa kap pase si w chanje Plan FIDA w lan oswa si w kite FIDA pou ale nan yon Plan MLTC?

Si w antre nan yon lòt Plan FIDA oswa nan yon Plan Swen Kontwole Alontèm (MLTC), Responsab Swen w lan nan nouvo plan an ap travay avèk ou pou l asire li wap kontinye gen aksè a ekipman medikal dirab ou tap pran lè w te nan Aetna Better Health FIDA Plan.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Chapit 4: Atik ak Sèvis ki Kouvri

Tabmatyè

A. Kijan pou konprann atik ak sèvis plan an kouvri pou ou	46
B. Aetna Better Health FIDA Plan pa pèmèt pwofesyonèl swen sante pou yo chaje w pou atik ak sèvis ki kouvri yo.....	46
C. Konsènan Tablo Atik ak Sèvis ki Kouvri yo	47
D. Tablo Atik ak Sèvis ki Kouvri yo.....	48
E. Benefis ki kouvri andeyò Aetna Better Health FIDA Plan	98
Tretman lajounen.....	98
Sèvis yo bay nan sant akouchman endepandan	98
Sèvis planin famiyal ki pa nan rezo a.....	98
Pwogram Tretman Antretyen abaz Metadòn (MMTP)	98
Terapi ki baze sou obsèvasyon dirèk pou tibèkiloz (TB)	98
Sèvis Ospis	99
F. Benefis ki <i>pa</i> kouvri nan Aetna Better Health FIDA Plan, Medicare, oswa Medicaid.....	100



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

A. Kijan pou konprann atik ak sèvis plan an kouvri pou ou

Chapit sa a fè w konnen pou ki atik ak pou ki sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye. Epi ou ka aprann ki sèvis ki pa kouvri. Wap jwenn enfòmasyon sou benefis medikaman nan Chapit 5. Chapit sa a esplike tou limit yo mete sou sèten sèvis.

Etandone ou se yon Patisipan FIDA, ou pap peye anyen pou atik ak sèvis ki kouvri yo pouvike ou suiv règ Aetna Better Health FIDA Plan yo. Al gade nan Chapit 3 pou ka gen detay sou règ plan an.

Si w bezwen yo ede w konprann ki sèvis ki kouvri, rele Responsab Swen w lan ak/oswa Sèvis Patisipan an nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7.

B. Aetna Better Health FIDA Plan pa pèmèt pwofesyonèl swen sante pou yo chaje w pou atik ak sèvis ki kouvri yo

Nou pa pèmèt pwofesyonèl swen sante Aetna Better Health FIDA Plan yo voye okenn bòdwo ba ou pou atik ak sèvis ki kouvri yo. Nou peye pwofesyonèl swen sante nou dirèkteman, epi nou pwoteje w pou pa resevwa okenn bòdwo. Sa se vre menm si nou peye pwofesyonèl swen sante a mwens pase sa pwofesyonèl swen sante a chaje pou yon sèvis.

→ **Ou pa janm dwe resevwa yon bòdwo nan men yon pwofesyonèl swen sante pou atik ak sèvi ki kouvri yo. Si w resevwa youn, gade nan Chapit 7 oswa rele Sèvis Patisipan an.**



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

C. Konsènan Tablo Atik ak Sèvis ki Kouvri yo

Tablo Atik ak Sèvis ki Kouvri yo fè w konnen pou ki atik ak ki sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye. Li liste atik ak sèvis yo pa òd alfabetik epi li esplike atik ak sèvis ki kouvri yo.

Nap peye pou atik ak sèvis ki liste nan Tablo Atik ak Sèvis ki Kouvri yo sèlman lè yo suiv règ suivan yo. Ou pap peye anyen pou atik ak sèvis ki liste nan Tablo Atik ak Sèvis ki Kouvri yo, pòvike w satisfè kondisyon sou pwoteksyon ki make pi ba yo.


- Atik ak sèvis Medicare ak Medicaid kouvri pou ou yo fèt pou yo dispansè selon règ Medicare ak Medicaid etabli yo.
- Atik ak sèvis yo (ikonpri swen medikal, sèvis, akseswa, ekipman ak medikaman) fèt pou yo medikalman nesèsè. Ekspresyon medikalman nesèsè vle di ou bezwen sèvis ak atik yo pou anpeche, dyagnostike, korije, oswa trete maladi ki bay doulè egi, ki mete lavi w an danje, ki rann malad oswa ki rann enfim, ki entèfere ak kapasite w pou fè aktivite nòmral, oswa ki riske fè w andikape defason grav.
- Se yon pwofesyonèl swen sante rezo ki pou ba w swen ou bezwen an. Yon pwofesyonèl swen sante rezo se yon pwofesyonèl swen sante ki travay ansanm avèk Aetna Better Health FIDA Plan. Nan pifò ka yo, Aetna Better Health FIDA Plan pap peye pou swen sante ou resevwa nan men yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a, amwenske Ekip Entèdisiplinè (IDT) ou oswa Aetna Better Health FIDA Plan apwouve l. Chapit 3 gen plis enfòmasyon sou kijan pou itilize pwofesyonèl swen sante rezo ak sa ki pa nan rezo yo.
- Ou gen yon Ekip Entèdisiplinè (IDT) ki pral fè aranjman ak jere swen sante w yo. Pou ka gen plis enfòmasyon sou IDT ou, al gade nan Chapit 3.
- Pifò atik ak sèvis ki liste nan Tablo Atik ak Sèvis ki Kouvri yo kouvri si sèlman IDT ou, Aetna Better Health FIDA Plan, oswa yon pwofesyonèl swen sante otorize apwouve yo. Yo rele sa *otorizasyon davans*. Tablo Atik ak Sèvis ki Kouvri yo esplike w ki atik ak ki sèvis ki pa egzijè otorizasyon davans.

Pifò nan sèvis prevantif yo kouvri nan Aetna Better Health FIDA Plan. Ou pral wè senbòl pòm sa a 🍏 bò kote sèvis prevantif ki nan tablo benefis la.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

D. Tablo Atik ak Sèvis ki Kouvri yo

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p> Depistaj anevris awòt abdominal</p> <p>Yon iltrason depistaj, yo fè yon sèl fwa, pou moun ki gen risk. Plan an kouvri depistaj sa a sèlman si ou gen sèten faktè risk ak si w gen yon referans pou li ke doktè w la, asistan doktè w la, enfimye pratisyen an, oswa espesyalis enfimye klinik, bay.</p>	\$0
<p>Akiponkti</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou 9 tretman chak ane.</p> <p>Ou pa bezwen otorizasyon davans pou sèvis sa a.</p>	\$0
<p>Swen sante lajounen pou adilt</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou swen sante lajounen pou adilt pou Patisipan ki pa gen kapasite pou yo fonksyone, ki pa oblije rete lakay yo, e ki nesosite sèten atik ak sèvis prevantif, dyagnostik, terapetik, reyadaptasyon, oswa palyatif.</p> <p>Swen sante lajounen pou adilt gen sèvis sa yo ladann:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Medikal ▪ Swen enfimye ▪ Manje ak nitrisyon ▪ Sèvis sosyal ▪ Terapi reyadaptasyon ▪ Aktivite rekreatif ki fèt selon yon pwogram byen planifye ki gen divès aktivite ki gen valè ▪ Dantè ▪ Famasetik ▪ Lòt sèvis oksilyè 	\$0




Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p>Swen sante lajounen pou adilt ki gen SIDA</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou pwogram swen sante lajounen pou adilt ki gen SIDA (ADHCP) pou Patisipan ki gen VIH.</p> <p>Men sèvis ki gen nan ADHCP:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Konsèy/edikasyon endividyèl oswa an gwoup yo bay nan yon kad pwogram òganize ▪ Swen enfimye (ikonpri triyaj/evalyasyon nouvo sentòm) ▪ Sipò pou tolere medikaman ▪ Sèvis nitrisyon (ikonpri manje maten ak/oswa manje midi) ▪ Sèvis reyadaptasyon ▪ Sèvis abi sibstans ▪ Sèvis sante mantal ▪ Sèvis pou redui risk VIH 	\$0
<p>Konsèy ak depistaj pou abi alkòl</p> <p>Plan an ap peye pou yon depistaj pou abi alkòl pou adilt ki abize alkòl men ki pa alkolik. Fanm ansent ladann tou.</p> <p>Si depistaj ou pozitif pou abi alkòl, ou ka resevwa jiska kat ti sesyon konsèy endividyèl chak ane (si w kapab e si tèt ou klè pandan sesyon konsèy yo) avèk yon pwofesyonèl pratisyen swen sante prensipal ki kalifye nan yon etablisman ki bay swen sante prensipal.</p> <p>Ou pa bezwen otorizasyon davans pou sèvis sa a.</p>	\$0



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p>Sèvis anbilans</p> <p>Pami sèvis anbilans ki kouvri yo gen sèvis avyon anbilans, elikoptè anbilans ak machin anbilans. Anbilans la ap mennen w kote ki pi pre a ki ka ba w swen sante.</p> <p>Pwoblèm medikal ou a fèt pou tèlman grav ke si yo itilize yon lòt mwayen pou mennen w yon kote pou resevwa swen sante, sa ka mete lavi w oswa sante w an danje. IDT ou oswa Aetna Better Health FIDA Plan fèt pou li apwouve sèvis anbilans pou lòt ka yo.</p> <p>Pou ka ki <i>pa</i> ka dijans, IDT ou oswa Aetna Better Health FIDA Plan ka otorize yo itilize yon anbilans. Pwoblèm medikal ou a fèt pou tèlman grav ke si yo itilize yon lòt mwayen pou mennen w yon kote pou resevwa swen sante, sa ka mete lavi w oswa sante w an danje.</p>	\$0
<p>Sèvis nan sant chirijikal anbilatwa</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou pwosedi chirijikal ki kouvri e ki fèt nan sant chirijikal anbilatwa.</p>	\$0
<p> Vizit byennèt anyèl / egzamen fizik woutin</p> <p>Si w te nan Medicare Pati B pandan plis ke 12 mwa, ou ka fè yon vizit konsiltasyon byennèt chak ane. Vizit sa a se pou devlope oswa pou mete ajou yon plan prevansyon ki baze sou eta sante aktyèl ou e sou faktè risk yo. Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sa yon fwa chak 12 mwa.</p> <p>Note: Ou pa ka fè vizit konsiltasyon anyèl ou sou 12 mwa apre w fin fè vizit prevantif "Byenveni nan Medicare (Welcome to Medicare) ou a." Plan an ap kouvri vizit konsiltasyon anyèl ou a apre w fin gen Pati B pandan 12 mwa. Ou pa oblije fè yon vizit "Byenveni nan Medicare (Welcome to Medicare)" dabò.</p> <p>Ou pa bezwen otorizasyon davans pou sèvis sa a.</p>	\$0
<p>Tretman kominotè Dinamik (ACT)</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis ACT. ACT se yon apwòch swen sante ki baze sou yon ekip mobil kap mache bay moun tretman fleksib e konplè, reyadaptasyon, jesyon ka, sèvis ak sipò nan kad kote yo viv la.</p>	\$0






Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p>Pwogram asistans otonòm</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis Pwogram Asistans Otonòm yo bay adilt adomisil oswa nan yon kad lojman ki bay sèvis.</p> <p>Pami sèvis yo genyen:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Swen pèsònèl ▪ Sèvis menaje ▪ Sèvis sipèvizyon ▪ Sèvis oksilyè adomisil ▪ Sèvis repons pèsònèl nan ka dijans ▪ Sèvis swen enfimye ▪ Fizyoterapi, terapi okipasyonèl ak òtofofoni (terapi nan domèn lapawòl) ▪ Akseswa medikal ak ekipman ▪ Swen sante lajounen pou adilt ▪ Yon seri sèvis sante adomisil ▪ Sèvis jesyon ka yon enfimye pwofesyonèl otorize fè 	\$0
<p>Teknoloji asistans</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou modifikasyon fizik anndan kay prive Patisipan an oswa kay fanmi Patisipan an. Modifikasyon an fèt pou l nesèsè pou asire sante, byennèt ak sekirite Patisipan an oswa pou pèmèt Patisipan an fonksyone libremman nan kay la.</p> <p>Modifikasyon ki kouvri yo se:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Enstalasyon ranp ak ba pou apiye ▪ Elajisman pòt ▪ Modifikasyon nan saldeben ▪ Enstalasyon sistèm elektrik ak plonbri espesyalize 	\$0






Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p> Mezi dansite zo</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèten pwosedè pou Patisipan ki kalifye (anjeneral se yon moun ki riske pèdi dansite zo li oswa ki gen gwo risk devlope osteyopowòz). Pwosedè sa yo idantifye dansite zo yo, li lokalize zo ki pèdi a, oswa li chèche konnen kalite zo a. Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis sa a yon fwa chak 24 mwa, oswa plis si li medikalman nesèsè. Epitou Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou doktè gade ak kòmantè sou rezilta yo.</p> <p>Ou pa bezwen otorizasyon davans pou sèvis sa a.</p>	\$0
<p> Depistaj kansè nan tete (mamografi)</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Yon mamografi referans ant laj 35 e 39 an ▪ Yon mamografi depistaj chak 12 mwa pou fanm ki gen 40 an oswa plis ▪ Egzamen klinik nan sen (nan tete) yon fwa chak 24 mwa <p>Ou pa bezwen otorizasyon davans pou sèvis sa a.</p>	\$0
<p> Sèvis reyadaptasyon kadyak (kè)</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis reyadaptasyon kadyak tankou egzèsis, edikasyon ak konsèy. Patisipan yo fèt pou satisfè sèten kondisyon avèk yon lòd pwofesyonèl swen sante a. Epitou Aetna Better Health FIDA Plan kouvri pwogram reyadaptasyon kadyak <i>entansif</i>, ki li menm pi entans pase pwogram reyadaptasyon kadyak la.</p> <p>Ou pa bezwen otorizasyon davans pou sèvis sa a.</p>	\$0




Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p> Vizit pou redui maladi kadyovaskilè (kè) (terapi pou maladi kè)</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou yon vizit pa ane kay Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal (PCP) ou pou ede w diminye risk pou devlope maladi kè. Nan vizit sa a, doktè w la ka:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ diskite avèk ou pou pran aspirin, ▪ tcheke tansyon ou, oswa ▪ ba w kèk ti konsèy pou asire ou manje byen. <p>Ou pa bezwen otorizasyon davans pou sèvis sa a.</p>	\$0
<p> Depistaj ak tèss pou maladi kadyovaskilè (kè)</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou w fè tèss san pou tcheke maladi kadyovaskilè yon fwa chak senkan (60 mwa). Epitou tèss san sa yo ap detekte domaj ki fèt poutèt gwo risk maladi kè.</p> <p>Ou pa bezwen otorizasyon davans pou sèvis sa a.</p>	\$0
<p>Jesyon swen (kowòdinasyon sèvis)</p> <p>Jesyon swen se yon entèvansyon ki fèt pou ede Patisipan yo endividyèlman pou yo gen aksè a sèvis yo bezwen. Entèvansyon nan jesyon swen sa yo te kreye pou asire sante ak byennèt Patisipan an pèmèt li vin pi endepandan e pou l gen yon pi bon kalite lavi.</p> <p>Ou pa bezwen otorizasyon davans pou sèvis sa a.</p>	\$0
<p> Depistaj pou kansè sèvikal ak vajinal</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Pou tout fanm: Tès fwoti (Pap tèss) ak egzamen pèlvyen chak 24 mwa ▪ Pou fanm ki gen gwo risk pou kansè sèvikal (nan kòl matris): yon tèss fwoti (Pap tèss) ak yon egzamen basen chak 12 mwa ▪ Pou fanm ki janm gen yon tèss fwoti (Pap tèss) ki pa nòmal e ki gen laj pou fè pitit: yon tèss fwoti (Pap tèss) ak yon egzamen basen chak 12 mwa <p>Ou pa bezwen otorizasyon davans pou sèvis sa a.</p>	\$0



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p>Kimyoterapi</p> <p>Aetna Better Health FIDA plan ap peye pou kimyoterapi pou pasyan ki gen kansè. Plan an kouvri kimyoterapi lè se yon inite nan lopital pou pasyan ki entène oswa ki pa entène ki bay li, oswa si se yon klinik pwofesyonèl swen sante oswa yon klinik otonòm ki bay li.</p>	\$0
<p>Sèvis chiwoprakti</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Ajisteman vètebral pou korije aliyman 	\$0
<p> Depistaj kansè kolorektal</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou bagay sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Lavman baritè <ul style="list-style-type: none"> » Yap kouvri l yon fwa chak 48 mwa si w gen 50 an oswa plis, e yon fwa chak 24 mwa si w gen gwo risk pou devlope kansè kolorektal, lè yo itilize tès sa a olyede yon sigmoyidoskopi fleksib oswa kolonoskopi. ▪ Kolonoskopi <ul style="list-style-type: none"> » Yap kouvri l yon fwa chak 24 mwa si w gen gwo risk pou devlope kansè kolorektal. Si w pa gen gwo risk pou devlope kansè kolorektal, Medicare kouvri tès sa a yon fwa chak 120 mwa, oswa 48 mwa apre yon sigmoyidoskopi fleksib ki te fèt anvan. ▪ Depistaj kolorektal abaz ADN <ul style="list-style-type: none"> » Yap kouvri l yon fwa chak 3 zan si w gen 50 an oswa plis. ▪ Analiz san okilt nan sèl (poupou) <ul style="list-style-type: none"> » Yap kouvri l yon fwa chak 12 mwa si w gen 50 an oswa plis. ▪ Sigmoiyidoskopi fleksib <ul style="list-style-type: none"> » Yap kouvri l yon fwa chak 48 mwa pou laplipa moun ki gen 50 an oswa plis. Si w pa gen gwo risk, Medicare kouvri tès sa a 120 mwa apre kolonoskopi ou te fè a anvansa. ▪ Analiz san okilt nan sèl (poupou) abaz gayak oswa analiz imino-chimik sèl (poupou) <ul style="list-style-type: none"> » Yap kouvri l yon fwa chak 12 mwa si w gen 50 an oswa plis. <p>Ou pa bezwen otorizasyon davans pou sèvis sa a.</p>	\$0



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p>Konsèy entegrasyon kominotè</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou konsèy entegrasyon nan kominote a. Sa a se yon sèvis konsèy pou Patisipan kap kenbe ak chanjman ki fèt nan kapasite yo ak chanjman ki fèt nan konpetans yo, yon revizyon sou sa yo atann de yo alontèm, oswa chanjman ki fèt nan wòl pa rapò a konjwen yo.</p> <p>Sèvis sa a, se sitou nan biwo pwofesyonèl swen sante a yo bay li oswa kay Patisipan an. An jeneral, yo bay sèvis konsèy entegrasyon kominotè nan sesyon konsèy endividyèl. Sepandan, gen dè fwa li pi bon pou bay Patisipan an sèvis sa nan yon kad konsèy famiyal oswa nan yon kad konsèy an gwoup.</p>	\$0
<p>Sèvis tranzisyon kominotè</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou Sèvis Tranzisyon nan Kominote a (Community Transitional Services, CTS). Sèvis sa yo ede yon Patisipan fè tranzisyon pou l soti nan yon etablisman swen enfimye pou l ale viv nan kominote a.</p> <p>CTS gen ladann:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Depans pou deplase mèb ak lòt efè pèsonèl. ▪ Achte sèten atik esansyèl tankou rad ak vesèl ▪ Depo sekirite, ikonpri frè koutye ki obligatwa pou jwenn yon kontra sou yon apatman oswa sou yon kay pou lwe ▪ Achte mèb esansyèl ▪ Etabli frè oswa lajan depo pou konekte oswa pou gen aksè a sèvis piblik (kòm paregzanp telefòn, elekrisite oswa chofaj) ▪ Anvan w pran lojman, yap asire nan pwoblèm sante ni pwoblèm sekirite, kòm paregzanp yap retire tout bèt nuizib, kontwole alèjèn yo, oswa yap fè yon bon netwayaj. <p>Ou pa ka itilize CTS pou achte atik divètisman ni rekreyatif, tankou televizyon, VCR/DVD oswa aparèy mizik.</p>	\$0
<p>Pwogram Sikyatrik Konplè nan Ka Dijans (CPEP yo)</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou pwogram Biwo Sante Mantal lisansye ki ba w oswa ki ede w dirèkteman jwenn tout yon seri konplè sèvis sikyatrik dijans. Yo bay sèvis sa yo 24 è sou 24, 7 jou sou 7.</p>	\$0



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p>Sèvis asistans pèsonèl kliyan dirije (CDPAS)</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou CDPAS, ki bay moun andikape ki gen maladi kwonik oswa fizik sèvis lè moun sa yo gen yon bezwen medikal ki mande pou ede yo ak aktivite yo fè toulèjou (ADL) oswa ki bezwen sèvis swen enfimye espesyalize. Nan sèvis sa yo ka gen sèvis yon oksilyè swen pèsonèl (oksilè adomisil), oksilyè swen adomisil, oswa yon enfimye.</p> <p>Patisipan ki chwazi CDPAS gen fleksibiletè ak libète pou yo chwazi moun ki pou ba yo swen. Patisipan an oswa moun kap pran desizyon pou Patisipan an (tankou paran yon timoun ki andikape oswa ki gen maladi kwonik) responsab pou rekrite, anboche, antrène, sipèvizè e, si li nesèsè, revoke moun kap bay sèvis CDPAS yo.</p>	\$0
<p>Tretman lajounen kap kontinye</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou tretman lajounen kap kontinye. Sèvis sa a ede Patisipan an mentni oswa amelyore nivo fonksyonman ak konptetans li gen aktyèlman, ede l mentni jan li viv nan kominote a, ak ede l pran konsyans de tèt li e pou l gen konfyans nan tèt li.</p> <p>Pami sèvis yo genyen:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Planifikasyon tretman ak evalyasyon ▪ Planifikasyon pou egzeryat ▪ Terapi medikaman ▪ Edikasyon medikaman ▪ Jesyon ka ▪ Referans ak depistaj sante ▪ Devlopman preparasyon pou reyadaptasyon ▪ Referans ak detèminasyon preparasyon pou reyadaptasyon sikyatrik ▪ Jesyon sentòm 	\$0





Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p>Sèvis entèkansyon nan ka kritik</p> <p>Si w gen yon kriz sante mantal, Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou entèkansyon klinik atravè klinik entèkansyon nan ka kritik ou a. Sèvis nan ka kritik pa oblije nan plan tretman w lan pou yo sa kouvri yo.</p> <p>Yo ka bay sèvis sa yo pa telefòn oswa an pèsòn, avèk kèk eksepsyon. Ominimòm, chak klinik ap gen yon klinisyen ki ka ede w pa telefòn 24 è sou 24, sèt jou sou sèt. Si klinik la vle, li ka bay sèvis nan ka kritik fas-a-fas, 24 è sou 24, sèt jou sou sèt.</p>	\$0
<p>Defibrilatè (otomatik enplantab)</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou defibrilatè pou sèten moun yo dyagnostike ak ensifizans kadyak, sa depann si operasyon an fèt nan yon lopital pou pasyan ki entène oswa nan yon kad kote pasyan an pa bezwen entène.</p>	\$0
<p>Sèvis dantè</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis dantè sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Egzamen oral, yon fwa chak sis mwa ▪ Netwayaj dantè, yon fwa, chak sis mwa ▪ Radyografi dantè, yon fwa chak sis mwa ▪ Sèvis dyagnostik ▪ Sèvis restorasyon ▪ Endodonti, peryodonti ak ekstraksyon ▪ Pwotèz dantè ak aparèy otèz ki nesèsè pou soulaje yon pwoblèm grav, ikonpri yon pwoblèm ki anpeche Patisipan an jwenn travay ▪ Lòt chiriji oral ▪ Ijans dantè ▪ Lòt swen dantè ki nesèsè <p>Pou egzamen oral ak netwayaj, ou fèt pou gen otorizasyon davans plan an oswa IDT ou. Dantis ou fèt pou l otorize radyografi ak lòt sèvis dantè yo. Sepandan, sèvis dantè yo bay atravè Klinik Atik 28 Sant Dantè Akademik administre pa mande pou w gen otorizasyon davans.</p>	\$0




Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p> Depistaj depresyon</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou yon depistaj depresyon chak ane. Depistaj la dwe fèt kay yon pwofesyonèl swen sante prensipal ki ka ba w tretman suivi e ki ka rekòmande w suiv tretman anplis.</p> <p>Ou pa bezwen otorizasyon davans pou sèvis sa a.</p>	\$0
<p> Depistaj dyabèt</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou depistaj sa a (ikonpri tès glikòz ajèn) si w gen faktè risk suivan yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Tansyon ki wo (ipètansyon) ▪ Istorik nivo kolestewòl ak nivo trigliserid ki pa nòmal (dislipidemi) ▪ Obezite ▪ Istorik nivo sik ki wo (glikoz) <p>Nan sèten lòt ka, yo ka kouvri tès yo, paregzanp si w gen twòp pwa epi w gen moun nan fanmi w ki dyabetik.</p> <p>Tou depann de rezilta a, ou ka kalifye pou resevwa jiska de (2) depistaj dyabèt chak 12 mwa.</p> <p>Ou pa bezwen otorizasyon davans pou sèvis sa a.</p>	\$0



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p> Akseswa, sèvis ak antrènman pou jere dyabèt la poukont ou</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis suivan yo pou nenpòt moun ki souffri maladi dyabèt (kit yo itilize ensilin, kit yo pa itilize l):</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Akseswa pou suiv nivo sik nan san an, ikonpri bagay suivan yo: <ul style="list-style-type: none"> » Yon glikomèt » Bandlèt pou tès glikoz » Aparèy lansèt ak lansèt » Solisyon kontwòl glikoz pou verifye presizyon bandlèt tès yo ak glikomèt yo ▪ Pou moun ki souffri dyabèt ki gen maladi grav nan pye, Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou bagay suivan yo: <ul style="list-style-type: none"> » Yon pè soulye terapetik yo fabrike sou mezi (ikonpri akseswa pou mete anndedan soulye yo) ak de (2) pè akseswa anplis chak ane sivil, oswa » Yon pè soulye ki reglab ak twa (3) pè akseswa chak ane (nou pa konte akseswa ou ka retire a e ki pa fèt sou mezi ki vini ak soulye a) <p>Epitou Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou fè ajiste soulye terapetik yo fabrike sou mezi a oswa soulye ki reglab.</p> ▪ Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou antrènman pou ede w jere dyabèt ou, nan sèten ka. 	\$0
<p>Tès dyagnostik</p> <p>Ale gade nan "Tès dyagnostik pou pasyan ki pa entène ak sèvis ak akseswa terapetik" ki nan tablo sa a.</p>	\$0



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p>Ekipman medikal dirab ak akseswa korespondan yo</p> <p>Pami ekipman medikal dirab yo, genyen:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Chèz woulant ▪ Ekipman oksijèn ▪ Bekiy ▪ Ponp enfizyon entravenèz (nan venn) ▪ Kabann lopital ▪ Deyanbilatè ▪ Nebilizè ▪ Sistèm sentèz vokal <p>Nap peye pou tout ekipman medikal dirab ki nesèsè medikalman ke Medicare ak Medicaid peye pou yo jeneralman. Si youn nan founisè nou yo ki nan zòn kote w rete a pa gen yon mak oswa yon modèl anpatikilye, ou ka mande yo si yo ka fè yon kòmman espesyal pou ou.</p>	\$0



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p>Swen dijans</p> <p><i>Swen dijans</i> vle di sèvis:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ yon pwofesyonèl swen sante ki resevwa antrènman pou l bay sèvis dijans bay, ak ▪ sèvis ki nesèsè pou trete yon ijans medikal oswa ijans nan domèn konpòtman. <p>Yon <i>ijans medikal oswa ijans nan sante konpòtman</i>, se yon pwoblèm ki prezante sentòm grav, doulè grav oswa blesi ki grav. Pwoblèm lan tèlman grav ke, si yo pa ba li swen medikal imedyatman, oumenm oswa nenpòt moun ki gen ti konesans nan domèn sante ak nan domèn medikal deja konnen pwoblèm lan ka:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ mete sante w (oswa, konsènan yon fanm ansent, sante fanm lan oswa sante piti ki nan vant li) an danje grav, oswa sizoka sa ta yon pwoblèm sante konpòtman, ki ta mete sante w oswa sante zòt an danje grav; ▪ koze domaj grav nan fonksyonman kò a; oswa ▪ koze disfonksyonman grav nan nenpòt ògàn oswa nan nenpòt pati nan kò a; oswa ▪ koze defigiman grav; oswa ▪ sizoka sa ta yon fanm ansent, tranche aktif, ki vle di li gen tranche nan yon moman kote youn nan bagay suivan yo ta rive: <ul style="list-style-type: none"> » Pagen ase tan pou mennen ou, an tout sekirite, nan yon lòt lopital anvan w akouche. » Transfè nan lòt lopital la ka menase sante w oswa sekirite w oswa menase pitit ki nan vant ou an. <p>Plan an kouvri ijans medikal oswa nan domèn konpòtman sèlman Ozetazini ak nan teritwa l yo.</p> <p>Ou pa bezwen otorizasyon davans pou sèvis sa a.</p>	<p>\$0</p> <p>Si w resevwa swen dijans nan yon lopital ki pa nan rezo a e ou bezwen swen pou pasyan ki entène apre ka dijans ou an estabilize, ou fèt pou retounen nan yon lopital rezo pou plan an ka kontinye peye pou swen w lan. Ou ka rete nan lopital ki pa nan rezo a pou swen ou resevwa kòm pasyan ki entène sèlman si Aetna Better Health FIDA Plan apwouve sejou w la.</p>



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p>Aparèy adaptab ak modifikasyon nan anviwònman an</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou fè adaptasyon nan kay la fizikman sou plan entèn ak sou plan ekstèn ki nesèsè pou asire sante, byennèt ak sekirite Patisipan an.</p> <p>Modifikasyon nan anviwònman an gen ladann:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Enstalasyon ranp ak ba pou apiye ▪ Elajisman pòt ▪ Modifikasyon enstalasyon sanitè yo ▪ Enstalasyon sistèm elektrik ak sistèm plonbri pou akomode ekipman medikal ki nesèsè ▪ Nenpòt ki modifikasyon ki nesèsè pou asire sante, byennèt ak sekirite patisipan an 	\$0




Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p>Sèvis planin familyal</p> <p>Lalwa pèmèt ou chwazi nenpòt pwofesyonèl swen sante pou resevwa sèten sèvis planin familyal. Sa vle di nenpòt doktè, klinik, lopital, famasi oswa nenpòt biwo planin familyal.</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Egzamen planin familyal ak tretman medikal ▪ Tès nan laboratwa pou planin familyal ak tès dyagnostik ▪ Metòd planin familyal (grenn pou pa fè pitit, patch, zanno, esterilè, enjeksyon, enplantasyon) ▪ Akseswa pou planin familyal ak preskripsyon (kapòt, eponj, mous, film, dyafram, kap, kontrasepsyon dijans, tès gwosès) ▪ Sèvis konsèy ak dyagnostik sou enfètilite, ak sèvis korespondan yo ▪ Tès ak konsèy pou enfeksyon ki seksyèlman transmisib (STI), SIDA, ak lòt pwoblèm ki gen rapò ak VIH, nan kad vizit planin familyal ▪ Tretman pou enfeksyon ki seksyèlman transmisib (STI) ▪ Esterilizasyon volontè (Ou fèt pou gen 21 nan oswa plis, lèfini ou fèt pou siyen yon fòm konsantman federal pou esterilizasyon. Omwen 30 jou, men pa pliske 180 jou, fèt pou pase ant dat ou siyen fòm lan ak dat operasyon an.) ▪ Avòtman <p>Ou pa bezwen gen otorizasyon davans pou sèvis sa yo.</p>	\$0




Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p> Pwogram edikasyon sou sante ak byennèt</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou edikasyon sou sante ak byennèt pou Patisipan ak moun kap okipe yo, ladann genyen:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Klas, gwoup sipò ak sesyon fòmasyon ▪ Materyèl edikatif ak resous ▪ Kominikasyon sou sitwèb, pa imèl oswa pa aplikasyon mobil <p>Yo ofri sèvis sa yo pou sijè ki enkli, men se pa sa yo sèlman ki genyen: prevansyon kriz kadyak ak konjesyon serebral (estwòk), opresyon, viv ak maladi kwonik, swen nan do, jesyon estrès, alimantasyon sen ak kontwòl pwa, ijyèn oral ak osteyopowoz.</p> <p>Epitou benefis sa a genyen rapèl swen sante prevantif anyèl ak resous pou moun kap bay swen yo.</p> <p>Ou pa bezwen otorizasyon davans pou sèvis sa a.</p>	\$0
<p>Sèvis oditif</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan peye pou tès oditif ak tès balans pwofesyonèl swen sante w fè. Tès sa yo fè w konnen si w bezwen tretman medikal. Plan an kouvri tès sa yo antanke swen sante pou moun ki pa entènè lè se yon doktè, odyolojis oswa lòt pwofesyonèl swen sante ki kalifye kap bay yo.</p> <p>Plan an kouvri sèvis ak pwodui oditif lè yo medikalman nesèsè pou soulaje andikap moun nan genyen poutèt li soud oswa poutèt pwoblèm oditif.</p> <p>Pami sèvis yo genyen:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Seleksyon aparèy oditif, eseyaj ak livrezon ▪ Verifikasyon aparèy oditif la apre yo fin livre l ▪ Evalyasyon sou konfòmite ak reparasyon aparèy oditif la ▪ Sèvis odyoloji, ikonpri egzamen ak tès ▪ Evalyasyon aparèy oditif ak preskripsyon aparèy oditif ▪ Pwodui pou aparèy oditif, ikonpri aparèy oditif, anbou orikilè, adaptasyon espesyal, ak pyès derechanj lè yon odyolojis otorize l 	\$0



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p> Depistaj VIH</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yon egzamen depistaj VIH chak 12 mwa pou moun ki:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ mande pou yon tès depistaj VIH, oswa ▪ moun ki gen gwo risk trape enfeksyon VIH. <p>Pou fanm ansent yo, Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou twa tès depistaj VIH, pa plis, pandan yon gwosès.</p> <p>Ou pa bezwen otorizasyon davans pou sèvis sa a.</p>	\$0
<p>Sèvis sipò adomisil ak kominotè (HCSS)</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou HCSS pou Patisipan ki:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ bezwen èd ak sèvis swen pèsònèl yo gen pou fè, ak ▪ patisipan ki riske gen pwoblèm sante ak byennèt nan kominote a poutèt yo bezwen sipèvizyon lè yo pa resevwa okenn swen pèsònèl. 	\$0
<p>Repa yo livre adomisil ak repa kolektif</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou repa yo livre adomisil ak repa kolektif. Sa a se yon sèvis yo kreye endividyèlman ki pote repa pou Patisipan ki pa ka prepare repa oswa ki pa ka jwenn repa ki ase nitritif pou tèt yo, oswa lè yo ba yo repa sa yo, yo pap bezwen al nan depanse plis lajan pou prepare repa lakay yo. Benefis sa a bay twa repa pa jou pandan 52 semèn nan yon ane.</p>	\$0



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p>Swen sante adomisil</p> <p>Anvan pou resevwa sèvis swen sante adomisil, yon pwofesyonèl swen sante fèt pou di nou ou bezwen sèvis sa a, lèfini se yon ajans swen sante adomisil ki pou bay li.</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis suivan yo, e petèt li ka peye pou lòt sèvis ki pa sou lis sa a:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Sèvis swen enfimye espesyalize a tan pasyèl oswa pa entèmitans ▪ Fizyoterapi, terapi okipasyonèl ak òtofonni (terapi nan domèn lapawòl) ▪ Sèvis medikal ak sosyal ▪ Ekipman ak akseswa medikal 	\$0
<p>Pèfizyon adomisil</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou yo administre pèfizyon medikaman ak akseswa yo adomisil.</p>	\$0
<p>Sèvis Antretyen Menaje</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis antretyen menaje. Sèvis antretyen kay se sèvis ki fè menaj nan kay ak sèvis ki mande pou kenbe kay la pwòp, ansekirite san yo pa depanse twòp lajan pou sa. Yo fè sèvis menaj nan kay nan de nivo:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Ti travay lejè – Netwaye ak/oswa lave fenèt, mi ak plafon; ranmase lànèj ak/oswa fè travay nan lakou; klouwe tapi ki dekole ak/oswa ranje seramik/mozayik ki dekole; netwaye seramik/mozayik nan saldeben ak/oswa nan kizin. Yo fè ti travay menaj pou Patisipan an lè li bezwen. ▪ Gwo travay – travay yo fè yon fwa sèlman, kote yo fè gwo netwayaj/gwo menaj, sòf lè gen yon sityasyon esepsyonèl ki rive. Gwo travay menaj ka mande grate ak/oswa netwaye planche (men se pa sa sèlman, ka gen lòt travay toujou). 	\$0



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p>Vizit anplwaye medikal fè adomisil</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap kouvri w pou resevwa vizit anplwaye medikal adomisil pou yo ba w dyagnostik, tretman ak suiv byennèt ou. Objektif vizit adomisil sa yo se pou prezève kapasite fonksyonman Patisipan an pou l rete nan kominote a. Kontwòl (byennèt la enkli prevansyon maladi, edikasyon sou sante, ak idantifikasyon risk sante ke yo ka diminye.</p>	\$0




Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p>Swen ospis</p> <p>Ou ka resevwa swen nan nenpòt pwogram ospis Medicare sètifye. Se dwa w pou w chwazi ospis si pwofesyonèl swen sante w la ak direktè medikal ospis la detèmine ou gen yon pwonostik tèminal. Sa vle di ou gen yon maladi tèminal e yo atann yo aske ou gen sis mwa oswa mwens pou w viv. Doktè ospis ou a ka yon pwofesyonèl swen sante rezo oswa yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a.</p> <p>Plan an ap peye pou bagay suivan yo pandan wap resevwa sèvis ospis:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Medikaman pou trete sentòm ak doulè ▪ Swen repi pandan yon ti tan ▪ Swen adomisil <p>Yo voye bòdwo pou sèvis ospis ak sèvis Medicare Pati A oswa B kouvri, bay Medicare.</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Gade nan Seksyon F nan chapit sa a pou gen plis enfòmasyon. <p>Pou sèvis Aetna Better Health FIDA Plan kouvri men ke Medicare Pati A oswa B pa kouvri:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Aetna Better Health FIDA Plan ap kouvri sèvis plan an kouvri ke Medicare Pati A oswa B pa kouvri. Plan an pral kouvri sèvis yo kit yo gen rapò, kit yo pa gen rapò ak maladi tèminal ou a. Ou pa peye anyen pou sèvis sa yo. <p>Pou medikaman benefis Medicare Pati D Aetna Better Health FIDA Plan ka kouvri:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Ospis ak plan nou an pa janm kouvri medikaman anmenmtan. Pou ka gen plis enfòmasyon, tanpri gade nan Chapit 5. <p>Note: Si w bezwen swen ki pa swen ospis, ou dwe rele Responsab Swen w lan pou fè aranjman pou sèvis yo. Swen ki pa swen ospis se swen ki pa gen rapò avèk pwonostik tèminal ou a. Kontakte Responsab Swen w lan nan 1-855-494-9945 (TTY: 711).</p>	<p>\$0</p>



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p> Iminizasyon</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Vaksen kont nemoni ▪ Vaksen kont grip, yon fwa pa ane, ann otòn oswa ann ivè ▪ Vaksen kont epatit B si w gen gwo oswa ase risk pou pran epatit B ▪ Lòt vaksen si w gen gwo risk e si yo satisfè règ pwoteksyon asirans Medicare Pati B <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou lòt vaksen ki satisfè règ pwoteksyon asirans Medicare Pati D. Al li Chapit 6 pou gen plis enfòmasyon.</p> <p>Ou pa bezwen gen otorizasyon davans pou sèvis sa yo.</p>	\$0



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p>Aptitud ak fòmasyon pou viv defason endepandan</p> <p>Yo kreye sèvis aptitud ak fòmasyon pou viv defason endepandan (ILST) endividyèlman pou amelyore oswa pou mentni kapasite Patisipan an pou l viv lepli endepan ke posib nan kominote a. Yo ka bay Patisipan an ILST lakay li e nan kominote a.</p> <p>Pami sèvis sa yo genyen genyen evalyasyon, fòmasyon ak sipèvizyon oswa asistans nan:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Swen tèt ou ▪ Jesyon medikaman ▪ Konplete tach ▪ Kapasite pou kominike ▪ Konpetans entèpèsyonèl ▪ Sosyalizasyon ▪ Abilite motris/sansoryèl ▪ Mobilite ▪ Kapasite pou transpò kominotè ▪ Diminye/elimine konpòtman ki pa adaptab ▪ Kapasite pou rezoud pwoblèm ▪ Jere lajan ▪ Konpetans pre-pwofesyonèl ▪ Kapasite pou antretni yon kay 	\$0



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p>Swen aktif nan lopital pou pasyan yo entène, ikonpri sèvis pou abi sibstans ak sèvis reyadaptasyon</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis suivan yo, e petèt li ka peye pou lòt sèvis ki pa sou lis sa a:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Chanm semi prive (oswa prive si li medikalman nesèsè) ▪ Repa, ikonpri rejim alimantè espesyal ▪ Sèvis enfimye regilye ▪ Depans pou inite swen espesyal, tankou inite swen entansif oswa inite swen kowonè ▪ Medikaman ▪ Tès nan laboratwa ▪ Radyografi ak lòt sèvis radyoloji ▪ Akseswa medikal ak chirijikal ou bezwen ▪ Aparèy, tankou chèz woulant ▪ Sèvis nan sal operasyon ak nan sal reanimasyon ▪ Fizyoterapi, terapi okipasyonèl ak òtofooni (terapi nan domèn lapawòl) ▪ Sèvis abi sibstans pou pasyan ki entène ▪ San, ikonpri estokaj ak administrasyon ▪ Sèvis medsen ▪ Nan sèten ka, tip grèf sa yo: kòneyen, ren, ren/pankreyatik, kè, fwa, poumon, kè/poumon, mwèl zo, selil souch ak entestinal/miltiviseral. <p>Si w bezwen yon grèf, yon sant ki fè grèf Medicare apwouve pral revize ka w la epi lap decide si w se yon bon kandida pou resevwa yon grèf. Pwofesyonèl swen sante ki fè grèf yo ka lokal oswa yo ka andeyò zòn kote plan an bay sèvis. Si pwofesyonèl swen sante lokal ki fè grèf yo dispoze aksepte tarif Medicare la, alèkile ou ka resevwa sèvis grèf ou vle a lokalman oswa nan yon lòt kote ki andeyò zòn kote plan an bay sèvis. Si Aetna Better Health FIDA Plan bay sèvis grèf yon lòt kote ki andeyò zòn kote plan an bay sèvis epi ou chwazi pou resevwa grèf la nan kote sa a, nap fè aranjanman oswa nap kouvri depans pou vwayaj ak lojman pou ou menm ak yon lòt moun</p>	<p>\$0</p> <p>Ou fèt pou gen otorizasyon Aetna Better Health FIDA Plan pou ka kontinye resevwa swen antanke pasyan ki entène nan yon lopital ki pa nan rezo lè yo fin kontwole ka dijans ou an.</p>



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p>Swen sante mantal pou pasyan ki entène</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis swen sante mantal ki egzije yon sejou lopital, sa enkli jou ki depase maksimòm 190 jou avi Medicare la.</p>	\$0
<p>Sèvis pou pasyan ki entène ke yo kouvri lè pasyan an pat kouvri antanke pasyan ki pa entène</p> <p>Si pa gen nesosite pou entène, Aetna Better Health FIDA Plan pap peye pou li. Sepandan, nan sèten ka, Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis ou resewa pandan w nan lopital oswa nan yon etablisman ki bay swen enfimye espesyalize (SNF). Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis suivan yo, e petèt li ka peye pou lòt sèvis ki pa sou lis sa a:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Sèvis medsen ▪ Analiz depistaj, tankou analiz nan laboratwa ▪ Radografi, terapi radyòm ak izotòp, ikonpri materyèl teknisyen ak sèvis yo ▪ Pansman chirijikal ▪ Atèl, plat, ak lòt aparèy yo itilize pou frakti osa liksasyon (debwatman zo) ▪ Aparèy pwotèz ak òtèz, apade sèvis dantè, ikonpri ranplasman ak reparasyon aparèy sa yo. Sa yo se aparèy ki: <ul style="list-style-type: none"> » ranplase tout oswa yon pati nan ògàn entèn nan kò a (ikonpri tisi kontigi), oswa » ranplase tout oswa yon pati nan fonksyon yon ògàn entèn nan kò a ki pa mache oswa ki pa mache byen. ▪ Atèl pou janm, bra, do ak kolye sèvikal, bandaj ak janm, bra ak je atifisyèl. Nan sèvi sa yo gen ajisteman, reparasyon ak ranplasman ki nesese poutèt yo konn kase, ize, pèdi oswa poutèt yon chanjman nan eta Patisipan an ▪ Fizyoterapi, terapi okipasyonèl ak òtofooni (terapi nan domèn lapawòl) 	\$0



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p>Pwogram tretman reyadaptasyon sikyatrik entansif</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye, pa pandan lontan, reyadaptasyon sikyatrik aktif ki fèt pou:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Ede yon Patisipan fòme ak atenn objektif ki baze sou antant mityèl nan lavi yo, nan sa yap aprann, sou sa yap travay ak nan anviwònman sosyal ▪ Entèveni ak teknoloji reyabilitatif sikyatrik pou ede Patisipan simonte andikap yo genyen pou yo fonksyòne 	\$0
<p>Sèvis ak akseswa pou maladi ren, ikonpri sèvis Maladi Renal Nan Faz Tèminal (ESRD)</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Sèvis edikasyon pou maladi rennal pou anseye kijan pran okipe ren epi ede Patisipan yo pran bon desizyon sou swen yo. Ou fèt pou gen maladi renal kwonik etap IV, e IDT ou oswa Aetna Better Health FIDA Plan fèt pou otorize li. Aetna Better Health FIDA Plan ap kouvri jiska sis sesyon edikasyon sou maladi renal nan lavi yon moun. ▪ Tretman dyaliz pou pasyan ki pa entène, ikonpri tretman dyaliz lè pasyan an tanporèman andeyò zòn plan an bay sèvis, jan nou esplike l nan Chapit 3. ▪ Tretman dyaliz pou pasyan ki entène si yo admèt ou antanke pasyan ki entène nan lopital pou resevwa swen espesyal ▪ Antrènman pou fè dyaliz pou tèt ou, ikonpri antrènman pou oumenm ak nenpòt moun kap ede w ak tretman dyaliz ou pran lakay ou ▪ Ekipman ak akseswa pou dyaliz adomisil ▪ Sèten sèvis sipò adomisil, tankou travayè dyaliz ki antrène ki fè vizit nesèsè adomisil poutcheke dyaliz ou fè lakay ou, pou ede nan ka dijans, epi pou tcheke ekipman dyaliz ou ak alimantasyon dlo <p>Benefis medikaman Medicare Pati B ou peye pou sèten medikaman dyaliz. Pou ka gen plis enfòmasyon, tanpri gade nan "medikaman sou preskripsyon Medicare Pati B" ki nan tablo sa a.</p> <p>Sèvis edikasyon pou maladi renal pa bezwen otorizasyon davans.</p>	\$0



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p>Depistaj kansè nan poumon</p> <p>Plan an pral peye pou depistaj kansè nan poumon chak 12 mwa si ou:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Gen laj 55 a 77, <i>ak</i> ▪ Resevwa sesyon konsèy e si w pran deszyon ansanm ak doktè w oswa ak lòt pwofesyonèl swen sante ki kalifye, <i>ak</i> ▪ Te fimen omwen 1 pake pa jou pandan 30 lane san w pagen okenn siy ni okenn sentom kansè poumon <i>oswa</i> ou fimen kounyeya <i>oswa</i> w kite nan 15 dènye ane yo. <p>Aprè premye depistaj la, plan an pral peye pou yon lòt depistaj chak akondisyon ke doktè w oswa lòt pwofesyonèl swen sante kalifye ba w yon òdonans ekri pou fè sa.</p>	\$0
<p>Terapi nitrisyonèl medikal</p> <p>Benefis sa a se pou Patisipan ki gen dyabèt <i>oswa</i> ki gen maladi ren. Li sèvi tou pou apre yon grèf ren lè pwofesyonèl swen sante w la ekri yon òdonans pou li.</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou twazèdtan konsèy endividyèl nan premye ane ou resevwa sèvis terapi nitrisyonèl anba Medicare. (Sa enkli Aetna Better Health FIDA Plan, yon plan Medicare Advantage, <i>oswa</i> Medicare.) Nou peye pou dezèdtan sesyon konsèy endividyèl chak ane apre sa. Si maladi w la, tretman an, <i>oswa</i> dyagnostik la ta chanje, li posib pou w jwenn plis lè tretman si pwofesyonèl swen sante w mande sa e si Aetna Better Health FIDA Plan <i>oswa</i> IDT ou apwouve yo. Yon pwofesyonèl swen sante fèt pou preskri sèvis sa yo epi l fèt pou renouvle demann nan bay IDT a <i>oswa</i> bay Aetna Better Health FIDA Plan chak ane si w bezwen resevwa tretman an nan pwochen ane sivil la.</p> <p>Ou pa bezwen otorizasyon davans pou sèvis sa a.</p>	\$0



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p>Sèvis mediko-sosyal</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis mediko-sosyal, ki li menm gen ladann evalyasyon faktè sosyal ak anviwòmantal ki gen rapò ak maladi Patisipan e ak swen sante li bezwen.</p> <p>Pami sèvis yo genyen:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Vizit adomisil pou moun nan, fanmi l, oswa toulède ▪ Vizit preparasyon pou transfere Patisipan an nan kominote a ▪ Konsèy pou pasyan an ak fanmi l, ikonpri sèvis konsèy sou plan pèsònèl, finansye, ak lòt kalite sèvis konsèy 	\$0
<p>Medikaman sou preskripsyon Medicare Pati B</p> <p>Medikaman sa yo kouvri anba Pati B nan Medicare. Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou medikaman sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Medikaman pou abitye bay tèt ou anjeneral e ke yo enjekte oswa ke yo ba ou sou fòm pèfizyon etan wap resevwa sèvis nan men yon pwofesyonèl swen sante, nan lopital antanke pasyan ki pa entènè oswa nan sant chiriji anbilatwa ▪ Medikaman ou pran avèk ekipman medikal dirab (tankou nebilizatè) ke IDT ou oswa Aetna Better Health FIDA Plan te otorize ▪ Faktè kowagilasyon ou bay tèt ou sou fòm enjeksyon si ou souffri emofli ▪ Medikaman iminosipresè, si w te anrejistre nan Medicare Pati A lè w tap resevwa grèf ògàn lan ▪ Medikaman pou osteyopowòz ke yo enjekte. Yap peye pou medikaman sa yo si w immobilize lakay ou, si w gen frakti nan zo ki gen rapò ak osteyopowoz pòs-menopoze selon yon pwofesyonèl swen sante sètifye, epi w pa ka enjekte medikaman an poukont ou ▪ Antijèn ▪ Sèten medikaman anti-kansere ak medikaman anti-noze <p style="text-align: center;"><i>Benefis sa a ap kontinye nan paj suivan an</i></p>	\$0



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p>Medikaman sou preskripsyon Medicare Pati B (kontinye)</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Sèten medikaman pou dyaliz adomisil, ki enkli heparin, antidòt pou heparin (lè li nesesè medikalman), anestezi topik (pou pase sou po), ak ajan estimilan eritwopoyèz (tankou Epogen®, Procrit®, Epoetin Alfa, Aranesp®, oswa Darbepoetin Alfa) ▪ Gamaglobilin IV pou trete adomisil moun ki soufri maladi defisyans iminè primè <p>➔ Chapit 5 esplike benefis medikaman sou preskripsyon pou pasyan ki pa entènè. Li esplike règ ou fèt pou suiv pou yo ka kouvri medikaman sou preskripsyon w yo.</p> <p>➔ Chapit 6 bay plis enfòmasyon sou pwoteksyon asirans pou medikaman sou preskripsyon w antanke pasyan ki pa entènè.</p>	\$0
<p>Sèvis jesyon famakoterapetik (MTM)</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan bay sèvis jesyon terapi medikaman (MTM) pou Patisipan ki pran medikaman pou diferan pwoblèm medikal. Pwogram MTM la ede Patisipan yo ak pwofesyonèl swen sante yo asire medikaman Patisipan an ap pran yo mache kòmsadwa pou amelyore sante yo.</p> <p>➔ Chapit 5 bay plis enfòmasyon sou pwogram MTM yo.</p>	\$0
<p>Tretman sante mantal mobil</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye tretman sante mantal mobil, ki li menm gen ladann terapi endividyèl yo bay adomisil. Sèvis sa a disponib pou Patisipan ki gen yon pwoblèm medikal oswa ki gen yon andikap kèlkonk ki limite kapasite yo pou yo vin nan yon klinik pou sesyon terapi regilye yo konn bay pasyan ki pa entènè.</p>	\$0





Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p>Asistans pou demenajman</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis asistans nan demenajman. Sèvis sa yo se sèvis yo kreye endividyèlman pou demènaje byen pèsonèl ak mèb yon Patisipan lè Patisipan an oblije soti nan yon lojman ki pa konvenab oswa ki pa gen sekirite ladann pou li ale amènaje yon kote ki satisfè bezwen sante ak byennèt Patisipan an; konsa pa gen nesite pou yo mete li nan yon etablisman ki bay swen enfimye</p> <p>Asistans demenajman pa enkli atik tankou lajan depo sekirite, ni frè koutye ki obligatwa pou jwenn yon kontra sou yon apatman oswa sou yon kay; etabli frè oswa lajan depo pou konekte oswa pou gen aksès a sèvis piblik (kòm pa egzanp telefòn, kouran, chofaj); anvan w pran lojman, yap asire nan pwenn okenn pwoblèm sante ni pwoblèm sekirite, kòm pa egzanp yap retire tout bèt nuizib, kontwole alèjèn yo, oswa yap fè yon bon netwayaj.</p>	\$0
<p>Rezidans Kominotè Biwo Sante Mantal Eta Nouyòk Lisansye</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou pwogram rezidansyèl swen nan domèn konpòtman nan kad sa yo ki bay sèvis sipò ak sèvis reyadaptatif. Sèvis sa yo konsantre sou entèkansyon entansif e yo oryante sou yon objektif, nan yon kad pwogram ki estriktire, pou adrese bezwen rezidan yo genyen pou entegrasyon nan kominote a. Sèvis sa yo enkli tou entèkansyon ki oryante sou objektif e ki konsantre sou amelyore oswa konsève aptitud rezidan yo pou pèmèt yo viv nan lojman kominotè.</p>	\$0
<p>Nimewo Telefòn enfimye ki bay Konsèy la</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan gen yon nimewo telefòn enfimye ki bay konsèy ki se yon sèvis apèl gratis ke Patisipan yo ka rele 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Patisipan yo ka rele nimewo telefòn enfimye ki bay konsèy la pou jwenn repons pou kesyon ki gen rapò avèk sante jeneral e pou asistans nan jwenn sèvis atravè Aetna Better Health FIDA Plan.</p>	\$0
<p>Etablisman ki bay swen enfimye</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou Patisipan ki bezwen sèvis 24 sou 24 nan etablisman ki bay swen enfimye ak sipèvizyon andeyò lopital.</p>	\$0



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p> Nitrisyon (li gen ladann sèvis konsèy nitritif ak edikatif)</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis nitritif si se yon nitrisyonis kalifye kap bay li. Pami sèvis yo genyen:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Evalyasyon bezwen nitritif ak abitud alimantè ▪ Planifye pou bay manje ak bwason ki konvenab pou moun ki gen bezwen fizik ak mantal e poutèt anviwònman kote yo viv la <p>Ou pa bezwen gen otorizasyon davans pou sèvis sa yo.</p>	\$0
<p> Depistaj obezite ak terapi pou pa gwosi</p> <p>Si endis mas kòporèl ou se 30 oswa plis, Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou ba w konsèy ki pou ede w pèdi pwa. Ou fèt pou ale pran konsèy sa yo nan yon kay pwofesyonèl swen sante prensipal ou. Konsa, yo kapab jere obezite a ak yon plan prevansyon konplè. Pale sou sa ak Responsab Swen ou oswa ak Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal ou (PCP) pou ka gen plis enfòmasyon.</p> <p>Ou pa bezwen otorizasyon davans pou sèvis sa a.</p>	\$0
<p>Lòt sèvis sipò IDT a jije nesèsè</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou plis sèvis sipò oswa pou plis atik IDT Patisipan an jije nesèsè pou Patisipan an. Sa vle di pou kouvri atik oswa sèvis ki pa tradisyonèlman enkli nan pwogram Medicare oswa Medicaid men ki nesèsè e konvenab pou Patisipan an. Yon egzanp sèke Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou yon blennè pou moulen manje pou Patisipan ki pa ka moulen manje nan bouch yo.</p>	\$0
<p>Sèvis sangen pou pasyan ki pa entènè</p> <p>Sèvi sangen gen ladann, estokaj ak administrasyon, kòmanse pa premye lit san w bezwen an.</p>	\$0



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p>Tès dyagnostik pou pasyan ki pa entène ak sèvis terapetik ak akseswa</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis suivan yo, e petèt li ka peye pou lòt sèvis ki pa sou lis sa a:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Eskànografi (eskàn CT), MRI, EKG, ak radyografi, lè se yon founisè swen sante ki mande pou yo fèt kòm kwa pou yo trete yon pwoblèm medikal ▪ Terapi reyon (radyòm ak izotòp), ikonpri materyèl teknisyen ak akseswa yo ▪ Akseswa chirijikal, tankou pansman ▪ Atèl, plat, ak lòt aparèy yo itilize pou frakti osa liksasyon (debwatman zo) ▪ Sèvis laboratwa klinik ki medikalman nesèsè ak tès pwofesyonèl swen sante mande pou fè pou l ka dyagnostike oswa ekate yon maladi oswa yon pwoblèm li sispèk ▪ San, ikonpri estokaj ak administrasyon ▪ Lòt tès dyagnostik pou pasyan ki pa entène 	\$0



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p>Sèvis nan lopital pou pasyan ki pa entène</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis ki medikalman nesèsè ou resevwa nan departman lopital ki rezève espesyalman pou moun ki pa entène defason pou yo dyagnostike oswa trete yon maladi oswa yon blesi.</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis suivan yo, e petèt li ka peye pou lòt sèvis ki pa sou lis sa a:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Sèvis nan yon departman dijans oswa nan yon klinik pou pasyan ki pa entène, tankou sèvis obsèvasyon oswa operasyon anbilatwa (pou pasyan ki pa entène) ▪ Tès dyagnostik oswa tès laboratwa lopital la faktire ▪ Swen sante mantal, ki li menm gen ladann swen nan pwogram lopital pasyèl, si yon pwofesyonèl swen sante sètifye ke san tretman an, pasyan an ta dwe entène ▪ Radyografi ak lòt sèvis radyoloji lopital la faktire ▪ Akseswa medikal, tankou atèl ak plat ▪ Sèten tès depsitaj ak sèvis prevantif ▪ Sèten medikaman ou pa ka bay tèt ou <p>Note: Amwenske pwofesyonèl swen sante a ekri lòd pou yo admèt ou antanke pasyan nan lopital, yap konsidere w kòm yon pasyan ki pa entène. Menm si w pase tout nuit la nan lopital la, yo ka konsidere w kòm yon "pasyan ki pa entène kanmen." Si w pa fin si si ou se yon pasyan ki pa entène, ou fèt pou mande estaf lopital la.</p>	<p>\$0</p>



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p>Swen sante mantal pou pasyan ki pa entène</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis sante mantal ke:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ yon sikyat oswa yon doktè ki gen lisans leta, ▪ yon sikològ klinik, ▪ yon travayè sosyal klinik, ▪ yon enfimyè espesyalize nan swen klinik, ▪ yon enfimyè patrisyen, ▪ yon asistan medsen, swa ▪ nenpòt pwofesyonèl swen sante mantal Medicare kalifye jan lalwa leta otorize li. <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Sesyon terapi endividyèl ▪ Sesyon terapi an gwoup ▪ Sèvis klinik ▪ Tretman lajounen ▪ Sèvis reyabilitasyon sikososyal <p>Patisipan yo ka resevwa yon evalyasyon dirèkteman nan men pwofesyonèl swen sante a nan yon peryòd douz (12) mwa san yo pa bezwen gen otorizasyon davans.</p>	\$0
<p>Sèvis reyabilitasyon pou pasyan ki pa entène</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou Fizyoterapi (PT), Terapi Okipasyonèl (OT), ak Ôtofooni (ST - terapi nan domèn lapawòl)</p> <p>Ou ka resevwa sèvis reyabilitasyon nan depatman pou pasyan ki pa entène nan lopital, nan biwo terapè endepandan, nan etablisman reyabilitasyon konplè pou pasyan ki pa entène (CORF), oswa nan lòt etablisman kèlkonk.</p> <p>Sèvis OT, PT ak ST pap depase ven (20) vizit pou chak tip terapi nan yon ane kalandriye, sòf pou moun ki gen andikap entelektyèl, moun ki gen domaj nan sèvo poutè twomatis yo sibi ak moun ki poko rive nan lak 21 an.</p>	\$0



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p>Operasyon pou pasyan ki pa entène</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou operasyon pou pasyan ki pa entène, pou sèvis nan etablisman lopital pou pasyan ki pa entène ak operasyon ki fèt nan sant chirijikal anbilatwa.</p>	\$0
<p>Medikam yo vann san preskripsyon</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan bay Patisipan yo \$50 chak mwa pou yo achte ak resevwa pa lapòs kòmann medikaman yo vann san preskripsyon (OTC). Patisipan yo fèt pou achte pwodui yo nan katalòg medikaman yo vann san preskripsyon (OTC catalog). Lajan yo bay chak mwa a pa transferab nan yon lòt mwa. Benefis la se pou atik yo vann san preskripsyon ki pa nan Medicaid (non-Medicaid OTC items).</p> <p>Ou pa bezwen otorizasyon davans pou sèvis sa a.</p>	\$0
<p>Swen palyatif</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou swen entèdisiplinè yo bay lè moun nan prèske fin viv epi yap konsilte Patisipan an ak manm fanmi li. Sèvis sa yo anpeche oswa soulaje doulè ak soufrans Patisipan an epi yo amelyore kalite vi Patisipan an.</p> <p>Pami sèvis yo genyen:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Edikasyon swen palyatif familyal ▪ Jesyon doulè ak sentòm ▪ Sèvis pou moun ki andèy ▪ Terapi masaj ▪ Terapi ekspresif <p>Ou pa bezwen gen otorizasyon davans pou sèvis sa yo.</p>	\$0



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p>Ospitalizasyon pasyèl</p> <p>Ospitalizasyon pasyèl se yon pwogram ki byen òganize ki bay tretman sikyatrik aktif nan kad yon lopital pou pasyan ki pa entène oswa nan yon sant sante mantal kominotè. Ospitalizasyon pasyèl pi entans pase swen ou resevwa nan klinik yon pwofesyonèl swen sante oswa nan biwo yon terapè, epi se yon altènativ olye pou yo entène pasyan an lopital.</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou ospitalizasyon pasyèl kòm altènativ olye pou yo entène pasyan an lopital, oswa pou redui tan pasyan an ap pase nan yon lopital nan pwogram ki medikalman sipèvize. Pami sèvis yo genyen:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Planifikasyon tretman ak evalyasyon ▪ Referans ak depistaj sante ▪ Jesyon sentòm ▪ Terapi medikaman ▪ Edikasyon medikaman ▪ Terapi vèbal ▪ Jesyon ka ▪ Detèminasyon nan preparasyon rayabilite sikyatrik ▪ Entèvansyon lè gen kriz ak referans 	\$0
<p>Sèvis ant Kòlèg</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis kòlèg bay, depi se yon kòlèg ki bay sipò a. Sa a se yon moun ki ede moun refè lè yo gen maladi mantal ak refè lè yo abize sibstans.</p>	\$0
<p>Sèvis konsèy ant kòlèg</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis konsèy kòlèg bay pou Patisipan ki pa gen lontan vin nan kominote a e ki te soti nan yon etablisman ki bay swen enfimye oswa pandan peryòd kritik. Sa a se yon sèvis yo konsewa sou baz endividyèl e ki gen kòm objektif pou amelyore kapasite Patisipan an pou l otonòm, oto-depandan, e pou l gen abilite pou l jwenn sèvis, byen ak opòtinite ke l bezwen nan kominote a. Yap akonpli sa atravè edikasyon, ansèyman, enstriksyon, pataj enfòmasyon, ak fòmasyon pou oto-defans.</p>	\$0



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p>Sèvis swen pèsònèl (PCS)</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou PCS pou ede Patisipan yo ak yon seri aktivite tankou ijyèn pèsònèl, abiye, manje ak nitrisyon ak tach fonksyon sipò nan kay (tankou prepare repa ak mennaj nan kay). PCS la fèt pou l medikalman nesèsè, se yon doktè pasyan an ki pou kòmande l epi se yon kalifye ki pou bay li dapre yon plan swen.</p>	\$0
<p>Sèvis entèkansyon nan ka dijans pèsònèl (PERS)</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou PERS, ki li menm se yon aparèy elektwonik ki pèmèt sèten Patisipan ki gen gwo risk mande èd nan yon ka dijans.</p>	\$0
<p>Sèvis pèsònalize ki oryante sou retablisman (PROS)</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou PROS pou ede moun retabli apre efè enkapasite maladi mantal. Ladann gen tout yon gam reyabilitasyon, tretman ak sèvis sipò yo pèsònalize ak kowòdine lè yap bay yo nan kad tradisyonèl ak nan lòt etablisman ki pa nan sit la.</p>	\$0
<p>Benefis famasi (pou pasyan ki pa entènè)</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèten medikaman jenerik, mak orijinal ak medikaman san preskripsyon pou trete maladi oswa pwoblèm yon Patisipan. Chapit 5 ak 6 bay enfòmasyon adisyonèl sou benefis famasi w yo.</p>	\$0





Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p>Sèvis medsen/founisè swen sante, ikonpri vizit nan klinik Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal (PCP)</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Swen sante ki medikalman nesèsè oswa sèvis operasyon yo fè nan yon seri kote tankou: <ul style="list-style-type: none"> » klinik medsen » sant chiriji anbilatwa sètifye » depatman pou pasyan ki pa entène nan lopital ▪ Konsiltasyon, dyagnostik ak tretman kay espesyalis ▪ Egzamen debaz pou odisyon ak balans PCP ou oswa yon espesyalis fè, si doktè w pase lòd pou yo fè sa pou yo ka wè si w bezwen tretman ▪ Dezyèm opinyon ou pran nan men yon lòt pwofesyonèl swen sante rezo anvan yon pwosedi medikal <p>Patisipan yo ka ale wè PCP yo san yo pa bezwen otorizasyon davans.</p>	\$0
<p>Sèvis podoloji</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Swen pou pwoblèm medikal ki afekte manm enferyè yo, ikonpri dyagnostik ak tretman medikal oswa chirijikal pou blesi oswa maladi nan pye (tankou zòtèy mato oswa zo kap pouse soti nan talon) ▪ Swen woutin pou pye Patisipan poutèt maladi ki afekte janm lan, tankou dyabèt 	\$0




Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p>Entèkansyon konpòtman pozitif ak sipò (PBIS)</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye PBIS pou Patisipan ki gen anpil difikilte nan konpòtman ki konpwomèt kapasite yo pou yo rete nan kominote a. Objektif prensipal sèvis sa se pou l diminye entansite ak/ oswa frekans konpòtman sible a e pou l aprann Patisipan an konpòtman ki sosyalman pi konvnan oswa konpòtman ki pa gen danje.</p> <p>Pami egzanp PBIS yo genyen:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Evalyasyon konplè Patisipan an ▪ Devlope ak enpleman yon plan tretman olistik ki baze sou tretman konpòtman an ▪ Antrènman pou fanmi, sipò natirèl, ak lòt pwofesyonèl swen sante ▪ Evalyasyon ki fèt regilyèman sou efikasite plan tretman sou konpòtman pou Patisipan an 	\$0
<p> Sèvis Prevantif</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou tout tès prevantif ak tou depans Medicare ak Medicaid kouvri pou anpeche, lokalize oswa jere yon pwoblèm medikal. Sèvis sa a gen ladann, tout sèvis prevantif ki sou lis ki nan tablo sa a, men se pa sa yo sèlman, ka gen lòt ankò. Ou pral wè pòm sa a  bò kote sèvis prevantif ki nan tablo benefis la.</p>	\$0
<p>Sèvis enfimye ki travay an prive</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis enfimye prive Plan an kouvri pou sèvis enfimye espesyalize kontinyèl oswa pa entèmitans. Yo bay sèvis sa yo kay Patisipan an e yo depase sèvis yon ajans swen sante adomisil ta ka bay.</p>	\$0




Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p> Kansè Pwostat ak egzamen depistaj</p> <p>Pou gason ki aje de 50 an oswa plis, Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis suivan yo yon fwa chak 12 mwa:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Egzamen touche rektal (avèk dwèt) ▪ Yon tè antijèn espesifik pou pwostat (PSA) <p>Ou pa bezwen otorizasyon davans pou sèvis sa a.</p>	\$0
<p>Pwotèz ak akseswa ki gen rapò avèk pwotèz</p> <p>Aparèy pwotèz ranplase tout oswa pati nan yon fonksyon oswa nan yon pati kò a. Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou aparèy pwotèz suivan yo, e petèt li ka peye pou lòt aparèy ki pa sou lis sa a:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Pòch kolostomi ak akseswa ki gen rapò a swen kolostomi ▪ Estimilatè kadyak (pesmekè) ▪ Bretèl ▪ Soulye pwotèz ▪ Bra ak janm atifisyèl ▪ Enplantasyon pwotèz tete (ikonpri yon soutyen chirijikal apre yon mastektomi) ▪ Aparèy ak akseswa òtotik ▪ Ba sipò ▪ Soulye òtopedik <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye tou pou sèten akseswa ki gen rapò ak aparèy pwotèz. Epitou yap peye pou repara oswa ranplase aparèy pwotèz.</p>	\$0
<p>Sèvis reyabilitasyon pilmonè</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou pwogram reyabilitasyon pou Patisipan ki gen maladi pilmonè obstriktif kwonik (COPD) ki swa modere oswa grav. Patisipan an fèt pou l gen yon òdonans IDT oswa Aetna Better Health FIDA Plan apwouve pou reyabilitasyon pilmonè nan men pwofesyonèl medikal kap trete COPD a.</p>	\$0



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p>Sèvis rezidansyèl pou akoutimans</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis tretman akoutimans yo bay nan yon pwogram rezidansyèl ki apwouve.</p>	\$0
<p>Sèvis swen respiratwa</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou terapi respiratwa, ki se yon sèvis yo kreye endividyèlman ke yo bay adomisil. Nan terapi respiratwa genyen sèvis prevantif, antretyen ak teknik ak pwosedi ki gen rapò ak reyadaptasyon kannal van.</p>	\$0
<p>Sèvis swen repi</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis swen repi ki pou pèmèt moun ki pa touche e kap bay Patisipan swen sante primè ak sipò, pran yon repi. Yo ka bay sèvis sa a sou baz 24-èdetan si li obligatwa.</p> <p>Yo bay sèvis sa a kay kay Patisipan an sitou, men yo ka bay sèvis swen repi nan lòt etablisman kominotè oswa nan etablisman ki akseptab pou Patisipan an.</p>	\$0
<p> Depistaj ak konsèy pou enfeksyon ki transmèt seksyèlman (STI)</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou depistaj klamedy, gonore, sifilis ak epatit B. Depistaj sa yo kouvri fanm ansent ak sèten moun ki gen gwo risk trape yon STI. Yon PCP oswa yon pwofesyonèl swen sante prensipal fèt pou kòmande tès sa yo. Nou kouvri tès sa yo yon fwa chak 12 mwa oswa an yon sèten moman pandan gwosès la.</p> <p>Epitou Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sesyon konsèy endividyèl ki gen anpil entansite sou konpòtman chak ane pou adilt ki seksyèlman aktif e ki riske trape STI. Chak sesyon ka dire 20 a 30 minit. Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sesyon konsèy sa yo kòm sèvis prevantif sèlman si se yon PCP kap bay yo. Sesyon sa yo dwe fèt nan yon kad swen sante primè, tankou nan klinik yon doktè.</p> <p>Ou pa bezwen otorizasyon davans pou sèvis sa a.</p>	\$0




Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p>Etablisman ki bay swen enfimye espesyalize</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan kouvri yon kantite jou ilimite pou swen sante enfimye espesyaliz nan etablisman epi nan pwèn okenn sejou lopital ki obligatwa davans.</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis suivan yo, e petèt li ka peye pou lòt sèvis ki pa sou lis sa a:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Yon chanm semiprive, oswa yon chanm prive si li medikalman nesèsè ▪ Repa, ikonpri rejim alimantè espesyal ▪ Sèvis enfimye ▪ Fizyoterapi, terapi okipasyonèl ak òtofofoni (terapi nan domèn lapawòl) ▪ Medikaman w pran ki fè pati de plan tretman ou, ikonpri sibstans ki natirèlman nan kò a, tankou faktè kowagilasyon san ▪ San, ikonpri estokaj ak administrasyon ▪ Akseswa medikal ak chirijikal yo bay nan etablisman ki bay swen ▪ Tès laboratwa yo fè nan etablisman ki bay swen ▪ Radyografi ak lòt sèvis radyoloji etablisman ki bay swen konn bay ▪ Aparèy, tankou chèz woulant, anjeneral se etablisman swen enfimye a ki konn bay yo ▪ Sèvis medsen/pwofesyonèl swen sante <p>Anjeneral, wap kapab resevwa swen ou nan yon etablisman rezo. Sepandan, gen posibilite pou resevwa swen ou nan yon etablisman ki pa nan rezo nou an. Ou ka resevwa swen nan kote suivan sa yo si yo aksepte montan Aetna Better Health FIDA Plan ap peye:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Yon etablisman ki bay swen enfimye oswa kominote ki bay swen retrèt kontinyèl kote w te rete anvan w te ale lopital (pouvike yo bay swen sante enfimye) ▪ Yon etablisman ki bay swen enfimye kote konjwen w rete lè w kite lopital la 	<p>\$0</p>



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p> Konsèy pou sispann itilize tabak oswa pou sispann fimen</p> <p>Si w itilize pwodui tabak men ou pa gen okenn siy ni sentòm maladi tabak konn bay, si w itilize pwodui tabak epi yo daygnostike ou gen yon maladi tabak konn bay, oswa si wap pran medikaman tabak ka afekte:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou de (2) sesyon konsèy pou eseye kite nan yon peryòd 12 mwa antanke sèvis prevantif. Yap ba w sèvis sa gatis. Chak sesyon konsèy gen ladann kat (4) vizit endividyèl. <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sesyon konsèy pou fanm ansent sispann fimen epi yap peye pou sis (6) mwa konsèy sa yo apre akouchman. Sesyon konsèy pou sispann fimen sa yo, yo bay yo anplisde benefis medikaman sou preskripsyon ak medikaman san preskripsyon pou sispann fimen.</p> <p>Ou pa bezwen otorizasyon davans pou sèvis sa a.</p>	\$0
<p>Sipò sosyal ak anviwònmanal</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis ak atik kap sipòte sa yon Patisipan bezwen. Nan sèvis sa yo ka gen:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Travay antretyen nan kay ▪ Sèvis nan fwaye/mennaje ▪ Amelyorasyon nan kay ▪ Swen repi 	\$0
<p>Sant sosyal lajounen</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis sosyal lajounen pou Patisipan ki pa ka fonksyone yo pandan mwenske 24 èdtan pa jou.</p> <p>Sèvis sa yo bay Patisipan yo benefis nan domèn sosyal, sipèvizyon ak siveyans, swen pèsònèl, ak sèvis nitrisyon nan kad ki pwoteje.</p>	\$0



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p>Transpò swen sosyal lajounen</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye sèvis transpò ant kay Patisipan ak etablisman ki bay swen sosyal lajounen an.</p>	\$0
<p>Pwogram lajounen ki òganize</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis pwogram lajounen ki òganize yo konn bay nan yon kad pou pasyan ki pa entène e ki viv ansanm oswa nan kominote a. Sèvis sa yo kreye pou amelyore oswa antretni konpetans ak kapasite Patisipan an pou l viv lepli endepandan ke posib nan kominote a.</p> <p>Nan sèvis sa yo ka gen:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Evalyasyon ▪ Antrènman ak sipèvizyon yon moun ki okipe pwòp tèt ou ▪ Konplete tach ▪ Kapasite pou kominike ▪ Konpetans entèpèsyonèl ▪ Kapasite pou rezoud pwoblèm ▪ Sosyalizasyon ▪ Abilite motris/sansoryèl ▪ Mobilite ▪ Kapasite pou transpò kominotè ▪ Diminye/elimine konpòtman ki pa adaptab ▪ Konpetans pou jere lajan ▪ Kapasite pou antretni yon kay 	\$0



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p>Sèvis abi sibstans: Sèvis tretman opyoyid</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis tretman opyoyid pou ede Patisipan yo jere adiksyon yo fè ak opyoyid tankou ewoyin. Pwogram tretman opyoyid administre medikaman, anjeneral metadòd sou preskripsyon, ansanm ak divès lòt sèvis klinik.</p> <p>Pwogram sa yo ede Patisipan yo kontwole pwoblèm fizik ki gen rapò ak adiksyon opyat e pwogram lan bay Patisipan yo opòtinite pou yo fè gran chanjman nan fason yo viv avèk letan. Antretyen abaz Metadòn pa konte nan sèvis sa a ki li menm (Antretyen Metadòn) dipsonib atravè Medicaid men li pa disponib atravè Aetna Better Health FIDA Plan.</p>	\$0
<p>Sèvis abi sibstans: Dezentoksikasyon sipèvize medikalman pou pasyan ki pa ka entènè</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou yo medikalman sipèvize Patisipan:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Kap travèse peryòd dezentoksikasyon lejè oswa modere ▪ Patisipan ki riske dezentoksikasyon lejè oswa modere ▪ Patisipan kap sibi konplikasyon fizik oswa sikyatrik ki pa grav poutèt yo gen adiksyon chimik <p>Sèvis sa yo fèt pou bay sou sipèvizyon ak direksyon yon medsen ki gen lisans.</p>	\$0
<p>Sèvis abi sibstans: Sèvis pou pasyan ki pa entènè ki abize sibstans</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis abi sibstans pou pasyan ki pa entènè e ki enkli vizit endividyèl ak an gwoup.</p> <p>Patisipan yo ka resevwa yon evalyasyon dirèkteman nan men pwofesyonèl swen sante a nan yon peryòd douz (12) mwa san yo pa bezwen gen otorizasyon davans.</p>	\$0



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p>Sèvis abi sibstans: Pwogram abi sibstans</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis pwogram abi sibstans pou bay sèvis entèvansyon endividyèl yo kreye pou redui/elimine konsomasyon alkòl ak/oswa konsomasyon lòt sibstans Patisipan yo konn pran, e si yo pa trete yo komsadwa, yap entèfere ak kapasite moun nan pou l rete nan kominote a.</p>	\$0
<p>Sèvis telesante</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis telesante pou Patisipan ki gen pwoblèm ki ezije pou yo suiv yo regilyèman ak/oswa ki bezwen konsilte medsen, enfimye kalifye, oswa ki bezwen sèvis swen regilyèman oswa sèvis swen aktif pou diminye vizit klinik ki nesèsè.</p> <p>Patisipan ki elijib pou resevwa sèvis sa yo se patisipan ki gen pwoblèm suivan yo: ensifzans kadyak konjestif, maladi obstriktif pilmonè kwonik, swen blesi, polifamasi, pwoblèm mantal oswa pwoblèm nan konpòtman ki limite jesyon pèsonèl, ak swen kontinyèl ki depann de teknoloji tankou oksijèn, swen sou vantilatè, nitrisyon parantal total oswa alimantasyon entèn.</p> <p>Ou pa bezwen gen otorizasyon davans pou sèvis sa yo.</p>	\$0



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p>Sèvis transpò (nan ka dijans ak nan ka ki pa ijan)</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou sèvis transpò dijans ak sèvis transpò nan ka ki pa ijan. Sèvis transpò a se pou randevou medikal ak lòt sèvis transpò. Epitou mwayen transpò yo disponib pou rezon oswa sèvis ki pa medikal, tankou sèvis relijye, aktivite kominotè, ak sipèmakèt, atravè mwayen transpò tankou mwayen suivan yo, men ka gen plis toujou:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Taksi ▪ Bis ▪ Sobwe (Tren) ▪ Kamyonèt ▪ Transpò medikal ▪ Anbilans ▪ Transpò ayeryen oswa nan avyon ▪ Kamyonèt pou transpòte moun ki enfim ▪ Sèvis Taksi livery ▪ Lòt mwayen transpò 	\$0
<p>Swen ki nesèsè annijans</p> <p><i>Yo bay swen ki nesèsè annijans pou trete:</i></p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ yon ka ki pa ijan, oswa ▪ yon maladi ki antre bripsoukou, oswa ▪ yon blesi, oswa ▪ yon pwoblèm ki bezwen swen dijans tousuit. <p>Si w bezwen swen dijans, ou fèt pou eseye resevwa li nan men yon pwofesyonèl swen sante rezo dabò. Sepandan, ou ka itilize pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a lè w pa ka ale jwenn yon pwofesyonèl swen sante rezo.</p> <p>Yo pa konsidere sèvis swen sante prensipal antanke swen dijans ni antanke sèvis yo bay pou trete yon pwoblèm medikal dijans.</p> <p>Plan kouvri swen ki nesèsè annijans sèlman Ozetazini ak nan teritwa l yo.</p> <p>Ou pa bezwen gen otorizasyon davans pou sèvis sa yo.</p>	\$0




Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p>Swen vizyon: Egzamen zye ak vizyon ak swen pou zye</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye dyagnostik ak tretman pou korije defo vizyèl, maladi zye, ak blesi nan zye. Paregzanp, ladann gen egzamen pou zye pou retinopati dyabetik pou mou ki dyabetik ak tretman dejeneresans makilè ki gen rapò a laj. Egzamen refraksyon, se chak de (2) zan, amwenske li medikalman nesèsè.</p> <p>Pou moun ki gen gwo risk devlope glokòm, Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou yon egzamen depistaj glokòm chak ane. Moun ki gen gwo risk devlope glokòm se:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ moun ki gen glokòm nan fanmi yo, ▪ moun ki dyabetik, ▪ Ameriken Afriken ki gen 50 tan oswa ki pi gran, ak ▪ Ameriken Ispanik ki gen 65 ane oswa plis. <p>Ou ka resevwa sèvis yo bay nan Klinik Atik 28 dirèkteman san w pa bezwen otorizasyon davans Aetna Better Health FIDA Plan ni otorizasyon IDT ou.</p>	\$0



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p>Swen vizyon: Linèt (lantiy ak monti) ak vè kontak</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou linèt, vè kontak ki medikalman nesèsè ak lantiy poli-kabonat, zye atifisyèl (fabrike an seri oswa fabrike sou mezi), sèvis oswa èd pou ede vizyon ki ba, lè se yon optometris oswa yon oftalmològ ki otorize l. Epitou plan an kouvri reparasyon oswa ranplasman pyès.</p> <p>Yo bay linè ak vè kontak yon fwa chak de (2) zan, amwenske li medikalman nesèsè pou w genyen yo pi souvan oswa amwenske linèt yo oswa vè kontak yo pèdi, kraze oswa detui.</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou yon pè linèt oswa vè kontak apre chak operasyon katarak lè doktè a ensere yon lantiy entra-okilè. (Si w fè de (2) operasyon katarak separe, ou fèt pou pran yon pè linèt apre cahk operasyon. Ou pa ka resevwa de (2) pè linèt apre dezyèm operasyon an, menm si w pat resevwa yon pè linèt apre premye operasyon an.) Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou lantiy korektif, pou monti, ak ranplasman si w bezwen yo lè yo fin retire katarak la san pa enplante yon lantiy.</p> <p>Ou ka resevwa sèvis yo bay nan Klinik Atik 28 dirèkteman san w pa bezwen otorizasyon davans Aetna Better Health FIDA Plan ni otorizasyon IDT ou.</p>	\$0
<p> Vizit prevantif "Byenveni nan Medicare"</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap kouvri yon sèl vizit swen prevantif "Byenveni nan Medicare (Welcome to Medicare)". Nan vizit sa yo yap fè:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ yon revizyon sou eta sante w, ▪ Sesyon edikasyon ak konsèy sou sèvis prevantif ou bezwen (ikonpri depistaj ak piki), ak ▪ referans pou lòt kalite swen si w bezwen. <p>Enpòtan: Nou kouvri vizit prevantif "Byenveni nan Medicare" sèlman pandan 12 premye mwa ou resevwa Medicare Pati B. Lè w fè randvou w la, di moun ki nan klinik doktè a ou vle pran yon randvou pou fè yon vizit prevantif "Byenveni nan Medicare."</p>	\$0



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Aetna Better Health FIDA Plan peye pou yo	Men sa pou peye
<p>Konsèy sou byennèt</p> <p>Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou konsèy sou byennèt pou ede Patisipan ki medikalman estab rete ansante lepli lontan ke posib.</p> <p>Yon Enfimyè Pwofesyonèl Otorize (RN) travay ak Patisipan pou ranfòse oswa anseye bon abitud pou lasante tankou egzèsis toulejou, kontwòl pwa, evite fimen. Epitou RN la kapab ofri sipò pou kontwole maladi oswa pwoblèm medikal tankou ipètansyon, dyabèt, obezite mòbid, opresyon oswa to to kolestewòl elve. RN la ka ede Patisipan an idantifye siy ak sentòm ki ka egzije entèvansyon pou anpeche maladi a oswa pwoblèm medikal la bay plis konplikasyon.</p> <p>Ou pa bezwen gen otorizasyon davans pou sèvis sa yo.</p>	\$0



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

E. Benefis ki kouvri andeyò Aetna Better Health FIDA Plan

Aetna Better Health FIDA Plan pa kouvri kat sèvis suivan sa yo, men yo disponib atravè Medicare ak Medicaid. Ekip Entèdisiplinè (IDT) w la ap ede w jwenn sèvis sa yo.

Tretman lajounen

Tretman lajounen se yon konbinezon dyagnostik, tretman ak pwosedi reyadaptasyon ki bay sèvis pwogram tretman klinik, ak antrènman sosyal, antrènman nan tach pou fè ak konpetans, ak aktivite pou sosyalize.

Sèvis yo bay nan sant akouchman endepandan

Medicaid kouvri sèvis nan sant akouchman endepandan.

Sèvis planin familyal ki pa nan rezo a

Se Medicaid ki peye dirèkteman pou sèvis planin familyal ki pa nan rezo a. Pami sèvis yo, gen sèvis dyagnostik ak tout tretman ki medikalman nesèsè tankou esterilizasyon, depistaj ak tretman maladi ki seksyèlman transmisib, ak depistaj pou lòt maladi ak gwoès. Epitou ladann gen sèvis konsèy ak tès VIH lè konsèy ak tès sa yo fè patide vizit planin familyal lan. Anplisdesa, swen sante repwodiktif yo kouvri tout avòtman ki medikalman nesèsè. Nou pa kouvri sèvis fekondite.

Pwogram Tretman Antretyen abaz Metadòn (MMTP)

MMTP gen ladann dezentoksikasyon dwòg, konsèy pou adiksyon dwòg, ak sèvis rayabilitasyon, ki li menm gen ladann jesyon chimik pasyan an ak metadòn. Sèvis sa a pa kouvri tretman opyoyid, se Aetna Better Health FIDA Plan ki kouvri li (al gade nan Tablo Atik ak Sèvis ki Kouvri pi wo a). Etablisman ki bay tretman antretyen abaz metadòn yo, se misyon prensipal yo menm, e se Biwo Sèvis Abi Sibstans ak Alkòl (Office of Alcohol and Substance Abuse Services - OASAS) ki akredite yo selon Atik 14 NYCRR, Pati 828.

Terapi ki baze sou obsèvasyon dirèk pou tibèkiloz (TB)

Terapi ki baze sou obsèvasyon dirèk pou tibèkiloz (TB/DOT) se lè yo obsève yon pasyan dirèkteman lè lap vale medikaman TB yo pou asire pasyan an konfòme l ak rejiman medikaman medsen an preskri l. Kwake Aetna Better Health FIDA Plan kouvri jesyon klinik maladi TB, se Medicaid ki kouvri TB/DOT lè se yon pwofesyonèl swen sante TB/DOTapwouve ki bay li.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sèvis Ospis

Lè patisipan yo resevwa swen ospis nan men pwofesyonèl swen ospis ke Medicare apwouve, se Medicare ankò ki peye pwofesyonèl swen ospis sa yo dirèkteman. Ospis se yon pwogram kowòdone pou swen adomisil ak swen pou pasyan ki entènè ki bay sèvis sipò ak swen medikal ki pa geri. Se dwa yon Patisipan pou l chwazi ospis si pwofesyonèl swen sante l la ak direktè medikal ospis la detèmine Patisipan an gen yon pwonostik tèminal. Sa vle di Patisipan an gen yon maladi tèminal e yo atann yo aske li gen sis mwa oswa mwens pou l viv. Pwogram ospis yo bay Patisipan ak fanmi yo swen palyatif ak sipò pou satisfè bezwen espesyal pasyan an genyen fas a presyon fizik, presyon sikolojik, presyon espirityèl, presyon sosyal ak presyon ekonomik Patisipan ak fanmi yo sibi lè yo nan faz final maladi a, lanmò a ak lè yo an dèy.

Ospis se òganizasyon ki fèt pou sètifye selon Atik 40 Lalwa Sante Piblik Leta Nouyòk epi se pou Medicare apwouve yo. Se anplwaye kalifye ak volontè ospis la ki pou bay tout sèvis yo oswa se estaf kalifye kap travay kòm kontraktè selon aranjman ki fèt konfòmman ak reglèman Leta ak Federal. Kèlkeswa sèvis yap bay la, se pou l gen yon plan swen ki ekri, epi se pou yo mete plan sa a nan Sèvis Plan ki Konsantre sou yon Moun (PCSP) e li fèt pou l reflekte chanjman nan bezwen Patisipan an/fanmi li.

Si yon Patisipan nan Plan FIDA ap resevwa sèvis ospis, li ka ret anrejistre ak kontinye resevwa tout benefis Plan FIDA a bay. Gade nan Tablo Atik ak Sèvi ki Kouvri yo nan Seksyon D nan chapit sa a, pou gen plis enfòmasyon sou kisa Aetna Better Health FIDA Plan peye pandan wap resevwa sèvis swen ospis. Se Original Medicare ki peye pou sèvis ospis ak sèvis Medicare Pati A ak B kouvri ki gen rapò ak maladi tèminal Patisipan an.

Pou sèvis ospis ak sèvis Medicare Pati A oswa B kouvri ki gen rapò ak maladi tèminal yon Patisipan:

- Pwofesyonèl kap bay swen ospis la pral voye bòdwo a bay Medicare pou sèvis yo bay yon Patisipan. Medicare ap peye pou sèvis ospis ki gen rapò avèk pwonostik tèminal ou a. Patisipan yo pa peye anyen pou sèvis sa yo.

Pou sèvis Medicare Pati A oswa B ki pa gen rapò ak maladi tèminal Patisipan an (eksepte pou swen nan ka dijans oswa swen ki nesèsè annijans):

- Pwofesyonèl la pral voye bòdwo a bay Medicare pou sèvis yo bay yon Patisipan. Medicare pral peye pou sèvis Medicare Pati A oswa B kouvri pou. Patisipan an li menm pap peye anyen pou sèvis sa yo.

Pou medikaman benefis Medicare Pati D Aetna Better Health FIDA Plan ka kouvri:

- Ospis ak plan nou an pa janm kouvri medikaman anmenmtan. Pou ka gen plis enfòmasyon, tanpri gade nan Chapit 5.

Note: Si w bezwen swen ki pa swen ospis, ou dwe rele Responsab Swen w lan pou fè aranjman pou sèvis yo. Swen ki pa swen ospis se swen ki pa gen rapò avèk pwonostik tèminal ou a. Kontakte Responsab Swen w lan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

F. Benefis ki pa kouvri nan Aetna Better Health FIDA Plan, Medicare, oswa Medicaid

Seksyon sa a esplikè w ki benefis ki eskli nan Aetna Better Health FIDA Plan. Mo *eskli* a vle di Aetna Better Health FIDA Plan pa peye pou benefis sa yo. Medicare ak Medicaid pap peye pou yo nonplis.

Lis ki pi ba a dekri sèten sèvis ak atik Aetna Better Health FIDA Plan pa kouvri kèlkeswa sityasyon an ak sèten sèvis ak atik Aetna Better Health FIDA Plan pa kouvri nan sèten ka sèlman.

Aetna Better Health FIDA Plan pap peye pou benefis medikal ki eskli ki sou lis ki nan seksyon sa a (oswa sou lis ki nenpòt kote nan *Tiliv pou Patisipan* sa a) esepite selon kondisyon espesifik ki liste yo. Si w panse nou ta dwe peye pou yon sèvis ki pa kouvri, ou ka soumèt yon demann pou apèl. Pou ka gen plis enfòmasyon pou konn kijan pou soumèt yon demann dapèl, al gade nan Chapit 9.

Anplis de kèlkeswa eksklizyon oswa limit yo dekri nan Tablo Atik ak Sèvis ki Kouvri yo, **Aetna Better Health FIDA Plan pap kouvri atik ak sèvis suivan yo:**

- Sèvis yo konsidere ki pa nesèsè sou plan medikal selon kondisyon Medicare ak Medicaid etabli, amwenske sèvis sa yo make sou lis sèvis ke plan nou an kouvri.
- Tretman, atik ak medikaman medikal ak chirijikal ki eksperimental, amwenske Medicare kouvri yo oswa amwenske yo fè patide etid rechèch klinik Medicare apwouve oswa Aetna Better Health FIDA Plan apwouve. Al gade nan chapit 3, paj 41 pou ka jwenn plis enfòmasyon sou etid rechèch klinik yo. Atik ak tretman eksperimental se tretman ak atik kominote medikal la pa aksepte an jeneral.
- Tretman chirijikal pou obezite mòbid, eksepte lè li medikalman nesèsè epi Medicare peye pou li.
- Yon chanm prive nan yon lopital, eksepte lè li medikalman nesèsè.
- Atik pèsonèl ki nan chanm lopital ou oswa ki nan etablisman ki bay swen enfimye a, tankou yon telefòn oswa yon televizyon.
- Frè fanmi pwòch ou oswa moun kote w rete a chaje w.
- Pwosedi oswa sèvis pou amelyorasyon elektif oswa volontè (ikonpri pèdi pwa, fè cheve pouse, pèfòmans seksyèl, pèfòmans atletik, rezon kosmetik, pwodui pou ralanti vyeyisman ak amelyore pèfòmans mantal.
- Chiriji kosmetik oswa lòt travay kosmetik, amwenske li nesèsè poutèt yon blesi aksidantèl oswa pou amelyore yon pati nan kò a ki te defòme. Sepandan, Aetna Better Health FIDA Plan ap peye pou rekonstwi yon tete apre yon mastektomi epi lap peye pou trete lòt tete a pou li mache avèk li.
- Swen kiwoprati, apade manipilasyon manyèl kolòn vètebral la konfòmman ak sa Medicare rekòmande.
- Aparèy ki pou bay pye yo sipò, eksepte soulye òtopedik oswa terapetik pou moun ki souffri dyabèt ki gen maladi nan pye.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

- Keratotomi radyal, operasyon nan zye ki fèt ak lazè, terapi vizyon, ak lòt èd pou vizyon ki ba.
- Pwosedi pou retabli fekondite, ak pwodui kontrasepsyon yo vann san preskripsyon.
- Sèvis tretman natirèl (lè moun itilize pwodui natirèl oswa pran tretman altènatif).
- Sèvis yo bay veteran nan etablisman Veterans Affairs (VA). Sepandan, lè yon veteran resevwa yon sèvis dijans nan yon lopital VA epi kòt pa VA a depase kòtpa Aetna Better Health FIDA Plan, nap ranbouse veteran an montan diferans la. Malgresa, se responsabilite Patisipan yo pou yo peye pou montan kotizasyon pa yo.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Chapit 5: Kijan pou jwenn medikaman sou preskripsyon pou pasyan ki pa entènè ak lòt medikaman plan an kouvri

Tabmatyè

Entwodiksyon.....	104
Règ yo etabli pou medikaman pou pasyan ki pa entènè ke plan an kouvri.....	104
A. Kijan pou ranpli preskripsyon w yo.....	105
Ranpli preskripsyon w lan nan yon famasi ki nan rezo a.....	105
Prezante kat idantifikasyon plan w lan, lè wap ranpli yon preskripsyon.....	105
E si w vle chanje pou ale nan yon lòt famasi rezo ki diferan?.....	105
E si famasi ou itilize a kite rezo a?.....	105
E si w bezwen yon famasi espesyalize?.....	106
Èske w ka itilize sèvis kòmman pa lapòs pou ka jwenn medikaman w yo?.....	106
Èske w ka resewa yon rezèv medikaman alontèm?.....	108
Èske w ka itilize yon famasi ki pa nan rezo plan an?.....	108
Èske plan an ap ranbouse w si w peye pou medikaman sou preskripsyon ki andeyò rezo plan an?.....	109
B. Lis Medikaman plan an.....	109
Kisa ki sou Lis Medikaman an?.....	109
Kijan pou w fè konnen si yon medikaman sou Lis Medikaman an?.....	109
Kisa ki <i>pa</i> sou Lis Medikaman an?.....	110
Kisa yo rele nivo?.....	111
C. Limit pwoteksyon asirans lan pou sèten medikaman.....	111
Pouki rezon sèten medikaman gen limit?.....	111
Ki kalite règ ki genyen?.....	111
Èske gen youn nan règ sa yo ki aplikap pou medikaman w yo?.....	112



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

D. Rezon ki fè yo ka pa kouvri medikaman w lan.....	112
Ou ka resevwa yon rezèv tanporè.....	113
E. Chanjman nan fason yo kouvri medikaman w yo	115
F. Medikaman ke yo kouvri nan ka espesyal	116
Si w nan yon etablisman ki bay swen alontèm	116
Si w nan yon etablisman ki bay swen alontèm epi w se yon nouvo Patisipan nan plan an.....	116
Si w nan yon pwogram ospis Medicare sètifye.....	117
G. Pwogram sou sekirite medikaman ak jesyon medikaman.....	117
Pwogram pou ede Patisipan yo itilize medikaman yo san danje	117
Pwogram pou ede Patisipan yo jere medikaman yo.....	117



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Entwodiksyon

Chapit sa a esplike règ yo etabli pou ka jwenn *medikaman sou preskripsyon pou pasyan ki pa entène ak lòt medikaman ki kouvri yo*. Sa yo se medikaman pwofesyonèl ki ba w swen sante a òdone pou yo ba ou e ke w ale pran nan yon famasi oswa ke w kòmande pa lapòs. Pami medikaman sa yo gen medikaman Medicare Pati D ak Medicaid kouvri.

Epitou Aetna Better Health FIDA Plan kouvri medikaman suivan yo, kwake nou pap pale sou yo nan chapit sa a:

- Medikaman Medicare Pati A kouvri. Pami medikaman sa yo gen sèten medikaman yo ba ou lè w lopital oswa lè w nan yon etablisman ki bay swen enfimye.
- Medikaman Medicare Pati B kouvri. Pami medikaman sa yo gen kèk medikaman kimyoterapi, kèk medikaman yo te ba w atravè enjeksyon (piki) lè w ale nan yon vizit kay yon doktè oswa kay yon lòt pwofesyonèl swen sante, ak medikaman yo ba ou nan yon klinik dyaliz. Pou ka konnen ki medikaman Medicare Pati B ki kouvri, gade Tablo Atik ak Sèvis ki kouvri yo ki nan nan Chapit 4 la.

Règ yo etabli pou medikaman pou pasyan ki pa entène ke plan an kouvri

Anjeneral plan an pral kouvri medikaman w yo pouvike w suiv règ ki nan seksyon sa a.

1. Ou oblije gen yon preskripsyon ke yon doktè oswa yon lòt pwofesyonèl swen sante ekri pou ou. Li obligatwa pou gen yon preskripsyon alekri pou toulède, medikaman sou preskripsyon ak medikaman san preskripsyon yo (OTC).
2. Anjeneral ou oblije itilize yon famasi ki nan rezo a pou ranpli preskripsyon w lan amwenske Aetna Better Health FIDA Plan oswa Ekip Entèdisiplinè (IDT) ou te otorize w itilize yon famasi ki pa nan rezo a.
3. Medikaman yo preskri w la fèt pou l sou *Lis Medikaman ki Kouvri yo*. Nou rele li "Lis Medikaman" kòm ti non kout.
 - Si medikaman an pa sou Lis Medikaman an, gen posibilite ke nou ka fè yon eksepsyon pou nou kouvri l. Gade nan paj 166 pou ka konnen kijan w ka mande pou yon eksepsyon.
4. Se pou w itilize medikaman w lan pou yon *rezon ki medikalman akseptab*. Sa vle di se swa Administrasyon Aliman ak Medikaman an (Food and Drug Administration) apwouve itilizasyon medikaman an oswa gen sèten liv referans ki sipòte li.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

A. Kijan pou ranpli preskripsyon w yo

Ranpli preskripsyon w lan nan yon famasi ki nan rezo a

Leplisouvan, plan an ap peye pou preskripsyon yo *sèlman* si yo ranpli preskripsyon an nan famasi ki nan rezo plan an. Yon *famasi rezo* se yon *famasi* ki aksepte ranpli preskripsyon pou Patisipan ki nan plan nou an. Ou ka ale nan nenpòt famasi ki nan rezo nou an.

→ Pou ka jwenn yon famasi ki nan rezo a, ou ka gade nan *Anyè Pwofesyonèl Swen Sante ak Famasi a*, ale nan sit Entènèt nou an, oswa kontakte Sèvis Patisipan an oswa Responsab Swen w.

Prezante kat idantifikasyon plan w lan, lè wap ranpli yon preskripsyon

Pou ka ranpli preskripsyon w lan, **prezante Kat Idantifikasyon Patisipan w lan** nan famasi rezo a. Famasi rezo a pral voye yon bòdwo bay plan an pou medikaman sou preskripsyon oswa medikaman san preskripsyon (OTC) w la.

Si w pa gen kat idantifikasyon Patisipan an sou ou lè w ale ranpli preskripsyon an, mande famasi a pou l rele plan an pou l ka gen enfòmasyon ki nesèsè yo.

Si famasi a pa kapab jwenn enfòmasyon ki nesèsè yo, *yo ka byen fè w peye tout pri medikaman sou preskripsyon an koute lè w ale chèche l*. Lè sa a ou ka mande Aetna Better Health FIDA Plan pou l ranbouse w. Si w pa ka peye pou medikaman an, kontakte Sèvis Patisipan an tousuit. Nap fè tout sa nou kapab pou n ede w.

→ Pou ka konnen kijan pou mande nou ranbouse w, al gade nan Chapit 7.

→ Si w bezwen yo ede w ranpli yon preskripsyon, ou ka kontakte Sèvis Patisipan an oswa Responsab Swen w lan.

E si w vle chanje pou ale nan yon lòt famasi rezo ki diferan?

Si w chanje famasi e ou bezwen yon renouvèlman pou yon preskripsyon, ou ka mande famasi w la pou l transfere preskripsyon an nan nouvo famasi a.

→ Si w bezwen yo ede w pou chanje famasi rezo w la, ou ka kontakte Sèvis Patisipan an oswa Responsab Swen w lan.

E si famasi ou itilize a kite rezo a?

Si famasi ou itilize a kite rezo plan an, ou pral gen pou w al chèche yon nouvo famasi rezo.

→ Pou ka jwenn yon famasi ki nan rezo a, ou ka gade nan *Anyè ki gen enfòmasyon pou Pwofesyonèl swen sante ak Famasi*, ale nan sit Entènèt nou an, oswa kontakte Sèvis Patisipan an oswa Responsab Swen w.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

E si w bezwen yon famasi espesyalize?

Pafwa gen preskripsyon pou ranpli nan yon *famasi espesyalize*. Pami famasi espesyalize yo genyen:

- Famasi ki founi medikaman pou terapi pèfizyon adomisil.
 - Famasi ki founi medikaman pou rezidan ki nan etablisman ki bay swen alontèm, tankou etablisman ki bay swen enfimye. Anjeneral, etablisman ki bay swen alontèm gen pwòp famasi yo. Si w rete nan yon etablisman ki bay swen alontèm, nou fèt pou n asire n ke ou ka jwenn medikaman ou bezwen yo nan famasi etablisman an. Si famasi etablisman ki bay swen alontèm ou an pa nan rezo nou an, oswa si w gen nenpòt difikilte pou jwenn benefis medikaman w yo nan yon etablisman ki bay swen alontèm, tanpri kontakte Responsab Swen w lan oswa Sèvis Patisipan an.
 - Famasi ki desèvi Sèvis Sante Endyen/Tribi/Pwogram Sante Endyen nan Vil. Se sèlman Endyen Natif Natal Ameriken oswa Natif Natal Alaska ki ka itilize famasi sa yo, sòf si gen yon ka dijans.
 - Famasi ki founi medikaman ki ekzije tretman espesyal ak enstriksyon pou esplike kijan pou itilize yo.
- Pou ka jwenn yon famasi ki nan rezo a, ou ka gade nan *Anyè ki gen enfòmasyon pou Pwofesyonèl swen sante ak Famasi*, ale nan sit Entènèt nou an, oswa kontakte Sèvis Patisipan an oswa Responsab Swen w.

Èske w ka itilize sèvis kòmman pa lapòs pou ka jwenn medikaman w yo?

Pou sèten tip medikaman, ou ka itilize sèvis kòmman pa lapòs ki nan rezo plan an. Jeneralman, medikaman ki disponib sou kòmman pa lapòs se medikaman ke w pran regilyèman poutèt yon maladi kwonik oswa yon pwoblèm medikal ki dire lontan. Medikaman ki disponib atravè sèvis kòmman pa lapòs plan nou an make antanke medikaman ki nan Lis Medikaman nou an.

Sèvis kòmman pa lapòs plan nou an pèmèt nou kòmande yon rezèv medikaman pou 90 jou.

Kijan pou m ranpli preskripsyon m lan pa lapòs?

Pou jwenn fòm pou plase kòmmand yo ak enfòmasyon sou kijan pou ranpli preskripsyon w lan pa lapòs, pale avèk Responsab Swen w lan oswa rele l nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7.

Anjeneral lè w plase yon kòmman medikaman pa lapòs, li pran 10 jou pou resevwa l. Si gen yon reta nan kòmman pa lapòs la e se famasi ki pran kòmman pa lapòs la ki lakòz li, yap kontakte w epi ede w decide si pou tann medikaman an, si pou anile kòmman pa lapòs la, oswa si pou ranpli preskripsyon an nan yon famasi lokal. Si w pa resevwa yon kòmman sou 10 jou kalandriye apatide lè w voye kòmman lan, rele CVS Caremark Customer Care nan 1-800-552-8159 (moun ki gen pwoblèm pou tande sèlman, TTY 1-800-231-4403) e yap kòmanse trete kòmman ranplasman an. Yap voye kòmman lan ba ou byen vit. Koutril nan nimewo sa a gratis.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Kijan sèvis kòmman medikaman pa lapòs la pral trete preskripsyon m nan?

Sèvis kòmman medikaman pa lapòs la gen diferan pwosedi pou nouvo preskripsyon li resevwa de ou, pou nouvo preskripsyon li resevwa dirèkteman nan men klinik pwofesyonèl swen sante w la, epi pou renouvèlman preskripsyon atravè kòmman pa lapòs:

1. Nouvo preskripsyon famasi a resevwa nan men w

Dèke w voye yon nouvo preskripsyon pou famasi a, lap ranpli l epi lap voye l pou ou otomatikman.

2. Nouvo preskripsyon famasi a resevwa dirèkteman de klinik pwofesyonèl swen sante w la

Osito famasi a resevwa preskripsyon pwofesyonèl swen sante a voye, lap ranpli l otomatikman epi lap livre l san l pa kontakte w dabò, si:

- Si w te deja plase kòmman pa lapòs nan plan sa a anvan, oswa
- Ou anrejistre nan pwogram ki livre tout nouvo medikaman ou resevwa dirèkteman nan men pwofesyonèl swen sante. Ou ka mande pou yo livre tout nouvo medikaman sou preskripsyon otomatikman, kounyeya oswa nenpòt lè w chwazi opsyon sa a nan sitwèb CVS Caremark nan www.caremark.com. Si w bezwen yo ede w, annik rele Responsab Swen w oswa Sèvis Patisipan an nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7.

Si w te konn itilize sèvis kòmman medikaman pa lapòs anvan epi w pa vle famasi a ranpli preskripsyon an otomatikman ni ekspedye chak nouvo preskripsyon li resevwa pou ou, rele Sèvis Patisipan oswa Responsab Swen w epi fè nou konnen kijan w ta renmen nou resevwa kòmman medikaman pa lapòs ou oswa anrejistre w nan sitwèb CVS Caremark nan www.caremark.com. Ou ka chanje sèvis kòmman medikaman pa lapòs ou selon sa w pito, nenpòt lè.

Si w pa janm itilize sèvis livrezon kòmman medikaman pa lapòs nou an ak/oswa w deside sispann ranplisaj otomatik pou nouvo medikaman, famasi a pral kontakte w achak fwa pwofesyonèl swen sante a voye yon nouvo preskripsyon, konsa famasi a va konnen si w vle ranpli ak ekspedye preskripsyon an imedyatman. Sa va ba w yon opòtinite pou ka asire w ke famasi a pral livre bon medikaman an (ikonpri dòz la, kantite a, ak fòm lan) e, si li nesèsè, sa pèmèt ou anile oswa retade kòmman lan anvan yo ekspedye l. Li enpòtan pou reponn achak fwa famasi a kontakte w, pou w fè yo konnen kisa pou yo fè ak nouvo preskripsyon an epi pou evite bay reta pou yo ekspedye l.

Pou ka sispann sèvis livrezon otomatik nouvo preskripsyon biwo pwofesyonèl swen sante w voye dirèkteman, tanpri annik rele Sèvis Patisipan an oswa Responsab Swen w lan. Epiou w ka chanje pou pran opsyon ou pito a, annik anrejistre w nan sitwèb CVS Caremark nan www.caremark.com.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

3. Renouvèlman preskripsyon pa lapòs

Pou renouvle medikaman, tanpri kontakte famasi w la 15 jou anvan w panse medikaman ou gen nan men w lan ap fini pou asire w ke yo ekspedye w pwochen kòmman lan alè.

Pou famasi a ka kontakte w pou l konfime kòmman ou an anvan yo ekspedye l, tanpri, pa bliye fè famasi a konnen ki pi bon fason yo ka kontakte w. Kontankte Sèvis Kliyan CVS Caremark nan 1-800-552-8159 (moun ki gen difikilte tandè sèlman, TTY 1-800-231-4403) pou fè yo konnen pi bon fason pou yo kontakte w. Si nou pa konn ki pi bon fason pou n kontakte w, ou ka rate chans pou fè nou konnen si w vle oswa pa vle renouvle medikaman an epi medikaman sou preskripsyon w lan ka fini.

Èske w ka resevwa yon rezèv medikaman alontèm?

Ou ka resevwa yon rezèv alontèm *medikaman dantretyen* ki sou Lis Medikaman plan nou an. *Medikaman dantretyen* se medikaman ke w pran regilyèman poutèt yon maladi kwonik oswa ki dire lontan.

Sèten famasi rezo pèmèt ou resevwa yon rezèv medikaman dantretyen alontèm. Nan *Anyè Pwofesyonèl Swen Sante ak Famasi* wap jwenn ki famasi ki ka ba w yon rezèv medikaman dantretyen alontèm. Epitou, ou ka rele Sèvis Patisipan an oswa Responsb Swen w lan pou ka gen plis enfòmasyon.

Pou sèten kalite medikaman, ou ka itilize sèvis kòmman medikaman pa lapòs rezo a pou ka resevwa yon rezèv alontèm medikaman dantretyen. Gade nan seksyon ki pi wo a pou ka gen enfòmasyon sou sèvis kòmman medikaman pa lapòs.

Èske w ka itilize yon famasi ki pa nan rezo plan an?

Anjeneral, nou peye pou medikaman ou ranpli nan famasi ki andeyò rezo a men se *sèlman* lè w pa ka itilize yon famasi nan rezo a. Nou gen famasi rezo ki andeyò zòn nou desèvi a kote w ka ranpli preskripsyon w yo antanke yon Patisipan nan plan nou an.

Nap peye pou preskripsyon w ranpli nan yon famasi ki pa nan rezo a lè ka suivan yo prezante:

- Si w pran preskripsyon poutèt swen dijans.
- Si w pran preskripsyon poutèt swen ki nesèsè annijans lè famasi rezo yo pa disponib.
- Si w pa ka jwenn, san pèdi tan, yon medikaman sou preskripsyon plan an kouvri, nan zòn nou bay sèvis la poutèt pagen okenn famasi ki nan rezo nou an ki louvri 24 sou 24, ki a yon distans rezonab nan machin.
- Si w eseye renouvle yon medikaman sou preskripsyon ki pa an rezèv regilyèman nan yon famasi detayan rezo ki aksesib oswa nan yon famasi ki pran kòmman pa lapòs (medikaman sou preskripsyon sa yo enkli medikaman òfelen oswa lòt pwodui famasetik espesyalize).
- Si wap vwayaje andeyò zòn sèvis ou a (yon kote Ozetazini) e ou pa rete medikaman ankò, oswa ou pèdi medikaman w, oswa ou tonbe malad e ou pa ka ale nan yon famasi rezo.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

- Si w pa resevwa preskripsyon w lan pandan yon ka dezaz etatik oswa federal oswa pandan yon lòt ka dijans sante piblik kote yo fè w evakye oswa ou oblije deplase soti nan zòn sèvis ou an oswa soti lakay ou.
 - Rezèv medikaman yo bay andeyò rezo a pap depase 29 jou.
 - Yo fèt pou soumèt reklamasyon pou ranbousman sou papye.
- ➔ Nan ka sa yo, tanpri tcheke avèk Sèvis Patisipan an dabò pou ka konnen si gen yon famasi rezo toupre w.

Èske plan an ap ranbouse w si w peye pou medikaman sou preskripsyon ki andeyò rezo plan an?

Pafwa, yon famasi ki pa nan rezo plan an ka ekzije w peye pri total medikaman an epi mande pou nou peye yo. Ou ka mande Aetna Better Health FIDA Plan pou l ranbouse w.

➔ Pou ka konn plis enfòmasyon sou sa, gade nan Chapit 7.

B. Lis Medikaman plan an

Plan an gen yon *Lis Medikaman ki Kouvri*. Nou rele li "Lis Medikaman" kòm ti non kout.

Se plan an ansanm avèk èd yon ekip doktè ak famasyon ki seleksyone medikaman ki sou Lis Medikaman an. Lis Medikaman an, fè w konnen si gen règ ou dwe suiv pou ka jwenn medikaman w yo.

Anjeneral, nap kouvri yon medikaman ki sou Lis Medikaman plan an puvike ou suiv règ yo esplike nan chapit sa a.

Kisa ki sou Lis Medikaman an?

Lis Medikaman an gen ladann medikaman Medicare Pati D kouvri ak sèten medikaman sou preskripsyon ak medikaman yo vann san preskripsyon (OTC) ki kouvri nan benefis Medicaid ou yo.

Nan Lis Medikaman an, wap jwenn toulède, medikaman ki gen mak orijinal la ak medikaman *jenerik* yo. Medikaman jenerik yo gen menm engredyan aktif la ak medikaman ki gen mak orijinal la. Anjeneral, yo fonksyone menm jan ak medikaman ki gen mak orijinal la e yo pi bon mache.

Epitou, plan nou an kouvri sèten medikaman ak pwodui san preskripsyon. Gen sèten medikaman yo vann san preskripsyon ki koute mwens chè pase medikaman sou preskripsyon e ki mache toutosi byen. Pou ka gen plis enfòmasyon, rele Sèvis Patisipan an oswa Responsab Swen w lan.

Kijan pou w fè konnen si yon medikaman sou Lis Medikaman an?

Pou ka konnen si yon medikaman wap pran sou Lis Medikaman an, ou ka:

- Al gade nan Lis Medikaman ki pi resan an ke nou voye pa lapòs ba ou.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

- Ale nan sitwèb plan an nan **www.aetnabetterhealth.com/newyork**. Lis Medikaman ki nan sit Entènèt la, se li ki toujou pi resan.
- Rele Sèvis Patisipan an pou ka konnen si yon medikaman sou Lis Medikaman plan an oswa mande pou ba w yon kopi lis la.

Kisa ki pa sou Lis Medikaman an?

Plan an pa kouvri tout medikaman sou preskripsyon yo ni li pa kouvri tout medikaman yo vann san preskripsyon (OTC). Gen sèten medikaman ki pa sou Lis Medikaman an paske lalwa pa pèmèt plan an kouvri medikaman sa yo. Gen lòt ka kote nou deside pou n pa mete yon medikaman sou Lis Medikaman an.

Aetna Better Health FIDA Plan *pap* peye pou medikaman ki liste nan seksyon sa a. Medikaman sa yo rele *medikaman yo ekskli*. Si yo ba w yon preskripsyon pou yon medikaman yo ekskli, se oumenm kap peye pou li. Si w panse nou ta dwe peye pou yon medikaman yo ekskli poutèt ka w la, ou ka soumèt yon demann pou yon pwosedi dapèl. (Pou ka konn kijan pou soumèt yon demann pou yon pwosedi dapèl, gade nan Chapit 9.)

Men twa règ jeneral nou suiv pou medikaman yo ekskli yo:

- Plan ki kouvri medikaman pou pasyan ki pa entènè nou an (ki gen ladann medikaman Pati D ak Medicaid) pa ka peye pou yon medikaman ki ta deja kouvri anba Medicare Pati A oswa B. Medikaman ki kouvri anba Medicare Pati A oswa Pati B, se Aetna Better Health FIDA Plan ki kouvri yo gratis, sepandan yo pa konsidere medikaman sa yo antanke benefis medikaman sou preskripsyon pou pasyan ki pa entènè.
- Plan nou an pa ka kouvri yon medikaman ou achte andeyò Etazini ak teritwa l yo.
- Se pou Administrasyon Aliman ak Medikaman (Food and Drug Administration) apwouve pou moun itilize medikaman an oswa se pou sèten liv referans sipòte itilizasyon medikaman an pou trete maladi w la. Doktè w la ka preskri yon medikaman pou trete maladi w la, menm si yo pat apwouve medikaman an pou trete maladi a. Yo rele sa *itilizasyon ki pa make sou etikèt la*. Anjeneral, plan nou an pa kouvri medikaman yo preskri pou itilizasyon ki pa make sou etikèt la.

Epitou, dapre lalwa, Medicare oswa Medicaid pa kouvri jande medikaman ki liste pi ba a.

- Medikaman yo itilize pou pwomouvwa fètilite
- Medikaman yo itilize pou rezon kosmetik oswa pou fè cheve pouse
- Medikaman yo itilize pou trete pwoblèm ereksyon seksyèl, tankou Viagra®, Cialis®, Levitra®, ak Caverject®
- Medikaman yo itilize pou trete anoreksi, pou pèdi pwa, oswa pou pran pwa
- Medikaman pou pasyan ki pa entènè kote konpayi ki fabrike medikaman an di se avèk yo menm sèlman pou w fè tès oswa resevwa sèvis yo



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan **www.aetnabetterhealth.com/newyork**.

Kisa yo rele nivo?

Chak medikaman ki sou Lis Medikaman plan an nan youn nan 3 nivo. Se yon gwoup medikaman ki gen menm tip (pa egzanp, medikaman ki gen mak orijinal, jenerik, oswa medikaman yo vann san preskripsyon).

- Nivo 1: Medikaman jenerik sou preskripsyon Pati D
- Nivo 2: Medikaman mak orijinal sou preskripsyon Pati D
- Nivo 3: Medikaman sou preskripsyon ak sa yo vann san preskripsyon ki pa Pati D

Pou ka konnen nan ki nivo medikaman w lan ye, chèche medikaman w lan sou Lis Medikaman plan an.

C. Limit pwoteksyon asirans lan pou sèten medikaman

Pouki rezon sèten medikaman gen limit?

Pou sèten medikaman sou preskripsyon ak sèten medikaman san preskripsyon (OTC) plan an kouvri, gen règ espesyal ki limite kijan ak kilè plan an kouvri yo. Anjeneral, règ nou yo ankouraje w pou pran yon medikaman ki fonksyone pou pwoblèm medikal ou an, ki pa gen danje e ki efikas. Lè yon medikaman ki san danje, ki koute mwen chè ka fonksyone osi byen ke yon medikaman ki koute pi chè, plan an atann li aske pwofesyonèl ki ba w swen an preskri medikaman ki koute mwen chè a.

Si gen yon règ espesyal ki aplike a medikaman w lan, jeneralman sa vle di pwofesyonèl swen sante ki preskri l la ap oblije ba nou oswa bay Ekip Entèdisiplinè (IDT) ou enfòmasyon anplis, oswa oumenm oswa pwofesyonèl ki ba w swen sante a pral oblije pran mezi siplemantè pou n kouvri medikaman an. Pa egzanp, pwofesyonèl ki ba w swen sante ka gen pou l di nou ki dyagnostik ou oswa li ka gen pou l bay rezilta tès san w yo dabò. Si oumenm oswa pwofesyonèl ki ba w swen sante a panse ke règ la pa ta dwe aplike nan sitiyasyon w lan, ou fèt pou mande Aetna Better Health FIDA Plan oswa IDT ou pou yo fè yon eksepsyon. Aetna Better Health FIDA Plan oswa IDT ou ka dakò tankou tou li ka pa dakò pou l kite w itilize medikaman an san mezi siplemantè yo.

→ Pou gen plis enfòmasyon sou kijan pou mande pou yon eksepsyon, al gade nan Chapit 9.

Ki kalite règ ki genyen?

1. Limit sou itilizasyon yon medikaman ki gen mak orijinal lè gen yon vèsyon jenerik ki disponib

Anjeneral, yon medikaman jenerik fonksyone menm jan ak yon medikaman ki gen mak orijinal la e dabitid li koute mwen chè. Nan pifò ka yo, si gen yon vèsyon jenerik pou yon medikaman ki gen mak orijinal, famasi rezo nou yo pral ba w vèsyon jenerik la. Anjeneral, nou pap peye pou medikaman ki gen mak orijinal la lè gen yon vèsyon jenerik ki egziste. Sepandan, si pwofesyonèl swen sante w la te fè n konnen oswa te fè IDT ou konnen rezon medikal ki fè ke medikaman jenerik la ak lòt medikaman ki kouvri yo ki trete menm maladi a, pap fonksyone nan ka pa w la, epi li make sou preskripsyon an "DAW" (Bay li jan li Ekri) sou preskripsyon medikaman ki gen mak orijinal la yo ba ou a, alèkile Aetna Better Health FIDA Plan oswa IDT ou pral apwouve medikaman ki gen mak orijinal la.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

2. Kijan pou jwenn otorizasyon plan an oswa IDT a davans

Pou sèten medikaman, se pou oumenm oswa doktè w la resevwa otorizasyon nan men plan an oswa nan men IDT ou anvan w ranpli preskripsyon w lan. Si w pa resevwa otorizasyon an, nou ka pa kouvri medikaman an. IDT ou ka apwouve medikaman nan kad Plan Sèvis ki Konsantre sou yon Moun (Person-Centered Service Plan: PCSP) w la, oswa ou ka mande Aetna Better Health FIDA Plan pou otorizasyon.

Pandan 90 premye jou ou gen nan plan an, ou pa bezwen otorizasyon plan an oswa IDT ou pou apwouve yon renouvèlman preskripsyon pou yon preskripsyon ki egziste deja, menmsi medikaman an pa sou Lis Medikaman nou an oswa menmsi li gen yon limit kèlkonk sou li. Al gade nan paj 113 pou w gen plis enfòmasyon sou kijan pou jwenn yon rezèv tanporè.

3. Eseye yon medikaman ki diferan dabò

Anjeneral, plan an vle pou w eseye medikaman ki koute mwens chè (ki yo menm osi efikas) anvan pou plan an kouvri medikaman ki koute pi chè yo. Pa egzanp, si Medikaman A ak Medikaman B trete menm pwoblèm medikal la, epi Medikaman A koute mwens chè ke Medikaman B, règ Aetna Better Health FIDA Plan yo ka egzije w eseye Medikaman A dabò. Si Medikaman A pa ba w rannman apwopriye a, alèkile plan an ap kouvri Medikaman B. Yo rele sa *terapi pa etap*.

4. Limit sou kantite a

Pou sèten medikaman, nou limite kantite medikaman w ka genyen. Sa rele yon limit sou kantite. Pa egzanp, plan an ka mete limit sou kantite medikaman ou ka resevwa achak fwa w ranpli preskripsyon w lan.

Èske gen youn nan règ sa yo ki aplikab pou medikaman w yo?

Pou ka konnen si gen youn nan règ ki pi wo yo ki aplikab pou yon medikaman wap pran oswa ke w vle pran, tcheke Lis Medikaman an. Pou ka gen enfòmasyon ki pi resan an, rele Sèvis Patisipan an oswa tcheke sitwèb nou an nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

D. Rezon ki fè yo ka pa kouvri medikaman w lan

Nou eseye fè ansòt pou plan an kouvri medikaman w yo yon fason ki bon pou ou, men pafwa plan an ka pa kouvri yon medikaman nan fason ou ta renmen l kouvri l la. Pa egzanp:

- **Plan an pa kouvri medikaman w vle pran an.** Medikaman an ka pa sou Lis Medikaman an. Ka gen yon vèsyon jenerik medikaman an ki kouvri, men mak orijinal la ke w vle a pa kouvri. Yon medikaman ka fèk parèt epi nou poko revize l pou n konnen si li efikas e san danje.
- **Plan an kouvri medikaman an, men gen règ espesyal oswa limit nan fason li kouvri medikaman an.** Jan nou te esplike l nan seksyon ki pi wo a, sèten medikaman plan an kouvri gen règ ki limite itilizasyon yo. Nan sèten ka, oumenm oswa moun ki preskri w medikaman an ka vle mande Aetna Better Health FIDA Plan oswa Ekip Entèdisiplinè (IDT) ou pou fè yon eksepsyon nan règ la.

Gen bagay ou ka fè si medikaman w lan pa kouvri nan fason w ta renmen yo kouvri l la.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Ou ka resevwa yon rezèv tanporè

Nan sèten ka, plan an ka ba w yon rezèv medikaman tanporè lè medikaman an pa sou Lis Medikaman an oswa lè yo limite l yon fason kèlkonk. Sa ba w tan pou pale avèk pwofesyonèl ki ba w swen sante a konsènan kijan w ka resevwa yon medikaman diferan oswa pou mande Aetna Better Health FIDA Plan oswa IDT ou pou yo apwouve medikaman an.

Pou ka resevwa yon rezèv medikaman tanporè, ou fèt pou satisfè de(2) règ sa yo:

1. Medikaman ke wap pran an:

- pa sou Lis Medikaman plan an ankò, **oswa**
- li pat janm sou Lis Medikaman plan an, **oswa**
- aktyèlman yo limite l yon fason kèlkonk.

2. Ou fèt pou nan youn nan sitiyasyon sa yo:

- **Ou te nan plan an ane pase epi w pa rete nan yon etablisman ki bay swen alontèm.**

Nap kouvri yon rezèv tanporè (oswa plizyè rezèv) pou medikaman w lan **pandan premye 90 jou nan ane sivil la**. Rezèv tanporè sa a (sa yo) ap dire jiska 90 jou. Si yo ba w preskripsyon an pou mwens jou, nap pèmèt ou renouvle medikaman an, an plizyè fwa pou ka gen kont medikaman pou 90 jou maksimòm. Ou fèt pou ranpli preskripsyon an nan yon famasi ki nan rezo a.

- **Ou fèk antre nan plan an epi w pa rete nan yon etablisman ki bay swen alontèm.**

Nap kouvri yon rezèv (plizyè rezèv) tanporè pou medikaman w lan **pandan 90 premye jou ou vin manm nan plan an**. Rezèv tanporè sa a (sa yo) ap dire jiska 90 jou. Si yo ba w preskripsyon an pou mwens jou, nap pèmèt ou renouvle medikaman an, an plizyè fwa pou ka gen kont medikaman pou 90 jou maksimòm. Ou fèt pou ranpli preskripsyon an nan yon famasi ki nan rezo a.

- **Ou te nan plan an ane pase epi w pa rete nan yon etablisman ki bay swen alontèm.**

Nap kouvri yon rezèv tanporè (oswa plizyè rezèv) pou medikaman w lan **pandan premye 90 jou nan ane sivil la**. Rezèv total la ap dire jiska 98 jou. Si yo ba w preskripsyon an pou mwens jou, nap pèmèt ou renouvle medikaman an, an plizyè fwa pou ka gen kont medikaman pou 98 jou maksimòm. (Tanpri remake ke famasi ki nan etablisman ki bay swen alontèm la ka bay mwens medikaman achak fwa pou evite gaspiyaj.)

- **Ou fèk antre nan plan an epi w rete nan yon etablisman ki bay swen alontèm.**

Nap kouvri yon rezèv (plizyè rezèv) tanporè pou medikaman w lan **pandan 90 premye jou ou vin manm nan plan an**. Rezèv total la ap dire jiska 98 jou. Si yo ba w preskripsyon an pou mwens jou, nap pèmèt ou renouvle medikaman an, an plizyè fwa pou ka gen kont medikaman pou 98 jou maksimòm. (Tanpri remake ke famasi ki nan etablisman ki bay swen alontèm la ka bay mwens medikaman achak fwa pou evite gaspiyaj.)



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

▪ **Ou nan plan an depi plis ke 90 jou e w rete nan yon etablisman ki bay swen alontèm e w bezwen yon rezèv medikaman tousuit.**

Nap kouvri yon rezèv medikaman pou 31 jou, oswa mwens si yo ba w preskripsyon an pou mwens jou. Sa a se anplis de rezèv medikaman tranzisyon swen alontèm ki anwo a.

▪ **Ou se yon manm aktyèlman epi gen chanjman ki fèt nan nivo swen an**

Nap kouvri yon rezèv medikaman tanporè tanporè pou 30 jou si w kite lopital la pou ale nan yon kad rezidansyèl (nan yon kay):

- Wap pran yon medikaman ki pa sou lis medikaman nou an, **epi**
- Posibilite pou w pran medikaman an limite

Nou pral kouvri yon rezèv medikaman tanporè pou 31 jou (gade nòt ki pi ba a pou ka wè esepsyon yo) si w amenaje oswa demenaje nan etablisman ki bay swen alontèm epi:

- Wap pran yon medikaman ki pa sou lis medikaman nou an, **epi**
- Posibilite pou w pran medikaman an limite

Note: Dozaj solid nan medikaman ki gen mak yo tèlke tablèt oswa konprime, gen yon limit 14 jou pou ranpli yo avèk esepsyon jan règ Medicare Pati D egzije l. Si preskripsyon medikaman w lan pou mwenske 31 jou, nap peye pou montan ki pi piti a.

Pandan peryòd sa a, se pou itilize pwosesis eksepsyon plan an si w vle kontinye resevwa pwoteksyon pou medikaman an apre rezèv tanporè a fini.

→ Rele Sèvis Patisipan an pou mande pou yon rezèv tanporè medikaman an.

Lè w resevwa yon rezèv tanporè medikaman, ou fèt pou pale ak pwofesyonèl ki ba w swen sante a pou n deside sou kisa pou w fè lè rezèv medikaman an fini. Men chwa w genyen yo:

▪ **Ou ka chanje pou pran yon lòt medikaman.**

Ka gen lòt medikaman diferan plan an kouvri ki ka fonksyone pou ou. Ou ka rele Sèvis Patisipan an pou mande yon lis medikaman plan an kouvri e ki trete menm pwoblèm medikal la. Lis la ka ede pwofesyonèl ki ba w swen sante a jwenn yon medikaman plan an kouvri ki ka byen fonksyone pou ou.

OSWA

▪ **Ou ka mande pou yo fè yon eksepsyon.**

Oumenm avèk pwofesyonèl ki ba w swen sante a ka mande Aetna Better Health FIDA Plan oswa IDT ou pou yo fè yon eksepsyon. Pa egzanp, ou ka mande Aetna Better Health FIDA Plan oswa IDT ou pou yo apwouve yon medikaman, menm si li pa sou Lis Medikaman an. Oubyen ou ka mande Aetna Better Health FIDA Plan oswa IDT ou pou l apwouve ak kouvri medikaman an san limit. Si pwofesyonèl ki ba w swen sante a fè konnen ou gen yon rezon medikal valab pou yon eksepsyon, li ka ede w mande pou yon eksepsyon.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

- ➔ Pou gen plis enfòmasyon sou kijan pou mande pou yon eksepsyon, al gade nan Chapit 9.
- ➔ Si w bezwen è pou mande pou yon eksepsyon, ou ka kontakte Sèvis Patisipan an oswa Responsab Swen w lan.

E. Chanjman nan fason yo kouvri medikaman w yo

Majorite chanjman ki fèt nan asirans ki kouvri medikaman w yo fèt le 1^{ye} janvyè. Sepandan, plan an ka fè chanjman sou Lis Medikaman an pandan ane a. Plan an ka:

- Ajoute medikaman poutèt nouvo medikaman, ikonpri medikaman jenerik yo, vin disponib oswa poutèt gouvènman an apwouve yon nouvo fason pou itilize yon medikaman ki deja egziste.
- Retire medikaman yo poutèt yo te retire yo sou mache a oswa poutèt gen lòt medikaman ki koute mwèn chè ki fonksyone osi byen.
- Ajoute oswa retire yon limit sou fason yo kouvri yon medikaman.
- Ranplase yon medikaman ki gen mak orijinal pa yon medikaman jenerik.

Si gen youn nan chanjman pi ba yo ki afekte yon medikaman wap pran aktyèlman, chanjman an pap afekte w jiska 1^{ye} janvyè nan ane apre a.

- Nou mete yon nouvo limit nan fason w itilize medikaman an.
- Nou retire medikaman w lan sou Lis Medikaman an, men se pa poutèt yo retire l sou mache a ni poutèt yon nouvo medikaman jenerik ranplase l.

Anvan 1^{ye} janvyè nan ane apre a, nòmalman ou pap gen yon ogmantasyon nan peman w yo ni yo pap ajoute okenn limit nan fason w itilize medikaman an. Chanjman yo pral afekte w le 1^{ye} janvyè nan ane apre a.

Nan ka suivan yo, chanjman kap fèt nan plan an *pral* afekte w avan 1^{ye} janvyè:

- Si yo ranplase yon medikaman ki gen mak orijinal ke wap pran pa yon medikaman jenerik, plan an fèt pou l avize w omwen 60 jou davans sou chanjman ki pral fèt la.
 - » Plan an ka pèmèt ou renouvle medikaman mak orijinal la pandan 60 jou nan yon famasi ki nan rezo a.
 - » Ou fèt pou travay avèk Responsab Swen w lan oswa pwofesyonèl ki ba w swen sante a pandan 60 jou sa yo pou ka chanje medikaman an pou pran medikaman jenerik la oswa pou pran yon lòt medikaman plan an kouvri.
 - » Oumenm avèk Responsab Swen w lan oswa pwofesyonèl ki ba w swen sante a ka mande plan an pou l kontinye kouvri medikaman mak orijinal la pou ou. Pou konn kijan, al gade nan Chapit 9.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

- Si yo retire yon medikaman sou mache a poutèt yo vin wè li prezante yon danje oswa pou lòt rezon, plan an pral retire medikaman sa a sou Lis Medikaman an. Nap fè w konnen san pèdi tan ke chanjman sa a fèt.
 - » Responsab Swen w lan ak pwofesyonèl ki ba w swen sante ap okouran de chanjman sa yo tou. Li ka travay avèk ou pou ka jwenn yon lòt medikaman pou pwoblèm medikal ou an.
- ➔ Si gen yon chanjman nan fason plan an kouvri yon medikaman ke wap pran, **plan an pral voye yon avi pou l fè w konn sa**. Nòmalman, plan an ap fè w konnen omwen 60 jou anvan chanjman an fèt.

F. Medikaman ke yo kouvri nan ka espesyal

Si w nan yon etablisman ki bay swen alontèm

Anjeneral, yon etablisman ki bay swen alontèm, tankou yon etablisman ki bay swen enfimye espesyalize, gen pwòp famasi li oswa yo gen famasi ki founi yo medikaman pou tout rezidan yo. Si w rete nan yon etablisman ki bay swen alontèm, ou ka resevwa medikaman sou preskripsyon w yo atravè famasi ki nan etablisman an si li fè patide rezo nou an.

Tcheke *Anyè Pwofesyonèl Swen Sante ak Famasi a* pou konnen si famasi ki nan etablisman ki ba w swen sante alontèm lan fè patide rezo nou an. Si li pa fè patide rezo nou an, oswa si w bezwen plis enfòmasyon, tanpri kontakte Responsab Swen w lan oswa Sèvis Patisipan an.

Si w nan yon etablisman ki bay swen alontèm epi w se yon nouvo Patisipan nan plan an

Si w bezwen yon medikaman ki pa sou Lis Medikaman nou an oswa ki gen yon restriksyon kèlkonk, plan an ap kouvri yon rezèv tanporè oswa plizyè rezèv tanporè jiska 98 jou lè w mande yon renouvèlman pandan 90 premye jou ke w vin manm nan plan an.

Si w se yon manm nan plan an depi pliske than 90 jou epi w bezwen yon medikaman ki pa sou Lis Medikaman nou an, nap kouvri 31-jou rezèv medikaman an. Epiou nap kouvri 31 jou rezèv medikaman an si plan an etabli yon limit sou medikaman yo kouvri a. Si preskripsyon medikaman w lan pou mwenske 31 jou, nap peye pou montan ki pi piti a.

Lè w resevwa yon rezèv tanporè pou yon medikaman, ou fèt pou pale ak Responsab Swen w lan oswa ak pwofesyonèl ki ba w swen sante a pou deside kisa pou w fè lè rezèv medikaman w lan fini. Plan an ka kouvri yon medikaman diferan ki ka fonksyone osi byen pou ou. Oswa oumenm ak Responsab Swen w lan oswa pwofesyonèl ki ba w swen sante a ka mande plan an pou l fè yon eksepsyon epi pou l kouvri medikaman an yon fason w ta renmen pou yo kouvri li.

➔ Pou gen plis enfòmasyon sou kijan pou mande pou yon eksepsyon, al gade nan Chapit 9.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Si w nan yon pwogram ospis Medicare sètifye

Ospis ak plan nou an pa janm kouvri medikaman anmenmtan. Si w enskri nan yon ospis Medicare jere epi w bezwen medikaman kont doulè, medikaman kont noze, laksatif, oswa medikaman kont anksyete, epi ospis ou pa kouvri medikaman sa a poutèt li pa gen okenn rapò ak pwonostik ou genyen ki nan faz tèminal la ni li pa gen rapò ak pwoblèm ou genyen an, se pou moun kap preskri medikaman an oswa pwofesyonèl kap ba w swen ospis la avize plan nou an ke medikaman an pagen okenn rapò ak swen ospis la anvan pou plan nou an kouvri medikaman an. Pou pa gen reta pou resevwa nenpòt medikaman ki pa gen okenn rapò ak pwoblèm medikal la, e ke plan nou an ta dwe kouvri, ou ka mande pwofesyonèl ki ba w swen ospis la oswa moun ki preskri medikaman an, pou l asire l ke nou resevwa avi ki di medikaman an pa gen okenn rapò ak pwoblèm medikal la avan w mande yon famasi pou l ranpli preskripsyon w lan.

Si w kite ospis la, plan nou an ta dwe kouvri tout medikaman w yo. Pou evite reta nan yon famasi lè benefis ospis Medicare ou fini, ou fèt pou prezante dokiman nan famasi a pou verifye ke w kite ospis la. Gade pati ki anvan an nan chapit sa a ki esplike règ pou suiv pou w ka resevwa medikaman ki kouvri anba Pati D.

➔ Pou gen plis enfòmasyon sou benefis ospis, al gade nan Chapit 4.

G. Pwogram sou sekirite medikaman ak jesyon medikaman

Pwogram pou ede Patisipan yo itilize medikaman yo san danje

Achak fwa w ranpli yon preskripsyon, nou gade pou n wè si gen pwoblèm, tankou:

- Erè medikaman
- Medikaman ke w ka pa bezwen poutèt wap pran yon lòt medikaman ki fè menm bagay la
- Medikaman ki ka prezante yon danje poutèt laj ou oswa poutèt ou se fi oswa gason
- Medikaman ki ka domaje w si w pran yo anmenmtan
- Medikaman ki fèt ak bagay ke ou alèjik a yo.

Si nou remake gen posibilite pou gen yon pwoblèm ak medikaman sou preskripsyon w lan, nap avize Responsab Swen w lan epi nap fèt Ekip Entèdisiplinè (IDT) ou travay ansanm ak pwofesyonèl swen sante w la pou korije pwoblèm lan.

Pwogram pou ede Patisipan yo jere medikaman yo

Si wap pran medikaman pou diferan pwoblèm medikal, li posib ke w ka elijib pou resevwa sèvis, san w pa peye, atravè yon pwogram jesyon terapi medikaman (MTM). Pwogram sa a ede w epi li ede pwofesyonèl ki ba w swen sante a asire nou ke medikaman w yo fonksyone kòm sadwa pou amelyore



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

sante w. Yon famasyon oswa yon lòt pwofesyonèl ki bay swen sante pral ba w yon revizyon konplè sou tout medikaman w yo epi lap pale avèk ou sou:

- Kijan pou benefisye leplis de medikaman wap pran yo
- Nenpòt enkyetid ou genyen, tankou pri medikaman ak reyaksyon medikaman yo
- Kijan pou pran medikaman w yo pi byen
- Kèlkeswa kesyon oswa pwoblèm ou genyen konsènan medikaman sou preskripsyon ak medikaman san preskripsyon w

Yap ba w yon rezime alekri sou diskisyon sa a. Nan rezime a gen yon plan dakasyon ki rekòmande kisa w ka fè pou ka itilize medikaman w yo pi byen. Eitou ou pral resewa yon lis medikaman pèsònèl ki gen tout medikaman ke wap pran ak rezon ki fè wap pran yo.

Se yon bòn ide si w ta pwograme revizyon medikaman w lan anvan konsiltasyon "Byennèt" anyèl ou, defason pou ka pale ak doktè w la sou plan dakasyon w lan ak sou lis medikaman w lan. Lè w pral konsilte doktè w la oswa nenpòt kilè w pale ak doktè w la, famasyon w oswa lòt pwofesyonèl ki ba w swen sante, pote plan dakasyon an ak lis medikaman wap pran yo pou montre yo. Eitou mache ak lis medikaman w lan si w prale lopital oswa nan sal dijans.

Pwogram jesyon terapi medikaman yo fèt sou baz volontè e yo gratis pou Patisipan ki kalifye yo. Si nou gen pwogram ki reponn a sa w bezwen, Ekip Entèdisiplinè (IDT) ou pral diskite si wi ou non ou ta dwe anrejistre nan pwogram lan.

➔ Si w gen nenpòt kesyon konsènan pwogram yo, tanpri kontakte Sèvis Patisipan an oswa Responsab Swen w lan.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Chapit 6: Kijan pou konprann pwoteksyon plan asirans lan pou medikaman

Tabmatyè

Entwodiksyon.....	120
A. Esplikasyon Benefis (EOB).....	121
B. Kontwole medikaman w yo.....	121
1. Itilize kat idantifikasyon plan w lan	121
2. Asire ke ou gen enfòmasyon nou bezwen an si nou bezwen ranbouse w	121
3. Verifye rapò nou voye ba ou yo.....	122
C. Yon rezime sou sa plan an kouvri pou medikaman w yo	122
Nivo plan an.....	122
Kijan pou w resevwa yon rezèv alontèm pou yon medikaman	122
D. Vaksinasyon.....	123
Anvan ou pran yon vaksen	123



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Entwodiksyon

Chapit sa a diskite sou pwoteksyon pou medikaman pou pasyan ki pa entène yo atravè Aetna Better Health FIDA Plan. Lè nou di "medikaman" nou vle di:

- medikaman sou preskripsyon Medicare Pati D **ak**
- medikaman ak atik ki kouvri anba Medicaid, **ak**
- medikaman ak atik plan an kouvri kòm benefis adisyonèl.

Etandone ou enskri nan Demonstrasyon Avantaj Doub ki Totalman Entegre a (Fully Integrated Duals Advantage, FIDA), ou pa gen pou **peye anyen** pou kèlkeswa medikaman ki kouvri yo.

Pou ka gen plis enfòmasyon sou medikaman sou preskripsyon yo, ou ka gade nan kote sa yo:

- *Lis Medikaman ki Kouvri yo* **nan Aetna Better Health FIDA Plan**. Nou rele sa "Lis Medikaman" an. Li fè w konnen:
 - » Ki medikaman Aetna Better Health FIDA plan peye pou li
 - » Nan kilès nan 3 nivo yo chak medikaman ye
 - » Si gen limit sou medikaman yo

Si w bezwen yon kopi Lis Medikaman an, rele Sèvis Patisipan an. Ou ka jwenn Lis Medikaman an tou sou sitwèb nou an nan **www.aetnabetterhealth.com/newyork**. Lis Medikaman ki nan sitwèb la, se li ki toujou pi resan.

- **Chapit 5 nan Tiliv pou Patisipan sa a.** Chapit 5 endike kijan pou jwenn medikaman sou preskripsyon pou pasyan ki pa entène, atravè Aetna Better Health FIDA Plan. Li gen ladann, règ ou fèt pou suiv. Li fè konnen tou ki tip medikaman sou preskripsyon Aetna Better Health FIDA Plan *pa* kouvri.
- **Anyè Pwofesyonèl Swen Sante ak Famasi Aetna Better Health FIDA Plan.** Nan pifò ka yo, ou fèt pou w itilize yon famasi rezo pou pran medikaman ki kouvri yo. Famasi rezo se famasi ki dakò travay avèk Aetna Better Health FIDA Plan. Se *Anyè Pwofesyonèl Swen Sante ak Famasi a* ki gen yon lis famasi rezo ladann. Nan Chapit 5 wap jwenn plis enfòmasyon sou famasi rezo yo.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan **www.aetnabetterhealth.com/newyork**.

A. Esplikasyon Benefis (EOB)

Aetna Better Health FIDA Plan kenbe yon kontwòl sou medikaman w yo ak sou depans total pou medikaman w yo, e sa gen ladan montan Medicare peye pou ou.

Lè w pran medikaman sou preskripsyon atravè Aetna Better Health FIDA Plan, nou voye yon rapò ba ou ki rele *Esplikasyon Benefis*. Nou rele li *EOB*, kòm non kout. EOB gen ladann:

- **Enfòmasyon pou mwa a.** Rapò a endike ki medikaman sou preskripsyon ke w te pran. Li montre konbyen kòb otoutal medikaman yo te koute, kisa plan an te peye, e kisa Medicare te peye pou ou. EOB a pa yon bòdwo. Li senpleman fèt pou al nan dosye w yo.
 - **Enfòmasyon "jiska dat pou ane a".** Sa yo se medikaman ke w itilize pandan ane a ak peman total Aetna Better Health FIDA Plan ak Medicare te peye pou ou depi 1ye janvyè.
- ➔ Nou kouvri medikaman ki pa kouvri anba Medicare. Nou peye tou pou sèten medikaman san preskripsyon. Pou chèche konnen ki medikaman Aetna Better Health FIDA Plan kouvri, gade nan Lis Medikaman an.

B. Kontwole medikaman w yo

Pou ka kontwole pri medikaman w ak peman w fè yo, nou itilize dosye nou resevwa nan men w ak nan men famasi w la. Men kijan ou ka ede nou:

1. Itilize kat idantifikasyon plan w lan.

Prezante Kat Idantifikasyon **Patisipan** Aetna Better Health FIDA Plan w lan achak fwa w al ranpli yon preskripsyon. Konsa, sa pral ede nou konnen ki preskripsyon w ranpli.

2. Asire ke ou gen enfòmasyon nou bezwen an si nou bezwen ranbouse w.

Ou pa dwe peye pou okenn medikaman ki kouvri anba Aetna Better Health FIDA Plan. Sizoka ta gen yon konfizyon kèlkonk nan famasi a oswa si pou kèk lòt rezon ou ta gen pou peye pou yon medikaman ki kouvri, bannou kopi resi yo. Ou ka mande nou pou n ranbouse w pou pri medikaman an.

Men kèk egzanp sou kilè ou dwe bannou kopi resi w yo:

- Lè w achte yon medikaman ki kouvri nan yon famasi rezo a yon pri espesyal oswa lè w itilize yon kat rabè ki pa fè patide benefis Aetna Better Health FIDA Plan an
 - Lè w peye yon kopeman pou medikaman ou pran dapre yon pwogram asistans pou pasyan ke fabrikan medikaman an genyen
 - Lè w achte medikaman ki kouvri nan yon famasi ki pa nan rezo a
 - Lè w peye pri total la pou yon medikaman ki kouvri
- ➔ Pou ka konnen kijan pou mande nou ranbouse w pou pri medikaman an, al gade nan Chapit 7.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

3. Verifye rapò nou voye ba ou yo.

Lè w resevwa yon Esplikasyon Benefis pa lapòs, tanpri asire w ke enfòmasyon ki ladann nan konplè e kòrèk. Si w panse gen yon bagay ki pa kòrèk oswa ki manke nan rapò a, oswa si w gen nenpòt kesyon, tanpri rele Sèvis Patisipan an. Asire w ke w kenbe rapò sa yo.

C. Yon rezime sou sa plan an kouvri pou medikaman w yo

Nivo plan an

Nivo yo se gwoup medikaman yo. Chak medikaman ki sou Lis Medikaman plan an nan youn nan 3 nivo. Ou pa gen pou peye anyen pou medikaman ki nan nenpòt nan nivo yo.

- Nivo 1: Medikaman jenerik sou preskripsyon Pati D
- Nivo 2: Medikaman mak orijinal sou preskripsyon Pati D
- Nivo 3: Medikaman sou preskripsyon ak sa yo vann san preskripsyon ki pa Pati D

Kijan pou w resevwa yon rezèv alontèm pou yon medikaman

Pou sèten medikaman, ou ka resevwa yon rezèv alontèm (ke yo rele tou yon "rezèv pwolonje") lè w ranpli preskripsyon w lan. Yon rezèv alontèm dire jiska 90 jou. Ou pa gen pou peye anyen pou yon rezèv alontèm.

➔ Pou ka gen plis detay sou ki kote ak kijan pou pran yon rezèv alontèm pou yon medikaman, al gade nan Chapit 5, oswa nan *Anyè Pwofesyonèl Swen Sante ak Famasi*.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Sa plan an kouvri pou yon rezèv yon mwa oswa alontèm pou yon medikaman sou preskripsyon ki kouvri, e ke w pran nan:

	Yon famasi rezo Yon rezèv pou yon mwa oswa pou jiska 90 jou	Sèvis kòman pa lapòs plan an Yon rezèv pou yon mwa oswa pou jiska 90 jou	Yon famasi swen alontèm rezo a Yon rezèv pou jiska 98 jou	Yon famasi ki pa nan rezo a Yon rezèv pou jiska 29 jou. Gen limit ki aplike sou sa plan an kouvri, nan sèten ka. Gade nan Chapit 5 pou gen detay.
Nivo 1 (Medikaman jenerik sou preskripsyon Pati D)	\$0	\$0	\$0	\$0
Nivo 2 (Medikaman mak orijinal sou preskripsyon Pati D)	\$0	\$0	\$0	\$0
Nivo 3 (Medikaman sou preskripsyon ki pa Pati D ak medikaman yo vann san preskripsyon)	\$0	\$0	\$0	\$0

➔ Pou enfòmasyon sou ki famasi ki ka ba w rezèv alontèm, gade nan *Anyè Pwofesyonèl Swen Sante ak Famasi* plan an.

D. Vaksinasyon

Aetna Better Health FIDA Plan kouvri vaksen Medicare Pati D. Ou pa gen pou peye anyen ditou pou vaksen ki kouvri nan Aetna Better Health FIDA Plan.

Anvan w resevwa yon vaksen

Nou rekòmande w pou pale avèk Responsab Swen w lan nenpòt lè ou ta renmen pran yon vaksen. Ekip Entèdisiplinè (IDT) ou pral diskite avèk ou sou vaksen ki apwopriye yo.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Li pi bon si w itilize yon pwofesyonèl swen sante ak yon famasi nan rezo a pou pran vaksen w yo. Si w pa ka itilize yon pwofesyonèl swen sante ak yon famasi nan rezo a, ou ka gen pou peye pou pri total vaksen an ansanm avèk administrasyon vaksen an. Paregzanp, pafwa pwofesyonèl swen sante w yo ka ba w vaksen an sou fòm piki. Si w nan sitiyasyon sa a, nou rekòmande ke w rele Responsab Swen w lan anvan. Si w peye pri total pou vaksen an nan yon klinik pwofesyonèl swen sante, nou ka di w kijan pou w mande nou pou nou ranbouse w.

➔ Pou ka konnen kijan pou mande nou ranbouse w, al gade nan Chapit 7.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Chapit 7: Kijan pou mande nou pou n peye yon bòdwo ou resevwa pou sèvis, atik, oswa medikaman plan an kouvri

Tabmatyè

A. Kilè w ka mande Aetna Better Health FIDA Plan pou l peye pou sèvis, atik, oswa medikaman w yo?	125
B. Kijan e ki kote pou voye demann pou peman w lan	128
C. Aetna Better Health FIDA Plan oswa IDT ou pral pran yon desizyon sou sa plan an ap kouvri	128
D. Ou ka ale annapèl poutèt yon desizyon yo pran sou sa plan an ap kouvri	129

A. Kilè w ka mande Aetna Better Health FIDA Plan pou l peye pou sèvis, atik, oswa medikaman w yo?

Ou pa ta dwe resevwa okenn bòdwo pou kèlkeswa sèvis, atik, oswa medikaman ou resevwa nan rezo a. Pwofesyonèl swen sante rezo nou yo fèt pou voye bòdwo yo bay Aetna Better Health FIDA Plan pou sèvis, atik, ak medikaman ou deja resevwa yo. *Yon pwofesyonèl swen sante rezo se yon pwofesyonèl swen sante ki travay ansanm ak Plan FIDA a.*

Si w resevwa yon bòdwo pou swen medikal oswa pou medikaman, piga peye bòdwo a. Okontrè, voye bòdwo a bay Aetna Better Health FIDA Plan oswa voye l bay Ekip Entèdisiplinè (IDT) w la. Pou voye yon bòdwo bay Aetna Better Health FIDA Plan oswa bay IDT ou, al gade nan paj 128.

- Si plan an kouvri sèvis, atik oswa medikaman yo, alèkile Aetna Better Health FIDA Plan pral peye pwofesyonèl swen sante a dirèkteman.
 - Si plan an kouvri sèvis, atik oswa medikaman yo, epi w deja peye bòdwo a, Aetna Better Health FIDA Plan pral remèt ou lajan w peye a.
 - Si plan an **pa** kouvri sèvis yo, atik yo oswa medikaman yo, Aetna Better Health FIDA Plan oswa IDT ou pral fè w konn sa. Ou kapab ale annapèl poutèt desizyon an.
- ➔ Kontakte Sèvis Patisipan an oswa Responsab Swen w lan si w gen nenpòt kesyon. Si w resevwa yon bòdwo epi w pa konn kisa pou fè avèk li, Sèvis Patisipan ka ede w. Epitou, ou ka rele si w vle bay plis enfòmasyon sou yon demann pou peman ke w deja voye bay Aetna Better Health FIDA Plan oswa ke w te voye bay IDT ou.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

- Epitou Rezo Endepandan pou Defans Konsomatè a (ICAN) ka ba w enfòmasyon avèk asistans gratis konsènan kisa ki kouvri ak dwa w genyen nan Plan FIDA a. Pou kontakte ICAN, rele nan 1-844-614-8800. (TTY, rele 711, apres a suiv direktiv pou fòmè 844-614-8800.)

Men kèk egzanp sou lè w ka resevwa yon bòdwo ak lè w ka gen pou mande Aetna Better Health FIDA Plan oswa IDT ou pou deside si plan an pral ranbouse w oubyen si lap peye bòdwo w resevwa a:

1. Lè w resevwa swen medikal nan ka dijans oswa swen ki nesèsè annijans nan men yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a

Se pou mande pwofesyonèl swen sante a pou l voye bòdwo a bay Aetna Better Health FIDA Plan.

- Si w peye tout montan an lè w resevwa swen medikal la, mande nou pou n remèt ou lajan an. Voye bòdwo a ak prèv kèlkeswa peman ou fè a bay Aetna Better Health FIDA oswa bay IDT ou.
- Pwofesyonèl swen sante a ka voye yon bòdwo ba ou pou peye sa w panse w pa dwe. Voye bòdwo a ak prèv kèlkeswa peman ou fè a bay Aetna Better Health FIDA oswa bay IDT ou.
 - » Si pou yo peye pwofesyonèl swen sante a, se Aetna Better Health FIDA Plan ki pral peye pwofesyonèl swen sante a dirèkteman.
 - » Si w deja peye pou sèvis la, Aetna Better Health FIDA Plan pral remèt ou lajan an.

2. Lè yon pwofesyonèl swen sante ki nan rezo a voye yon bòdwo ba ou

Pwofesyonèl swen sante rezo yo fèt pou yo toujou voye bòdwo yo bay Aetna Better Health FIDA Plan.

- Kèlkeswa lè yon pwofesyonèl swen sante rezo a voye yon bòdwo ba ou, voye bòdwo a bannou. Aetna Better Health FIDA Plan pral kontakte pwofesyonèl swen sante a dirèkteman epi nap rezoud pwoblèm lan.
- Si w deja peye yon bòdwo yon pwofesyonèl swen sante te voye ba ou, voye bòdwo a ak prèv pou kèlkeswa peman ou fè a bay Aetna Better Health FIDA Plan oswa bay IDT ou. Aetna Better Health FIDA Plan pral ranbouse w pou sèvis, atik, ak medikaman plan an kouvri yo.

3. Lè w itilize yon famasi ki pa nan rezo a pou ranpli yon preskripsyon

Si w ale nan yon famasi ki pa nan rezo a, ou pral oblije peye pri total preskripsyon w lan.

- Nan sèten ka, Aetna Better Health FIDA Plan oswa IDT ou ap apwouve preskripsyon w ranpli nan famasi ki pa nan rezo a. Voye yon kopi resi w la bay Aetna Better Health FIDA Plan oswa bay IDT ou lè w mande Aetna Better Health FIDA Plan pou l ranbouse w. Tanpri, gade nan Chapit 5 pou ka konn enfòmasyon sou famasi ki pa nan rezo a.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

4. Lè w peye montan total pou yon preskripsyon poutèt ou pa gen kat idantifikasyon Patisipan Aetna Better Health FIDA Plan w lan avèk ou

Si w pa gen Kat Idantifikasyon Patisipan w lan avèk ou, ou ka mande famasi a pou l rele Aetna Better Health FIDA Plan oubyen mande pou yo gade enfòmasyon ki montre ou anrejistre nan plan an. Si famasi a pa ka jwenn enfòmasyon yo bezwen an tousuit, yo ka mande w peye pri total preskripsyon an.

- Veye yon kopi resi w la bay Aetna Better Health FIDA Plan oswa bay IDT ou lè w mande Aetna Better Health FIDA Plan pou l ranbouse w.

5. Lè w peye pri total pou yon preskripsyon medikaman plan an pa kouvri

Ou ka oblije peye pri total preskripsyon an poutèt plan an pa kouvri medikaman an.

- Li posib ke medikaman an pa sou *Lis Medikaman ki Kouvri yo* (Lis Medikaman) Aetna Better Health FIDA Plan, oubyen ka gen egzijans oswa restriksyon sou medikaman an ke w pat menm konnen oubyen ke w panse yo pa ta dwe aplike nan ka pa w la. Si w deside pran medikaman an, ou ka oblije peye pri total la pou li.
 - » Si w pa peye pou medikaman an sepandan ou panse asirans lan ta dwe kouvri l, ou ka mande pou Aetna Better Health FIDA Plan oswa IDT ou pran yon desizyon sou sa yap kouvri (al gade nan Chapit 9).
 - » Si ou menm ak doktè w la oubyen zòt ki preskri medikaman an panse ou bezwen medikaman an tousuit, ou ka mande Aetna Better Health FIDA Plan oswa IDT ou pou yo pran yon desizyon rapid sou sa plan an ap kouvri (al gade nan Chapit 9).
- Veye yon kopi resi w la bay Aetna Better Health FIDA Plan oswa bay IDT ou lè w mande Aetna Better Health FIDA Plan pou l ranbouse w. Gen sèten sitiyasyon kote Aetna Better Health FIDA Plan oswa IDT ou ka bezwen mande doktè w oswa mande zòt ki preskri medikaman an, plis enfòmasyon defason pou Aetna Better Health FIDA Plan ka ranbouse w pou medikaman an.

Lè w veye yon demann pou peman bay Aetna Better Health FIDA Plan oswa bay IDT ou, yo pral revwa demann ou an epi yo pral pran yon desizyon pou detèmine si pou yo kouvri sèvis la, atik la oswa medikaman an. Yo rele sa pran yon "desizyon sou sa plan an ap kouvri." Si Aetna Better Health FIDA Plan oswa IDT ou deside yo ta dwe kouvri l, Aetna Better Health FIDA Plan pral peye pou sèvis la, pou atik la, oswa pou medikaman an. Si Aetna Better Health FIDA Plan oswa IDT ou refize demann pou peman w lan, ou ka ale annapèl poutèt desizyon an.

➔ Pou gen plis enfòmasyon sou kijan pou ale annapèl, al gade nan Chapit 9.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

B. Kijan e ki kote pou voye demann pou peman w lan

Voye bòdwo w la ak prèv pou kèlkeswa peman w fè a bay Aetna Better Health FIDA Plan oswa bay Ekip Entèdisiplinè (IDT) ou. Ou ka voye kòm prèv peman, yon kopi chèk ou ekri a oubyen yon resi pwofesyonèl swen sante a ba ou. Li toujou bon pou fè kopi tout bòdwo w ak tout resi w pou mete nan dosye w. Ou ka mande Responsab Swen w lan pou l ede w.

Voye demann pou peman w lan ansanm ak tout bòdwo oswa tout resi yo bannou, pa lapòs nan adrès sa a:

Aetna Better Health FIDA Plan
Attn: Participant Services
55 West 125th Street, Suite 1300
New York, NY 10027

Epitou ou ka rele Aetna Better Health FIDA Plan pou mande pou peman. Kontakte Sèvis Patisipan an nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7.

C. Aetna Better Health FIDA Plan oswa IDT ou pral pran yon desizyon sou sa plan an ap kouvri

Lè Aetna Better Health FIDA Plan oswa Ekip Entèdisiplinè (IDT) ou resevwa demann pou peman w lan, yap revwa l epi yo pral pran yon *desizyon sou sa plan an kouvri*. Sa vle di, Aetna Better Health FIDA Plan oswa IDT ou pral deside si plan an ap kouvri swen medikal ou oswa medikaman yo. Epitou Aetna Better Health FIDA Plan oswa IDT ou pral deside montan an, si gen youn, ou gen pou peye pou swen sante a oswa pou medikaman an.

- Aetna Better Health FIDA Plan oswa IDT ou pral fè w konnen si yo bezwen plis enfòmasyon nan men w.
- Si Aetna Better Health FIDA Plan oswa IDT ou deside ke yap kouvri sèvis la, atik la, oswa medikaman an epi w te suiv tout règ yo, plan an pral peye pou li. Si w deja peye pou sèvis la, pou atik la, oswa pou medikaman a, Aetna Better Health FIDA Plan pral poste yon chèk pou sa w peye a. Si w pat peye pou sèvis la, ni pou atik la, oswa ni pou medikaman an, Aetna Better Health FIDA Plan pral peye pwofesyonèl swen sante a dirèkteman.
- ➔ Chapit 3 bay esplikasyon sou règ ki aplike pou w resevwa sèvis ki kouvri yo. Chapit 5 esplike règ ki genyen pou ka jwenn medikaman sou preskripsyon Medicare Pati D.
- Si Aetna Better Health FIDA Plan oswa IDT ou deside plan an pa dwe peye pou sèvis la, pou atik la, oswa pou medikaman an, plan an pral voye yon lèt pou yo esplike pouki yo pa kouvri l. Epitou lèt la va esplike w dwa ou genyen pou ale annapèl.
- ➔ Pou gen plis enfòmasyon sou desizyon sou sa plan an ap kouvri, al gade nan Chapit 9.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

D. Ou ka ale annapèl poutèt yon desizyon yo pran sou sa plan an ap kouvri

Si w panse Aetna Better Health FIDA Plan oswa Ekip Entèdisiplinè (IDT) ou fè yon erè lè yo refize demann ou te fè pou yo peye, ou ka mande Aetna Better Health FIDA Plan pou l chanje desizyon an. Sa rele *fè yon apèl*. Epitou ou ka fè yon apèl si w pa dakò ak montan Aetna Better Health FIDA Plan oswa IDT ou decide ke plan an pral peye.

➔ Pwosede apèl la se yon pwosede ofisyèl ki gen pwosedi detaye ak dat limit enpòtan. Pou ka konn plis enfòmasyon sou pwosedi apèl yo, gade nan Chapit 9.

- Si w vle fè yon apèl pou yo ka ranbouse w pou yon sèvis oswa yon atik, ale nan paj 163.
- Si w vle fè yon apèl pou yo ka ranbouse w pou yon medikaman, ale nan paj 163.

Epitou Rezo Endepandan pou Defans Konsomatè a (ICAN) ka ba w enfòmasyon ak asistans gratis pou nenpòt pwosedi apèl ou ka soumèt avèk Aetna Better Health FIDA Plan. Pou kontakte ICAN, rele nan 1-844-614-8800. (TTY, rele 711, apres a suiv direktiv pou fòm 844-614-8800.)



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Chapit 8: Dwa w ak responsabilite w

Tabmatyè

Entwodiksyon.....	131
A. Se dwa w pou yo ba w enfòmasyon nan yon fason ki pou satisfè sa w bezwen yo	131
B. Nou fèt pou nou toujou trete w avèk respè, defason ekitab e avèk diyite	132
C. Nou fèt pou nou asire n ke w jwenn san pèdi tan sèvis, atik ak medikaman ki kouvri yo	133
D. Nou gen obligasyon pou n pwoteje enfòmasyon pèsònèl sou sante w.....	134
Kijan nou pwoteje enfòmasyon sou sante w.....	135
Se dwa w pou wè dosye medikal ou.....	135
E. Nou oblije ba w enfòmasyon sou Aetna Better Health FIDA Plan, sou pwofesyonèl swen sante rezo l yo, ak sou sèvis li kouvri pou ou yo.....	136
F. Pwofesyonèl swen sante rezo yo pa ka voye bòdwo ba ou dirèkteman	137
G. Se dwa w pou soti nan Aetna Better Health FIDA Plan nenpòt lè.....	137
H. Se dwa w pou pran desizyon sou swen sante w	137
Se dwa w pou konnen opsyon tretman w genyen e pou pran desizyon konsènan sèvis ou yo.....	137
Se dwa w pou di sa w vle ki rive si w pa ka pran yon desizyon sou swen sante w pèsònèlman	139
Kisa pou fè si yo pa suiv enstriksyon w te pase yo	139
I. Se dwa w pou mande pou yo ede w.....	140
J. Se dwa w pou soumèt yon plent epi pou mande nou rekonsidere desizyon nou pran yo	140
Kisa pou fè si w panse yo trete w defason ki pa jis oswa si w panse yo pa respekte dwa w yo	140
Kijan pou jwenn plis enfòmasyon sou dwa w yo	141
Kijan w ka jwenn èd pou konprann dwa w yo oswa pou egzèse yo	141
K. Se dwa w pou sijere chanjman.....	142
L. Antanke yon Patisipan nan Aetna Better Health FIDA Plan, ou gen responsabilite tou	142



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon,** ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Entwodiksyon

Nan chapit sa a, wap jwenn dwa ak responsabilite w genyen yo kòm yon Patisipan nan Aetna Better Health FIDA Plan. Aetna Better Health FIDA Plan fèt pou l onore dwa sa yo.

A. Se dwa w pou yo ba w enfòmasyon nan yon fason ki pou satisfè sa w bezwen yo

Nou fèt pou nou esplike w benefis ak dwa w genyen nan Aetna Better Health FIDA Plan nan yon fason pou ka konprann yo. Nou fèt pou nou esplike w ki dwa w genyen chak ane ke w se yon Patisipan nan Aetna Better Health FIDA Plan. Epitou nou fèt pou nou esplike w alekri tout dwa w genyen ak kijan pou egzèsè dwa sa yo avan dat plan an kòmanse kouvri w.

Se dwa w pou resevwa enfòmasyon alè sou chanjman ki fèt nan Aetna Better Health FIDA Plan. Pami enfòmasyon sa yo, ou gen dwa pou resevwa mizajou anyèl yo fè nan literati komèsyal, nan Sèvis Sosyal ak nan literati Kominikasyon pou Patisipan yo. Epitou sa vle di ou gen dwa pou w resevwa avi sou kèlkeswa chanjman enpòtan ki fèt nan fason yo ba w sèvis omwen 30 jou davans anvan dat efektif chanjman yo.

Se dwa w pou yo esplike w byen esplike tout opsyon, tout règ ak tout benefis ki gen nan plan an, epi sa enkli opsyon pou w itilize yon entèprèt kalifye pou entèprete pou ou, sizoka sa ta nesèsè. Pou ka jwenn enfòmasyon nan yon fason ou ka konprann, tanpri rele Sèvis Patisipan an. Aetna Better Health FIDA Plan gen moun ki ka reponn kesyon w yo nan diferan lang.

Plan nou an ka ba w literati tou nan lang ki pa lang Angle ak nan fòm tankou gwo karaktè, bray, oswa sou fòm odyo. Literati yo disponib nan lang panyòl, chinwa, ris, italyen, kreyòl ayisyen ak koreyen. Si w ta renmen fè yon demann pou w resevwa regilyèman tout literati yo nan yon lang ki pa lang Angle, oswa sou yon lòt fòm, ou ka rele Sèvis Patisipan an nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7.

→ Si w gen difikilte pou jwenn enfòmasyon nan men Aetna Better Health FIDA Plan poutèt pwoblèm lang oubyen poutèt ou gen yon andikap epi w vle soumèt yon plent, rele Medicare nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Ou ka rele 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Moun ki itilize sistèm TTY dwe rele nan 1-877-486-2048. Epitou, ou ka soumèt yon plent avèk Depatman Sante Eta Nouyòk, nenpòt lè. Ou ka rele yo nan 1-800-206-8125.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

B. Nou fèt pou nou toujou trete w avèk respè, defason ekitab e avèk diyite

Aetna Better Health FIDA Plan fèt pou l obeyi lwa ki pwoteje w kont diskriminasyon e kont move tretman. **Nou pa diskrimine kont okenn Patisipan poutèt rezon suivan yo:**

- Laj
- Demann pou ale annapèl
- Konpòtman
- Eksperyans ki gen rapò avèk reklamasyon
- Koulè po
- Gwoup etnik
- Prèv sou kalifikasyon pou asirans
- Enfòmasyon jenetik
- Idantite seksyèl
- Pozisyon jewografik ki nan zòn sèvis la
- Kondisyon sante
- Eta sivil
- Istorik medikal
- Kapasite mantal
- Andikap fizik oswa mantal
- Orijin nasyonal
- Ras
- Swen sante wap resevwa
- Relijyon
- Sèks
- Oryantasyon Seksyèl
- Sèvis ou itilize

Selon règ Aetna Better Health FIDA Plan, se dwa w pou yo pa mete okenn kontrent fizik sou ou ni pou yo pa izole w, kòm yon mwayen pou yo kontrenn ou, pou fè fòs ak ou, pou disipline w, kòm mwayen pratik oswa kòm reprezay. Se dwa w pou yo pa neglije w, ni entimide w, pou yo pa abize w fizikman ni vèbalman, pou yo pa maltrete w, ni esplwate w. Epitou se dwa w pou yo trete w ak konsiderasyon, respè, e pou yo rekonèt diyite w, konfidansyalite w ak endividyalite w totalman.

Nou pa ka refize ba w sèvis ni ba w pinisyon poutèt wap egzèse dwa w. Si w egzèse dwa w yo, sa pap afekte negativman fason Aetna Better Health FIDA Plan ak pwofesyonèl swen sante l yo, Eta Nouyòk, oswa CMS ba ou oswa fè plan pou l ba w sèvis.

- ➔ Pou ka gen plis enfòmasyon, oswa si w gen enkyetid konsènan diskriminasyon oswa tretman ki pa ekitab, rele **Biwo pou Dwa Sivil** Sèvis Depatman Sante ak Resous Imèn (Department of Health and Human Services' **Office for Civil Rights**) nan 1-800-368-1019, (TTY dwe rele nan 1-800-537-7697). Epitou ou ka ale sou sit Entènèt la nan <http://www.hhs.gov/ocr> pou ka gen plis enfòmasyon.
- ➔ Epitou ou ka rele Biwo pou Dwa Sivil lokal ou a. Ou ka kontakte Biwo pou Dwa Sivil nan Biwo Pwokirè Jeneral Eta Nouyòk la (Civil Rights Bureau of the New York State Attorney General's Office) nan 212-416-8250.
- ➔ Si w gen yon andikap epi w bezwen èd pou jwenn swen oswa si w bezwen antre an kontak ak yon



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

pwofesyonèl swen sante, rele Sèvis Patisipan an. Si w gen yon plent, tankou pwoblèm pou antre ak chèz woulant, Sèvis Patisipan an ka ede w. Ou ka rele Sèvis Patisipan an nan **1-855-855-9945**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. TTY dwe **rele 711**.

C. Nou fèt pou nou asire n ke w jwenn san pèdi tan sèvis, atik ak medikaman ki kouvri yo

Antanke yon Patisipan nan Aetna Better Health FIDA Plan, men dwa ou genyen yo:

- Se dwa w pou resevwa sèvis, atik, ak medikaman ki medikalman nesèsè pou ede w ak sa w bezwen, nan yon fason ki respekte lang ou pale ak kilti w, e nan yon etablisman ki bay swen ki konvenab, ikonpri adomisil ak nan kominote a.
- Se dwa w pou chwazi yon Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal (PCP) nan rezo Aetna Better Health FIDA Plan. Yon *pwofesyonèl swen sante rezo* se yon pwofesyonèl swen sante ki travay ansanm avèk Aetna Better Health FIDA Plan. Epitou ou ka mande nou pou w gen yon espesyalis kòm Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal ou (PCP).
 - » Rele Sèvis Patisipan an oswa gade nan *Anyè Pwofesyonèl Swen Sante ak Famasi a* pou ka konnen ki pwofesyonèl swen sante kap aksepte nouvo pasyan.
- Se dwa w pou pran desizyon konsènan pwofesyonèl swen sante yo ak pwoteksyon plan an, e pami desizyon sa yo, se dwa w pou chwazi ak chanje pwofesyonèl swen sante anndan rezo a.
- Se dwa w pou ale kay jinekòlòg oubyen kay yon lòt espesyalis ki okipe sante fanm san w pa bezwen gen yon referans ni yon otorizasyon davans.
 - » Yon *referans* se yon otorizasyon Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal ou ba ou pou al wè yon lòt Pwofesyonèl swen sante. Referans pa obligatwa nan Aetna Better Health FIDA Plan.
 - » *Otorizasyon davans* vle di ou fèt pou gen otorizasyon Ekip Entèdisiplinè a (IDT), otorizasyon Aetna Better Health FIDA Plan oswa otorizasyon yon lòt pwofesyonèl swen sante espesifik anvan pou resevwa sèten sèvis, atik, oswa medikaman oswa anvan pou w al wè yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a.
- Se dwa w pou jwenn lòt sèvis ki pa mande pou w gen otorizasyon davans, tankou swen annijans ak swen dijans, sèvis dyaliz andeyò zòn kote w rete a, ak vizit kay Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal ou. Tanpri, al gade nan Chapit 4 pou ka gen plis enfòmasyon sou sèvis ki egzije w gen otorizasyon davans ak sa ki pa bezwen otorizasyon davans yo.
- Se dwa w pou resevwa sèvis ki kouvri yo nan men pwofesyonèl swen sante ki nan rezo a nan yon



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

peryòd tan ki rezonab. Si w pa ka jwenn sèvis nan yon peryòd tan ki rezonab, nou fèt pou n peye pou swen sante andeyò rezo a.

- » Pami dwa sa yo ou gen dwa pou resevwa, san pèdi tan, sèvis nan men espesyalis.
- Se dwa w pou ka pale nan telefòn ak pwofesyonèl ki ba w swen sante yo atravè sèvis ki fè apèl yo. Epitou se dwa w pou rele Nimewo Telefòn Enfimyè ki bay Konsèy la (Nurse Advice Call Line) nan Aetna Better Health FIDA Plan 24 sou 24, 7 jou sou 7 pou ka jwenn nenpòt swen dijans, swen annijans oubyen asistans.
- Se dwa w pou ranpli preskripsyon w yo nan nenpòt famasi ki nan rezo nou an san w pa tann lontan.
- Se dwa w pou jwenn swen san w pa konfwonte okenn obstak fizik. Sa vle di dwa pou ka antre soti nan klinik pwofesyonèl swen sante a, ikonpri pou w gen aksè lib san obstak si w gen nenpòt andikap oswa lòt pwoblèm ki limite mouvman w, konfòmman ak Lwa pou Ameriken ki gen Andikap (Americans with Disabilities Act).
- Se dwa w pou w al kay yon kantite rezonab pwofesyonèl swen sante prensipal ak espesyalis ki kapab satisfè bezwen w genyen pou gen aksè fizik, ansanm ak bezwen w genyen pou ka kominike ak pran randevou.
- Se dwa w pou resevwa akomodasyon rezonab lè w pral pran swen, lè wap kominike ak Aetna Better Health FIDA Plan ak pwofesyonèl swen sante yo, epi lè wap resevwa enfòmasyon sou swen w ak sou pwoteksyon plan an.
- Se dwa w pou yo di w ki kote, kilè, ak kijan pou jwenn sèvis ou bezwen, ikonpri kijan pou jwenn benefis ki kouvri nan men pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a si pwofesyonèl swen sante w bezwen yo pa disponib nan rezo Aetna Better Health FIDA Plan. Pou ka konn plis enfòmasyon sou pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a, gade nan Chapit 3.

Chapit 9 esplike kisa w ka fè si w panse ou pap jwenn sèvis, atik, oswa medikaman w yo nan yon peryòd de tan ki rezonab. Epitou Chapit 9 fè w konnen kisa w ka fè si nou refize kouvri sèvis, atik, oswa medikaman w yo epi w pa dakò ak desizyon nou an.

D. Nou gen obligasyon pou n pwoteje enfòmasyon pèsònèl sou sante w

Nou pwoteje enfòmasyon pèsònèl sou sante w jan lalwa federal ak lalwa leta egzije l.

- Se dwa w pou gen entimite w pandan tretman an epi pou w atann ou aske yo kenbe tout dosye w ak tout kominikasyon w yo konfidansyèl.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

- Pami enfòmasyon pèsonèl sou sante w genyen enfòmasyon ou te ba nou lè w tap enskri nan Aetna Better Health FIDA Plan. Li gen ladann tou konvèsasyon w te genyen ak pwofesyonèl swen sante w yo, dosye medikal ou, ak lòt enfòmasyon medikal ak enfòmasyon sou sante w.
- Se dwa w pou w jwenn enfòmasyon e pou w kontwole kijan yo itilize enfòmasyon sou sante w. Nou ba w yon avi alekri ki rele "Avi sou Pratik Konfidansyalite Enfòmasyon Prive (Notice of Privacy Practice)" ki dekri dwa sa yo. Epitou avi a esplike kijan nou pwoteje konfidansyalite enfòmasyon sou sante w.
- Se dwa w pou w mande pou Aetna Better Health FIDA Plan voye nenpòt kominikasyon ki gen enfòmasyon sou sante ki pwoteje pa yon lòt mwayen oswa nan yon lòt adrès.

Kijan nou pwoteje enfòmasyon sou sante w

- Nou asire nou ke moun ki pa otorize pa wè ni chanje dosye w yo.
- Leplisouvan, nou pa bay okenn moun okenn enfòmasyon sou sante w si moun nan pa ba w swen oswa si l pa peye pou swen w. Si pou nou bay enfòmasyon an, *se pou nou gen pèmasyon w alekri dabò*. Se swa oumenm oswa yon moun ki gen manda legal pou pran desizyon pou ou ki ka bay pèmasyon an alekri.
- Gen sèten ka kote nou pa oblije gen pèmasyon w alekri dabò. Eksepsyon sa yo se eksepsyon lalwa pèmèt oswa egzije.
 - » Nou gen obligasyon pou n divilge enfòmasyon sou sante bay ajans gouvènman kap tcheke sou kalite swen wap resevwa nan men nou.
 - » Nou gen obligasyon pou n bay Medicare ak Medicaid enfòmasyon sou sante w ak enfòmasyon sou medikaman wap pran. Si Medicare oswa Medicaid divilge enfòmasyon w pou rechèch oswa pou lòt itilizasyon, sa pral fèt konfòmman ak lalwa Federal. Se dwa w pou mande enfòmasyon pou konnen kijan Aetna Better Health FIDA Plan te divilge enfòmasyon sou sante w ak lòt enfòmasyon ankò.

Se dwa w pou wè dosye medikal ou

- Se dwa w pou gade dosye medikal ou e pou w resevwa yon kopi dosye w yo.
 - Se dwa w pou mande nou fè mizajou oswa pou n korije dosye medikal ou. Si w mande n fè sa, nou pral travay ansanm avèk pwofesyonèl swen sante w la pou n deside si nou dwe fè chanjman an vre.
 - Se dwa w pou konnen si e kijan yo pataje enfòmasyon sou sante w ak zòt.
- ➔ Si w gen kesyon oswa enkyetid konsènan konfidansyalite enfòmasyon pèsonèl sou sante ou, rele Sèvis Patisipan an nan **1-855-494-9945**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. TTY dwe rele **711**.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

E. Nou oblije ba w enfòmasyon sou Aetna Better Health FIDA Plan, sou pwofesyonèl swen sante rezo l yo, ak sou sèvis li kouvri pou ou yo

Antanke yon Patisipan nan Aetna Better Health FIDA Plan, se dwa w pou resevwa enfòmasyon ak mizajou san pèdi tan, nan men nou. Si w pa pale angle, nou oblije ba w enfòmasyon an gratis nan lang ou konprann lan. Epitou nou oblije ba w entèprèt ki kalifye, gratis, si w ta bezwen youn lè w gen randevou ak pwofesyonèl swen sante yo. Si w gen kesyon konsènan Aetna Better Health FIDA Plan oswa si w bezwen sèvis yon entèprèt, annik rele nou nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Sèvis sa a gratis. Literati yo disponib nan lang panyòl, chinwa, ris, italyen, kreyòl ayisyen ak koreyen. Epitou nou ka ba ou enfòmasyon nan lòt fòm, tankou an gwo karaktè, an bray, oswa sou fòm odyo.

Si w ta renmen gen youn nan bagay suivan yo, rele Sèvis Patisipan an:

- **Enfòmasyon sou kijan w ka chwazi oswa chanje plan yo**
- **Enfòmasyon sou Aetna Better Health FIDA Plan, ki enkli:**
 - » Enfòmasyon finansyè
 - » Kijan Patisipan plan yo te evalye Aetna Better Health FIDA Plan
 - » Kantite demann pou pwosedi dapèl Patisipan yo te soumèt
 - » Kijan pou soti nan Aetna Better Health FIDA Plan
- **Enfòmasyon sou pwofesyonèl swen sante nan rezo nou ak famasi ki nan rezo nou, ikonpri:**
 - » Kijan pou w chwazi oswa chanje Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal ou
 - » Kalifikasyon pwofesyonèl swen sante ak famasi ki nan rezo nou an
 - » Kijan nou peye pwofesyonèl swen sante ki nan rezo nou an
 - ➔ Pou ka wè yon lis pwofesyonèl swen sante ak famasi ki nan rezo Aetna Better Health FIDA Plan, gade nan *Anyè Pwofesyonèl Swen Sante ak Famasi a*. Pou plis enfòmasyon detaye sou pwofesyonèl swen sante oswa sou famasi nou yo, rele Sèvis Patisipan an, oubyen ale sou sitwèb nou an nan **www.aetnabetterhealth.com/newyork**.
- **Enfòmasyon sou sèvis, atik, ak medikaman ki kouvri yo ak enfòmasyon sou règ ou oblije suiv, ikonpri:**
 - » Sèvis, Atik ak medikaman Aetna Better Health FIDA Plan kouvri
 - » Limit nan sa plan an kouvri ak limit sou medikaman yo
 - » Règ ou oblije suiv pou ka resevwa sèvis, atik ak medikaman ki kouvri yo



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan **www.aetnabetterhealth.com/newyork**.

- **Enfòmasyon ki esplike pouki rezon plan an pa kouvri yon sèvis, yon atik oswa yon medikaman ak kisa w ka fè lè konsa, ikonpri:**

- » Mande nou pou n mete alekri pouki rezon yon bagay pa kouvri
- » Mande nou pou n chanje yon desizyon nou te pran
- » Mande nou pou n peye pou yon fakti ou te resevwa

F. Pwofesyonèl swen sante rezo yo pa ka voye bòdwo ba ou dirèkteman

Doktè, lopital, ak lòt pwofesyonèl swen sante ki nan rezo nou an pa ka fè w peye pou sèvis, atik oswa medikaman ki kouvri. Epitou yo pa ka chaje w si nou peye mwens lajan pase sa pwofesyonèl swen sante a chaje nou oswa si nou pa peye yo ditou. Se dwa w pou yo pa chaje w okenn kopeman, okenn prim, okenn dediktib, ni okenn kòtpa. Pou ka konnen ki sa pou fè si yon pwofesyonèl swen sante rezo a eseye chaje w pou sèvis, atik, oswa medikaman ki kouvri, gade nan Chapit 7 oubyen rele Sèvis Patisipan an.

G. Se dwa w pou soti nan Aetna Better Health FIDA Plan nenpòt lè

Nanpwen okenn moun ki ka fè w rete nan plan nou an si w pa vle rete. Ou ka kite plan an nenpòt ki lè. Si w soti nan Aetna Better Health FIDA Plan, wap toujou nan pwogram Medicare ak Medicaid yo, puvike w elijib. Se dwa w pou resevwa pifò nan sèvis swen sante w yo atravè Original Medicare oswa atravè yon plan Medicare Advantage. Ou ka resevwa benefis medikaman sou preskripsyon Medicare Pati D apatide yon plan pou medikaman sou preskripsyon oswa apatide yon plan Medicare Advantage. Epitou se dwa w pou resevwa sèvis Medicaid ou atravè lòt pwogram ikonpri Program of All-Inclusive Care for the Elderly (Pwogram Tout Swen Enkli pou Moun Aje: PACE), Medicaid Advantage Plus, Managed Long-Term Care (Swen Kontwole Alontèm), oswa Medicaid Fee-For-Service [Frè pou Sèvis Medicaid] (Original Medicaid).

H. Se dwa w pou pran desizyon sou swen sante w

Se dwa w pou konnen opsyon tretman w genyen e pou pran desizyon konsènan sèvis ou yo

Se dwa w pou doktè w yo ak lòt pwofesyonèl swen sante yo ba w enfòmasyon konplè lè wap resevwa sèvis. Epitou se dwa w pou w al wè doktè yo ak lòt pwofesyonèl swen sante ki ka satisfè sa w bezwen yo. Sa enkli pwofesyonèl swen sante ki ka ede w satisfè bezwen swen sante w, kominike avèk ou nan yon fason ou ka konprann, epi pou yo ba w sèvis nan etablisman kote w ka gen aksè fizikman. Epitou ou ka chwazi pou yon manm fanmi w oswa youn moun ki bay swen patisipe nan diskisyon kap fèt sou sèvis ak tretman ou. Se dwa w pou nonmen yon moun pou l pale pou ou konsènan swen ou bezwen.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

- **Ou fèt pou konnen ki chwa w genyen.** Se dwa w pou yo di w tout kalite tretman ki genyen. Se dwa w pou pale avèk e pou resevwa enfòmasyon nan men pwofesyonèl ki bay swen sante yo sou tout chwa tretman ki disponib ak altènativ ki genyen, kèlkeswa pri yo koute, epi se dwa w pou yo prezante w chwa sa yo nan yon fason ou ka konprann.
- **Ou fèt pou konnen ki risk ki genyen.** Se dwa w pou yo fè w konnen kèlkeswa risk ki genyen. Se pou yo fè w konnen davans si nenpòt nan sèvis oswa nan tretman yo fè patide yon rechèch eksperimantal. Se dwa w pou refize tretman eksperimantal.
- **Ou ka pran yon dezyèm opinyon.** Se dwa w pou konsilte yon lòt pwofesyonèl swen sante anvan w deside pran yon tretman.
- **Ou ka di “non.”** Se dwa w pou w aksepte oswa refize nenpòt tretman. Sa enkli, dwa pou kite yon lopital oswa yon lòt etablisman medikal, menmsi pwofesyonèl swen sante a dekonseye w fè sa. Epitou ou gen dwa sispann pran yon medikaman. Si w refize pran yon tretman oswa si w sispann pran yon medikaman Aetna Better Health FIDA Plan pap retire w nan plan an. Sepandan, si w refize pran tretman oswa w sispann pran yon medikaman, se oumenm kap andose tout responsabilite sizoka yon bagay rive w.
- **Ou ka mande nou esplike w pouki yon pwofesyonèl swen sante refize ba w swen.** Se dwa w pou resevwa yon esplikasyon nan men nou si yon pwofesyonèl swen sante te refize ba w swen tandiske w panse ou dwe resevwa swen sa a.
- **Se dwa w pou resevwa yon esplikasyon alekri.** Si yo pat aksepte ba w sèvis, atik, oswa medikaman ki kouvri yo, se dwa w pou resevwa yon esplikasyon alekri san w pa oblije mande pou yo ba w youn.
- **Ou ka mande nou pou nou kouvri yon sèvis, yon atik, oswa yon medikaman yo te refize oswa ke jeneralman ki pa kouvri.** Yo rele sa pran yon desizyon sou sa plan an ap kouvri. Chapit 9 esplike w kijan pou mande Aetna Better Health FIDA Plan oswa Ekip Entèdisiplinè (IDT) ou pou pran yon desizyon sou sa plan an ap kouvri.
- **Ou ka patisipe nan planifikasyon swen w.** Antanke Patisipan nan Aetna Better Health FIDA Plan, yo pral fè yon evalyasyon konplè pou yo konn kisa w bezwen sou 90 jou apre w fin anrejistre oswa nan sis mwa apre dènye evalyasyon yo fè pou ou a, si w antre nan Aetna Better Health FIDA Plan lè w soti nan Aetna Better Health of New York MLTC. Epitou ou pral rankontre ak IDT ou pou devlope yon Plan Sèvis ki Konsantre sou yon Moun (Person-Centered Service Plan, PCSP) epi pou fè mizajou ladann, lè li nesèsè. Se dwa w pou mande pou yo ba w yon nouvo Evalyasyon Konplè oswa pou yo fè yon mizajou nan PCSP ou nenpòt ki lè. Pou ka gen plis enfòmasyon, al gade nan Chapit 1.
- **Se dwa w pou resevwa enfòmasyon konplè e kòrèk konsènan sante w ak eta fonksyonèl ou nan men pwofesyonèl ki ba w swen sante a, nan men IDT ou ak nan men Aetna Better Health FIDA Plan.**



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Se dwa w pou di sa w vle ki rive si w pa ka pran yon desizyon sou swen sante w pèsònèlman

Pafwa moun pa ka pran okenn desizyon medikal pou tèt yo. Anvan sa rive w, ou kapab:

- Ranpli yon fòm alekri pou **bay yon moun dwa pou l pran desizyon medikal pou ou.**
- **Bay pwofesyonèl swen sante w yo enstriksyon alekri** sou kijan ou vle yo okipe swen medikal ou sizoka w pa ta anmezi pou pran desizyon pou tèt ou.

Dokiman legal ou ka itilize pou bay enstriksyon yo rele yon *direktiv davans*. Gen diferan tip direktiv alavans epi yo gen non diferan. Men egzanp lòt non yo genyen: *testaman byolojik* ak *manda pou swen medikal*. Lè w anrejistre w nan plan an, nap fè w konnen ki dwa ou genyen pou drese yon direktiv alavans. Epitou nap pale w de dwa sa a lè nap fè mizajou pou ou sou Plan Sèvis ki Konsantre sou yon Moun lan.

Ou pa oblije itilize yon direktiv alavans, sepandan si w vle ou ka itilize li. Men sa pou fè:

- **Pran fòm lan.** Ou ka pran yon fòm lan nan men Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal ou, nan men yon avoka, nan yon ajans sèvis legal oswa nan men yon travayè sosyal. Òganizasyon ki bay moun enfòmasyon sou Medicare oswa Medicaid (tankou Biwo pou Moun Aje nan Eta New York, Asosyasyon Bawo Vil New York ak AARP) ka gen fòm direktiv alavans yo tou. Epitou ou ka kontakte Sèvis Patisipan an pou mande pou fòm yo.
- **Ranpli fòm lan epi siyen l.** Fòm sa a se yon dokiman legal. Se pou ta konsidere pran yon avoka ki pou ede w prepare fòm lan.
- **Bay moun ki dwe okouran de sa, kopi fòm lan.** Ou fèt pou bay Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal ou yon kopi fòm lan. Epitou ou ta dwe bay moun ou dezilyen antanke moun ki pou pran desizyon pou ou, yon kopi tou. Epitou ou ta gen enterè bay zanmi pwòch ou ak manm fanmi w kopi fòm lan. Asire w ke w kenbe yon kopi lakay ou.

Si yo pral entène w lopital epi w te gen tan siyen yon direktiv alavans la, **ale lopital ak kopi a.**

- Lopital la pral mande w si w te siyen yon fòm direktiv alavans epi yap mande w si w genyen l sou ou.
- Si w pat siyen yon fòm direktiv alavans, lopital la gen fòm yo disponib epi yap mande w si w vle siyen youn.

Sonje, se chwa pa w si w vle oswa si w pa vle ranpli yon fòm direktiv alavans.

Kisa pou fè si yo pa suiv enstriksyon w te pase yo

Aetna Better Health FIDA Plan ak pwofesyonèl swen sante nou yo fèt pou onore enstriksyon w yo. Si w te siyen yon direktiv alavans, e w panse gen yon pwofesyonèl swen sante ki pat suiv enstriksyon ki te ladann yo, ou ka soumèt yon plent avèk Liy Asistans pou Pote Plent pou Lopital la nan Depatman Sante



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Eta Nouyòk (New York State Department of Health Hospital Complaint Line) nan 1-800-804-5447 oswa nan Sant Asistans Teknik pou Swen Kontwole Alontèm (Managed Long Term Care Technical Assistance Center) nan 1-866-712-7197.

I. Se dwa w pou mande pou yo ede w

Chapit 2 gen nimewo telefòn pou kontakte plizyè resous ki ka ede. Se dwa w pou mande pou asistans san ke Aetna Better Health FIDA Plan pa entèfere. Ou ka mande ajans yo ede w tankou Rezo Endepandan pou Defans Konsomatè (ICAN) oubyen Medyatè Swen Alontèm nan Eta Nouyòk.

- ICAN ka ba w enfòmasyon epi l ka ede w ak sa Aetna Better Health FIDA Plan kouvri. Ou ka rele ICAN nan 1-844-614-8800. (TTY, rele 711, apres a suiv direktiv pou fòmè 844-614-8800.)
- Medyatè Swen Alontèm nan Eta Nouyòk la ka ba w enfòmasyon epi l ka ede w konsènan dwa w genyen antanke yon rezidan nan yon etablisman ki bay swen alontèm. Rele nan 1-800-342-9871 pou enfòmasyon sou kijan w ka kontakte medyatè swen alontèm lokal la.

Gen lòt resous ki aladispozisyon w, ikonpri sa ki liste nan Chapit 2 yo. Se dwa w pou mande antite ki nan Chapit 2 yo oswa nenpòt ki lòt antite ke w idantifye, pou yo ede w.

J. Se dwa w pou soumèt yon plent epi pou mande nou rekonsidere desizyon nou pran yo

Chapit 9 pale de sa w ka fè si w gen nenpòt pwoblèm oswa enkyetid konsènan swen oswa sèvis ou yo ki kouvri. Pa egzanp, ou ka mande nou pou n pran yon desizyon sou sa plan an kouvri, ou ka soumèt yon demann dapèl pou n chanje yon desizyon nou pran sou sa plan an kouvri, oswa ou ka soumèt yon plent.

Se dwa w pou jwenn enfòmasyon sou apèl ak plent lòt Patisipan te soumèt kont Aetna Better Health FIDA Plan. Pou jwenn enfòmasyon sa a, rele Sèvis Patisipan an.

Kisa pou fè si w panse yo trete w defason ki pa jis oswa si w panse yo pa respekte dwa w yo

Si w panse yo trete w yon fason ki pa jis—epi se *pa* pa poutèt diskriminasyon baze sou rezon ki liste nan paj 132 - ou ka jwenn èd nan fason sa yo:

- Ou ka **rele Sèvis Patisipan** epi w ka soumèt yon plent avèk Aetna Better Health FIDA Plan jan nou dekri l nan Chapit 9.
- Ou ka **rele Health Insurance Information, Counseling and Assistance Program (HIICAP)** nan 1-800-701-0501.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

- Ou ka **rele Medicare** nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 sou 24, 7 jou sou 7. TTY dwe rele nan 1-877-486-2048.
- Ou ka **rele Medicaid** nan 1-800-541-2831. TTY dwe rele nan 1-877-898-5849.
- Ou ka **rele Rezo Endepandan pou Defans Konsomatè a (ICAN)** nan 1-844-614-8800. (TTY, rele 711, apres a suiv direktiv pou fòmè 844-614-8800.)

Kèlkeswa sikonstans yo, se dwa w pou soumèt yon plent entèn avèk Aetna Better Health FIDA Plan, yon plent ekstèn ak Medicare oswa ak Depatman Sante Eta Nouyòk (New York State Department of Health, NYS GOH), oswa soumèt yon demann pou yon pwosedi dapèl poutèt nenpòt desizyon ki konsène sa plan an kouvri. Nan Chapit 9 la wap jwenn pwosedi pou soumèt nenpòt nan sa yo.

Kijan pou jwenn plis enfòmasyon sou dwa w yo

Gen plizyè fason w ka jwenn plis enfòmasyon sou dwa w yo:

- Ou ka **rele Sèvis Patisipan**.
- Ou ka **rele Health Insurance Information, Counseling and Assistance Program (HIICAP)** nan 1-800-701-0501.
- Ou ka **kontakte Medicare**.
 - » Ou ka ale nan sit Entènèt Medicare la pou w li oswa pou teledèchaje "Dwa & Pwoteksyon Medicare." (Ale nan <https://www.medicare.gov/Pubs/pdf/02226.pdf>.)
 - » Oubyen w ka rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. TTY dwe rele nan 1-877-486-2048.
- Ou ka **rele Medicaid** nan 1-800-541-2831. TTY dwe rele nan 1-877-898-5849.
- Ou ka **rele Rezo Endepandan pou Defans Konsomatè a (ICAN)** nan 1-844-614-8800. (TTY, rele 711, apres a suiv direktiv pou fòmè 844-614-8800.)

Kijan w ka jwenn èd pou konprann dwa w yo oswa pou egzèse yo

Ou ka rele Rezo Endepandan pou Defans Konsomatè a (ICAN) nan 1-844-614-8800. (TTY, rele 711, apres a suiv direktiv pou fòmè 844-614-8800.) ICAN bay enfòmasyon ak asistans gratis. Li pa aflye ak plan nou an.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

K. Se dwa w pou sijere chanjman

Se dwa w pou rekòmande Aetna Better Health FIDA Plan, Medicare, New York State Department of Health (Depatman Sante Eta Nouyòk), oswa nenpòt reprezantan ekstèn ke w chwazi, pou yo fè chanjman nan règleman e nan sèvis yo bay.

L. Antanke yon Patisipan nan Aetna Better Health FIDA Plan, ou gen responsabilite tou

Antanke yon Patisipan nan Aetna Better Health FIDA Plan, ou gen yon responsabilite pou fè bagay ki make pi ba yo. Si w gen nenpòt ki kesyon, rele Sèvis Patisipan an.

- **Li Tiliv pou Patisipan an pou ka konnen kisa ki kouvri nan plan an ak ki règ ou bezwen suiv pou ka jwenn sèvis, atik ak medikaman ki kouvri yo.** Sa gen ladann, chwazi yon Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal ak itilize pwofesyonèl swen sante rezo yo pou sèvis, atik ak medikaman ki kouvri yo. Si w pa konprann yon bagay, rele Sèvis Patisipan an.
 - » Pou w ka gen detay sou sèvis ak atik ki kouvri yo, al gade nan Chapit 3 ak Chapit 4. Chapit sa yo fè w konnen kisa plan an kouvri, kisa li pa kouvri, ki règ ou dwe suiv, ak kisa w gen pou w peye.
 - » Pou w ka gen detay sou medikaman ki kouvri yo, al gade nan Chapit 5 ak Chapit 6.
- **Fè nou konnen si w gen nenpòt ki lòt asirans sante oswa asirans ki kouvri medikaman w.** Nou oblije asire nou ke wap itilize tout opsyon pwoteksyon asirans ou yo lè wap resevwa sèvis. Si w gen lòt pwoteksyon asirans, tanpri, rele Sèvis Patisipan an.
- **Fè Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal ou ansanm ak lòt pwofesyonèl swen sante yo, konnen ke w enskri nan Aetna Better Health FIDA Plan.** Montre yo kat idantifikasyon Patisipan Aetna Better Health FIDA Plan ou achak fwa wap resevwa sèvis, atik, oswa medikaman.
- **Ede Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal ou ansanm ak lòt pwofesyonèl swen sante yo pou yo ba w pi bon kalite swen ki genyen.**
 - » Rele Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal ou oswa Responsab Swen an si w malad oswa si w domaje/blese pou yo di w kisa pou w fè tousuit. Lè w bezwen swen dijans nan men yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a, avize Aetna Better Health FIDA Plan leplito ke posib. Nan ka dijans, rele 911.
 - » Bay pwofesyonèl swen sante w yo enfòmasyon yo bezwen sou oumenm ak sou sante w. Se pou konnen tout sa w kapab sou pwoblèm sante w genyen yo. Suiv plan tretman yo etabli yo ak rekòmandasyon ke ni ou ni pwofesyonèl swen sante w yo dakò pou suiv.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

- » Asire w ke Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal ou ak lòt pwofesyonèl swen sante yo konnen tout medikaman wap pran yo. Sa gen ladann, medikaman sou preskripsyon, medikaman yo vann san preskripsyon, vitamin ak sipleman.
 - » Si w gen nenpòt kesyon, fè ansòt ou poze yo. Pwofesyonèl swen sante w yo fèt pou yo esplike w tout bagay nan yon fason pou ka byen konprann. Si w poze yon kesyon epi w pa konprann repons la, poze kesyon an ankò.
 - » Ou fèt pou konprann wòl Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal ou, wòl Responsab Swen w lan, ak wòl Ekip Entèdisiplinè a (IDT) a jwe pou ba w swen e pou yo fè aranjman pou ka jwenn lòt sèvis swen sante ou ka bezwen.
 - » Patisipe nan devlopman Plan Sèvis ki Konsantre sou yon Moun (Person-Centered Service Plan: PCSP) ak IDT ou, epi pa rate randevou w yo oswa avize Responsab Swen w lan oswa IDT ou si w pa ka ale nan yon randevou.
- **Se pou gen konsiderasyon.** Nou atann nou aske tout Patisipan nou yo respekte dwa lòt Patisipan yo. Epitou nou atann nou aske w aji avèk respè lè w nan klinik Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal ou, nan lopital, nan klinik lòt pwofesyonèl swen sante, epi lè wap kominike avèk anplwaye Aetna Better Health FIDA Plan.
 - **Peye sa w dwe.** Antanke yon Patisipan nan Aetna Better Health FIDA Plan, se responsabilite w pou w peye pri total yo chaje w pou nenpòt sèvis, atik, oswa medikaman ke plan an pa kouvri.
 - ➔ Si w pa dakò ak desizyon IDT ou oswa desizyon Aetna Better Health FIDA Plan pran pou l pa kouvri yon sèvis, yon atik oswa yon medikaman, ou ka soumèt yon demann pou yon pwosedi dapèl. Tanpri, al gade nan Chapit 9 pou ka konnen kijan pou fè yon demann dapèl.
 - **Fè nou konnen si w demenaje.** Si w pral demenaje, li enpòtan pou di n sa tousuit. Rele Sèvis Patisipan an.
 - » **Si w demenaje epi w ale andeyò zòn sèvis nou an, ou paka yon Patisipan nan Aetna Better Health FIDA Plan.** Chapit 1 ba w enfòmasyon sou zòn nou desèvi. Ajan ki Responsab Anrejistreman an ka ede w konnen si wap demenaje pou ale abite andeyò zòn kote nou bay sèvis la epi li ka ede w idantifye asirans altènatif pou Medicare ak Medicaid. Epitou, pa bliye bay Medicare ak Medicaid nouvo adrès kote w al rete a. Al gade nan Chapit 2 pou ka jwenn nimewo telefòn Medicare ak Medicaid.
 - » **Menm si w al rete nan yon zòn ke nou desèvi, se pou fè nou konnen kanmenm.** Nou dwe kenbe enfòmasyon sou patisipasyon w antanke manm ajou e se pou n konnen kijan nou ka kontakte w.
 - **Se pou fè nou konnen si gen nenpòt chanjman nan enfòmasyon pèsònèl ou, ikonpri nan revni w oswa nan byen w genyen.** Ou fèt pou bay Aetna Better Health FIDA Plan enfòmasyon ki kòrèk e ki konplè.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

- » Li enpòtan pou di nou tousuit si gen yon chanjman ki fèt nan enfòmasyon pèsonèl ou tankou si nimewo telefòn ou, adrès ou, eta sivil ou chanje, oubyen si w gen lòt moun ki vin ajoute nan fanmi w, si gen chanjman nan elijibilite w, oswa nan lòt enfòmasyon sou pwoteksyon asirans sante.
 - » Si w gen chanjman nan byen ou gen nan kont anbank ou, nan lajan kach ou gen ki disponib, nan sètifika depo, nan aksyon, nan polis asirans sou vi w, oswa si gen nenpòt chanjman nan byen w genyen, tanpri avize Sèvis Patisipan an ak Eta Nouyòk.
- **Rele Sèvis Patisipan an pou yo ka ede w si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid. Fè nou konnen kèlkeswa pwoblèm ou genyen an imedyatman.**



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Chapit 9: Kisa pou fè si w gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou sa plan an kouvri, demann dapèl, doleyans)

Kisa ki gen nan chapit sa a?

Chapit sa a gen enfòmasyon sou desizyon sou sa plan an ap kouvri ak sou dwa ou genyen pou pote plent e pou ale annapèl. Li chapit sa a pou ka konnen kisa pou w fè si:

- Ou gen yon pwoblèm avèk plan w lan oswa yon plent sou plan w lan.
- Si w bezwen yon sèvis, yon atik, oswa yon medikaman ke Ekip Entèdisiplinè w (IDT) oswa plan te fè konnen li pap peye pou li.
- Si w pa dakò ak yon desizyon IDT ou oswa plan te pran konsènan swen sante w.
- Si w panse sèvis ak atik ou ki kouvri yo ap fini twò bonè.

Si w gen yon pwoblèm oswa yon enkyetid, sèl pati ou bezwen li nan chapit sa a se pati ki aplike a sityasyon w. Chapit sa a divize an plizyè seksyon diferan pou ede w jwenn enfòmasyon an pi fasilman asavwa kisa pou w fè sizoka w ta gen pwoblèm oswa enkyetid.

Si w gen yon pwoblèm ak sante w oswa ak sèvis ak sipò alontèm

Ou fèt pou resevwa swen sante, medikaman, sèvis ak sipò alontèm depi Ekip Entèdisiplinè (IDT) w la detèmine sèvis sa yo nesèsè pou sante w, kit yo fè patide Plan Sèvis ki Konsantre sou yon Moun (PCSP) w la oswa poutèt gen yon bezwen ki manifeste andeyò PCSP ou la. **Si w gen yon pwoblèm avèk swen wap resevwa a, ou ka rele Rezo Endepandan pou Defans Konsomatè a (ICAN) nan 1-844-614-8800 pou l ede w.** Chapit sa a esplike diferan opsyon ou genyen pou diferan pwoblèm ak diferan plent, sepandan ou ka toujou rele ICAN pou l ede w ak gide w avèk pwoblèm ou an.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Tabmatyè

Kisa ki gen nan chapit sa a?	145
Si w gen yon pwoblèm ak sante w oswa ak sèvis ak sipò alontèm	145
Seksyon 1: Entwodiksyon	148
Seksyon 1.1: Men sa pou fè si w gen yon pwoblèm	148
Seksyon 1.2: Kisa tèm legal yo vle di?	148
Seksyon 2: Ki kote pou rele pou mande ede w?	148
Seksyon 2.1: Men ki kote pou jwenn plis enfòmasyon ak èd	148
Seksyon 3: Ou gen pwoblèm ak sa ki kouvri yo	149
Seksyon 3.1: Deside si pou soumèt yon demann dapèl oswa yon plent	149
Seksyon 4: Desizyon sou sa plan an ap kouvri ak demann dapèl	150
Seksyon 4.1: Apèsi sou desizyon sou sa plan an ap kouvri ak demann dapèl	150
Seksyon 4.2: Mande pou yo ede w ak desizyon sou sa plan an ap kouvri ak demann dapèl yo	150
Seksyon 4.3: Ki seksyon nan chapit sa a ki pral ede w?	151
Seksyon 5: Pwoblèm poutèt sèvis, atik, ak medikaman (men pa pou medikaman Medicare Pati D)	153
Seksyon 5.1: Men kilè pou itilize seksyon sa a	153
Seksyon 5.2: Men kijan pou mande yon desizyon sou sa plan an ap kouvri	154
Seksyon 5.3: Apèl Nivo 1 pou sèvis, atik, ak medikaman yo (men se pa pou medikaman Medicare Pati D)	157
Seksyon 5.4: Apèl Nivo 2 pou sèvis, atik, ak medikaman yo (men se pa pou medikaman Medicare Pati D)	161
Seksyon 5.5: Pwoblèm peman yo	163
Seksyon 6: Medikaman Medicare Pati D	165
Seksyon 6.1: Kisa pou fè si w gen yon pwoblèm pou resevwa medikaman Pati D oswa si w vle nou ranbouse w pou medikaman Pati D	165
Seksyon 6.2: Kisa yon eksepsyon ye?	166



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Seksyon 6.3: Bagay enpòtan ou dwe konnen lè wap mande pou yo fè eksepsyon	167
Seksyon 6.4: Kijan pou mande yon desizyon sou sa plan an ap kouvri pou yon medikaman Pati D oswa pou ranbousman pou yon medikaman Pati D, ikonpri yon eksepsyon	168
Seksyon 6.5: Apèl Nivo 1 pou medikaman Pati D	171
Seksyon 6.6: Apèl Nivo 2 pou medikaman Pati D	173
Seksyon 7: Men kijan pou mande nou kouvri yon peryòd ki pi long nan lopital la	174
Seksyon 7.1: Aprann dwa Medicare ou genyen yo	175
Seksyon 7.2: Apèl Nivo 1 nan Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite (QIO) pou chanje dat yap egzeyate w lopital la	176
Seksyon 7.3: Apèl Nivo 2 nan Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite (QIO) pou chanje dat yap egzeyate w lopital la	178
Seksyon 7.4: Kisa kap rive si m rate dat limit pou fè yon apèl?	179
Seksyon 8: Kisa pou w fè si w panse swen sante adomisil ou, swen enfimye espesyalize, oswa sèvis etablisman ki bay pasyan ki pa entèn swen reyabilitasyon konplè (Comprehensive Outpatient Rehabilitation Facility, CORF) fini twò bonè	181
Seksyon 8.1: Nap di w davans kilè pwoteksyon w lan pral fini	181
Seksyon 8.2: Apèl Nivo 1 bay Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite (QIO) pou kontinye swen sante w.	182
Seksyon 8.3: Apèl Nivo 2 bay Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite (QIO) pou kontinye swen sante w.	184
Seksyon 8.4: Kisa kap rive si w rate dat limit pou fè Apèl Nivo 1 ou?	185
Seksyon 9: Ale annapèl nan nivo ki depase Nivo 2	187
Seksyon 9.1: Pwochen etap pou sèvis, atik ak medikaman (pa pou medikaman Medicare Pati D)	187
Seksyon 9.2: Pwochen etap pou medikaman Medicare Pati D	187
Seksyon 10: Men kijan pou soumèt yon plent	188
Seksyon 10.1: Plent entèn yo	189
Seksyon 10.2: Plent ekstèn yo	191



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Seksyon 1: Entwodiksyon

Seksyon 1.1: Men sa pou fè si w gen yon pwoblèm

Chapit sa a di w kisa pou w fè si w gen yon pwoblèm ak plan w lan oswa yon pwoblèm ak sèvis oswa peman w. Medicare ak Medicaid apwouve pwosede sa yo. Chak pwosede gen yon seri règ, pwosedi, ak dat limit ni oumenm ni noumenm fèt pou n suiv.

Seksyon 1.2: Kisa tèm legal yo vle di?

Gen tèm legal ki pa fasil pou sèten règ ak dat limit nan chapit sa a. Plizyè nan tèm sa yo ka difisil pou aprann, kidonk nou itilize mo ki pi senp olyede sèten tèm legal. Nou itilize lemwens abrevyasyon ke posib.

Pa egzanp, nou pral ekri:

- "Desizyon sou sa plan an ap kouvri" olyede "detèminasyon òganizasyon an", oswa "detèminasyon sou pwoteksyon "
- "Desizyon pwoteksyon rapid" olyede "detèminasyon ekspeditif"

Lè w konprann e lè w konnen kisa tèm legal kòrèk la vle di, sa ka ede w kominike pi klèman, donk nou bay tèm sa yo tou.

Seksyon 2: Ki kote pou rele pou mande ede w?

Seksyon 2.1: Men ki kote pou jwenn plis enfòmasyon ak èd

Pafwa ou ka konfi lè wap kòmanse oswa lè wap suiv pwosedi pou rezoud yon pwoblèm. Sa se vre sitou si w pa santi w byen oswa si w pa gen anpil enèji. Gen lòt fwa, ou ka pa santi w gen ase konesans pou antame pwochen etap la.

Ou ka jwenn èd nan men Rezo Endepandan pou Defans Konsomatè a

Si w bezwen èd, ou ka toujou rele Rezo Endepandan pou Defans Konsomatè a (ICAN). Leta te kreye ICAN pou l ede w avèk apèl e avèk lòt pwoblèm. ICAN ka reponn kesyon w yo epi li ka ede w konprann kisa pou w fè pou rezoud pwoblèm ou. ICAN pa gen okenn rapò avèk nou ni avèk nenpòt konpayi asirans oswa plan sante. ICAN ka ede w konprann dwa w genyen yo epi li ka ede w konprann kijan w ka pataje enkyetid ou oswa mezantant ou. Epitou ICAN ka ede w kominike enkyetid ak mezantant ou genyen avèk nou. Nimewo telefòn pou apèl gratis la pou ICAN se 1-844-614-8800. Sèvis yo gratis.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Ou ka mande Pwogram Asistans Asirans Sante Leta a pou l ede w

Epitou ou ka rele Pwogram Asistans Asirans Sante Leta (SHIP). SHIP se yon pwogram leta ki resevwa finansman nan men gouvènman federal la. Nan Eta Nouyòk, yo rele SHIP la Pwogram Enfòmasyon sou Asirans Sante, sou Konsèy ak sou Asistans (Health Insurance Information, Counseling, and Assistance Program: HIICAP) Konseye HIICAP yo ka reponn kesyon w yo epi li ka ede w konprann kisa pou w fè pou rezoud pwoblèm ou. HIICAP la pa konekte avèk nou ni li pa konekte ak okenn konpayi asirans ni okenn plan asirans sante. HIICAP la gen konseye ki resevwa fòmasyon e sèvis li bay yo gratis. Nimewo telefòn HIICAP se 1-800-701-0501.

Kijan pou jwenn èd nan men Medicare

Epitou ou ka rele Medicare dirèkteman pou yo ede w ak pwoblèm ou yo. Men de (2) fason ou ka fè Medicare ede w:

- Rele Medicare nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. TTY dwe rele nan 1-877-486-2048. Apèl la gratis.
- Ale nan sitwèb Medicare la (<http://www.medicare.gov>).

Seksyon 3: Ou gen pwoblèm ak sa ki kouvri yo

Seksyon 3.1: Deside si pou soumèt yon demann dapèl oswa yon plent

Si w gen yon pwoblèm oswa yon enkyetid, sèl pati ou bezwen li nan chapit sa a se pati ki dekri pwosedi pou suiv konsènan tip enkyetid ou genyen an. Tablo ki pi ba a ap ede w jwenn seksyon ou bezwen nan chapit sa a pou demann dapèl ak plent yo.

Èske pwoblèm oswa enkyetid ou genyen an konsène sa ki kouvri?

(Ladann gen pwoblèm asavwa si sèten sèvis, sèten atik, oswa sèten medikaman sou preskripsyon an patikilye kouvri oswa pa kouvri, nan ki fason plan an kouvri yo, pwoblèm ki gen rapò a peman pou sèvis, pou atik, oswa pou medikaman sou preskripsyon.)

Wi.

Pwoblèm mwen konsène sa ki kouvri yo.

Ale nan **Seksyon 4: “Desizyon sou sa plan an ap kouvri ak demann dapèl”** nan paj 150.

Non.

Pwoblèm mwen pa konsène sa ki kouvri yo.

Ale pi devan nan **Seksyon 10: “Men kijan pou soumèt yon plent”** nan paj 188.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan 1-855-494-9945 (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Seksyon 4: Desizyon sou sa plan an ap kouvri ak demann dapèl

Seksyon 4.1: Apèsi sou desizyon sou sa plan an ap kouvri ak demann dapèl

Pwosedi pou mande yo pran desizyon pou kouvri sèvis oswa pou fè demann dapèl ki gen rapò ak pwoblèm ki konsène benefis ak pwoteksyon plan an. Li gen pwoblèm peman ladan tou.

Kisa ki se yon desizyon sou sa plan an ap kouvri?

Yon *desizyon sou sa plan an ap kouvri* se yon premye desizyon Ekip Entèdisiplinè (IDT) ou, plan an, oswa yon espesyalis otorize pran konsènan benefis ou ak sa ki kouvri oswa konsènan montan lajan plan an pral peye pou sèvis medikal, atik, ak medikaman ou resewa. IDT ou, plan an, oswa espesyalis otorize ap pran yon desizyon sou sa plan an ap kouvri nenpòt lè li deside kisa ki kouvri pou ou ak konbyen lajan plan an pral peye. Pami espesyalis otorize yo gen dantis, optometris, oftalmòlòg, ak odyològ.

Si ou menm oswa pwofesyonèl swen sante w la pa fin si plan an ap kouvri sèvis, atik, oswa medikaman, youn nan nou ka mande pou plan an pran yon desizyon sou sa lap kouvri anvan pwofesyonèl swen sante a bay sèvis, atik oswa medikaman an.

Kisa yon apèl (demann dapèl) ye?

Yon *apèl* se yon fason ofisyèl pou mande nou revwa yon desizyon IDT ou oswa plan an te pran, oswa yon espesyalis otorize te pran epi wap mande pou nou chanje desizyon an si w panse gen yon erè ki te fèt. Pa egzanp, si IDT ou, plan an, oswa yon espesyalis otorize ka deside ke yon sèvis, yon atik oswa yon medikaman ou vle pa kouvri. Si ou menm oswa pwofesyonèl swen sante w pa dakò ak desizyon sa a, ou ka ale ann apèl.

→ **NOTE:** Ou se yon manm IDT. Ou ka fè yon demann dapèl menm si w te patisipe nan diskisyon ki te fè yo pran desizyon pwoteksyon pou sa ou vle ale ann apèl.

Seksyon 4.2: Mande pou yo ede w ak desizyon sou sa plan an ap kouvri ak demann dapèl yo

Ki moun mwen ka mande ede m ak desizyon sou sa plan an ap kouvri oswa pou m fè yon demann dapèl?

Ou ka mande nenpòt nan moun sa yo pou ede w:

- Rele **Sèvis Patisipan an** nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7.
- Rele **Responsab Swen** w lan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**).
- Rele **Rezo Endepandan pou Defans Konsomatè (ICAN)** pou jwenn èd gratis. ICAN se yon òganizasyon endepandan. Li pa gen okenn koneksyon ak plan nou an. Nimewo telefòn la se 1-844-614-8800.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

- Rele **Pwogram Enfòmasyon sou Asirans Sante, sou Konsèy ak Asistans (HIICAP)** pou jwenn èd gratis. HIICAP se yon òganizasyon endepandan. Li pa gen okenn koneksyon ak plan nou an. The phone number is Nimewo telefòn la se 1-800-701-0501.
- Pale ak **pwofesyonèl swen sante ou**. Pwofesyonèl swen sante w la ka mande pou yo pran yon desizyon sou sa plan an ap kouvri a oswa li ka soumèt yon demann dapèl pou ou.
- Pale ak yon **zanmi w oswa yon fanmi w** epi mande l aji pou ou. Ou ka nonmen yon lòt moun ki pou aji pou w antanke "reprizantan" w pou mande yo pran yon desizyon sou sa plan an ap kouvri oswa pou yo soumèt yon demann dapèl pou ou.
 - » Nenpòt moun ka ede w mande pou yon desizyon sou sa plan an ap kouvri oswa pou yon apèl.
 - » Se sèl yon moun ou deziyen alekri ki ka reprezante w pandan apèl ou a. Si se yon zanmi w, yon fanmi w, oswa yon lòt moun ou vle kòm reprezantan w pandan pwosedi apèl ou a, ou ka swa ranpli fòm pou "Nonmen yon Reprizantan (Appointment of Representative)" oswa w ka ekri epi siyen yon lèt pou fè konnen ki moun ou vle kòm reprezantan w.
 - Pou ka pran yon fòm pou "Nonmen yon Reprizantan," annik rele Sèvis Patisipan epi mande pou yo voye fòm lan pou w. Epitou ou ka jwenn fòm lan sou sit Entènèt Medicare la nan <https://www.cms.gov/Medicare/CMS-Forms/CMS-Forms/downloads/cms1696.pdf> oswa sou sitwèb nou an nan **www.aetnabetterhealth.com/newyork**. Fòm lan pral bay moun nan pèmasyon pou l aji pou ou. Ou fèt pou ba nou yon kopi fòm ou siyen an; OSWA
 - Ou ka ekri yon lèt epi swa ou voye li ba nou oswa w ka mande moun ou site nan lèt la antanke reprezantan w pou l voye l ba nou.
- **Epitou ou gen dwa mande yon avoka pou l aji pou ou**. Ou ka rele pwòp avoka w, oswa ou gen jwenn non yon avoka nan asosyasyon bawo avoka lokal la oswa atravè lò sèvis ki refere avoka. Gen sèten gwoup legal ki dispoze ba w sèvis legal gratis si w kalifye. Si w vle gen yon avoka ki pou reprezante w, wap gen pou ranpli fòm pou Nonmen yon Reprizantan.
Sepandan, **ou pa oblije gen yon avoka** pou mande nenpòt ki kalite desizyon sou sa plan an ap kouvri oswa pou fè yon demann dapèl.

Seksyon 4.3: Ki seksyon nan chapit sa a ki pral ede w?

Gen kat kalite sitiasyon diferan ki enplike desizyon sou sa plan an ap kouvri ak demann dapèl. Chak sitiasyon gen diferan règ ak diferan dat limit. Nou separe chapit sa a an diferan seksyon pou ede w jwenn règ ou bezwen suiv yo. **Sèl seksyon ou bezwen li se seksyon ki konsène pwoblèm ou genyen an:**

- **Seksyon 5 nan paj 153** ba w enfòmasyon pou ka konnen kisa pou fè si w gen yon pwoblèm konsènan sèvis, atik, ak medikaman yo (men **pa** medikaman Pati D). Itilize seksyon sa a si pa egzanzp:
 - Ou pa resevwa swen medikal ou vle, epi w kwè ke plan an kouvri swen medikal sa a.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan **www.aetnabetterhealth.com/newyork**.

- Ekip Entèdisiplinè (IDT) a, plan an, oswa espesyalis otorize a pat apwouve sèvis, atik, oswa medikaman yo, epi ou kwè yo ta dwe kouvri swen sante sa a.
 - **NOTE:** Itilize Seksyon 5 sèlman si Pati D **pa** kouvri medikaman sa yo. *Lis Medikaman ki Kouvri yo* ki gen yon asteriks bò kote yo (*) **pa** kouvri anba Pati D. Gade seksyon 6 nan paj 165 pou enstriksyon sou pwosesis pou demann dapèl pou medikaman Pati D yo.
- Ou te resevwa sèvis oswa atik ou panse yo ta dwe kouvri, sepandan IDT ou, plan an, oswa espesyalis otorize a deside ke plan an pa pral peye pou swen sa yo.
- Ou te resevwa e w peye pou sèvis oswa pou atik ou te panse ki te kouvri yo, e w vle pou plan an ranbouse w pou yo.
- Yo fè w konnen swen ou resevwa ki kouvri pral diminye oswa yo pral sispann, epi w pa dakò ak desizyon an.
 - **NOTE:** Si sa yo kouvri ki pral sispann lan se swen nan lopital, swen sante adomisil, swen nan etablisman ki bay swen enfimye espesyalize, oswa sèvis nan Etablisman ki bay Pasyan ki pa Entènè Swen Reyabilitasyon Konplè (CORF), ou fèt pou al li yon seksyon apa nan chapit sa a paske gen règ espesyal pou suiv pou jan de swen sa yo. Gade nan seksyon 7 ak 8 nan paj 174 ak 181.
- **Seksyon 6 nan paj 165** nan chapit sa a ba w enfòmasyon sou medikaman Pati D. Itilize seksyon sa a si pa egzanp:
 - Ou vle mande Plan an oswa IDT ou pou l fè yon eksepsyon pou l kouvri medikaman Pati D ki pa sou *Lis Medikaman ki Kouvri yo* (Lis Medikaman).
 - Si w vle mande plan an oswa IDT ou, pou l retire limit li mete sou kantite medikaman ou ka resevwa.
 - Si ou vle mande plan an oswa IDT ou pou l kouvri yon medikaman ki mande pou w gen otorizasyon davans.
 - Si plan an oswa IDT ou pat apwouve demann ou oswa ekspesyon w te mande a, epi ou menm oswa pwofesyonèl swen sante w panse nou ta dwe apwouve l.
 - Si w vle mande plan an pou l peye pou yon medikaman sou preskripsyon ou deja achte. (Sa a se pou mande plan oswa IDT ou pou l pran yon desizyon sou peman an.)
- **Seksyon 7 nan paj 174** ba w enfòmasyon sou fason pou mande nou kouvri pi lontan sejou yon pasyan ki entènè lopital si w panse doktè w egzeye w twò bonè. Itilize seksyon sa a si:
 - Ou lopital epi w panse pwofesyonèl swen sante a mande w soti lopital la twò bonè.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

- **Seksyon 8 nan paj 181** sa a ba w enfòmasyon si w panse swen sante adomisil ou, swen nan etablisman ki bay swen enfimye espesyalize a, ak sèvis nan Etablisman ki bay Pasyan ki pa Entène swen Reyabilitasyon Konplè (CORF) ap fini twò bonè.

Si w pa fin si ki seksyon pou itilize, tanpri rele Sèvis Patisipan an nan 1-855-494-9945 (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7.

Si w bezwen lòt èd oswa enfòmasyon, tanpri rele Rezo Endepandan pou Defans Konsomatè a (ICAN) nan 1-844-614-8800.

Seksyon 5: Pwoblèm poutèt sèvis, atik, ak medikaman (men pa pou medikaman Medicare Pati D)

Seksyon 5.1: Men kilè pou itilize seksyon sa a

Seksyon sa a esplike w kisa pou fè si w gen yon pwoblèm ak benefis pou sèvis medikal, swen nan domèn konpòtman, ak pwoblèm sèvis swen alontèm. Epitou ou ka itilize seksyon sa a pou pwoblèm ki gen rapò ak medikaman Pati D **pa** kouvri. Medikaman ki sou Lis Medikaman ki Kouvri yo gen yon asteriks (*) bò kote yo **pa** kouvri anba Pati D. Itilize Seksyon 6 pou demann dapèl medikaman Pati D.

Seksyon sa a esplike kisa w ka fè si w nan youn nan senk sityasyon suivan yo:

1. Si w panse plan an kouvri yon sèvis medikal, yon sèvis sante nan domèn konpòtman oswa sèvis sante alontèm ou bezwen men ou pa ka jwenn.

Men sa w ka fè: Ou ka mande Ekip Entèdisiplinè (IDT) a, plan an, oswa yon espesyalis otorize a pou l pran yon desizyon sou sa plan an ap kouvri. Ale nan Seksyon 5.2 nan paj 154 pou enfòmasyon sou kijan pou mande plan an pran yon desizyon sou sa lap kouvri. Si w pa dakò avèk desizyon sou sa plan an ap kouvri a, ou ka soumèt yon demann dapèl.

2. IDT a, plan an, oubyen espesyalis otorize a pat apwouve swen pwofesyonèl swen sante w la vle ba ou a, e ou panse li te dwe apwouve l

Men sa w ka fè: Ou ka soumèt yon demann dapèl poutèt desizyon li pran pou l pa apwouve sèvis ou yo. Ale nan Seksyon 5.3 157 pou enfòmasyon pou konn kijan pou fè yon demann dapèl.

3. Ou resevwa sèvis oswa atik ke w panse plan an kouvri, sepandan IDT a, plan an, oubyen espesyalis otorize a decide ke plan an pap peye pou yo.

Men sa w ka fè: Ou ka fè yon demann dapèl poutèt desizyon plan an pran pou l pa peye. Ale nan Seksyon 5.3 157 pou enfòmasyon pou konn kijan pou fè yon demann dapèl.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan 1-855-494-9945 (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

4. Ou te resevwa sèvis ak atik epi w peye pou yo tandiske w te kwè ou te kouvri pou yo, epi w vle plan ranbouse w pou sèvis ak atik yo.

Men sa w ka fè: Ou ka mande IDT ou, plan an, oswa espesyalis otorize a pou l otorize plan an ranbouse w. Ale nan Seksyon 5.5 163 pou enfòmasyon pou konn kijan pou mande pou peman.

5. IDT a, plan an oswa espesyalis otorize a te chanje oswa te sispann kouvri sèten sèvis epi w pa dakò ak desizyon an.

Men sa w ka fè: Ou ka soumèt yon demann dapèl pou chanje oswa sispann sèvis la. Ale nan Seksyon 5.3 157 pou enfòmasyon pou konn kijan pou fè yon demann dapèl.

NOTE: Si sa plan an pral sispann lan se sèvis swen lopital, swen sante adomisil, swen yo bay nan etablisman enfimye espesyalize, oswa sèvis Reyabilitasyon Konplè nan Etablisman pou Pasyan ki Pa Entènè (CORF), gen règ espesyal ki aplike. Li Seksyon 7 oswa 8 nan paj 174 ak 181 pou ka gen plis enfòmasyon.

Seksyon 5.2: Men kijan pou mande yon desizyon sou sa plan an ap kouvri

Men kijan pou mande yon desizyon sou sa plan an ap kouvri pou resevwa yon sèvis medikal, sèvis swen nan domèn konpòtman oswa sèvis swen alontèm

Si gen yon sèvis oswa yon atik ou panse ou bezwen, mande Ekip Entèdisiplinè w (IDT), plan an, oswa espesyalis otorize a pou l apwouve sèvis, atik oswa medikaman pou ou. Pou fè sa, annik kontakte Responsab Swen w epi fè l konnen ou vle yon desizyon sou sa plan an kouvri. Oubyen w ka rele, ekri, oswa fakse nou, oswa mande reprezantan w oswa pwofesyonèl swen sante w pou l kontakte nou epi pou l mande nou pran yon desizyon sou sa plan an kouvri.

- Ou ka rele nou nan: **1-855-494-9945**, 24 sou 24, 7 jou sou 7. TTY dwe rele nan: **Rele 711**.
- Ou ka fakse l pou nou nan: 1-855-264-3822
- Ou ka ekri nou nan adrès: Aetna Better Health FIDA Plan
Attn: Grievance and Appeals Department
55 West 125th Street, Suite 1300
New York, NY 10027

Yon fwa ou fin mande IDT ou, plan an, oswa espesyalis otorize a pral pran yon desizyon sou sa plan an kouvri.

Konbyen tan sa pran pou pran yon desizyon sou sa plan an ap kouvri?

Anjeneral li ka pran jiska 3 jou ouvrab apre w fin mande. Si w pa resevwa yon desizyon sou 3 jou ouvrab, ou ka fè yon demann dapèl.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

➔ Pafwa IDT, plan an, oswa espesyalis otorize a bezwen plis tan pou l pran yon desizyon. Nan ka sa a, ou pral resevwa yon lèt kap di w sa ka pran jiska 3 jou kalandriye anplis. Lèt la ap esplike w pouki rezon yo bezwen plis tan.

Gen twa eksepsyon nan dat limit nou dekri pi wo a:

- Pou desizyon ki konsène sa plan an kouvri pou kontinye oswa pou ajoute sèvis swen sante, ou pral resevwa yon desizyon sou 1 jou ouvrab.
- Pou desizyon sou sa plan an kouvri konsènan swen sante adomisil apre ou fin entènè lopital, ou pral resevwa desizyon an sou 1 jou ouvrab. Sepandan, si jou ki tonbe apre jou ou fè demann ou an se yon kou wikenn oswa yon jou konje, ou pral resevwa yon desizyon sou 72 èdtan.
- Pou desizyon sou sa plan an kouvri konsènan sèvis, atik oswa medikaman ou deja resevwa, ou pral resevwa yon desizyon sou 14 jou kalandriye.

Èske m ka resevwa yon desizyon rapid sou sa plan an ap kouvri?

Wi. Si w bezwen yon repons byen vit poutèt eta sante w, mande yon "desizyon rapid sou sa plan an ap kouvri." Si IDT a, plan an oswa espesyalis otorize a apwouve demann ou an, ou pral resevwa yon desizyon sou 24 èdtan.

Sepandan, gendèfw IDT a, plan an, oswa espesyalis otorize a bezwen plis tan. Nan ka sa a, ou pral resevwa yon lèt kap di w sa ka pran jiska 3 jou kalandriye anplis. Lèt la ap esplike w pouki rezon yo bezwen plis tan.

Tèm legal la pou "desizyon rapid sou sa plan an ap kouvri" se "detèminasyon ekspeditif."

Si w vle mande pou yo pran yon desizyon rapid sou sa plan an ap kouvri, ou ka fè youn nan twa bagay suivan yo:

- Rele Responsab Swen w;
- Kontakte Sèvis Patisipan an nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 sou 24, 7 jou sou 7, oswa fakse l pou nou nan 1-855-264-3822 oswa
- Mande pwofesyonèl swen sante w oswa reprezantan w lan pou l rele Sèvis Patisipan an.

Men règ pou mande yon desizyon rapid sou sa plan an ap kouvri:

Ou fèt pou satisfè de (2) kondisyon suivan yo pou ka resevwa yon desizyon rapid sou sa plan an kouvri:

1. Ou ka resevwa yon desizyon rapid sou sa plan an ap kouvri *sèlman* si wap mande pou plan an kouvri sèvis, atik oswa medikaman *ou pòko resevwa*. (Ou pa ka resevwa yon desizyon rapid sou sa plan an kouvri si demann ou an konsène peman pou sèvis, pou atik oswa pou medikaman ou deja resevwa.)



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

2. Ou ka resevwa yon desizyon rapid sou sa plan an ap kouvri *sèlman* si dat limit 3 jou ouvrab regilye a ka mete lavi w andanje, agrave sante w, oswa mete andanje kapasite w pou atenn, pou antretni oswa pou reprann fonksyonman maksimòm ou.

- ➔ **Si pwofesyonèl swen sante w di ou bezwen yon desizyon rapid sou sa plan an ap kouvri, ou pral resevwa youn otomatikman.**
- ➔ Si w mande pou plan an pran yon desizyon rapid sou sa li kouvri san w pa gen sipò pwofesyonèl swen sante w, IDT a, plan an, oswa espesyalis otorize a pral decide si wap resevwa yon desizyon rapid sou sa plan an ap kouvri.
 - Si IDT, plan an, oswa espesyalis otorize a decide ke sante w pa satisfè sa yo mande pou pran yon desizyon rapid sou sa plan an ap kouvri, ou pral resevwa yon lèt. Epitou IDT a, plan an, oswa espesyalis otorize a pral itilize dat limit 3 jou ouvrab regilye depreferans.
 - Lèt sa a pral fè w konnen ke si pwofesyonèl swen sante w mande pou yon desizyon rapid sou sa plan an ap kouvri, ou pral resevwa yon desizyon rapid sou sa plan an kouvri otomatikman.
 - Epitou lèt la pral esplike w kijan w ka soumèt yon "plent rapid" poutèt desizyon pou yo ba w yon desizyon regilye sou sa plan an kouvri olyede desizyon rapid sou sa plan an ap kouvri. Pou ka gen plis enfòmasyon sou pwosedi pou soumèt plent yo, ikonpri plent rapid, al gade nan Seksyon 10 nan paj 188.

Si desizyon sou sa plan an ap kouvri a se **Wi, kilè map resevwa sèvis la, atik la oswa medikaman an?**

Si desizyon sou sa plan an kouvri a se **Wi**, sa vle di yo apwouve w pou resevwa sèvis, atik oswa medikaman. Si gen posibilite pou sa, ou pral resevwa oswa ou pral kòmanse resevwa sèvis, atik oswa medikaman yo apwouve a sou 3 jou ouvrab apatide dat desizyon nou an. Si li pa posib pou yo ba w sèvis, atik oswa medikaman sou 3 jou ouvrab, IDT ou pral travay avèk pwofesyonèl swen sante a pou asire l ou resevwa sèvis, atik oswa ,medikaman yo apwouve a lepli rapidman posib.

Si desizyon sou sa plan an ap kouvri a se **Non, kijan map fè konnen?**

Si repons lan se **Non**, ou pral resevwa yon lèt kap esplike w pouki rezon. Epitou plan an oswa IDT ou pral avize w pa telefòn.

- Si IDT a, plan an, oswa espesyalis otorize a di **Non**, ou gen dwa pou mande nou pou n chanje desizon an. Pou fè sa, annik fè (oswa "soumèt") yon demann dapèl. Fè yon demann dapèl sa vle di mande plan nou an pou l revwa desizyon li te pran pou l te refize kouvri sèvis la.

Si w decide fè yon demann dapèl, sa vle di ou prale nan Nivo 1 pwosedi apèl la (li pwochen seksyon an pou plis enfòmasyon).



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Seksyon 5.3: Apèl Nivo 1 pou sèvis, atik, ak medikaman yo (men se pa pou medikaman Medicare Pati D)

Kisa yon apèl (demann dapèl) ye?

Yon *apèl (demann dapèl)* se yon fason ofisyèl pou mande nou revwa desizyon plan an pran sou sa lap kouvri epi pou nou chanje desizyon an si w panse te gen yon erè. Si oumenm oswa pwofesyonèl swen sante w pa dakò ak desizyon an, ou ka ale ann apèl. Nan toulè ka, ou fèt pou kòmanse apèl ou a nan Nivo 1.

Si ou bezwen èd pandan pwosedi apèl la, ou ka rele Rezo Endepandan pou Defans Konsomatè a (ICAN) nan 1-844-614-8800. ICAN pa gen okenn rapò avèk nou ni avèk nenpòt konpayi asirans oswa plan sante.

Kisa yon Apèl Nivo 1 ye?

Yon Apèl Nivo 1 se premye demann dapèl bay Aetna Better Health FIDA Plan. Plan nou an pral revize desizyon sou sa plan an ap kouvri pou wè si li kòrèk. Moun ki pral fè revizyon an se yon moun nan plan nou an ki pa fè patide Ekip Entèdisiplinè ou (IDT) ki te patisipe nan desizyon orijinal sou sa plan an kouvri. Lè nou konplete revizyon an, nou pral ba ou desizyon nou an alekri. Si w bezwen yon desizyon rapid poutèt sante w, nou pral eseye kontakte w tou pa telefòn.

Si nou deside Apèl Nivo 1 an nan pa anfavè w, nou pral voye apèl ou a otomatikman bay Ofisye Odyans Administratif Entegra a pou yon Apèl Nivo 2.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Kijan pou m fè yon Apèl Nivo 1?

- Pou ka kòmanse apèl ou a, swa oumenm, oswa pwofesyonèl swen sante w la, oswa reprezantan w lan fèt pou l kontakte nou. Ouka rele nou nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**) oswa ou ka fè demann pou pwosedi apèl la, alekri. Pou ka gen plis detay pou konn kijan pou jwenn nou pou demann dapèl la, gade nan Chapit 2. Ou ka mande nou pou yon "apèl regilye" oswa yon "apèl rapid."
- Si wap mande pou yon apèl rapid, se pou w rele nou nan **1-855-494-9945**. TTY dwe rele nan **711**.
- Si wap mande pou yon apèl regilye, fè apèl ou alekri oswa rele nou.
 - Ou ka soumèt yon demann nan adrès suivan an:
Aetna Better Health FIDA Plan
Attn: Grievance and Appeals Dept.
55 West 125th Street, Suite 1300
New York, NY 10027
 - Epitou ou ka mande pou yon pwosedi apèl si w rele nou nan **1-855-494-9945**, 24 sou 24, 7 jou sou 7. TTY dwe rele nan **711**.

Esansyèlman: Men kijan pou fè yon Apèl Nivo 1

Swa oumenm, doktè w oswa reprezantan w lan ka voye demann ou an alekri pa lapòs oswa pa faks pou nou. Epitou ou ka rele nou pou fè yon demann dapèl.

- Se pou fè demann nan **sou 60 jou kalandriye** apatide dat yo te pran desizyon pou sa wap mande apèl la. Si w rate dat limit la pou yon rezon valab, ou ka fè apèl la kanmenm.
 - Si wap fè yon apèl poutèt yo te di w yo pral chanje oswa sispann yon sèvis wap resevwa kounyeya, **ou gen kèlke jou pou fè yon demann dapèl** si w vle plan an kontinye ba ou sèvis sa a pandan apèl la ap fèt.
- ➔ Kontinye li seksyon sa a pou ka konnen ki dat limit yo bay pou apèl ou a.

Èske yon lòt moun ka fè demann dapèl la pou mwen?

Wi. Nenpòt moun ka fè demann pou apèl la pou ou, men se sèl moun ou deziyen alekri a ki ka reprezante w pandan apèl ou a. Pou nonmen yon moun kòm reprezantan w, ou fèt pou ranpli yon fòm pou "Nonmen yon Reprezantan" oswa ekri yon lèt epi siyen l pou fè konnen ki moun ou vle kòm reprezantan w. Fòm lan oswa lèt la bay lòt moun lan pèmisyon pou l aji pou ou.

- Pou ka ranpli yon fòm pou "Nonmen yon Reprezantan," annik rele Sèvis Patisipan epi mande pou yo voye fòm lan pou w. Epitou ou ka jwenn fòm lan sou sit Entènèt Medicare la nan <https://www.cms.gov/Medicare/CMS-Forms/CMS-Forms/downloads/cms1696.pdf> oswa sou sitwèb nou an nan **www.aetnabetterhealth.com/newyork**. Fòm lan pral bay moun nan pèmisyon pou l aji pou ou. Ou fèt pou ba nou yon kopi fòm ou siyen an; OSWA
- Ou ka ekri yon lèt epi swa ou voye li ba nou oswa w ka mande moun ou site nan lèt la antanke reprezantan w pou l voye l ba nou



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan **www.aetnabetterhealth.com/newyork**.

➔ **NOTE:** Pafwa, yon pwofesyonèl swen sante ka ale annapèl poutèt yon desizyon plan an pran sou peman pou swen w. Sa diferan de yon demann dapèl yo fè pou ou. Ou pa bezwen antre nan demann dapèl pwofesyonèl swen sante a.

Konbyen tan mwen genyen pou m fè yon demann dapèl?

Ou fèt pou mande yon apèl **sou 60 jou kalandriye** apatide dat ki make sou lèt ou resevwa a ki fè konnen desizyon sou sa plan an kouvri.

Si w rate dat limit la epi w gen yon rezon valab ki fè w rate li, nou ka ba w plis tan pou fè demann dapèl ou a. Men egzanp ki bay yon rezon valab: ou te gen yon maladi grav, oswa nou ba w move enfòmasyon sou dat limit pou mande yon apèl.

Tèm legal pou "apèl rapid" se "apèl ekspeditif."

➔ **NOTE:** Si wap fè yon apèl poutèt yo te di w yo pral chanje oswa sispann yon sèvis wap resevwa kounyeya, **ou gen kèlke jou pou fè yon demann dapèl** si w vle plan an kontinye ba ou sèvis sa a pandan apèl la ap fèt. Li "*Èske benefis mwen yo pral kontinye pandan Apèl Nivo 1 yo*" nan paj 161 pou ka gen plis enfòmasyon.

Èske m ka resevwa yon kopi dosye ka m lan?

Wi. Rele Sèvis Patisipan an nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 sou 24, 7 jou sou 7 epi mande pou yo ba ou yon kopi dosye ka w la. Nap ba w yon kopi dosye ka w la gratis.

Èske pwofesyonèl swen sante m ka ba w plis enfòmasyon sou demann dapèl mwen an?

Wi, oumenm ak pwofesyonèl swen sante w ka ba nou plis enfòmasyon pou sipòte demann dapèl ou a.

Kijan nou pral pran desizyon apèl la?

Nou gade atantivman tout enfòmasyon ki konsène demann ou fè pou n kouvri sèvis ak atik yo. Apre, nou tcheke pou n wè si yo te respekte tout règ kòm sadwa lè IDT a, plan an, oswa espesyalis otorize a te di **Non** pou demann ou an. Moun ki pral fè revizyon an se yon moun ki pa nan IDT ou e ki pat patisipe lè yo tap pran desizyon orijinal la.

Si nou bezwen plis enfòmasyon, nou ka mande w oswa nou ka mande pwofesyonèl swen sante w.

Kilè map tande pale de desizyon sou yon demann dapèl "regilye?"

Si demann dapèl wap fè a se poutèt medikaman medikaman sou preskripsyon Medicaid, nou fèt pou n ba ou repons nou sou 7 jou apatide dat nou resevwa demann dapèl la. Pou tout lòt demann dapèl, nou fè pou n ba w repons nou sou 30 jou kalandriye apatide dat nou resevwa demann dapèl la. Nap ba w desizyon nou an pi bonè si kondisyon sante w egzije pou n fè sa.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon,** ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

- Sepandan, si w mande pou yo ba w plis tan, oswa si nou bezwen rasanble plis enfòmasyon, nou ka pran jiska 14 jou kalandriye pou n reponn. Si nou deside pran plis anvan pou n pran yon desizyon, nap voye yon lèt pou ou ki esplike poukisa nou bezwen pran plis tan.
 - Si w panse nou pa ta dwe pran plis tan, ou ka soumèt yon "plent rapid" poutèt nou deside pran plis tan. Lè w soumèt yon plent, nap reponn plent ou an sou 24 èdtan. Pou ka gen plis enfòmasyon sou pwosedi pou soumèt plent yo, ikonpri plent rapid yo, al gade nan Seksyon 10 nan paj 188.
 - Si nou pa ba w yon repons pou demann dapèl "regilye" ou fè a sou 7 jou kalandriye (pou demann dapèl poutèt medikaman sou preskripsyon Medicare) oswa sou 30 jou kalandriye (pou tout lòt demann dapèl), oswa lè nou fin pran tan anplis nou bezwen an (si nou te pran plis tan), nap voye ka w la otomatikman nan Nivo 2 pwosedi apèl yo. Nap avize w lè sa pral rive. Pou ka gen plis enfòmasyon sou pwosedi Apèl Nivo 2 a, ale nan Seksyon 5.4 nan paj 161.
- **Si repons nou an se Wi** pou yon pati oswa pou tout sa w mande, nou fèt pou n apwouve pwoteksyon an sou 7 jou kalandriye apre nou fin resevwa demann dapèl pou medikaman sou preskripsyon Medicaid ou oswa sou 30 jou kalandriye apre nou resevwa lòt tip demann dapèl ou.
- **Si repons nou an se Non** pou yon pati oswa pou tout sa w mande, nap voye yon lèt pou ou. Lèt la pral esplike w ke nou voye ka w la bay Ofisyè Odyans Administratif Entegre a pou yon Nivo Apèl 2. Pou ka gen plis enfòmasyon sou pwosedi Apèl Nivo 2 a, ale nan Seksyon 5.4 nan paj 161.

Kilè map tande pale de desizyon sou yon demann dapèl "rapid?"

Si w mande yon apèl rapid, nap ba w yon repons nan 72 zèdtan apre nou fin resevwa demann dapèl ou a. Nap ba w repons nou an pi bonè si eta sante w egzije nou fè sa.

- Sepandan, si w mande pou yo ba w plis tan, oswa si nou bezwen rasanble plis enfòmasyon, nou ka pran jiska 14 jou kalandriye pou n reponn. Si nou deside pran plis tan anvan nou pran yon desizyon, nap voye yon lèt pou esplike w pouki rezon nou bezwen plis tan.
 - Si w panse nou pa ta dwe pran plis tan, ou ka soumèt yon "plent rapid" poutèt nou deside pran plis tan. Lè w soumèt yon plent, nap reponn plent ou an sou 24 èdtan. Pou ka gen plis enfòmasyon sou pwosedi pou soumèt plent yo, ikonpri plent rapid, al gade nan Seksyon 10 nan paj 188.
 - Si nou pa ba w yon repons sou apèl ou a sou 72 zèdtan oswa nan fen tan pwolongasyon an (si nou te pran plis tan), nap voye ka w la otomatikman nan Nivo 2 pwosedi apèl yo. Nap avize w lè sa pral rive. Pou ka gen plis enfòmasyon sou pwosedi Apèl Nivo 2 a, ale nan Seksyon 5.4 nan paj 161.
- **Si repons nou an se Wi** pou yon pati oswa pou tout sa w mande, nou fèt pou nou otorize oswa pou nou kouvri w sou 72 zèdtan apre nou fin resevwa demann dapèl ou.
- **Si repons nou an se Non** pou yon pati oswa pou tout sa w mande, nap voye yon lèt pou ou. Lèt la pral esplike w ke nou voye ka w la bay Ofisyè Odyans Administratif Entegre a pou yon Nivo Apèl 2. Pou ka gen plis enfòmasyon sou pwosedi Apèl Nivo 2 a, ale nan Seksyon 5.4 nan paj 161.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Èske benefis mwen yo pral kontinye pandan Apèl Nivo 1 yo?

Si IDT ou oswa plan an, oswa espesyalis otorize deside chanje oswa sispann kouvri yon sèvis, yon atik, oswa yon medikaman ke w tap resevwa, nap voye yon avi pou ou anvannou pran aksyon nou pwopoze a.

Si w pa dakò ak aksyon an, ou ka soumèt yon Apèl Nivo 1. Nou pral kontinye kouvri sèvis, atik, oswa medikaman si w fè yon demann Apèl Nivo 1 **sou 10 jou kalandriye apatide dat lapòs mete sou avi a oswa apatide dat efektif aksyon an**, kèlkeswa sa ki fèt an dènye a.

Si w satisfè dat limit sa a, ou ka kontinye resevwa sèvis, atik, oswa medikaman yo san pagen okenn chanjman ki fèt pandan wap tann desizyon pou demann dapèl ou a. Epitou tout lòt sèvis, atik, oswa medikaman (ki pa fè patide apèl la) pral kontinye san pagen okenn chanjman.

Seksyon 5.4: Apèl Nivo 2 pou sèvis, atik, ak medikaman yo (men se pa pou medikaman Medicare Pati D)

Si plan an di Non nan Nivo 1, kisa kap rive apre?

Si nou di **Non** pou yon pati oswa pou tout Apèl Nivo 1 ou lan, nap voye ka w la otomatikman nan Nivo 2 pwosedi apèl yo pou Ofisye Odyans Administratif Entegre a ka revwa l.

Kisa yon Apèl Nivo 2 ye?

Yon Nivo Apèl 2 se dezyèm apèl la, epi se Ofisye Odyans Administratif Entegre a (IAHO) ki fè li. IAHO a se yon òganizasyon endepandan ki pa konekte ak Aetna Better Health FIDA Plan. IAHO a fè patide Inite Odyans Administratif nan Biwo Asistans ak Andikap Tanporè (OTDA).

Kisa kap rive nan Apèl Nivo 2 a?

Kèlkeswa refi ki genyen nan Nivo 1 (kit se refi total oswa refi pasyèl), nap voye l otomatikman bay IAHO pou yon apèl Nivo 2. Plan an pral avize ke yo te voye ka w la nan Nivo 2 e ke IAHO pral kontakte w. Epitou nan avi a ap gen enfòmasyon pou kontakte IAHO a sizoka yo pa ta kontakte w pou yo pran yon randevou pou yon odyans Apèl Nivo 2. Ou ta dwe resevwa yon Avi Odyans Administratif e se IAHO ki ta dwe voye li nan omwen 10 jou kalandriye anvan dat odyans ou a. Se yon ofisye odyans ki pral prezide odyans ou a swa an pèsòn oswa nan telefòn. Epitou ou ka mande pou nou ba ou yon kopi dosye ka w la, annik rele Sèvis Patisipan an nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7.

Apèl Nivo 2 ou pral swa yon apèl "regilye" oswa yon apèl "rapid". Si w te gen yon apèl rapid nan Nivo 1, ou pral gen yon apèl rapid nan Nivo 2 otomatikman. Anplis, si IAHO detèmine ou bezwen yon apèl rapid, yap ba w youn. Si se pa sa, ou pral gen yon apèl regilye.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

- **Apèl Nivo 2 Regilye:** Si apèl regilye w la konsènen preskripsyon medikaman Medicaid, IAHO a fèt pou l ba ou yon repons sou 7 jou kalandriye kou li resevwa demann dapèl ou a. Pou tout lòt apèl regilye, IAHO a fèt pou l ba w yon repons sou 62 jou kalandriye apatide dat ou mande yon apèl avèk Plan an. IAHO pral ba w yon desizyon pi bonè si kondisyon sante w egzije sa.
- **Apèl Nivo 2 Rapid:** IAHO fèt pou l ba w yon repons sou 72 zèdtan apatide lè li resevwa demann dapèl ou.

Èske benefis mwen yo pral kontinye pandan Apèl Nivo 2 yo?

Si w kalifye pou kontinye ak benefis yo lè w ranpli Apèl Nivo 1 ou, benefis pou sèvis, atik, oswa dwòg ki ann apèl ap kontinye tou pandan Nivo 2 a. Ale nan paj paj 161 pou ka gen enfòmasyon konsènan benefis ou kap kontinye pandan Apèl Nivo 1 yo.

Tout lòt sèvis, atik, ak medikaman (ki pa fè patide de demann dapèl ou) pral kontinye tou san pagen okenn chanjman.

Kijan map fè konnen desizyon an?

Lè IAHO a pran yon desizyon, li pral voye yon lèt ki esplike desizyon li e lap ba w enfòmasyon konsènan lòt dwa ou genyen pou w ale annapèl. Si w kalifye pou yon apèl rapid, IAHO pral di w tou ki desizyon yo pran pa telefòn.

- Si IAHO a di **Wi** pou yon pati oswa pou tout sa w mande, nou fèt pou n otorize atik ak sèvis yo imedyatman (sou 1 jou ouvrab, pa plis, apatide jou yo pran desizyon an).
- Si IAHO di **Non** pou yon pati oswa pou tout sa w mande, sa vle di yo dakò ak desizyon Nivo 1 an. Sa rele "konfime desizyon an." Yo rele li tou "refize apèl ou a." Ou kapab fè plis demann dapèl toujou apre desizyon IAHO a.

Si desizyon IAHO a se Non pou tout oswa yon pati nan sa m mande a, èske m ka fè yon lòt demann dapèl?

Si w pa dakò ak desizyon IAHO a, ou ka fè yon lòt demann dapèl poutèt desizyon sa a bay Konsèy Apèl Medicare (MAC) pou fè yon Apèl Nivo 3. Yo pa transfere desizyon IAHO a otomatikman bay MAC a. Kidonk, se oumenm ki pou mande apèl sa a. Nan avi desizyon IAHO a, wap jwenn enstriksyon kap esplike w kijan pou soumèt yon demann dapèl bay MAC.

Al gade nan seksyon 9 ki nan paj 187 sa a pou ka jwenn plis enfòmasyon sou nivo apèl anplis yo.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Seksyon 5.5: Pwoblèm peman yo

Aetna Better Health FIDA Plan gen règ li etabli pou fason ou jwenn sèvis yo, atik yo ak medikaman yo. Youn nan règ yo sèke sèvis, atik ak medikaman ou resevwa yo, plan nou an fèt pou kouvri yo. Yon lòt règ sèke ou fèt pou resevwa sèvis, atik ak medikaman w yo nan men pwofesyonèl swen sante ki travay ansanm avèk plan an. Chapit 3 esplike règ yo, ikonpri règ espesyal pou lè w premye antre nan plan an. Si w suiv tout règ yo, alèkile nou pral peye pou sèvis, atik ak medikaman w yo.

Si w pa konenn si nap peye pou sèvis, a tik oswa medikaman yo, mande Responsab Swen w lan. Responsab Swen w lan ap kapab di w nap kapab peye pou sèvis, atik oswa medikaman w yo, oswa si w bezwen mande nou pran yon desizyon sou sa nou kouvri.

Si w vle resevwa yon sèvis, yon atik, oswa yon medikaman plan nou an pa kouvri, oswa si wap resevwa yon sèvis, yon atik, oswa yon medikaman nan men yon pwofesyonèl swen sante ki pa travay ak plan nou an, alèkile plan nou an pap peye otomatikman pou sèvis, atik, oswa medikaman an. Nan ka sa a, se oumenm ki ka oblije peye pou sèvis, atik, oswa medikaman an. Si w vle mande nou pou n peye, kòmanse li Chapit 7: *Kijan pou mande nou pou n peye yon bòdwo ou resevwa pou sèvis, atik, oswa medikaman plan an kouvri.* Chapit 7 dekri de sityasyon ki ka fè w mande nou ranbouse w oswa pou n peye yon bòdwo pwofesyonèl swen sante a voye ba ou. Epitou li fè w konnen kijan pou voye papye ki nesèsè yo pou mande nou peye bòdwo a.

Kisa kap rive si m suiv règ pou resevwa sèvis, atik ak medikaman, men yon pwofesyonèl swen sante voye yon bòdwo pou mwen?

Nou pa pèmèt pwofesyonèl swen sante yo voye bòdwo pou ou sèvis, atik medikaman ki kouvri. Sa se vre menm si nou peye pwofesyonèl swen sante a mwen pase sa pwofesyonèl swen sante a chaje pou yon sèvis, atik oswa medikaman. Si yon pwofesyonèl swen sante voye bòdwo pou nenpòt depans ke nou pa peye, sa rele "faktirasyon balanse." Ou pa janm gen pou peye balans okenn bòdwo.

Si w resevwa yon bòdwo pou sèvis, atik oswa medikaman ki kouvri, voye bòdwo a pou nou. **Ou pa fèt pou peye bòdwo a.** Alèkile noumenm sou bò pa nou, nou pral kontakte pwofesyonèl swen sante a dirèkteman epi nap rezoud pwoblèm lan.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Èske m ka mande pou yo remèt mwen lajan mwen te peye pou sèvis, atik oswa medikaman?

Sonje, si w resevwa yon bòdwo pou yon sèvis, yon atik oswa yon medikaman ke nou kouvri, se pa oumenm ki dwe peye bòdwo a. Men si w peye bòdwo a, yo ka ranbouse w si w suiv règleman pou resevwa sèvis, atik ak medikaman yo.

Si wap mande pou yo ranbouse w, ou fèt pou mande plan an oswa Ekip Entèdisiplinè w (IDT) pou pran yon desizyon sou sa yap kouvri. Plan an oswa IDT ou pral deside si sèvis la, atik la, oswa medikaman pou sa ou peye yo kouvri, epi li pral tcheke pou l wè si w suiv tout règ yo pou utilize sa asirans la kouvri.

- Si nou kouvri sèvis, atik, oswa medikaman ou peye pou yo epi w suiv tout règ yo, nou pral ranbouse w montan ou peye pou sèvis, atik oswa medikaman yo sou 60 jou kalandriye apre nou fin resevwa demann ou an.

Oswa, si w poko peye pou sèvis, ni pou atik, oswa ni pou medikaman yo, nou pral voye peman an dirèkteman bay pwofesyonèl swen sante w. Lè nou voye peman an, se kòm si nou di **Wi** pou desizyon ou mande nou pran sou sa nou kouvri.

- Si nou *pap* kouvri sèvis, atik oswa medikaman, oswa ou *pat* suiv tout règ yo, nap voye yon lèt pou w pou n fè w konnen ke nou pap peye pou sèvis, atik, oswa medikaman yo, epi nap esplike w pouki rezon.

E si plan an oswa IDT a di plan an pap peye?

Si w pa dakò ak desizyon Plan an oswa ak desizyon IDT ou la, **ou ka fè yon demann dapèl**. Suiv pwosedi dapèl ki dekri nan Seksyon 5.3 nan paj 157. Lè wap suiv enstriksyon sa yo, tanpri note:

- Si w fè yon demann dapèl pou yo ranbouse w, nou fèt pou n ba w repons nou sou 60 jou kalandriye apre nou fin resevwa demann dapèl ou a.
- Si wap mande nou pou n ranbouse w pou sèvis, atik oswa medikaman ou deja resevwa epi se oumenm ki te peye pou yo, ou pa otorize mande yon apèl rapid.

➔ Si nou reponn **Non** pou demann dapèl ou a, nap voye ka w la otomatikman bay Ofisye Odyans Administratif Entegre a (IAHO). Si sa ta rive, nap voye yon lèt pou n avize w.

- Si IAHO a chanje desizyon an epi li di nou pou nou peye w, nou fèt pou n voye peman an ba ou oswa bay pwofesyonèl swen sante a sou 30 jou kalandriye. Si repons pou demann dapèl ou a se **Wi** nan kèlkeswa etap pwosedi apèl yo apre Nivo 2 a, nou fèt pou n voye peman ou reklame a pou ou oswa pou pwofesyonèl swen sante a sou 60 jou kalandriye.
- Si IAHO di **Non** pou demann dapèl ou a, sa vle di yo dakò ak desizyon pou yo pa apwouve demann ou an. (Sa rele "konfime desizyon an." Yo konn rele l tou "refize apèl ou a.") Ou ka ale annapèl poutèt desizyon sa a bay Konsèy Apèl Medicare, jan yo dekri l nan Seksyon 9 ki nan paj 187.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Seksyon 6: Medikaman Medicare Pati D

Seksyon 6.1: Kisa pou fè si w gen yon pwoblèm pou resevwa medikaman Pati D oswa si w vle nou ranbouse w pou medikaman Pati D

Pwoteksyon asirans ou antanke yon Patisipan nan plan nou an enkli plizyè medikaman sou preskripsyon. Pifò nan medikaman sa yo se "medikaman Pati D." Gen kèlke medikaman Medicare Pati D pa kouvri men Medicaid ka kouvri yo. **Seksyon sa a valab pou medikaman apèl Pati D sèlman.**

- o Sa a se *Lis Medikaman ki Kouvri (Lis Medikaman)*, gen ladann sèten medikaman ki gen yon asterik (*). Medikaman sa yo **pa** medikaman Pati D. Desizyon sou demann dapèl oswa desizyon sou sa plan an kouvri konsènan medikaman ki gen yon asteriks (*) bò kote yo, suiv pwosedi ki nan **Seksyon 5** nan paj 153.

Èske m ka mande plan an pran yon desizyon oswa èske m ka fè yon apèl pou medikaman sou preskripsyon Pati D?

Wi. Men egzanp desizyon sou sa ki kouvri ou ka mande Aetna Better Health FIDA Plan oswa Ekip Entèdisiplinè w (IDT) pou yo fè konsènan medikaman Pati D w yo:

- Ou mande plan an oswa IDT ou pou li fè yon eksepsyon tankou:
 - » Mande plan an oswa IDT ou pou yo kouvri yon medikaman Pati D ki pa sou *Lis Medikaman ki Kouvri yo* (Lis Medikaman).
 - » Mande plan an oswa IDT ou pou yo retire yon restriksyon yo mete sou pwoteksyon pou medikaman nou (tankou limit sou kantite medikaman ou ka resevwa).
- Ou mande plan an oswa IDT ou si yo kouvri yon medikaman pou ou (pa egzanp, lè medikaman w lan sou Lis Medikaman plan nou an men nou egzije w mande nou otorizasyon dabò anvan nou kouvri l pou ou).
 - » **NOTE:** Si famasi a di ou pa ka ranpli preskripsyon an, ou pral resevwa yon avi kap esplike w kilès pou kontakte pou yon desizyon asavwa si yap kouvri li.
- Ou mande plan an oswa IDT ou pou l decide ke fòk plan an peye pou yon medikaman sou preskripsyon ou achte deja. Nan ka sa a, se mande wap mande pou yo pran yon desizyon si yap peye.

Tèm legal yo itilize pou yon desizyon sou sa plan an kouvri konsènan medikaman Pati D w yo se **“detèminasyon sou sa plan an kouvri.”**

Si w pa dakò ak yon desizyon plan an oswa IDT ou pran sou sa yap kouvri, ou ka ale ann apèl. Seksyon sa a esplike kijan pou mande yon desizyon sou sa yap kouvri e kijan pou mande yon apèl.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Itlize tablo ki pi ba a pou detèmine ki seksyon ki gen enfòmasyon pou sityasyon ou:

Nan kilès nan sityasyon sa yo ou ye?			
<p>Èske w bezwen yon medikaman ki pa sou Lis Medikaman nou oswa èske w bezwen pou nou sispann yon règ oswa yon restriksyon sou yon medikaman nou kouvri?</p> <p>Ou ka mande plan an oswa IDT ou pou li fè yon eksepsyon. (Sa a se yon tip desizyon sou sa yo kouvri.)</p> <p>Kòmanse ak Seksyon 6.2 nan paj 166. Epitou al gade nan seksyon 6.3 ak 6.4 nan paj 167 ak 168.</p>	<p>Èske w vle nou kouvri yon medikaman sou Lis Medikaman nou an epi w kwè ou satisfè tout règ oswa restriksyon plan an (tankou resevwa otorizasyon davans) pou medikaman ou bezwen an?</p> <p>Ou ka mande plan an oswa IDT ou pou l pran yon desizyon si lap kouvri l.</p> <p>Ale pi devan, nan Seksyon 6.4 nan paj 168.</p>	<p>Èske w vle mande nou pou n ranbouse w pou yon medikaman ou deja resevwa e ke w deja peye pou li?</p> <p>Ou ka mande plan an oswa yon IDT pou fè plan an ranbouse w. (Sa a se yon tip desizyon sou sa yo kouvri.)</p> <p>Ale pi devan, nan Seksyon 6.4 nan paj 168.</p>	<p>Èske n deja di w nou pa pral kouvri oswa peye pou yon medikaman nan fason ou vle nou kouvri l oswa nan fason ou vle nou peye pou li?</p> <p>Ou ka fè yon demann dapèl. (Sa vle di wap mande plan an pou l rekonsidere ka a.)</p> <p>Ale pi devan, nan Seksyon 6.5 nan paj 171.</p>

Seksyon 6.2: Kisa yon eksepsyon ye?

Yon *eksepsyon* se pèmisyon pou yo kouvri yon medikaman ki nòmalman pa kouvri sou Lis Medikaman ki Kouvri yo, oswa pou yo itilize medikaman an san sèten règ ak limit. Si yon medikaman pa sou Lis Medikaman ki Kouvri nou an, oswa si yo pa kouvri l nan fason w ta renmen nou kouvri l, ou ka mande plan an oswa Ekip Entèdisiplinè w (IDT) pou yo fè yon "eksepsyon."

Lè w mande pou yo fè yon eksepsyon, moun kap preskri w medikaman an pral gen pou l esplike rezon medikal ki fè ou bezwen eksepsyon an.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Men kèk egzanp eksepsyon oumenm oswa moun ki preskri w medikaman an ka mande plan an oswa IDT ou pou l fè:

1. Kouvri yon medikaman Pati D ki pa sou *Lis Medikaman ki Kouvri yo* (Lis Medikaman an).
2. Retire yon restriksyon sou sa nou kouvri. Gen règ ak restriksyon anplis ki aplike pou sèten medikaman sou Lis Medikaman nou an (pou ka gen plis enfòmasyon, gade nan Chapit 5).
 - Pami règ ak restriksyon anplis sou sa nou kouvri pou sèten medikaman gen:
 - » Obligasyon pou itilize vèsyon jenerik medikaman an olye de mak otantik medikaman an.
 - » Resevwa otorizasyon anvan plan an kouvri medikaman an pou ou. (Pafwa yo rele sa "otorizasyon davans.")
 - » Yo ka mande w pou eseye pran yon lòt medikaman dabò anvan plan an kouvri medikaman wap mande a. (Pafwa yo rele sa "terapi pa etap.")
 - » Limit sou kantite. Pou sèten medikaman, plan an limite kantite medikaman w ka genyen.

Tèm legal yo konn itilize pafwa pou mande yo retire yon restriksyon sou asirans pou yon medikaman se ***"eksepsyon fomilè."***

Seksyon 6.3: Bagay enpòtan ou dwe konnen lè wap mande pou yo fè eksepsyon

Moun ki preskri w medikaman an fèt pou l ba nou rezon medikal la

Moun ki preskri w medikaman an fèt pou l bay plan an oswa Ekip Entèdisiplinè w la (IDT) yon deklarasyon ki esplike rezon medikal ki fè w mande eksepsyon an. Wap jwenn desizyon sou eksepsyon an pi rapidman si w mete enfòmasyon sa a ke moun ki preskri medikaman an ba ou lè w mande pou yo fè yon eksepsyon.

Anjeneral, Lis Medikaman nou gen plis ke yon sèl medikaman pou trete yon maladi an patikilye. Medikaman sa yo rele "medikaman altènatif." Si yon medikaman altènatif ta osi efikas ke medikaman wap mande a, e ke medikaman altènatif sa a pap bay plis efè segondè oswa li pap koze okenn lòt pwoblèm, anjeneral plan an oswa IDT ou *pap* apwouve demann eksepsyon ou fè a.

Aetna Better Health FIDA Plan oswa IDT ou pral di Wi oubyen Non pou demann ou fè pou eksepsyon an

- Si plan an oswa IDT ou di **Wi** pou demann ou fè pou yon eksepsyon, jeneralman, eksepsyon an dire jiska fen ane kalandriye a. Sa se vre pouvi ke pwofesyonèl swen sante w kontinye preskri w medikaman an e ke medikaman sa a pa prezante okenn danje e ke li efikas pou yo trete maladi w la.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

- Si plan an oswa IDT ou di **Non** pou demann ou fè pou yon eksepsyon, ou ka fè yon demann dapèl pou mande yo revwa desizyon sou eksepsyon an. Seksyon 6.5 nan paj 171 esplike kijan pou fè yon demann pou apèl.

Pwochen seksyon an esplike w kijan pou mande yon desizyon sou s aki kouvri, ikonpri yon eksepsyon.

Seksyon 6.4: Kijan pou mande yon desizyon sou sa plan an ap kouvri pou yon medikaman Pati D oswa pou ranbousman pou yon medikaman Pati D, ikonpri yon eksepsyon

Men kisa pou fè

- Mande pou yo ba ou yon desizyon sou tip pwoteksyon ou vle a. Rele, oswa ekri, oswa voye yon faks bay Responsab Swen w oswa bay Sèvis Patisipan an pou fè demann ou an. Swa oumenm oswa reprezantan w, oswa moun ki preskri w medikaman an ka fè sa. Ou ka rele Sèvis Patisipan an nan **-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Ou ka rele Responsab Swen w lan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**).

- Swa oumenm oswa moun ki preskri w medikaman an oswa yon lòt moun kap pran desizyon pou w ka mande pou yo pran yon desizyon sou pwoteksyon an. Epitou ou ka fè yon avoka aji pou ou.

Li Seksyon 4 nan paj 150 pou ka konnen kijan pou bay yon lòt moun pèmasyon pou l aji antanke reprezantan w.

- ➔ Ou pa bezwen bay moun ki preskri w medikaman an pèmasyon alekri pou l mande yo pran yon desizyon sou sa plan an ap kouvri pou ou.
- Si w vle mande plan an pou l ranbouse w pou yon medikaman, li Chapit 7 nan tiliv sa a. Chapit 7 dekri lè w ka bezwen mande pou yo ranbouse w. Epitou li esplike w kijan pou voye papye ki nesèsè yo pou plan pou yo ranbouse w pou pri yon medikaman ou te deja peye pou li.

Esansyèlman: Men kijan pou mande yon desizyon pou kouvri yon medikaman oswa yon peman

Rele, oswa ekri, oswa voye yon faks bay Responsab Swen w oswa bay Sèvis Patisipan an. Oubyen mande reprezantan w lan oswa mande moun ki preskri w medikaman an pou l mande yon desizyon asavwa yap kouvri l pou w. Ou pral resevwa yon repons pou yon kouvèti regilye sou 72 zèdtan. Ou pral resevwa yon repons asavwa si yap ranbouse w pou medikaman Pati D ke w deja peye, sou 14 jou kalandriye.

- Si wap mande yon eksepsyon, ikonpri deklarasyon moun ki preskri w medikaman an pou sipòte demann ou an.
- Swa oumenm oswa moun ki preskri medikaman an ka mande pou yon desizyon rapid. (Anjeneral yo bay desizyon rapid yo sou 24 èdtan.)
- ➔ Li chapit sa a pou aise ke ou kalifye pou yon desizyon rapid! Epitou li l pou ka jwenn enfòmasyon sou dat limit desizyon yo.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

- Si wap mande pou yo fè yon eksepsyon, se pou bay "deklarasyon sipò a." Pwofesyonèl swen sante w fèt pou l bay plan an oswa Ekip Entèdisiplinè w (IDT) rezon medikal ki fè wap mande eksepsyon an. Nou rele sa "deklarasyon sipò."

Moun ki preskri w medikaman an ka voye deklarasyon an pa faks oswa pa lapòs pou nou. Oswa moun ki preskri w medikaman an ka pale avèk nou nan telefòn, epi li ka fakse oswa li ka voye deklarasyon an pa lapòs.

Si eta sante w egzije sa, mande pou yo ba w yon "desizyon rapid sou sa plan an ap kouvri"

"Dat limit regilye yo" ap antre an vigè amwenske plan an oswa IDT ou dakò pou itilize "dat limit rapid yo."

- Yon **desizyon regilye sou sa plan an ap kouvri** vle di plan an oswa IDT ou pral ba w yon repons nan 72 zèdtan apre yo fin resevwa deklarasyon moun ki preskri w medikaman w lan.
- Yon **desizyon rapid sou sa plan an ap kouvri** vle di plan an oswa IDT ou pral ba w yon repons nan 24 èdtan apre yo fin resevwa deklarasyon moun ki preskri w medikaman w lan.
 - » Ou ka resevwa yon desizyon rapid sou sa plan an ap kouvri *sèlman* si wap mande pou n kouvri yon *medikaman ou poko resevwa*. (Ou pa ka resevwa yon desizyon rapid sou sa plan an ap kouvri si wap mande n pou n ranbouse w pou yon medikaman ou deja achte.)
 - » Ou ka resevwa yon desizyon rapid sou sa plan an ap kouvri *sèlman* si poutèt ou itilize dat limit regilye a sa *ka domaje sante w seryezman oswa sa ka afekte kapasite w pou fonksyone*.
 - » Si moun ki preskri w medikaman an di eta sante w egzije pou n pran yon "desizyon rapid sou sa plan an ap kouvri," plan an oswa IDT ou pral dakò otomatikman pou yo ba ou yon desizyon rapid sou sa plan an ap, epi lèt lap ap fè w konn sa tou.

Si w mande pou yo ba w yon desizyon rapid sou sa plan an kouvri poukont ou (san w pa gen sipò moun ki preskri w medikaman an), plan an oswa IDT ou pral deside si wap resevwa yon desizyon rapid sou sa plan an ap kouvri.

Si plan an oswa IDT ou deside ke eta medikal ou pa satisfè sa yo egzije pou yon desizyon rapid sou sa plan an ap kouvri, yo pral itilize dat limit regilye yo depreferans. Ou pral resevwa yon lèt kap fè w konn sa. Lèt la pral esplikè w kijan w ka fè yon plent poutèt desizyon yo pran pou yo ba w yon desizyon regilye. Ou ka soumèt yon "plent rapid" epi w ka resevwa yon desizyon pou plent ou an sou 24 èdtan. Pou ka gen plis enfòmasyon sou pwosedi pou soumèt plent yo, ikonpri plent rapid, al gade nan Seksyon 10 nan paj 188.

Tèm legal la pou "desizyon rapid sou sa plan an ap kouvri" se "**detèminasyon ekspeditif**."



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Dat limit pou yon "desizyon rapid sou sa plan an ap kouvri"

- Si plan an oswa IDT ou ap itilize dat limit rapid la, ou pral resevwa yon repons nan 24 èdtan. Sa vle di, 24 èdtan apre plan an oswa IDT ou resevwa demann ou an. Oubyen, si wap mande pou yo fè yon eksepsyon, se 24 èdtan apre plan an oswa IDT ou resevwa deklarasyon moun ki preskri w medikaman an ki pou sipòte demann ou. Ou pral resevwa yon repons pi bonè si eta sante w egzije sa.
 - Si plan an oswa IDT ou pa respekte dat limit sa a, nou pral voye demann ou an bay Nivo 2 nan pwosedi apèl la. Nan Nivo 2, yon Antite Revizyon Endepandan pral revwa demann ou a.
- **Si repons lan se Wi** pou yon pati oswa pou tout sa w mande a, nou fèt pou nou kouvri w sou 24 èdtan apre nou fin resevwa demann ou an oswa deklarasyon moun ki preskri w medikaman an pou l sipòte demann ou an.
- **Si repons lan se Non** pou yon pati oswa pou tout sa w mande a, ou pral resevwa yon lèt ki esplike pouki rezon. Epitou lèt la pral esplike kijan ou ka ale annapèl poutèt desizyon nou an.

Dat limit pou yon "desizyon regilye sou sa plan an ap kouvri" konsènan yon medikaman ou poko resevwa

- Si plan an oswa IDT ou ap itilize dat limit regilye a, ou pral resevwa yon repons nan 72 èdtan apre yo fin resevwa demann ou an. Oswa, si wap mande pou yo fè yon esepsyon, apre yo fin resevwa deklarasyon sipò moun ki preskri medikaman an. Ou pral resevwa yon repons pi bonè si eta sante w egzije sa.
 - Si plan an oswa IDT ou pa respekte dat limit sa a, nou pral voye demann ou an bay Nivo 2 nan pwosedi apèl la. Nan Nivo 2, yon Antite Revizyon Endepandan pral revwa demann ou a.
- **Si repons lan se Wi** pou yon pati oswa pou tout sa w mande a, nou fèt pou n apwouve oswa kouvri w sou 72 zèdtan apre w fin soumèt demann ou an, si wap mande pou yo fè yon eksepsyon, se apre nou fin resevwa deklarasyon ki sipòte demann ou an, ke moun ki preskri w medikaman an ekri.
- **Si repons lan se Non** pou yon pati oswa pou tout sa w mande a, ou pral resevwa yon lèt ki esplike pouki rezon. Epitou lèt la pral esplike kijan ou ka ale annapèl poutèt desizyon an.

Dat limit pou yon "desizyon regilye sou sa plan an ap kouvri" konsènan peman pou yon medikaman ou te deja achte

- Plan an oswa IDT ou fèt pou l ba w yon repons sou 14 jou kalandriye apre yo fin resevwa demann ou an.
- Si plan an oswa IDT ou pa respekte dat limit sa a, nou pral voye demann ou an bay Nivo 2 nan pwosedi apèl la. Nan Nivo 2, yon Antite Revizyon Endepandan pral revwa demann ou a.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

- ➔ **Si repons lan se Wi** pou yon pati oswa pou tout sa w mande a, nap peye w sou 14 jou kalandriye apre nou fin resevwa demann ou an.
- ➔ **Si repons lan se Non** pou yon pati oswa pou tout sa w mande a, ou pral resevwa yon lèt ki esplike pouki rezon. Epitou lèt la pral esplike kijan ou ka ale ann apèl poutèt desizyon an.

Seksyon 6.5: Apèl Nivo 1 pou medikaman Pati D

- Pou kòmanse demann dapèl ou a, moun ki preskri w medikaman an, oswa reprezantan w lan fèt pou l kontakte nou.
- Si wap mande yon apèl regilye, annik voye demann ou an alekri pou mande apèl ou a. Epitou ou ka mande pou yon pwosedi apèl si w rele nou nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7.
- Epitou ou ka mande pou yon pwosedi apèl si w rele nou nan
- Fè demann dapèl ou a sou **sou 60 jou kalandriye** apatide dat ki make sou avi ou resevwa ki gen desizyon nou an. Si w rate dat limit la epi w gen yon rezon valab ki fè w rate li, nou ka ba w plis tan pou fè demann dapèl ou a. Pa egzanp, rezon valab ki ka fè w rate dat limit la se si w gen yon maladi grav ki te anpeche w kontakte nou, oswa si nou ba w enfòmasyon ki pa kòrèk oswa ki pa konplè konsènan dat limit yo bay pou mande yon apèl.

Esansyèlman: Men kijan pou fè yon Apèl Nivo 1

Swa oumenm, moun ki preskri w medikaman an, oswa reprezantan w lan ka voye demann ou an alekri pa lapòs oswa pa faks. Epitou ou ka rele nou pou fè yon demann dapèl.

- Se pou fè demann nan **sou 60 jou kalandriye** apatide dat yo te pran desizyon pou sa wap mande apèl la. Si w rate dat limit la pou yon rezon valab, ou ka fè apèl la kanmenm.
- Swa oumenm, moun ki preskri w medikaman an, oswa reprezantan w lan ka rele nou pou mande yon apèl rapid.
- ➔ Li chapit sa a pou aigre ke ou kalifye pou yon desizyon rapid! Epitou li l pou ka jwenn enfòmasyon sou dat limit desizyon yo.

Tèm legal pou soumèt yon demann dapèl bay plan an poutèt yon desizyon li te pran sou kouvèti medikaman Pati D se “**redetèminasyon.**”

- Ou gen dwa mande pou nou ba w yon kopi enfòmasyon ki konsène apèl ou a. Rele Sèvis Patisipan an pou mande yon kopi nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7.
 - » Si w vle, oumenm ak moun ki preskri w medikaman an ka voye plis enfòmasyon ba nou pou n sipòte apèl ou a.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Si sante w egzije sa, mande pou yon "apèl rapid"

- Si wap fè yon apèl poutèt yon desizyon plan an oswa IDT ou pran konsènan yon medikaman ou pòkò resevwa, oumenm ak moun ki preskri medikaman an pral gen pou n deside si w bezwen yon "apèl rapid."
- Kondisyon pou resevwa yon "apèl rapid" se menm ak kondisyon pou resevwa yon "desizyon rapid" sou sa plan an kouvri" ki nan Seksyon 6.4 nan paj 168.

Plan nou an pral revwa demann pou apèl ou a epi nap fè w konnen ki desizyon nou pran

- Nou regade atantivman ankò tout enfòmasyon ki konsène demann pou n kouvri w la. Nou tcheke pou n wè si tout règ yo te suiv lè plan an oswa IDT ou te di **Non** pou demann ou an. Nou ka kontakte w oswa nou ka kontakte moun ki preskri w medikaman an pou n ka gen plis enfòmasyon. Moun ki pral fè revizyon an se yon moun ki pat prezan lè yo tap pran premye desizyon sou sa plan an ap kouvri.

Tèm legal pou "apèl rapid" se "redetèminasyon ekspeditif."

Dat limit pou yon "apèl rapid"

- Si nap itilize apèl rapid la, nou pral ba w repons nou sou 72 zèdtan apre nou fin resevwa apèl ou a, oswa pi bonè si eta sante w egzije sa.
 - Si nou pa ba w yon repons sou 72 zèdtan, nou pral voye demann ou an nan Nivo 2 pwosedi apèl yo. Nan Nivo 2, yon Antite Revizyon Endepandan pral revwa apèl ou a.
- **Si repons nou an se Wi** pou yon pati oswa pou tout sa w mande, nou fèt pou nou otorize oswa pou nou kouvri w sou 72 zèdtan apre nou fin resevwa demann dapèl ou.
- **Si repons nou an se Non** pou yon pati oswa pou tout sa w mande a, nou pral voye yon lèt pou n esplike w pouki rezon nou di **Non** epi nap di w kijan pou ale annapèl pou desizyon nou an.

Dat limit pou yon "apèl regilye"

- Si nap itilize apèl regilye a, nou pral ba w repons nou sou 7 èdetan apre nou fin resevwa apèl ou a, oswa pi bonè si eta sante w egzije sa. Si w panse sante w egzije sa, ou fèt pou mande yon "apèl rapid."
 - Si nou pa ba w yon desizyon sou 7 èdetan, nou pral voye demann ou an nan Nivo 2 pwosedi apèl yo. Nan Nivo 2, yon Antite Revizyon Endepandan pral revwa apèl ou a.
- **Si repons nou an se Wi** pou yon pati oswa pou tout sa w mande a:
- » Si nou apwouve yon demann pou n kouvri w, nou fèt pou n kouvri w leplivèt ke sante bezwen nou kouvri w, men li pap depase 7 jou kalandriye apre nou fin resevwa apèl ou a.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

- » Si nou apwouve yon demann pou n ranbouse w pou yon medikaman ou deja achte, nou pral voye peman an pou w sou 30 jou kalandriye apre nou fin resevwa demann apèl ou a.

➔ **Si repons nou an se Non** pou yon pati oswa pou tout sa w mande a, nou pral voye yon lèt pou n esplike w pouki rezon nou di **Non** epi nap di w kijan pou ale annapèl pou desizyon nou an.

Seksyon 6.6: Apèl Nivo 2 pou medikaman Pati D

Si nou di **Non** pou yon pati oswa tout sa ki nan demann dapèl ou a, alèkile se pou decide si wap aksepte desizyon sa a oswa si wap kontinye pou fè yon lòt demann dapèl. Si w decide kontinye pou fè yon Apèl Nivo 2, Antite Revizyon Endepandan an (IRE) pral revwa desizyon nou an.

- Si w vle Òganizasyon Revizyon Endepandan an (IRE) revwa ka w la, ou fèt pou soumèt demann apèl ou a alekri. Lèt nou voye sou desizyon nou an nan Nivo Apèl 1 an esplike w kijan pou mande yon Apèl Nivo 2.
- Lè w fè yon apèl bay Antite Revizyon Endepandan an, nou pral voye dosye ka w la ba yo. Epitou ou ka mande pou nou ba ou yon kopi dosye ka w la, annik rele Sèvis Patisipan an nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7.
- Ou gen dwa bay Antite Revizyon Endepandan an (IRE) lòt enfòmasyon pou sipòte apèl ou a.
- Antite Revizyon Endepandan an (IRE) se yon òganizasyon endepandan Medicare anplwaye. Li pa konekte avèk plan an e li pa yon ajans gouvènman nonplis.
- Moun kap fè revizyon nan Antite Revizyon Endepandan an (IRE) pral gade atantivman tout enfòmasyon ki gen rapò ak apèl ou a. Òganizasyon an pral voye yon lèt pou li esplike w desizyon li pran an.

Esansyèlman: Men kijan pou fè yon Apèl Nivo 2

Si w vle Antite Revizyon Endepandan an revwa ka w la, se pou fè demann apèl ou a alekri.

- Se pou fè demann nan **sou 60 jou kalandriye** apatide dat yo te pran desizyon pou sa wap mande apèl la. Si w rate dat limit la pou yon rezon valab, ou ka fè apèl la kanmenm.
 - Swa oumenm oswa moun ki preskri w medikaman an ka mande Apèl Nivo 2 a.
- ➔ Li chapit sa a pou aigre ke ou kalifye pou yon desizyon rapid! Epitou li l pou ka jwenn enfòmasyon sou dat limit desizyon yo.

Tèm legal pou soumèt yon demann dapèl bay IRE sou yon medikaman Pati D se **“rekonsiderasyon.”**



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Dat limit pou "apèl rapid" nan Nivo 2

- Si eta sante w egzije sa, mande Antite Revizyon Endepandan an (IRE) fè yon "apèl rapid."
- Si IRE dakò pou l ba w yon "apèl rapid," li fèt pou l ba w yon repons vizavi Apèl Nivo 2 ou la sou 72 zèdtan apre li fin resevwa demann apèl ou a.
- Si IRE di **Wi** pou yon pati oswa pou tout sa w mande a, nou fèt pou n otorize oswa nou fèt pou n kouvri medikaman an sou 24 èdtan apre nou fin resevwa desizyon an.

Dat limit pou "apèl regilye" nan Nivo 2

- Si w gen yon apèl regilye nan Nivo 2, Antite Revizyon Endepandan an fèt pou l ba ou yon repons vizavi Apèl Nivo 2 ou la sou 7 jou kalandriye apre li fin resevwa demann apèl ou a.
 - » Si IRE di **Wi** pou yon pati oswa pou tout sa w mande a, nou fèt pou n otorize oswa nou fèt pou n kouvri medikaman an sou 72 èdtan apre nou fin resevwa desizyon an.
 - » Si Antite Revizyon Endepandan an (IRE) apwouve yon rekèt pou n ranbouse w pou yon medikaman ou deja achte, nap voye peman an pou ou sou 30 jou kalandriye apre nou fin resevwa desizyon an.

E si Antite Revizyon Endepandan an di Non pou Apèl Nivo 2 ou la?

Non vle di Antite Revizyon Endepandan an (IRE) dakò ak desizyon nou pran pou nou pa apwouve demann ou an. Sa rele "konfime desizyon an." Yo rele li tou "refize apèl ou a."

Si w vle ale nan Nivo 3 nan pwosedi dapèl la, medikaman wap mande a fèt pou l satisfè yon valè minimòm an dola. Si valè an dola a mwenske minimòm lan, ou pa ka ale ann apèl pi lwen. Si valè an dola a ase elve, ou ka mande pou yon dapèl Nivo 3. Nan lèt Antite Revizyon Endepandan an (IRE) pral di w valè an dola a bezwen kontinye ak pwodesi apèl la.

Seksyon 7: Men kijan pou mande nou kouvri yon peryòd ki pi long nan lopital la

Lè yo admèt ou nan lopital la, ou gen dwa pou resevwa tout sèvis lopital ke nou kouvri ki nesèsè pou dyagnostike oswa trete maladi w oswa blesi w.

Pandan sejou w nan lopital la, doktè w, Ekip Entèdisiplinè w (IDT), ak estaf lopital la ap travay avèk ou pou prepare jou ou pral soti lopital la. Epitou yo pral fè aranjman pou resevwa kèlkeswa swen wap bezwen an apre w fin soti lopital la.

- Jou ou soti lopital la yo rele jou sa a "dat egzeyat."
- Doktè w, IDT ou oswa estaf lopital la pral fè w konnen nan ki dat yap egzeyate w.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Si w panse yo mande w soti lopital la twò bonè, ou ka mande pou yo fè w rete pi lontan nan lopital la. Gen yon pwosedi espesyal ki pi rapid pou soumèt yon apèl pou desizyon lopital la pran pou l egzeyate w. Se Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite (QIO) Medicare deziyen an ki okipe sa. Nou vreman rekòmande w pou itilize pwosedi ki pi rapid la olye pou pase pa pwosedi apèl regilye a ki dekri nan Seksyon 5 nan paj 153. Sepandan, toulede opsyon yo disponib. Seksyon sa a esplike w kijan pou mande yon apèl QIO, epitou li raple w chwa ou genyen pou soumèt yon apèl vizavi plan an.

Seksyon 7.1: Aprann dwa Medicare ou genyen yo

Sou de (2) jou apre yo fin admèt ou lopital la, yon travayè sosyal oswa yon enfimyè pral ba w yon avi ki rele *Yon Mesaj Medicare Enpòtan ki konsène Dwa w genyen yo*. Si w pa resevwa avi sa a, mande nenpòt anplwaye lopital pou ba youn. Si w bezwen yo ede w, annik rele Sèvis Patisipan an nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Epitou ou ka rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. TTY dwe rele nan 1-877-486-2048.

Li avi sa a avèk anpil atansyon epi poze kesyon si w pa konprann. Se *Mesaj Enpòtan* sa a ki esplike w dwa ou genyen antanke pasyan nan lopital la, ikonpri dwa w pou:

- Dwa w genyen pou resevwa sèvis Medicare kouvri pandan epi apre sejou w lopital. Ou gen dwa konenn kisa sèvis sa yo ye, kilès kap peye pou yo, epi ki kote w ka resevwa yo.
- Dwa pou patisipe nan desizyon yap pran konsènan kantite tan wap pase lopital la.
- Dwa pou konnen ki kote w ka rapòte enkyetid ou genyen konsènan kalite swen ou resevwa nan lopital la.
- Dwa pou soumèt yon apèl si yap egzeyate w twò bonè nan lopital la.

Ou fèt pou siyen avi Medicare la pou montre ou resevwa l e ke w konprann dwa ou genyen yo. Lè w siyen avi a, sa **pa** vle di ou dakò ak dat egzeyat doktè w oswa estaf lopital la ba ou.

Kenbe kopi avi ou siyen an konsa wa tou gen enfòmasyon an ladann si w bezwen l.

- Pou ka gade yon kopi avi sa a davans, ou ka rele Sèvis Patisipan an nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Epitou ou ka rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. TTY dwe rele nan 1-877-486-2048. Apèl la gratis.

Epitou ou ka gade avi a sou entènèt nan <https://www.cms.gov/Medicare/Medicare-General-Information/BNI/HospitalDischargeAppealNotices.html>.

➔ Si w bezwen èd, rele Sèvis Patisipan an oswa Medicare nan nimewo ki sou lis ki anwo a.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Seksyon 7.2: Apèl Nivo 1 nan Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite (QIO) pou chanje dat yap egzeyate w lopital la

Si w vle nou kouvri sèvis pasyan ki entèn lopital pandan lontan, ou fèt pou mande yon apèl. Seksyon sa a esplike w kijan pou w mande Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite a pou fè yon Apèl Nivo 1. Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite a pral fè yon revizyon Apèl Nivo 1 pou wè si dat yo bay pou egzeyate w la medikalman konvenab pou ou.

Nan New York, Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite a rele Livanta. Pou fè yon Apèl Nivo 1 pou chanje dat yo bay pou egzeyate w, rele Livanta nan 1-866-815-5440.

Rele tousuit!

Rele Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite a **anvan** w soti lopital la e pa pi ta ke dat yo planifye egzeyate w la. *Yon Mesaj Medicare Enpòtan ki konsène Dwa w genyen yo* gen enfòmasyon sou kijan pou jwenn Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite a.

- Si w rele anvan w ale, ou gen dwa rete nan lopital la *apre* dat yo planifye pou yo egzeyate w *san w pa peye anyen pou sa* pandan wap tann pou resevwa desizyon Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite a konsènan demann dapèl ou fè a.
- Si w *pa rele* pou soumèt yon apèl, epi w deside rete nan lopital la *apre* dat yo planifye egzeyate w la, *ou ka oblije peye pri total* swen lopital ou resevwa a *apre* dat yo te planifye egzeyate w la.

Esansyèlman: Men kijan pou fè yon Apèl Nivo 1 pou chanje dat yo bay pou egzeyate w la

Rele Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite a ki nan eta kote w rete a nan 1-866-815-5440 api mande pou yon “revizyon rapid”.

Rele anvan w soti lopital la e anvan dat yo bay pou egzeyate w la.

➔ Si w rate dat limit pou kontakte Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite a konsènan apèl ou an, ou ka soumèt apèl ou an dirèkteman bay plan an depreferans. Pou ka jwenn detay, gade Seksyon 7.4 nan paj 179.

Nou vle asire nou ou konprann kisa w bezwen fè e ki dat limit yo bay pou fè li.

- **Si w bezwen yo ede w, annik mande.** Si w gen kesyon oswa si w bezwen yo ede w nenpòt ki lè, tanpri rele Sèvis Patisipan an nan **1-855-494-9945** (TTY: **Rele 711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Epitou ou ka rele Enfòmasyon Asirans Sante, Pwogram Konsèy ak Asistans (HIICAP) nan 1-800-701-0501. Ou ka rele Rezo Endepandan pou Defans Konsomatè a (ICAN) nan 1-844-614-8800.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Kisa yon Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite ye?

Se yon gwoup doktè ak lòt pwofesyonèl swen sante gouvènman federal la peye. Ekspè sa yo pa fè patide de plan nou an. Se Medicaid ki peye yo pou tcheke ak ede amelyore kalite swen sante pou moun ki gen Medicare.

Mande pou yo fè yon "revizyon rapid"

Ou fèt pou mande Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite a pou l fè yon "revizyon rapid" sou egzeyat ou. Lè w mande yon "revizyon rapid" sa vle di wap mande pou òganizasyon an itilize dat limit rapid yo pou yon apèl olye pou yo itilize dat limit regilye yo.

Tèm legal pou "revizyon rapid" se "revizyon imedya."

Kisa ki rive nan revizyon rapid la?

- Moun kap fè revizyon nan Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite yo pral mande w oswa mande reprezanta w lan poukisa w panse yo ta dwe kontinye kouvri w apre dat yo planifye pou egzeyate w la. Ou pa oblije prepare anyen alekri, sepandan ou kapab prepare li si w vle fè sa.
- Moun kap fè revizyon yo pral gade dosye medikal ou, yo pral pale ak pwofesyonèl swen sante w, epi yap revwa tout enfòmasyon ki gen rapò ak sejou lopital ou a.
- Avan midi nan jou ki tonbe apre jou moun kap fè revizyon an fè nou konnen ou soumèt yon demann dapèl, ou pral resevwa yon lèt kap bay dat yo planifye pou egzeyate w la. Lèt la esplike pouki rezon pwofesyonèl swen sante w, lopital la, ak nou menm panse li nan enterè w pou yo egzeyate w nan dat sa a.

Tèm Legal pou esplikasyon alekri sa a se "**Avi Detaye sou Egzeyat.**" Pou gen yon egzanplè, rele Sèvis Patisipan an nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**). Epitou ou ka rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. (TTY dwe rele nan 1-877-486-2048.) Oubyen ou ka wè yon egzanplè sou sitwèb la nan <https://www.cms.gov/Medicare/Medicare-General-Information/BNI/HospitalDischargeAppealNotices.html>

E si repons lan se Wi?

- Si Òganizasyon ki Responsab Amelyore Kalite a di **Wi** pou demann dapèl ou a, nou fèt pou n kontinye kouvri sèvis ou nan lopital la pandan tout tan sèvis yo medikalman nesèsè.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

E si repons lan se Non?

- Si Òganizasyon ki Responsab Amelyore Kalite a di **Non** pou demann dapèl ou a, sa yo vle di a sèke dat yo te planifye egzeyate w la konvenab sou plan medikal. Si sa fèt, sèvis nou kouvri pou ou antanke pasyan ki entène lopital pral fini a midi nan jou ki tonbe *apre* Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite a ba ou repons li.
- Si Òganizasyon ki Responsab Amelyore Kalite a di **Non** epi w deside rete nan lopital la, lè sa a se oumenm kap peye poutèt ou rete nan lopital la. Depans lopital wap gen pou peye a ap kòmanse a midi nan jou ki tonbe *apre* Òganizasyon ki Responsab Amelyore Kalite a ba w repons li.
- Si Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite a rejte demann dapèl ou a, *epi* w rete nan lopital la *apre* dat yo te planifye egzeyate w la, alèkile ou ka fè yon Apèl Nivo 2.

Seksyon 7.3: Apèl Nivo 2 nan Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite (QIO) pou chanje dat yap egzeyate w lopital la

Si Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite a rejte demann dapèl ou a, *epi* w rete nan lopital la *apre* dat yo te planifye egzeyate w la, alèkile ou ka fè yon Apèl Nivo 2. Ou pral bezwen kontakte Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite a ankò pou mande yo pou yon lòt revizyon.

Mande pou revizyon Nivo 2 a **sou 60 jou kalandriye** *apre* jou lè Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite a di **Non** pou Apèl Nivo 1 ou te fè a. Ou ka mande pou yo fè revizyon sa a sèlman si w rete nan lopital la *apre* dat yo bay pou sispann kouvri swen ou.

Nan New York, Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite a rele Livanta. Ou ka rele yo nan 1-866-815-5440.

- Moun kap revize nan Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite a pral egzamine atantivman tout enfòmasyon ki konsène demann dapèl ou a.
- Sou 14 jou kalandriye apatide dat yo resewa demann ou an pou yon dezyèm revizyon, revizè Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite a pral pran yon desizyon.

Esansyèlman: Men kijan pou fè yon Apèl Nivo 2 pou chanje dat yo bay pou egzeyate w la

Rele Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite a ki nan eta kote w rete a nan 1-855-408-8557 epi mande pou yo fè yon lòt revizyon.

Kisa ki rive si repons lan se Wi?

- Nou fèt pou n ranbouse w pou pòsyon pa nou nan depans swen lopital ou resewa depi midi nan jou ki tonbe *apre* dat premye desizyon apèl ou a. Nou oblije kontinye kouvri swen lopital ou resewa antanke pasyan ki entène pandan tout tan li medikalman nesesè.
- Ou oblije kontinye peye pòsyon pa ou nan depans swen sante w e ka gen limit nan sa nou kouvri yo.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Kisa ki rive si repons lan se Non?

Sa vle di Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite a dakò ak desizyon Nivo 1 an e li pap chanje desizyon an. Lèt ou pral resevwa a ap esplike w kisa w ka fè si w vle kontinye ak pwosesis apèl la.

Si Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite a pa aksepte Apèl Nivo 2 ou fè a, ou ka oblije peye pri total sejou ou fè lopital la apre dat yo te bay pou egzeyate w la.

Seksyon 7.4: Kisa kap rive si m rate dat limit pou fè yon apèl?

Si w rate dat limit Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite pou ale ann apèl nan Nivo 1, mlagre tou ou ka soumèt yon demann dapèl dirèkteman bay plan an. Suiv menm pwosedi yo dekri nan Seksyon 5, nan paj 153, ke nou dekri pi ba a tou.

Apèl Nivo 1 pou chanje dat yo bay pou egzeyate w lopital

Si w rate dat limit yo bay pou kontakte Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite a, ou ka soumèt yon demann dapèl bay plan. Mande pou yo fè yon "revizyon rapid." Yon revizyon rapid se yon apèl ki itilize dat limit rapid olye de dat limit regilye.

- Pandan revizyon sa a, nou gade tout enfòmasyon ki gen rapò avèk tan ou te pase lopital la. Nou tcheke pou nou wè si desizyon nou te pran sou lè pou soti nan lopital la te jis e si nou te suiv tout règ yo.
- Nap itilize dat limit rapid la olyede dat limit abityèl la, pou n ba w repons a revizyon sa a. Sa vle di nap ba w desizyon nou leplivit ke posib selon pwoblèm medikal ou genyen an men desizyon an pap pran plis ke 72 zèdtan apre w fin mande yon "revizyon rapid."

Esansyèlman: Men kijan pou fè yon Apèl Altènatif Nivo 1

Rele nimewo Sèvis Patisipan nou an epi mande pou yo fè yon "revizyon rapid" pou dat yo bay pou egzeyate w nan lopital la.

Nap ba w desizyon nou nan 72 zèdtan.

- **Si nou di Wi pou revizyon rapid ou an**, sa vle di nou dakò pou w rete nan lopital la apre dat yo bay pou egzeyate w la. Nap kontinye kouvri sèvis lopital yo pandan tout tan li medikalman nesèsè.

Sa vle di tou nou dakò pou n ranbouse w pou lajan w depanse pou peye pou swen sante w resevwa depi dat nou te di nou tap sispann kouvri swen w.

- **Si nou di Non pou revizyon rapid ou an**, sa vle di dat nou te planifye egzeyate w la te konvenab sou plan medikal. Sèvis nou kouvri pou ou antanke pasyan nan lopital ap fini nan dat nou te di nou tap sispann kouvri w.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

» Si w te rete nan lopital la *apre* dat nou te planifye egzeyate w la, alèkile **yo ka oblije w peye pri total** swen lopital ou resevwa apre dat nou te planifye egzeyate w la.

➔ Pou nou ka asire nou te suiv tout règ yo lè nou te di **Non** pou demann pou apèl rapid ou a, nou pral voye demann dapèl ou a bay Biwo Odyans Administratif Entegre a. Lè nou fè sa, sa vle di ka w la prale *otomatikman* nan pwosedi Apèl Nivo 2 a.

Tèm legal pou “revizyon rapid” oswa “apèl rapid” se “apèl rapid”

Apèl Nivo 2 pou chanje dat yo bay pou egzeyate w lopital

Si nou pa dakò avèk ou ke dat egzeyat lopital ou a ta dwe chanje, nap voye enfòmasyon w pou Apèl Nivo 2 ou bay Ofisyè Odyans Administratif Entegre a (IAHO) sou 2 jou ouvrab apatide lè nou ba w desizyon Nivo 1 nou an. Si w panse nou pa respekte dat limit sa a oswa lòt dat limit, ou ka pote yon plent. Seksyon 10 nan paj 188 esplike kijan pou fè yon plent.

Nan Apèl Nivo 2 a, IAHO revwa desizyon nou te pran an lè nou te di **Non** pou demann pou "revizyon rapid" ou an. Òganizasyon sa a deside si desizyon nou te pran an ta dwe chanje.

- IAHO fè yon "revizyon rapid" sou apèl ou a. Moun kap fè revizyon yo ap ba w yon repons sou 72 zèdtan.
- IAHO pa konekte ak plan nou an.
- Yon Ofisyè Odyans nan IAHO a pral gade avèk anpil atansyon tout enfòmasyon ki gen rapò ak apèl ak egzeyat lopital ou a.
- Si IAHO di **Wi** pou demann dapèl ou, alèkile nou oblije ranbouse w pou pòsyon pa nou nan depans swen lopital ou resevwa depi dat nou te planifye egzeyate w la. Epitou nou oblije kontinye kouvri sèvis lopital ou yo pandan tout tan li nesesè sou plan medikal.
- Si IAHO di **Non** pou demann dapèl ou, sa vle di yo dakò ak desizyon nou te pran an pou nou egzeyate w nan lopital la nan dat ki medikalman konvenab la.

Lèt IAHO pral voye pou w a pral di w kisa w ka fè si w ta renmen kontinye ak pwosedi revizyon an. Li pral esplike w an detay kisa pou fè pou ale ann Apèl nan Nivo 3, ki limenm se Konsèy Apèl Medicare (MAC) ki okipe sa. Seksyon 9 nan chapit sa a gen plis enfòmasyon konsènan nivo apèl an plis.

Esansyèlman: Men kijan pou fè yon Apèl Altènatif Nivo 2

Ou pa oblije fè anyen. Plan an pral voye apèl ou a otomatikman bay Biwo Odyans Administratif Entegre a (IAHO).



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Seksyon 8: Kisa pou w fè si w panse swen sante adomisil ou, swen enfimye espesyalize, oswa sèvis etablisman ki bay pasyan ki pa entèn swen reyabilitasyon konplè (Comprehensive Outpatient Rehabilitation Facility, CORF) fini twò bonè

Seksyon sa a konsène tip de swen suivan yo *sèlman*:

- Sèvis swen sante adomisil.
 - Swen enfimye espesyalize nan yon etablisman ki bay swen enfimye espesyalize.
 - Swen reyabilitasyon ke ou resevwa antanke pasyan ki pa entèn nan yon etablisman ki bay pasyan ki pa entèn swen reyabilitasyon konplè (CORF). Anjeneral, sa vle di wap resevwa tretman poutèt yon maladi oswa yon aksidan, oubyen sa vle di wap rekipere apre yon gwo operasyon.
- ➔ Avèk nenpòt nan twa tip de swen sa yo, ou gen dwa kontinye resevwa sèvis swen ki kouvri nèt ale pouvike pwofesyonèl swen sante w oswa Ekip Entèdisiplinè w (IDT) di ou bezwen swen sa yo.
- ➔ Lè nou deside sispann kouvri nenpòt nan sèvis sa yo, nou fèt pou nou fè w konn sa anvan sèvis ou a fini. Lè kouvèti w pou swen sa a fini, *nou pral sispann peye pou sèvis ou yo.*

Si w panse nap sispann kouvri swen sante w twò bonè, **ou gen dwa ale annapèl poutèt desizyon nou an.** Gen yon pwosedi espesyal ki pi rapid pou soumèt yon apèl pou jan de desizyon kouvèti sa yo. Se Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite (QIO) Medicare deziyen an ki okipe sa. Nou vreman rekòmande w pou itilize pwosedi ki pi rapid la olye pou pase pa pwosede apèl regilye a ki dekri nan Seksyon 5 nan paj 153. Sepandan, toulede opsyon yo disponib. Seksyon sa a esplike w kijan pou mande yon apèl QIO, epitou li raple w chwa ou genyen pou soumèt yon apèl vizavi plan an.

Seksyon 8.1: Nap di w davans kilè pwoteksyon w lan pral fini

Ou pral resevwa yon avi omwen de jou anvan nou sispann peye pou sèvis ou yo. Bagay sa a rele *Avi pou fè konnen Nanpwen Pwotesyon Medicare*.

- Lè nou deside sispann kouvri nenpòt nan sèvis sa yo, nou fèt pou nou fè w konn sa anvan sèvis ou a fini.
- Epitou nan avi alekri a, wap kapab wè kijan pou ale annapèl poutèt desizyon sa a.

Swa oumenm oswa reprezantan w lan dwe siyen avi alekri a pou montre ke ou te resevwa li. Se **pa** poutèt ou siyen li ki vle di ou dakò ak desizyon plan an ki fè konnen li lè pou sispann resevwa sèvis yo.

Lè pwoteksyon plan an fini, nou pral sispann peye pou sèvis ou yo.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Seksyon 8.2: Apèl Nivo 1 bay Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite (QIO) pou kontinye swen sante w

Si w panse nap sispann sèvis nou kouvri yo twò bonè, ou ka soumèt yon apèl. Seksyon sa a esplike w kijan pou w mande Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite a pou fè yon Apèl Nivo 1.

Anvan w kòmanse demann dapèl ou a, ou fèt pou byen konprann kisa ou bezwen fè e ki dat limit ki genyen pou fè l.

- **Respekte dat limit yo.** Dat limit yo enpòtan. Asire w ke ou byen konprann e ke w suiv dat limit yo bay pou bagay ou oblije fè yo. Epitou plan an gen dat limit li oblije suiv. (Si w panse nou pa respekte dat limit nou yo, ou ka soumèt yon plent. 10 nan paj 188 esplike kijan pou ou fè yon plent.)
- **Si w bezwen yo ede w, annik mande.** Si w gen kesyon oswa si w bezwen yo ede w nenpòt ki lè, tanpri rele Sèvis Patisipan an nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Oswa rele Enfòmasyon Asirans Sante, Pwogram Asistans ak Konsèy (HIICAP) nan 1-800-701-0501.

Pandan yon Apèl Nivo 1, Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite a pral revwa demann dapèl ou a epi li pral deside si pou l chanje desizyon nou te pran an. Nan New York, Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite a rele Livanta. Ou ka rele Livanta nan 1-866-815-5440. Epitou ou ka jwenn enfòmasyon pou konn kijan pou soumèt yon apèl bay Òganizasyon ki Responsab Amelyore Kalite a nan *Avi pou fè konnen Nanpwen Pwoteksyon Medicare*. Sa a se avi w te resevwa a lè yo te di w nou tap sispann kouvri swen w.

Kisa yon Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite ye?

Se yon gwoup doktè ak lòt pwofesyonèl swen sante gouvènman federal la peye. Ekspè sa yo pa fè patide de plan nou an. Se Medicaid ki peye yo pou tcheke ak ede amelyore kalite swen sante pou moun ki gen Medicare.

Kisa pou mande yo?

Mande yo pou yon "apèl akselere." Li se yon revizyon endepandan asavwa si li apwopriye medikalman pou nou sispann kouvri sèvis ou yo.

Ki dat limit ou genyen pou kontakte òganizasyon sa a?

- Ou fèt pou kontakte Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite a *pa pita ke midi nan jou ki tonbe apre jou w resevwa avi alekri ki bay kilè nou pral sispann kouvri swen sante w.*

Esansyèlman: Men kijan pou fè yon Apèl Nivo 1 pou mande plan an kontinye kouvri swen sante w

Rele Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite a ki nan eta kote w rete a nan 1-855-408-8557 epi mande pou yon "apèl rapid".

Rele anvan w kite ajans la oswa etablisman kap ba w swen sante a ak anvan dat yo planifye egzeyate w.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

- Si w rate dat limit pou kontakte Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite a konsènan apèl ou an, ou ka soumèt apèl ou an dirèkteman ba nou depreferans. Pou ka gen detay sou lòt fason ou ka ale annapèl, gade nan Seksyon 8.4 nan paj 185.

Tèm legal pou avi alekri a se **“Avi pou fè konenn Nanpwen Pwoteksyon Medicare”** Pou gen yon kopi egzanplè a, rele Sèvis Patisipan an nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)** oswa **1-800-MEDICARE (1-800-633-4227)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. TTY dwe rele nan **1-877-486-2048**. Oswa al gade yon kopi sou entènèt nan <https://www.cms.gov/Medicare/Medicare-General-Information/BNI/MAEDNotices.html>

Kisa ki rive pandan revizyon Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite a?

- Moun kap fè revizyon nan Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite yo pral mande w oswa pral mande reprezanan w poukisa w panse nou ta dwe kontinye kouvri sèvis swen sante w yo. Ou pa oblije prepare anyen alekri, sepandan ou kapab prepare li si w vle fè sa.
- Lè w fè yon demann dapèl, plan oblije ekri w ak ekri Òganizasyon ki Responsab Amelyore Kalite yon lèt ki esplike pouki rezon sèvis ou yo ta dwe fini.
- Epitou moun kap fè revizyon yo gade dosye medikal ou, yo pale ak pwofesyonèl swen sante w, epi yo revize enfòmasyon plan an te ba yo.
- **Sou yon jou antye apre moun kap fè revizyon yo fin gen tout enfòmasyon yo bezwen an, yo pral di w ki desizyon yo pran.** Ou pral resevwa yon lèt ki esplike desizyon an.

Tèm legal pou lèt ki esplike poukisa sèvis ou yo ta dwe fini se **“Esplikasyon Detaye ki fè Nanpwen Kouvèti.”**

Kisa kap rive si moun kap fè revizyon yo di Wi?

- Si moun kap fè revizyon yo di **Wi** pou demann dapèl ou a, alèkile nou oblije kontinye ba w sèvis nou kouvri yo pandan tout tan li nesesè sou plan medikal.

Kisa kap rive si moun kap fè revizyon yo di Non?

- Si moun kap fè revizyon yo di **Non** pou demann dapèl ou an, alèkile nap sispann kouvri w nan dat nou te di w la. Nap sispann peye pòsyon pa nou nan depans pou swen sante sa a.
- Si w decide pou kontinye resevwa swen sante adomisil, swen nan etablisman ki bay swen enfimye espesyalize, oswa nan Etablisman ki bay sèvis Reyabilitasyon Konplè pou Pasyan ki pa Entènè (Comprehensive Outpatient Rehabilitation Facility, CORF) apre dat plan an sispann kouvri w, alèkile se ou menm kap oblije peye pou pri total swen sante sa a.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Seksyon 8.3: Apèl Nivo 2 bay Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite (QIO) pou kontinye swen sante w

Si Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite a di **Non** pou Nivo Apèl 1 a **epi** ou chwazi pou w kontinye resevwa swen apre kouvèti yo ba ou pou swen an fini, ou ka fè yon demann pou Apèl Nivo 2.

Pandan demann dapèl Nivo 2 a, ou ka mande Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite a pou l revwa desizyon li te pran an nan Nivo 1. Si yo di yo dakò ak desizyon Nivo 1 QIO a, ou ka oblije peye pri total pou swen sante adomisil ou, pou swen yo ba w nan etablisman swen enfimye, oswa pou sèvis Etablisman Reyabilitasyon Konplè pou Pasyan ki pa Entènè (CORF) *apre* dat nou te di nou pa tap kouvri w ankò.

Nan New York, Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite a rele Livanta. Ou ka rele Livanta nan 1-866-815-5440. Mande pou revizyon Nivo 2 a **sou 60 jou kalandriye** apre jou lè Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite a di **Non** pou Apèl Nivo 1 ou te fè a. Ou ka mande pou revizyon sa a fèt sèlman si wap kontinye resevwa swen sante a apre dat plan an sispann kouvri swen sante a.

- Moun kap revize nan Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite a pral egzamine atantivman tout enfòmasyon ki konsène demann dapèl ou a.
- Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite a pral pran yon desizyon sou 14 jou kalandriye a apatide lè yo resevwa demann pou apèl ou a.

Kisa kap rive si òganizasyon revizyon an di Wi?

- Nou oblije remèt ou lajan an pou pòsyon pa nou nan depans swen sante ou resevwa apatide dat nou te di kouvèti w la tap sispann. Nou oblije kontinye kouvri swen sante a pandan tout tan ke li medikalman nesesè.

Kisa kap rive si òganizasyon revizyon an di Non?

- Sa vle di yo dakò ak desizyon yo te pran an nan Apèl Nivo 1 a e desizyon an pap chanje.
- The letter you get will tell you what to do if you wish to continue with the review process. Lap ba w tout detay pou konnen kijan pou ale nan pwochen nivo apèl la, ki li menm se yon jij ki okipe sa.

Esansyèlman: Men kijan pou fè yon Apèl Nivo 2 pou egzije plan an kouvri swen sante w pi lontan

Rele Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite a ki nan eta kote w rete a nan 1-866-815-5440 epi mande pou yo fè yon lòt revizyon.

Rele anvan w kite ajans la oswa etablisman kap ba w swen sante a ak anvan dat yo planifye egzeye w.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Seksyon 8.4: Kisa kap rive si w rate dat limit pou fè Apèl Nivo 1 ou?

Si w rate dat limit Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite pou ale ann apèl nan Nivo 1, mlagre tou ou ka soumèt yon demann dapèl dirèkteman bay plan an. Suiv menm pwosedi yo dekri nan Seksyon 5, nan paj 153, ke nou dekri pi ba a tou.

Apèl Altènatif Nivo 1 pou kontinye resevwa swen sante pi lontan

Si w rate dat limit yo bay pou kontakte Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite a, ou ka soumèt yon demann dapèl bay plan. Mande pou yo fè yon "revizyon rapid." Yon revizyon rapid se yon apèl ki itilize dat limit rapid olye de dat limit regilye.

- Pandan revizyon an, nou gade tout enfòmasyon sou swen sante adomisil ou, sou swen w resevwa nan etablisman ki bay swen enfimye espesyalize, oswa swen w resevwa nan etablisman ki bay pasyan ki pa entèn swen reyabilitasyon konplè (CORF). Nou tcheke pou wè si desizyon nou te pran sou kilè sèvis ou ap fini se yon desizyon ki jis e si desizyon an te suiv tout règ yo.

Esansyèlman: Men kijan pou fè yon Apèl Altènatif Nivo 1

Rele Sèvis Patisipan nou an epi mande pou yon "revizyon rapid."

Nap ba w desizyon nou nan 72 zèdtan.

- Nap itilize dat limit rapid la olyede dat limit abityèl la, pou n ba w repons a revizyon sa a. Nap fè w konnen ki desizyon nou pran leplivite ke posib jan pwoblèm ou an egzije l, men sa pap pran plis ke 72 zèdtan apre w fin mande yon "revizyon rapid."
- **Si nou di Wi** pou demann pou revizyon rapid ou a, sa vle di nou dakò pou n kontinye kouvri sèvis ou yo pandan tout tan sèvis la nesèsè sou plan medikal.

Sa vle di tou nou dakò pou n ranbouse w pou lajan w depanse pou peye pou swen sante w resevwa depi dat nou te di nou tap sispann kouvri swen w.

- **Si nou di Non** pou demann pou revizyon rapid ou a, sa nap di sèk desizyon nou te pran pou n te sispann sèvis ou yo te apwopriye sou plan medikal. Nap sispann kouvri sèvis la apatide dat nou di nou tap sispann kouvri sèvis la.

» Si w kontinye resevwa sèvis apre jou nou di li tap sispann lan, **ou ka oblije peye pri total** sèvis yo.

➔ Pou nou ka asire nou te suiv tout règ yo lè nou te di **Non** pou demann pou apèl rapid ou a, nou pral voye demann dapèl ou a bay Biwo Odyans Administratif Entegre a. Lè nou fè sa, sa vle di ka w la prale *otomatikman* nan pwosedi Apèl Nivo 2 a.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Tèm legal pou “revizyon rapid” oswa “apèl rapid” se “apèl ekspeditif”

Apèl Altènatif Nivo 2 pou kontinye resevwa swen sante pi lontan

Si nou pa dakò avèk ou ke sèvis ou yo ta dwe kontinye, nap voye enfòmasyon pou Apèl Nivo 2 w la bay Ofisye Odyans Administratif Entegre a (IAHO) sou 2 jou ouvrab apatide lè nou ba w desizyon Nivo 1 nou an. Si w panse nou pa respekte dat limit sa a oswa lòt dat limit, ou ka pote yon plent. Seksyon 10 nan paj 188 esplike kijan pou fè yon plent.

Nan Apèl Nivo 2 a, IAHO revwa desizyon nou te pran an lè nou te di **Non** pou demann pou "revizyon rapid" ou an. Òganizasyon sa a deside si desizyon nou te pran an ta dwe chanje.

- IAHO fè yon "revizyon rapid" sou apèl ou a. Moun kap fè revizyon yo ap ba w yon repons sou 72 zèdtan.
- IAHO pa konekte ak plan nou an.
- Yon ofisye Odyans ki nan IAHO a pral gade atantivman tout enfòmasyon ki konsène apèl ou a.
- Si IAHO di **Wi** pou demann dapèl ou, alèkile nou oblije ranbouse w pou pòsyon depans nou gen pou n peye pou swen sante w yo. Epitou nou oblije kontinye kouvri sèvis ou yo pandan tout tan li medikalman nesèsè.
- Si IAHO di **Non** pou demann dapèl ou a, sa vle yo dakò ak desizyon nou te pran pou n te sispann kouvri sèvis ou yo poutèt li te medikalman apwopriye.

Esansyèlman: Men kijan pou fè yon Apèl Altèn Nivo 2 pou egzije plan an kontinye kouvri swen sante w

Ou pa oblije fè anyen. Plan an pral voye apèl ou a otomatikman bay Biwo Odyans Administratif Entegre a (IAHO).

Lèt IAHO pral voye pou w a pral di w kisa w ka fè si w ta renmen kontinye ak pwosedi revizyon an. Li pral ba w tout detay ou bezwen pou konnen kijan pou yon Apèl Nivo 3 ak Konsèy Apèl Medicare la. Seksyon 9 nan paj 187 gen plis enfòmasyon konsènan nivo apèl an plis yo.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Seksyon 9: Ale annapèl nan nivo ki depase Nivo 2

Seksyon 9.1: Pwochen etap pou sèvis, atik ak medikaman (pa pou medikaman Medicare Pati D)

Si w fè yon Apèl Nivo 1 ak yon Apèl Nivo 2 jan li dekri nan Seksyon 5, 7 oswa 8, epi toulède apèl ou yo te rejte, ou ka gen dwa ale annapèl nan nivo ki pi elve. Lèt wap resevwa de Biwo Odyans Administratif Entegre a (IAHO) pral di w kisa pou fè si w ta renmen kontinye pwosedi apèl la.

Se Konsèy Apèl Medicare ki revize Nivo 3 pwosedi apèl yo. Apre sa, ou ka gen dwa mande yon tribinal federal gade apèl ou a.

Si w bezwen èd nan nenpòt nivo pwosedi apèl la, ou ka kontakte Rezo Endepandan pou Defans Konsomatè a (ICAN). Nimewo telefòn la se 1-844-614-8800.

Seksyon 9.2: Pwochen etap pou medikaman Medicare Pati D

Si w fè yon Apèl Nivo 1 ak yon Apèl Nivo 2 pou medikaman Medicare Pati D jan li dekri nan Seksyon 6, epi yo rejte toulède apèl yo, ou ka gen dwa fè apèl nan nivo ki pi wo toujou. Lèt Antite Revizyon Endepandan voye pou ou ap di w kisa pou fè si w vle kontinye pwosedi apèl la.

Nivo 3 pwosedi apèl la se yon odyans ki fèt devan Jij Lalwa Administratif (ALJ). Si w vle pou yon ALJ revwa ka w la, medikaman wap pran an oblije satisfè yon montan minimòm an dola . Si valè an dola a mwenske nivo minimòm lan, ou pa ka ale annapèl pi lwen. Si valè an dola a ase elve, ou ka mande yon ALJ pou l tande apèl ou a.

Si w pa dakò ak desizyon ALJ a, ou ka ale devan Konsèy Apèl Medicare. Apre sa, ou ka gen dwa mande yon tribinal federal gade apèl ou a.

Si w bezwen èd nan nenpòt nivo pwosedi apèl la, ou ka kontakte Rezo Endepandan pou Defans Konsomatè a (ICAN). Nimewo telefòn la se 1-844-614-8800.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Seksyon 10: Men kijan pou soumèt yon plent

Ki kalite pwoblèm ki ta dwe konstitye yon plent?

"Soumèt yon plent" se yon lòt fason pou n di "pote yon plent." Yo itilize pwosedi plent la pou sèten tip pwoblèm *sèlman*, tankou pwoblèm ki konsène kalite swen sante, tan yo fè w tann, ak sèvis kliyan. Men kèk egzanp ki dekri jande pwoblèm pwosedi plent la okipe.

Plent poutèt kalite

- Ou pa kontan ak kalite swen sante a, tankou swen ou resevwa nan lopital la.

Plent poutèt konfidansyalite enfòmasyon prive

- Ou panse gen yon moun ki pat respekte dwa ou genyen sou konfidansyalite enfòmasyon prive, oswa moun nan rapòte enfòmasyon sou ou ki *konfidansyèl*.

Plent poutèt sèvis kliyan an ki pa bon

- Yon pwofesyonèl swen sante oswa estaf te fè w maledve oswa te manke w dega.
- Anplwaye yo nan Aetna Better Health FIDA Plan te trete w mal.
- Ou panse yap pouse do w pou soti nan plan an

Plent poutèt aksè fizik la difisil

- Ou pa ka aksede fizikman sèvis swen sante ni etablisman kote pwofesyonèl swen sante yo gen biwo yo.
- Pwofesyonèl swen sante w pa ba ou yon akomodasyon rezonab ke w bezwen, tankou yon entèprèt pou Langaj Siy Ameriken

Plent poutèt yo fè w tann twò lontan

- Ou gen difikilte jwenn yon randevou, oswa yo fè w tann twò lontan pou jwenn youn.
- Pwofesyonèl swen sante, famasyon, oswa lòt pwofesyonèl swen sante oswa Sèvis Patisipan an oswa lòt moun nan estaf Aetna Better Health FIDA Plan te fè w tann twò lontan.

Plent poutèt kote a pat pwòp

- Ou panse klinik la, lopital la oswa biwo pwofesyonèl swen sante a pat pwòp.

Esansyèlman: Men kijan pou soumèt yon plent

Ou ka soumèt yon plent entèn bay plan nou an ak/oswa yon plent ekstèn bay yon òganizasyon ki pa konekte ak plan nou an.

Pou soumèt yon plent entèn, rele Sèvis Patisipan an oswa voye yon lèt bannou.

Gen diferan òganizasyon ki okipe plent ekstèn. Pou ka gen plis enfòmasyon, al li Seksyon 10.2 nan paj 191.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Plent poutèt ou pat gen aksè a lang ou pale

- Pwofesyonèl swen sante w pa ba w yon entèprèt pandan randevou w la.

Plent poutèt pwoblèm kominikasyon ki soti nan nou

- Ou panse nou pat avize w oswa nou pat ba w yon lèt ke w ta dwe resevwa.
- Ou panse enfòmasyon ekri nou voye pou a twò difisil pou konprann.

Plent poutèt tan nou pran anvan nou pran yon aksyon konsènan desizyon sou sa nap kouvri oswa ki konsène apèl yo

- Ou panse nou pa respekte dat limit pou n pran yon desizyon sou sa nap kouvri oswa pou n reponn yon apèl ou soumèt.
- Ou panse ke, apre w fin resevwa yon otorizasyon pou kouvri yon sèvis oswa yon bon desizyon ann apèl, nou pa respekte dat limit pou n apwouve oswa poun ba w sèvis la oswa pou n ranbouse w pou sèten sèvis.
- Ou panse nou pat transfere ka w la bay Integrated Administrative Hearing Office (Biwo Odyans Administratif Entègre) oswa bay Independent Review Entity (Antite Revizyon Endepandan) a tan.

Èske gen diferan tip plent?

Wi. Ou ka soumèt yon plent entèn ak/oswa yon plent ekstèn. Yon plent entèn, se yon plen yo soumèt bay plan nou an epi plan an revize li. Yon plent ekstèn, se yon plent yo soumèt bay yon òganizasyon ki pa afilye ak plan nou an. Si ou bezwen èd pou soumèt yon plent entèn ak/oswa ekstèn, ou ka rele Rezo Endepandan pou Defans Konsomatè a (ICAN) nan 1-844-614-8800.

Seksyon 10.1: Plent entèn yo

Pou soumèt yon plent entèn, rele Sèvis Patisipan an nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apre w fin gen pwoblèm lan epi w vle soumèt yon plent, **ou gen 60 jou kalandriye** pou soumèt plent la.

- Si gen lòt bagay ou bezwen fè, Sèvis Patisipan an ap fè w konnen.
- Epiou w ka ekri plent ou an epi voye l ba nou. Si w ekri plent ou an sou papye, nap reponn plent ou an alekri.

Nou reponn laplipa nan plent yo nan 30 jou kalandriye. Si posib, nap reponn ou tousuit. Si w rele nou pou rapòte yon plent, nou ka ba w yon repons nan menm apèl telefonik la. Si eta sante w egzije pou nou reponn tousuit, nap fè sa.

- Si w bezwen yon repons byen vit poutèt eta sante w, nap ba w yon repons sou 48 èdtan apre nou fin gen tout enfòmasyon ki nesèsè yo (men nou pap pran plis ke 7 jou kalandriye apatide dat nou resevwa plent ou an).



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

- Si wap soumèt yon plent poutèt nou rejte demann ou fè pou n pran yon "desizyon rapid sou sa nap kouvri" oswa yon "apèl rapid," nap reponn plent ou an sou 24 èdtan.
- Si wap soumèt yon plent poutèt nou pran plis tan pou n pran yon desizyon sou sa nap kouvri, nap reponn plent ou an sou 24 èdtan.

Si nou pa dakò ak sèten oswa tout plent ou yo, nap fè w konnen e nap di w pouki rezon. Kit nou dakò, kit nou pa dakò ak plent ou an, nap reponn kanmenm. Si w pa dakò avèk desizyon nou an, ou ka soumèt yon plent ekstèn.

Tèm legal pou "apèl rapid" se "plent ekspeditif."

Nou reponn pifò plent yo sou 30 jou kalandriye. Si posib, nap reponn ou tousuit. Si w rele nou pou rapòte yon plent, nou ka ba w yon repons nan menm apèl telefonik la. Si eta sante w egzijje pou nou reponn tousuit, nap fè sa.

- Si w bezwen yon repons byen vit poutèt eta sante w, nap ba w yon repons sou 48 èdtan apre nou fin gen tout enfòmasyon ki nesèsè yo (men nou pap pran plis ke 7 jou kalandriye apatide dat nou resevwa plent ou an).
- Si wap soumèt yon plent poutèt nou rejte demann ou fè pou n pran yon "desizyon rapid sou sa nap kouvri" oswa yon "apèl rapid," otomatikman nap ba w yon "plent rapid" epi nap reponn plent ou an sou 24 èdtan.
- Si wap soumèt yon plent poutèt nou pran plis tan pou n pran yon desizyon sou sa nap kouvri, otomatikman nap ba w yon "plent rapid" epi nap reponn plent ou an sou 24 èdtan.

Si nou bezwen pli enfòmasyon epi reta a nan enterè w, oswa si w mande pou n ba w plis tan, nou ka pran jiska 14 jou kalandriye pou n reponn plent ou an. Nap ekri w pou n fè w konnen pouki rezon nou bezwen plis tan.

Si nou pa dakò ak sèten oswa tout plent ou yo, nap fè w konnen e nap di w pouki rezon. Kit nou dakò, kit nou pa dakò ak plent ou an, nap reponn kanmenm. Si w pa dakò avèk desizyon nou an, ou ka soumèt yon plent ekstèn.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Seksyon 10.2: Plent ekstèn yo

Ou ka fè Medicare konnen ou gen plent ou vle rapòte

Ou ka voye plent yo bay Medicare. Fòm Plent Medicare la disponib nan: <https://www.medicare.gov/MedicareComplaintForm/home.aspx>.

Medicare pran plent ou yo trèzoserye epi lap itilize enfòmasyon sa a pou l amelyore kalite pwogram Medicare la.

Si w gen nenpòt sijesyon oswa enkyetid, oswa si w santi plan an pa adrese pwoblèm ou, tanpri rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). TTY ka rele nan 1-877-486-2048. Apèl la gratis.

Yo pral voye plent ou bay ekip Medicare ak Medicaid kap dirije Pwogram FIDA a.

Ou ka fè Depatman Sante Eta Nouyòk konnen ou gen yon plent

Pou soumèt yon plent bay Depatman Sante Leta Nouyòk (NYSDOH), rele nimewo asistans NYSDOH nan 1-866-712-7197. Yo pral voye plent ou bay ekip Medicare ak Medicaid kap dirije Pwogram FIDA a.

Ou ka soumèt plent ou an bay Biwo pou Dwa Sivil

Si w panse yo pat trete w kòm sadwa, ou ka soumèt on plent nan Biwo pou Dwa Sivil ki nan Depatman Sante ak Sèvis Imèn. Paregzanp, ou ka soumèt yon plent poutèt moun andikape pa ka gen aksè oswa poutèt nanpwen moun ki pou ede w ak lang ou pale a. Nimewo telefòn Biwo pou Dwa Sivil la se 1-800-368-1019. TTY dwe rele nan 1-800-537-7697. Epitou ou ka ale sou sit Entènèt la nan <http://www.hhs.gov/ocr> pou ka gen plis enfòmasyon.

Epitou ou ka rele Biwo pou Dwa Sivil lokal la nan: nan 1-800-368-1019 (TTY dwe rele nan 1-800-537-7697).

Ou ka gen sèten dwa tou selon Lwa pou Ameriken ki gen Andikap la (Americans with Disability Act). Ou ka kontakte Rezo Endepandan pou Defans Konsomatè a (ICAN) pou asistans. Nimewo telefòn la se 1-844-614-8800.

Ou ka soumèt yon plent bay Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite

Lè plent ou an konsène *kalite swen*, ou gen de (2) chwa tou:

- Si w pito, ou ka soumèt plent ou fè poutèt kalite swen an dirèkteman bay Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite a (*san w pa menm voye plent la ba nou*).
- Oubyen ou ka soumèt plent ou an ba nou **e** bay Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite a. Si w soumèt yon plent bay òganizasyon sa a, nap travay avèk yo pou n rezoud plent ou soumèt la.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite a se yon gwoup doktè kap pratike, ak lòt ekspè nan domèn swen sante gouvènman federal la peye pou yo tcheke ak amelyore swen yo bay pasyan Medicare yo.

Nan New York, Òganizasyon ki Responsab Amelyorasyon Kalite a rele Livanta. Nimewo telefòn HIICAP se 1-866-815-5440.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Chapit 10: Kijan pou sispann patisipasyon w nan Plan FIDA nou an

Tabmatyè

A. Kilè w ka sispann patisipasyon w nan Plan FIDA nou an?	194
B. Kijan pou sispann patisipasyon w nan Plan FIDA nou an?	195
C. Kijan pou antre nan yon lòt Plan FIDA ki diferan?	195
D. Si w kite Plan FIDA nou an epi w pa vle yon lòt Plan FIDA ki diferan, kijan w ka jwenn sèvis Medicare ak Medicaid ou yo apatide yon sèl plan?	196
E. Si w kite Plan FIDA nou an epi w pa vle yon lòt plan FIDA, ni PACE, ni MAP, kijan w ka jwenn sèvis Medicare ak Medicaid ou yo?	196
Men kijan ou pral resevwa sèvis Medicare yo	196
Men kijan ou pral resevwa sèvis Medicaid yo	198
F. Toutotan patisipasyon w poko fini, wap kontinye resevwa sèvis medikal ou ak medikaman w yo atravè Plan FIDA nou an.	199
G. Si w pati kite zòn kote nou bay sèvis la pandan pliske sis (6) mwa konsekitif (youn dèyè lòt)..	199
H. Nou <i>pa ka</i> mande pou yo anile anrejistreman w nan FIDA Plan nou an pou okenn rezon ki konsène sante w	200
I. Ou ka gen dwa pou mande pou yon odyans san patipri si Pwogram FIDA a sispann patisipasyon w nan Plan FIDA nou an	201
J. Se dwa w pou soumèt yon plent ofisyèl avèk Aetna Better Health FIDA Plan si nou mande Pwogram FIDA pou l sispann patisipasyon w nan FIDA Plan nou an	201
K. Ki kote w ka jwenn plis enfòmasyon pou sispann patisipasyon w nan Plan FIDA nou an?	201



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**,
24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan
www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Entwodiksyon

Chapit sa a bay detay sou fason ou ka sispann patisipasyon w nan Plan FIDA nou an ak kijan ou ka jwenn opsyon pou pwoteksyon Medicare ak Medicaid apre w fin kite Aetna Better Health FIDA Plan. Wap toujou kalifye pou toulède, benefis Medicare ak benefis Medicaid si w kite Aetna Better Health FIDA Plan.

A. Kilè w ka sispann patisipasyon w nan Plan FIDA nou an?

Ou ka sispann patisipasyon w nan Aetna Better Health FIDA Plan nenpòt lè. Patisipasyon w pral fini nan dènye jou nan mwa nou resevwa demann ou voye pou n chanje plan w lan. Pa egzanp, si nou resevwa demann ou le 25 janvyè, pwoteksyon w lan avèk plan nou an pral fini le 31 janvyè. Nouvo pwoteksyon asirans ou an pral kòmanse nan premye jou nan mwa suivan an.

- ➔ Pou jwenn enfòmasyon sou opsyon Medicare lè w kite Aetna Better Health FIDA Plan, gade nan tablo ki nan paj 196.
- ➔ Pou jwenn enfòmasyon sou sèvis Medicaid ou yo lè w kite Aetna Better Health FIDA Plan, gade nan paj 198.

Fason sa yo se fason ki pèmèt ou jwenn plis enfòmasyon sou kilè ou ka sispann patisipasyon w:

- Rele Ajan ki responsab Anrejistreman an (New York Medicaid Choice) nan 1-855-600-FIDA, de lendi a vandredi apatide 8:30 am jiska 8:00 pm e samdi de 10:00 am a 6:00 pm. TTY dwe rele nan 1-888-329-1541.
- Rele Pwogram Enfòmasyon sou Asirans Sante, sou Konsèy ak Asistans (Health Insurance Information, Counseling and Assistance Program, HIICAP). Nimewo telefòn HIICAP se 1-800-701-0501.
- Rele Medicare nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 è sou 24, sèt jou sou sèt. TTY dwe rele nan 1-877-486-2048.

Epitou Rezo Endepandan pou Defans Konsomatè a (ICAN) ka ba w enfòmasyon ak asistans gratis pou nenpòt pwoblèm ou genyen ak Plan FIDA w la. Pou kontakte ICAN, rele nan 1-844-614-8800. (TTY, rele 711, apres a suiv direktiv pou fòmè 844-614-8800.)



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

B. Kijan pou sispann patisipasyon w nan Plan FIDA nou an?

Si w deside pou sispann patisipasyon w nan Aetna Better Health FIDA Plan, rele Ajan ki responsab Anrejistremman an oswa Medicare epi di yo ou vle kite Aetna Better Health FIDA Plan:

- Rele Ajan ki responsab Anrejistremman an (New York Medicaid Choice) nan 1-855-600-FIDA, de lendi a vandredi apatide 8:30 am jiska 8:00 pm e samdi de 10:00 am a 6:00 pm. TTY dwe rele nan 1-888-329-1541; OUBYEN
- Rele Medicare nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 è sou 24, sèt jou sou sèt. TTY dwe rele nan 1-877-486-2048. Lè w rele 1-800-MEDICARE, ou ka anrejistre w tou nan yon lòt plan swen sante oswa plan medikaman Medicare. Wap jwenn plis enfòmasyon pou ka konnen kijan pou jwenn sèvis Medicare lè w kite Aetna Better Health FIDA Plan nan tablo ki nan paj 196.

C. Kijan pou antre nan yon lòt Plan FIDA?

Si w vle kontinye resevwa benefis Medicare ak Medicaid ou yo ansanm apatide yon sèl plan, ou ka antre nan yon lòt Plan FIDA ki diferan.

Pou ka anrejistre w nan yon lòt Plan FIDA ki diferan:

- Rele Ajan ki responsab Anrejistremman an (New York Medicaid Choice) nan 1-855-600-FIDA, de lendi a vandredi apatide 8:30 am jiska 8:00 pm e samdi de 10:00 am jiska 6:00 pm. TTY dwe rele nan 1-888-329-1541. Di Ajan ki responsab Anrejistremman an ou vle kite Aetna Better Health FIDA Plan e ou vle antre nan yon lòt Plan FIDA ki diferan. Si w pa fin si nan ki plan ou vle antre, Ajan ki responsab Anrejistremman an ka pale w de lòt plan ki gen nan zòn kote w rete a; OUBYEN
- Si w konn non Plan FIDA ou vle antre ladann nan, voye yon fòm pou Chanje Anrejistremman bay Ajan ki responsab Anrejistremman an. Ou ka jwenn fòm lan nan <http://www.ny-medicaidchoice.com> oswa rele Ajan ki responsab Anrejistremman an nan 1-855-600-FIDA si w bezwen yo voye youn pa lapòs pou ou. TTY dwe rele nan 1-888-329-1541.

Pwoteksyon asirans ou avèk Aetna Better Health FIDA Plan pral fini nan dènye jou nan mwa ke nou resevwa demann ou an. Pwoteksyon asirans ou genyen avèk nouvo Plan FIDA ou chwazi a pral kòmanse nan premye jou pwochen mwa a.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

D. Si w kite Plan FIDA nou an epi w pa vle yon lòt Plan FIDA ki diferan, kijan w ka jwenn sèvis Medicare ak Medicaid ou yo apatide yon sèl plan?

Si w kite Aetna Better Health FIDA Plan epi w vle kontinye resevwa sèvis Medicare ak Medicaid yo ansanm apatide yon sèl plan, gen posibilite pou anrejistre w nan Program of All-Inclusive Care for the Elderly (PACE) [Pwogram Tout Swen Enkli pou Moun Aje] oswa nan Pwogram Medicaid Advantage Plus (MAP).

Pou ka anrejistre nan PACE oswa MAP:

- Rele Ajan ki responsab Anrejistreman an (New York Medicaid Choice) nan 1-855-600-FIDA, de lendi a vandredi apatide 8:30 am jiska 8:00 pm e samdi de 10:00 am a 6:00 pm. TTY dwe rele nan 1-888-329-1541. Di Ajan ki responsab Anrejistreman an ou vle kite Aetna Better Health FIDA Plan e ou vle anrejistre w nan PACE oswa nan MAP. Si w pa fin si nan ki Plan PACE oswa MAP ou vle antre, Ajan ki responsab Anrejistreman an ka pale w de lòt plan ki gen nan zòn kote w rete a.

E. Si w kite Plan FIDA nou an epi w pa vle yon lòt plan FIDA, ni PACE, ni MAP, kijan w ka jwenn sèvis Medicare ak Medicaid ou yo?

Si w pa vle anrejistre w nan yon lòt plan FIDA, PACE, oswa MAP apre w fin kite Aetna Better Health FIDA Plan, ou pral retounen resevwa sèvis Medicare ak Medicaid ou yo separeman jan nou deklare l pi ba a.

Men kijan ou pral resevwa sèvis Medicare yo

Ou pral gen yon chwa asavwa kijan w resevwa benefis Medicare ou yo.

Ou gen twa opsyon pou ka resevwa sèvis Medicare ou yo. Lè w anrejistre w nan youn nan opsyon sila yo, ou pral sispann patisipasyon w otomatikman nan Aetna Better Health FIDA Plan.

<p>1. Ou ka chanje pou pran:</p> <p>Yon plan sante Medicare, tankou yon plan Medicare Advantage</p>	<p>Men sa pou fè:</p> <p>Rele Medicare nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 è sou 24, sèt jou sou sèt. TTY dwe rele nan 1-877-486-2048 pou anrejistre nan nouvo plan sante Medicare sèlman.</p> <p>Si w bezwen èd oswa plis enfòmasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Oswa rele Enfòmasyon Asirans Sante, Pwogram Asistans ak Konsèy (HHCAP) nan 1-800-701-0501. <p>Yap retire w otomatikman nan Aetna Better Health FIDA Plan lè nouvo pwoteksyon plan asirans ou an kòmanse.</p>
---	--



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

<p>2. Ou ka chanje pou pran:</p> <p>Original Medicare <i>ak</i> yon plan pou medikaman sou preskripsyon Medicare kouvri separeman</p>	<p>Men sa pou fè:</p> <p>Rele Medicare nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 è sou 24, sèt jou sou sèt. TTY dwe rele nan 1-877-486-2048.</p> <p>Si w bezwen èd oswa plis enfòmasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Oswa rele Enfòmasyon Asirans Sante, Pwogram Asistans ak Konsèy (HIICAP) nan 1-800-701-0501. <p>Yap retire w otomatikman nan Aetna Better Health FIDA Plan lè asirans Original Medicare w la kòmanse.</p>
<p>3. Ou ka chanje pou pran:</p> <p>Original Medicare <i>san</i> yon plan pou medikaman sou preskripsyon Medicare kouvri separeman</p> <p>NOTE: Si w chanje pou pran Original Medicare epi w pa anrejistre nan yon plan medikaman sou preskripsyon Medicare kouvri separeman, Medicare ka anrejistre w nan yon plan medikaman, amwenske w di Medicare ou pa vle anrejistre w ladann.</p> <p>Sèl lè pou w refize pran asirans ki kouvri medikaman sou preskripsyon se si w deja genyen l atravè asirans yon anplwayè, yon sendika oswa yon lòt sous ap ba ou. Si w gen kesyon asavwa si w bezwen asirans medikaman, rele Pwogram Enfòmasyon sou Asirans Sante, sou Konsèy ak Asistans (Health Insurance Information, Counseling and Assistance Program, HIICAP) nan 1-800-701-0501.</p>	<p>Men sa pou fè:</p> <p>Rele Medicare nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 è sou 24, sèt jou sou sèt. TTY dwe rele nan 1-877-486-2048.</p> <p>Si w bezwen èd oswa plis enfòmasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Rele Enfòmasyon Asirans Sante, Pwogram Asistans ak Konsèy (HIICAP) nan 1-800-701-0501. <p>Yap retire w otomatikman nan Aetna Better Health FIDA Plan lè asirans Original Medicare w la kòmanse.</p>



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Men kijan ou pral resevwa sèvis Medicaid yo

Si w kite Plan FIDA a, wap toujou kapab resevwa sèvis Medicaid ou yo.

- Ou pral gen opòtinite pou chanje pou w pran yon plan Medicaid Managed Long-Term Care (Swen Kontwole Alontèm Medicaid) ki bay sèvis ak sipò alontèm epi pou pran sèvis swen fizik ak swen mantal Medicaid atravè Medicaid Fee-for-Service (Frè pou Sèvis Medicaid). Ou ka chwazi pou sispann pran sèvis ak sipò alontèm konplètman. Sepandan, sa ka pran yon ti tan anplis pou yo konplete pwosedi pou sispann sèvis ak sipò yo.
 - » Si w chwazi pou sispann resevwa sèvis ak sipò alontèm konplètman, nou fèt pou nou asire nou wap an sekirite si w pa resevwa sèvis sa yo. Pou fè sa, nou pral konplete yon pwosedi pou sispann sèvis ak sipò yo, an tout sekirite. Sa ka pran kèlke semèn apatide dat ou di nou ou vle sispann resevwa sèvis ak sipò alontèm yo. Pandan tan sa a, yo pral anrejistre w nan plan Medicaid Managed Long-Term Care (Swen Kontwole Alontèm Medicaid) ke menm konpayi kap jere Aetna Better Health FIDA Plan an, pral jere. Demann pou chanjman ke w te fè pou asirans Medicare ou pap gen okenn reta epi lap anvigè nan premye jou nan mwa apre w fin mande pou yo fè chanjman an.
- Si w tap resevwa sèvis atravè egzanpsyon 1915 (c) ki ba w opsyon pou resevwa swen kominotè olye pou resevwa swen nan yon Etablisman ki bay Swen Enfimye [Nursing Home Transition & Diversion 1915 (c)] anvan w te anrejistre nan yon Plan FIDA, ou pral gen opòtinite pou reyaplike pou egzanpsyon Nursing Home Transition & Diversion 1915(c) a. Ou pral kontinye resevwa nenpòt sèvis Nursing Home Transition & Diversion ki egziste nan Aetna Better Health FIDA Plan oswa anrejistre w nan yon plan Medicaid Managed Long-Term Care (Swen Kontwole Alontèm Medicaid) pou w resevwa sèvis Medicaid ou yo jiskaske aplikasyon w pou egzanpsyon Nursing Home Transition & Diversion 1915(c) w la apwouve. Ajan ki responsab Anrejistreman an (New York Medicaid Choice) ka ede w ak aplikasyon w lan.
- Ou pral resevwa yon nouvo Kat Idantifikasyon Patisipan Medicaid, yon nouvo *Tiliv pou Patisipan*, ak yon nouvo *Anyè Pwofesyonèl Swen Sante ak Famasi ladann*.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

F. Toutotan patisipasyon w pou fini, wap kontinye resevwa sèvis medikal ou ak medikaman w yo atravè Plan FIDA nou an

Si w kite Aetna Better Health FIDA Plan, sa ka pran yon ti tan anvan patisipasyon w lan fini ak anvan pou nouvo asirans Medicare ak Medicaid ou a kòmanse. Gade nan paj 194 pou ka gen plis enfòmasyon. Pandan tan sa a, ou pral kontinye resevwa sèvis, atik ak medikaman w yo atravè Aetna Better Health FIDA Plan.

- **Ou dwe itilize famasi ki nan rezo nou yo pou ka ranpli preskripsyon w yo.** Anjeneral, plan an kouvri medikaman sou preskripsyon w yo sèlman si w ranpli yo nan yon famasi ki nan rezo a ikonpri preskripsyon w kòmande atravè sèvis famasi nou an pa lapòs.
- **Si yo entènè w lopital jou patisipasyon w nan plan an fini, jeneralman plan nou an ap kouvri sejou w pase nan lopital la jiskaske yo egzeyate w.** Sa pral rive menm si nouvo plan w lan kòmanse anvan menm yo egzeyate w.

G. Si w pati kite zòn kote nou bay sèvis la pandan pliske sis (6) mwa konsekitif (youn dèyè lòt).

Ka sa yo se ka ki prezante lè règleman Pwogram FIDA yo egzije pou sispann patisipasyon w:

- Si gen yon sispann nan asirans Medicare Pati A ak Pati B w la.
- Si w pa kalifye pou Medicaid ankò.
- Si w pa rete ankò nan zòn kote nou bay sèvis la.
- Si w pati kite zòn kote nou bay sèvis la pandan pliske sis (6) mwa konsekitif (youn dèyè lòt).
 - » Si w pati kite zòn lan oswa si w pati pandan lontan, ou fèt pou rele Sèvis Patisipan an pou ka konnen si Aetna Better Health FIDA Plan bay sèvis nan zòn kote w pral abite a oswa nan zòn kote w prale a.
- Si yo mete w nan prizon oswa nan yon sant koreksyon poutèt yon krim.
- Si w bay manti oswa si w pa bay enfòmasyon konsènan lòt asirans medikal ou genyen pou swen sante oswa pou medikaman sou preskripsyon.
- Si w se yon sitwayen Etazini oswa w se yon rezidan legal Ozetazini.

Pou vin yon Patisipan nan plan an, ou oblije sitwayen Etazini oswa yon rezidan legal Ozetazini. Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid pral fè nou konnen si w pa kalifye pou rete nan plan an antanke Patisipan sou baz sa a. Si w pa satisfè egzijans sa a, nou oblije anile anrejistreman w.

Kèlkeswa sitiyasyon nou site anwo a ki ta prezante, Ajan ki responsab Anrejistreman an (New York Medicaid Choice) pral voye yon avi pou fè w konnen yap anile anrejistreman w lan epi lap disponib pou l



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

esplike w lòt chwa asirans ou genyen.

Anplis, nou ka mande pou Pwogram FIDA a wete w nan Aetna Better Health FIDA Plan pou rezon sa yo:

- Si w fè espere ba nou enfòmasyon ki pa kòrèk lè w anrejistre nan Aetna Better Health FIDA Plan epi enfòmasyon sa a vin afekte elijibilite w nan plan nou an.
- Si w kontinye ap konpòte w yon jan ki deranje e ki fè li difisil pou nou bay ni ou ni Patisipan nan Aetna Better Health FIDA Plan swen medikal, malgre nou fin fè tout efò ke nou dokimante, pou nou rezoud kèlkeswa pwoblèm ou genyen an.
- Si ou fè ekspres ou pa ranpli ni soumèt fòm konsantman oswa fòm otorizasyon ki obligatwa ki pou pèmèt Aetna Better Health FIDA Plan ak pwofesyonèl swen sante yo gen aksè a enfòmasyon sou swen sante ak sou sèvis ki nesèsè pou nou ba w swen.
- Si w kite yon lòt moun itilize kat Idantifikasyon Patisipan w pou l resevwa swen medikal.
 - » Si nou sispann patisipasyon w poutèt rezon sa a, Medicare ka mande Enspektè Jeneral la pou l mennen yon envestigasyon sou ka w la.

Kèlkeswa sitiyou ki pi wo a ki ta rive, nou pral avize w sou enkyetid sa bannou anvan nou mande Pwogram FIDA otorizasyon l pou anile anrejistremant w lan nan Aetna Better Health FIDA Plan. Nou pral fè sa pou nou ka ba w opòtinite pou rezoud pwoblèm yo dabò. Si pwoblèm yo pa rezoud, nou pral voye yon lòt avi pou ou yon fwa nou fin soumèt demann nan. Si Pwogram FIDA a apwouve demann nou an, ou pral resevwa yon avi kap fè w konnen yo anile anrejistremant w lan. Ajan ki responsab Anrejistremant an ap disponib pou l esplike w ki lòt chwa asirans ou genyen.

H. Nou *pa ka* mande pou yo anile anrejistremant w nan FIDA Plan nou an pou okenn rezon ki konsène sante w

Si w santi ke nap mande pou yo anile anrejistremant w nan Aetna Better Health FIDA Plan pou yon rezon ki konsène sante w, ou fèt pou rele Medicare nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 sou 24, sèt jou sou sèt. TTY dwe rele nan 1-877-486-2048. Se pou w rele tou Medicaid nan 1-800-541-2831. Ou ka gen dwa pou mande pou yon odyans san patipri si Pwogram FIDA a sispann patisipasyon w nan Plan FIDA nou an.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

I. Ou ka gen dwa pou mande pou yon odyans san patipri si Pwogram FIDA a sispann patisipasyon w nan Plan FIDA nou an

Si Pwogram FIDA a sispann patisipasyon w nan Aetna Better Health FIDA Plan, Pwogram FIDA a fèt pou l voye yon lèt pou l esplike w pou ki rezon. Epitou fòk li esplike w kijan w ka mande pou yon odyans san patipri konsènan desizyon yo pran pou yo sispann patisipasyon w lan.

J. Se dwa w pou soumèt yon plent ofisyèl avèk Aetna Better Health FIDA Plan si nou mande Pwogram FIDA pou l sispann patisipasyon w nan FIDA Plan nou an

Si n mande Pwogram FIDA a pou l sispann patisipasyon w nan plan nou an, nou fèt pou n ekri w pou n ba w rezon nou yo. Epitou nou fèt pou n esplike w kijan w ka soumèt yon plent konsènan demann nou fè pou n sispann patisipasyon w nan plan an. Al gade nan Chapit 9 pou ka gen enfòmasyon sou kijan pou soumèt yon plent.

➔ **Note:** Ou ka sèvi ak pwosedi pou pote plent lan pou ka eksprime ensatisfaksyon w poutèt demann nou fè pou n sispann patisipasyon w nan plan an. Sepandan, si w vle mande pou yo chanje desizyon an, ou fèt pou mande pou yon odyans san patipri jan yo dekri l nan Seksyon I ki pi wo a.

K. Ki kote w ka jwenn plis enfòmasyon pou sispann patisipasyon w nan Plan FIDA nou an?

Si w gen kesyon oswa si w ta renmen gen plis enfòmasyon sou kilè nou ka sispann patisipasyon w, ou ka rele Sèvis Patisipan an nan **1-855-494-9945**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. TTY dwe rele **711**.

Epitou Rezo Endepandan pou Defans Konsomatè a (ICAN) ka ba w enfòmasyon ak asistans gratis pou nenpòt pwoblèm ou genyen ak Plan FIDA w la. Ou ka kontakte ICAN nan nimewo pou apèl gratis la ki se 1-844-614-8800, oswa sou sit Entènèt la nan icannys.org (TTY, rele 711, apres a suiv direktiv pou fòmè 844-614-8800.)



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: 711), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Chapit 11: Avi legal

Tabmatyè

A. Avi konsènan lwa ki genyen yo	202
B. Avi sou non-diskriminasyon.....	202
C. Avi sou Aetna Better Health FIDA Plan antanke yon dezyèm peyè	203
Dwa Sibwogasyon Aetna Better Health FIDA Plan genyen	203
Dwa Ranbousman Aetna Better Health FIDA Plan genyen	203
Responsabilite w yo.....	203
D. Konfidansyalite patisipan an ak avi sou pratik konfidansyalite enfòmasyon prive	204
E. Avi sou aksyon	204

A. Avi konsènan lwa ki genyen yo

Gen plizyè lwa ki aplike nan *Tiliv pou Patisipan* sa a. Lwa sa yo ka afekte dwa w ak responsabilite w yo menmsi nou pa enkli ni nou pa esplike lwa sa yo nan tiliv sa a. Lwa prensipal ki aplike pou tiliv sa a se lwa federal yo ki konsène pwogram Medicare ak Medicaid. Gen lòt lwa federal ak lwa leta ki ka aplike tou.

B. Avi sou non-diskriminasyon

Tout konpayi oswa ajans kap travay avèk Medicare fèt pou respekte lalwa. Yo pa ka trete w yon lòt jan poutèt laj ou, eksperyans reklamasyon w, koulè w, ideyoloji w, etni w, prèv asirabilite w, si w se gason oswa fi, enfòmasyon jenetik ou, pozisyon jewografik ou, kondisyon sante w, istwa medikal ou, andikap mantal oswa fizik ou, orijin nasyonal ou, ras ou, relijyon w oswa sèks ou. Si w panse ke yo pa trete w defason ekitab pou kèlkeswa nan rezon sa yo, rele Biwo pou Dwa Sivil, Depatman Sèvis Sante ak Imen an (Department of Health and Human Services, Office for Civil Rights) nan 1-800-368-1019. TTY (moun ki soud, moun ki gen pwoblèm pou tandè oswa moun ki gen pwoblèm pou pale) dwe rele nan 1-800-537-7697. Epitou ou ka ale sou sit Entènèt la nan <http://www.hhs.gov/ocr> pou ka gen plis enfòmasyon.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

C. Avi sou Aetna Better Health FIDA Plan antanke yon dezyèm peyè

Gen dèfw se pou yon lòt moun peye anvan pou sèvis yo, atik yo ak medikaman nou bay yo. Pa egzanp, si w nan yon aksidan machin oswa si w blese nan travay ou, se pou asirans lan oswa Dedomajman Travayè a peye dabò.

Aetna Better Health FIDA Plan gen dwa ak responsabilite pou kolekte peman pou sèvis, atik, ak medikaman ki kouvri yo lè gen yon lòt moun ki pou peye pou yo anvan.

Dwa Sibwogasyon Aetna Better Health FIDA Plan genyen

Sibwogasyon se pwosesis kote Aetna Better Health FIDA Plan resevwa peman pou kèk oswa tout frè pou depans swen sante w la nan men yon lòt asirè. Pami egzanp lòt asirè genyen:

- Asirans otomobil oswa asirans pou pwopriyetè kay
- Asirans otomobil oswa asirans pou pwopriyetè kay pou moun ki lakòz maladi oswa blesi w la
- Dedomajman Travayè

Si yon asirè ki pa Aetna Better Health FIDA Plan ta peye pou sèvis, atik, oswa medikaman ki gen rapò avèk yon maladi oswa blesi, Aetna Better Health FIDA Plan gen dwa pou li mande asirè sa a pou l ranbouse nou. Amwenske lalwa egzijte otreman, kouvèti anba polis asirans Aetna Better Health FIDA Plan sa a pral segondè lè gen yon lòt plan, ki enkli yon lòt plan asirans, kap kouvri w pou sèvis, atik, oswa medikaman FIDA kouvri yo.

Dwa Ranbousman Aetna Better Health FIDA Plan genyen

Si w resevwa lajan apre yon pwosè oswa apre yon antant poutèt yon maladi oswa yon blesi, Aetna Better Health FIDA Plan gen dwa pou l mande w pou ranbouse l pou depans li fè pou sèvis ki kouvri yo ke l te peye pou yo a. Nou pa kapab mande w pou ranbouse nou pou yon montan ki pliske lajan ou te resevwa nan pwosè a oswa nan antant lan.

Responsabilite w yo

Antanke yon Patisipan nan Aetna Better Health FIDA Plan, ou aksepte pou:

- Fè nou konnen kèlkeswa evènman ki ka afekte dwa Sibwogasyon oswa dwa pou Ranbousman Aetna Better Health FIDA Plan genyen.
- Kolabore avèk Aetna Better Health FIDA Plan lè nou mande pou enfòmasyon ak asistans avèk Kowòdinasyon Benefis, Sibwogasyon, oswa Ranbousman.
- Siyen dokiman pou ede Aetna Better Health FIDA Plan avèk dwa l genyen pou Sibwogasyon ak Ranbousman.
- Otorize Aetna Better Health FIDA Plan pou envestige, pou mande e pou divilge enfòmasyon ki nesèsè pou egzekite Kowòdinasyon Benefis, Sibwogasyon, ak Ranbousman, depi lalwa pèmèt sa.

Si w pa dispoze pou ede nou, wap ka gen pou ranbouse nou pou depans nou fè yo; ki enkli frè rezonab pou avoka, nou te oblije anboche pou ranfòse dwa nou genyen yo anba plan sa a.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

D. Konfidansyalite patisipan an ak avi sou pratik konfidansyalite enfòmasyon prive

Nap asire nou ke tout enfòmasyon yo, tout dosye yo, tout done yo, ak tout eleman done ki gen rapò avèk ou, ke òganizasyon nou an, anplwaye nou yo, soukontraktè nou yo ak asosye biznis nou yo itilize, pral pwoteje kont divilgasyon ki pa otorize, konfòmman ak 42 CFR Pati 431, Soupati F; 45 CFR Pati 160; ak 45 CFR Pati 164, Soupati A ak E.

Selon lalwa, nou gen obligasyon pou nou ba w yon Avi ki dekri kijan nou ka itilize ak divilge enfòmasyon sou sante ki konsène w, ak kouman ou ka jwenn enfòmasyon sa a. Tanpri, revize Avi sou Pratik Konfidansyalite Enfòmasyon Prive sa a, avèk atansyon. Si w gen nenpòt kesyon, rele Sèvis Patisipan an nan **1-855-494-9945** (TTY: **Rele 711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7.

E. Avi sou aksyon

Nou fèt pou nou itilize yon avi sou detèminasyon pwoteksyon pou avize w sou yon refi, yon sispansyon, ak yon delè oswa modifikasyon nan benefis yo. Si w pa dakò avèk desizyon nou an, ou ka soumèt yon demann dapèl avèk plan nou an. Ou pap gen pou peye pou okenn nan pwosedi sa yo. Pou ka gen plis enfòmasyon sou demann dapèl, al gade nan Chapit 9.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945** (TTY: **711**), 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Chapit 12: Definisyon mo ki enpòtan yo

Aktivite toulejou nan lavi: Bagay moun fè nan yon jounen nòmal, tankou manje, ale nan twalèt, abiye, benyen, mache, oswa bwose dan.

Èd peye ki annatant: Ou ka kontinye resevwa sèvis oswa atik ki gen rapò avèk apèl ou a, pandan wap tann yon desizyon sou yon Apèl Nivo 1, 2, oswa 3. Yo rele pwoteksyon kontinyèl sa a "èd peye ki annatant" oswa "benefis kap kontinye". Tout lòt sèvis ak atik yo ap kontinye otomatikman nan nivo yo te apwouve yo pandan apèl ou a.

Apèl: Se yon fason w genyen pou w konteste yon desizyon sou sa plan an kouvri si w panse desizyon an pa kòrèk. Ou ka mande nou pou nou chanje yon desizyon sou sa plan an kouvri, pou fè sa se pou fè yon demann pou ale annapèl. Chapit 9 esplike apèl, avèk fason pou ale annapèl.

Faktirasyon balans: Se yon sityasyon kote yon pwofesyonèl swen sante (tankou yon doktè oswa yon lopital) voye bòdwo bay yon moun alòske se sèlman Aetna Better Health FIDA Plan ki ta dwe resevwa bòdwo a. Nou pa pèmèt pwofesyonèl ki bay swen sante yo pou yo "ba w bòdwo pou balans la". Etandone Aetna Better Health FIDA Plan peye pri total pou sèvis ou resevwa yo, ou pa ta dwe resevwa okenn bòdwo nan men pwofesyonèl ki bay swen sante yo. Rele Sèvis Patisipan an si w resevwa nenpòt bòdwo ke w pa konprann.

Medikaman ki gen mak orijinal: Se yon medikaman sou preskripsyon ke konpayi ki te fabrike medikaman an anpremye, ap vann. Medikaman ki gen mak orijinal yo gen menm engredyan aktif avèk vèsyon jenerik medikaman yo. Se lòt konpayi ki fabrike e ki vann medikaman jenerik yo.

Responsab Swen: Se yon moun ki prensipalman travay avèk ou, ak Plan FIDA a, ak pwofesyonèl ki ba w swen sante, e ak Ekip Entèdisiplinè (IDT) ou pou l asire l ou resevwa swen w bezwen an.

Sant pou Sèvis Medicare & Medicaid (Medicare & Medicaid Services, CMS): Se ajans federal ki responsab Medicare ak Medicaid. Chapit 2 esplike kijan pou kontakte CMS.

Evalyasyon konplè: Yon revizyon istorik medikal ou, bezwen w yo ak preferans ou yo, ak kondisyon aktyèl ou. Se oumenm ak Ekip Entèdisiplinè (IDT) ou ki itilize l pou devlope pou ou yon Plan Sèvis ki Konsantre sou yon Moun (Person-Centered Service Plan, PCSP). Mo sa a koresponn ak premye evalyasyon konplè wap gen pou fè lè w fèk antre nan Aetna Better Health FIDA Plan oswa sou sis (6) mwa depi w te fè dènye evalyasyon si w te anre nan Aetna Better Health FIDA Plan lè w te soti nan Aetna Better Health of New York epi li koresponn tou ak lòt re-evalyasyon konplè wap gen pou fè omwen chak sis mwa men yo ka fè li pi souvan si gen nesosite poutèt chanjman nan sa w bezwen yo. Evalyasyon ak re-evalyasyon konplè yo, se yon Enfimyè Otorize kap vin fè li lakay ou, li ka fè l tou nan lopital, nan yon etablisman ki bay swen enfimye, oswa nan nenpòt kote w rete lè yap fè evalyasyon an.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Etablisman ki bay pasyan ki pa entèn swen reyabilitasyon konplè (Comprehensive outpatient rehabilitation facility, CORF): Se yon etablisman ki bay sèvis reyabilitasyon apre yon maladi, yon aksidan oswa apre yon gwo operasyon. Li bay tout yon seri sèvis, ikonpri fizyoterapi, sèvis sosyal oswa sèvis sikolojik, terapi respiratwa, ègoterapi [terapi okipasyonèl], òtofofoni [terapi lapawòl], ak sèvis evalyasyon nan anviwònman adomisil la.

Benefis kap kontinye: Al gade nan "èd peye ki annatant."

Desizyon sou sa plan an ap kouvri: Se yon desizyon IDT ou, Aetna Better Health FIDA Plan, oswa yon lòt pwofesyonèl ki otorize bay swen sante pran pou detèmine si Aetna Better Health FIDA Plan pral kouvri yon sèvis pou ou. Ladann gen desizyon sou si yap kouvri sèvis, atik, ak medikaman. Chapit 9 esplike kijan pou mande nou pou yon desizyon sou sa plan an ap kouvri.

Medikaman ki kouvri yo: Se tèm nou itilize pou n pale de tout medikaman sou preskripsyon ak lòt medikaman Aetna Better Health FIDA Plan kouvri.

Sèvis ak atik ki kouvri yo: Se tèm jeneral nou itilize pou n pale de tout swen sante, sèvis ak sipò alontèm, akseswa, medikaman sou preskripsyon ak medikaman yo vann san preskripsyon, ekipman, ak lòt sèvis Aetna Better Health FIDA Plan kouvri. Sèvis ak atik ki kouvri yo liste endividyèlman nan Chapit 4.

Anilasyon anrejistreman: Se pwosesis kote yo anile afilyasyon w kòm Patisipan nan Aetna Better Health FIDA Plan. Anilasyon anrejistreman an ka volontè (lè se chwa pa w) tankou tou li ka envolontè (lè se pa chwa pa w).

Nivo medikaman: Se yon gwoup medikaman ki gen menm tip (pa egzanp, medikaman ki gen mak orijinal, jenerik, oswa medikaman yo vann san preskripsyon). Tout medikaman ki sou Lis Medikaman ki Kouvri yo nan youn nan 3 nivo yo.

Ijans: Yon ka dijans medikal se lè oumenm oswa yon lòt moun ki gen ti konesans jeneral nan domèn sante ak lamedsin, kwè ke w prezante sentòm medikal ki bezwen swen medikal imedyatman pou anpeche lanmò, pou pa pèdi yon pati nan kò a, oswa pou pa pèdi fonksyonman nan yon pati nan kò a. Sentòm medikal ki prezante yo ka blese grav oswa gwo doulè.

Swen dijans: Se sèvis ki kouvri ke yon pwofesyonèl swen sante ki resevwa fòmasyon pou l bay sèvis dijans bay e ki nesèsè pou trete yon ijans medikal. Plan an kouvri swen dijans pwofesyonèl swen sante andeyò rezo a bay.

Ajan ki responsab Anrejistreman: Antite endepandan an (New York Medicaid Choice) ki jere anrejistreman ak anilasyon anrejistreman nan FIDA Plan pou Eta New York.

Eksepsyon: Se pèmisyon pou yo kouvri yon medikaman ki nòmalman pa kouvri oswa pou yo itilize medikaman an san sèten règ ak limit.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Esplikasyon Benefis (EOB): Yon rezime medikaman ou te resevwa pandan yon mwa byen presi. Epitou li montre peman total Aetna Better Health FIDA Plan ak Medicare te peye pou ou depi 1ye janvyè.

Èd Anplis (Extra Help): Se yon pwogram Medicare ki ede moun ki pa gen anpil revni e ki pa gen anpil resous, pou yo peye pou medikaman sou preskripsyon Medicare Pati D. Èd anplis gen yon lòt non, yo rele l "Sibvansyon Ti Revni (Low-Income Subsidy)", oswa "LIS."

Odyans san patipri: Se yon chans ou genyen pou rakonte pwoblèm ou devan yon tribinal Eta New York epi pou montre ke gen yon desizyon nou pran ki pa kòrèk parapò a kalifikasyon w pou Medicaid oswa pwogram FIDA a.

Plan Avantaj Doub ki Totalman Entegre (Fully Integrated Duals Advantage, FIDA): Se yon òganizasyon ki bay swen kontwole ki gen kontra ak Medicare e ak Medicaid pou l bay moun ki elijib yo tout sèvis ki disponib atravè toulède pwogram yo, ansanm ak nouvou sèvis tou. Plan an konpoze de doktè, lopital, famasi, pwofesyonèl ki bay sèvis alontèm ak lòt pwofesyonèl ki bay sèvis sante. Epitou li genyen Responsab Swen ki pou ede w jere tout pwofesyonèl swen sante ak tout sèvis ou yo. Yo tout yo travay ansanm pou ba w swen ou bezwen an.

Pwogram Avantaj Doub ki Totalman Entegre (FIDA): Se yon pwogram demonstrasyon ke Eta New York ak gouvènman federal la administre ansanm pou yo bay pi bon swen sante pou moun ki gen toulède, Medicare ak Medicaid. Selon demonstrasyon sa a, Leta a ak gouvènman federal la ap teste nouvo fason pou amelyore fason w resevwa sèvis swen sante Medicare ak Medicaid.

Medikaman jenerik: Se yon medikaman sou preskripsyon ke gouvènman federal la apwouve pou yo itilize nan plas yon medikaman ki gen mak orijinal. Yon medikaman jenerik gen menm engredyan aktif avèk medikaman ki gen mak orijinal la. Anjeneral li pi bon mache epi li fonksyone osi byen ke medikaman ki gen mak orijinal la.

Plent: Se yon deklarasyon aloral oswa alekri ki fè konnen ou gen yon pwoblèm oswa yon enkyetid konsènan sèvis oswa swen ki kouvri yo. Ladan ka gen nenpòt enkyetid sou kalite swen w resevwa a, sou pwofesyonèl swen sante nan rezo nou an, oswa sou famasi ki nan rezo nou an.

Health Insurance Information, Counseling and Assistance Program (HIICAP) [Pwogram Enfòmasyon sou Asirans Sante, sou Konsèy ak Asistans]: HIICAP se Pwogram Asistans Asirans Sante Leta pou Nouyòk. HIICAP bay moun ki gen Medicare konsèy sou asirans sante gratis. HIICAP pa konekte ak okenn konpayi asirans, ni okenn plan swen kontwole, ni ak Plan FIDA.

Ospis: Yon pwogram kote yo bay swen ak sipò pou ede moun ki gen yon pwonostik tèminal viv defason konfòtab. Yon pwonostik tèminal vle di ke yon moun gen yon maladi tèminal e yo prevwa moun sa a gen sis mwa oswa mwens pou l viv. Yon moun ki enskri e ki gen yon pwonostik tèminal gen dwa pou l chwazi ospis. Gen yon ekip pwofesyonèl ak moun ki bay swen ki gen fòmasyon espesyal pou okipe yon moun konplètman, ikonpri sou plan fizik, emosyonèl, sosyal e espiritiyèl. Aetna Better Health FIDA Plan fèt pou l ba w yon lis pwofesyonèl ki bay swen ospis ki nan zòn jewografik ou.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Rezo Endepandan pou Defans Konsomatè (ICAN): Se yon biwo ki ede w si w gen pwoblèm ak Aetna Better Health FIDA Plan. Sèvis ICAN bay gratis. Gade nan Chapit 2 pou jwenn enfòmasyon sou kijan pou kontakte ICAN.

Pasyan ki entènè: Se yon tèm yo itilize lè yo admèt ou ofisyèlman nan lopital la pou ka resevwa swen medikal espesyalize. Si yo pat admèt ou ofisyèlman, yo ka toujou konsidere w kòm pasyan ki pa entènè olyede pasyan ki entènè, menm si w pase nuit la.

Odyans Administratif Entegre: Se yon reyinyon devan Biwo Odyans Administratif la kote w ka esplike pouki rezon w panse Aetna Better Health FIDA Plan oswa Ekip Entèdisiplinè w la (IDT) te pran move desizyon an.

Biwo Odyans Administratif Entegre (IAHO): Se yon inite ki nan Biwo Asistans Tanporè ak pou Andikape nan Eta Nouyòk (New York State Office of Temporary and Disability Assistance) ki òganize plizyè Apèl Nivo 2 jan nou dekri l nan Chapit 9.

Ekip Entèdisiplinè (IDT): Pami IDT ou genyen Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal ou (PCP), Responsab Swen w, ak lòt pwofesyonèl swen sante (ikonpri Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal ou - PCP) ki la pou ede w resevwa swen sante w bezwen. Epitou IDT ou pral ede w fè yon Plan Sèvis ki Konsantre sou yon Moun (Person-Centered Service Plan, PCSP) ak ede w pran desizyon sou sa plan an ap kouvri.

Lis Medikaman ki Kouvri yo (Lis Medikaman): Yon lis medikaman sou preskripsyon Aetna Better Health FIDA Plan kouvri. Aetna Better Health FIDA Plan chwazi medikaman yo ki sou lis sa a avèk èd doktè ak famasyen. Lis Medikaman an fè w konnen si gen nenpòt règ ou dwe suiv pou ka resevwa medikaman w yo. Pafwa yon konn rele Lis Medikaman an yon "fòmilè".

Sèvis ak sipò alontèm (LTSS): Sèvis ak sipò alontèm se sèvis ki ede amelyore yon pwoblèm medikal alontèm. Laplipa nan sèvis sa yo ede w rete lakay ou konsa ou pa bezwen ale nan yon etablisman ki bay swen enfimye ni nan yon lopital. Pafwa yo rele LTSS swen alontèm, sèvis ak sipò alontèm, oswa sèvis adomisil ak kominotè.

Pwogram Swen Kontwole Alontèm (Managed Long Term Care Program, MLTCP): Pwogram Swen Kontwole Alontèm lan se pwogram Medicaid kote endividi ki elijib ka resevwa sèvis ak sipò alontèm (LTSS) nan kominote a oswa nan yon etablisman atravè yon plan swen kontwole ki sou kontra pou l bay sèvis ak lòt sèvis Medicaid.

Medicaid (oswa Asistans Medikal): Se yon pwogram gouvènman federal la ak Leta administre ki ede moun ki pa gen anpil revni ni anpil resous peye pou swen medikal, sèvis ak sipò alontèm, ak depans medikal yo. Li kouvri sèvis ak medikaman anplis ke Medicare pa kouvri. Pwogram Medicaid yo varye de yon eta a yon lòt, men twaka depans swen sante kouvri si w kalifye pou toulède, Medicare ak Medicaid. Gade nan Chapit 2 pou jwenn enfòmasyon sou kijan pou kontakte Medicaid nan eta kote w rete a.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Pwogram Medicaid Advantage Plus (MAP): Se yon pwogram plan swen kontwole Medicare ak Medicaid ki disponib pou endividi ki elijib yo antanke yon altènatif pou Pwogram FIDA. Tanpri, gade nan Chapit 10 pou ka jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou seleksyone MAP.

Medikalman nesesè: Sèvis ak atik sa yo nesesè pou anpeche, pou dyagnostike, pou korije, oswa pou geri maladi ki bay soufrans egi, ki mete lavi moun andanje, ki ka vin bay maladi oswa ki ka rann enfim, ki entèfere ak kapasite w pou fè aktivite nòmal, oswa ki ka menase pou bay andikap grav. Aetna Better Health FIDA Plan pral kouvri w konfòmman ak règ sou pwoteksyon asirans aktyèl Medicare ak Depatman Sante Eta Nouyòk (NYSDOH) ki pi favorab, jan li mansyone nan règ ak direktiv sou pwoteksyon asirans NYSDOH ak federal.

Medicare: Se pwogram asirans sante federal pou moun ki gen 65 lane oswa ki pi aje, pou sèten moun ki gen mwenske 65 lane e ki gen sèten andikap, ak pou moun ki gen maladi ren nan faz tèminal (jeneralman moun ki gen ensifzans renal pèmanan ki bezwen dyaliz oswa yon grèf ren). Moun ki gen Medicare ka resevwa asirans sante Medicare atravè Original Medicare oswa atravè yon plan asirans swen kontwole.

Konsèy Apèl Medicare: Antite ki òganize Apèl Nivo 3, jan li dekri nan Chapit 9.

Sèvis ak atik Medicare kouvri yo: Se sèvis ak atik Medicare Pati A ak Pati B kouvri. Tout plan swen sante Medicare, ki enkli Aetna Better Health FIDA Plan, fèt pou kouvri tout sèvis ak tout atik ke Medicare Pati A ak Pati B kouvri.

Medicare Pati A: Pwogram Medicare ki kouvri laplipla swen nan lopital, swen nan etablisman ki bay swen enfimye espesyalize, swen sante adomisil ak swen nan ospis, ki medikalman nesesè.

Medicare Pati B: Se pwogram Medicare la ki kouvri sèvis (tankou tès laboratwa, operasyon, ak konsiltasyon kay doktè) ak akseswa (tankou chèz woulant ak wòkè [deyanbilatè]) ki nesesè medikalman pou trete yon maladi oswa yon pwoblèm medikal. Epitou Medicare Pati B kouvri plizyè sèvis swen prevantif ak depistaj.

Medicare Pati C: Se pwogram Medicare la ki kite konpayi asirans sante prive bay benefis Medicare atravè yon Medicare Advantage Plan.

Medicare Pati D: Se pwogram benefis medikaman sou preskripsyon Medicare. (Nou rele pwogram sa a "Pati D", kòm non kout.) Pati D kouvri medikaman sou preskripsyon pou pasyan ki pa entène, vaksen, ak sèten akseswa pasyan ke Medicare Pati A oswa Pati B oswa Medicaid pa kouvri. Aetna Better Health FIDA Plan gen ladan Medicare Pati D.

Medikaman Medicare Pati D: Se medikaman yo ka kouvri anba Medicare Pati D. Kongrè Ameriken an te prezizeman eskli sèten kategori medikaman pou Pati D pa kouvri. Medicaid ka kouvri sèten nan medikaman sa yo.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Famasi rezo a: Se yon famasi (magazen ki vann medikaman) ki dakò pou ranpli preskripsyon pou Patisipan nan Aetna Better Health FIDA Plan. Nou rele yo "famasi rezo" poutèt yo dakò travay ak Aetna Better Health FIDA Plan. Leplisouvan, plan an kouvri preskripsyon w yo sèlman si w ranpli yo nan youn nan famasi ki nan rezo nou an.

Pwofesyonèl swen sante rezo: "Pwofesyonèl swen sante" se mo jeneral nou itilize pou doktè, enfimyè, ak lòt moun ki ba w sèvis ak swen medikal. Mo pwofesyonèl swen sante a vle di tou lopital, ajans ki bay swen sante adomisil, klinik, ak lòt kote ki ba w sèvis medikal, ekipman medikal, sèvis ak sipò alontèm. Se Medicare ak Leta a ki ba yo lisans oswa ki sètifye yo pou yo bay sèvis swen sante. Nou rele yo "pwofesyonèl swen sante rezo a" lè yo dakò pou yo travay ak plan sante a epi yo aksepte peman nou yo epi yo dakò pou yo pa voye bòdwo bay Patisipan nou yo pou okenn montan anplis. Lè w se yon Patisipan nan Aetna Better Health FIDA Plan, ou fèt pou itilize pwofesyonèl ki bay swen sante ki nan rezo a pou asirans la ka kouvri sèvis ak atik ou resevwa yo, amwenske se nan sèten sikonstans espesyal tankou nan ka dijans oswa amwenske w bezwen swen ann ijans. Epi yo rele pwofesyonèl swen sante rezo yo "pwofesyonèl swen sante nan plan an."

Mezon oswa etablisman ki bay swen enfimye: Se yon kote ki bay moun ki pa kapab resevwa swen lakay yo, swen sepandan moun sa yo pa bezwen nan yon lopital.

Detèminasyon òganizasyon: Aetna Better Health FIDA Plan fè yon detèminasyon lè limenm, oswa youn nan pwofesyonèl ki bay swen l yo, pran yon desizyon asavwa si lap kouvri sèvis ak atik yo oswa ki kantite lajan ou gen pou peye pou sèvis ak atik ki kouvri yo. Yo rele detèminasyon òganizasyon yo "desizyon sou sa yap kouvri yo" nan tiliv sa a. Chapit 9 esplike kijan pou mande nou pou yon desizyon sou sa plan an ap kouvri.

Original Medicare (Medicare tradisyonèl oswa frè-pou-sèvis Medicare): Se gouvènman federal la ki ofri Original Medicare. Anba Original Medicare, yo kouvri sèvis Medicare yo e se Kongrè Ameriken an ki fikse kantite lajan lap peye doktè, lopital ak pwofesyonèl ki bay swen sante yo. Ou ka konsilte nenpòt doktè, lopital, oswa lòt pwofesyonèl ki bay swen sante ki aksepte Medicare. Original Medicare gen de(2) pati ladann: Pati A (asirans lopital) ak Pati B (asirans medikal). Original Medicare disponib toupatou Ozetazini. Si w pa vle patisipe nan Aetna Better Health FIDA Plan, ou ka chwazi Original Medicare.

Famasi ki pa nan rezo a: Se yon famasi ki pa dakò pou l travay ak Aetna Better Health FIDA Plan pou kowòdone oswa pou l bay Patisipan nan Aetna Better Health FIDA Plan medikaman ki kouvri yo. Laplipa medikaman ou pran nan famasi ki pa nan rezo a, Aetna Better Health FIDA Plan pa kouvri yo, amwenske gen sèten kondisyon yo konsidere.

Pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a oswa **Etablisman ki pa nan rezo a:** Yon pwofesyonèl ki bay swen sante oswa yon etablisman ke Aetna Better Health FIDA Plan pa anplwaye, pa posede, oswa pa opere, epi li pa sou kontra pou l bay Patisipan nan Aetna Better Health FIDA Plan sèvis ak atik ki kouvri yo. Chapit 3 bay esplikasyon sou pwofesyonèl swen sante oswa etablisman ki pa nan rezo a.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Pati A: Gade "Medicare Pati A."

Pati B: Gade "Medicare Pati B."

Pati C: Gade "Medicare Pati C."

Pati D: Gade "Medicare Pati D."

Medikaman Pati D: Gade "Medikaman Medicare Pati D."

Plan Pasyèl/Plan MLTC: Se yon pwogram plan swen kontwole Medicaid ki disponib pou endividi ki elijib antanke yon altènatif pou Pwogram FIDA pou sèvis ak sipò swen alontèm (LTSS) Medicaid.

Patisipan (Patisipan ki nan plan nou an, oswa Patisipan plan an): Se yon moun ki gen Medicare ak Medicaid e ki kalifye pou resevwa sèvis ak atik atravè Pwogram FIDA, epi moun sa a anrejistre nan Aetna Better Health FIDA Plan, epi Sant pou Sèvis Medicare & Medicaid (Centers for Medicare & Medicaid Services: CMS) ak Leta Nouyòk konfime anrejistreman moun nan.

Tiliv pou Patisipan ak Enfòmasyon sou Divilgasyon: Dokiman sa a, ansanm ak fòm anrejistreman w ak nenpòt lòt dokiman anekse, enfòmasyon anplis, oswa lòt dokiman opsyonèl yo seleksyone sou pwoteksyon plan an, ki esplike kisa plan an kouvri pou ou, kisa nou dwe fè, dwa ou genyen, ak sa w dwe fè antanke Patisipan nan Aetna Better Health FIDA Plan.

Sèvis Patisipan: Se yon depatman ki nan Aetna Better Health FIDA Plan ki gen responsabilite pou l reponn kesyon konsènan patisipasyon w, benefis, plent, ak apèl. Al gade nan Chapit 2 pou ka jwenn enfòmasyon sou kijan pou kontakte Sèvis Patisipan an.

Plan Sèvis ki Konsantre sou yon Moun (Person-Centered Service Plan, PCSP): Se yon plan ki esplike ki sèvis ak ki atik ou pral resevwa, kijan w pral resevwa yo, ak objektif swen sante w. Se Ekip Entèdisiplinè w (IDT) ki devlope PCSP ou, natirèlman sa fèt avèk patisipasyon w.

Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal (PCP): Se doktè prensipal ou oswa lòt pwofesyonèl ki bay swen ki gen responsabilite pou l ba w plizyè nan swen prevansyon w yo ak sèvis ak atik swen prensipal. PCP w la ap fè patide Ekip Entèdisiplinè (IDT) ou, si w vle. Si PCP ou nan IDT ou, PCP w la pral patisipe nan devlopman Plan Sèvis ki Konsantre sou yon Moun (PCSP), lap detèmine ki sèvis ak ki atik ou mande oswa ke yo mande pou ou, epi yap apwouve otorizasyon pou sèvis ak atik kap fè patide PCSP ou. PCP ou ka byen yon pwofesyonèl swen sante prensipal, yon enfimyè pratisyèn, oswa yon asistan medsen. Pou ka gen plis enfòmasyon, al gade nan Chapit 3.

Otorizasyon davans: Se otorizasyon w bezwen anvan w ka resevwa sèten sèvis, atik oswa medikaman ki kouvri. Gen sèten sèvis, atik, ak medikaman ki kouvri sèlman si Aetna Better Health FIDA Plan, IDT ou, oswa yon lòt pwofesyonèl swen espesifik otorize yo pou ou. Sèvis ak atik ki bezwen otorizasyon davans



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

make nan Tablo Atik ak Sèvis ki Kouvri yo ki nan Chapit 4. Gen sèten medikaman ki kouvri sèlman si w gen yon otorizasyon davans nan men Aetna Better Health FIDA Plan oswa nan men IDT a. Medikaman ki kouvri yo ki bezwen otorizasyon davans make nan *Lis Medikaman ki Kouvri yo*.

Pwogram Tout Swen Enkli pou Moun Aje (Pwogram of All-Inclusive Care for the Elderly, PACE): A Medicare and Medicaid managed care plan program that is available to eligible individuals as an alternative to the FIDA Program. Tanpri gade nan Chapit 10 pou jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou seleksyone PACE.

Òganizasyon ki responsab amelyorasyon kalite (Quality improvement organization, QIO): Se yon gwoup doktè ak lòt ekspè nan domèn sante ki ede amelyore kalite swen pou moun ki gen Medicare. Se gouvènman federal la ki peye yo pou tcheke ak amelyore swen yo bay Patisipan yo. Gade nan Chapit 2 pou jwenn enfòmasyon sou kijan pou kontakte QIO a nan eta kote w rete a.

Limit sou kantite: Se yon limit yo enpoze sou kantite medikaman w ka genyen. Limit yo ka sou kantite medikaman ke nou kouvri sou chak preskripsyon.

Swen ou dirije ou menm: Se yon pwogram ki ba w fleksibilite pou w chwazi ak jere moun kap ba w swen yo. Se oumenm (oswa moun ou deziyen an) ki responsab pou rekrite, pou anplwaye, pou antrene, pou sipèvize, e pou revoke moun kap ba w swen an. Pou ka gen plis enfòmasyon, gade nan Chapit 3 ak 4.

Zòn sèvis: Yon zòn jewografik kote yon plan sante aksepte Patisipan. Pou plan ki limite ki doktè ak ki lopital ou ka itilize, anjeneral se zòn kote w ka resevwa sèvis woutin tou (ki pa dijans). Aetna Better Health FIDA Plan ka mande Pwogram FIDA pèmisyon pou yo retire w nan Plan FIDA a si w demenaje pou soti andeyò zòn Plan FIDA a sèvi. Pou ka gen plis enfòmasyon sou zòn sèvis Plan FIDA a, al gade nan Chapit 1.

Etablisman ki bay swen enfimye espesyalize (SNF): Se yon etablisman ki bay swen enfimye ki gen anplwaye ak ekipman pou administre swen enfimye espesyalize, e laplipaditan, sèvis reyabilitasyon espesyalize ak lòt sèvis ki gen rapò ak sante.

Swen nan etablisman ki bay swen enfimye espesyalize (SNF): Swen enfimye espesyalize ak sèvis reyabilitasyon ke yo bay kontinyèlman, toulejou, nan yon etablisman ki bay swen enfimye espesyalize. Pami egzanp etablisman ki bay swen enfimye espesyalize, genyen terapi fizik oswa enjeksyon entravenèz (nan venn) ke yon enfimye otorize oswa yon doktè ka bay.

Espesyalis: Se yon doktè ki bay sèvis swen sante pou yon maladi byen presi oswa pou yon pati nan kò a.

Ajans Medicaid Leta: Ajans Medicaid Eta New York la se Biwo Pwogram Asirans Sante (OHIP) Depatman Sante Eta New York (NYSDOH).



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. **Si w bezwen plis enfòmasyon**, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

Terapi pa etap: Se yon règ pou kouvri w ki egzije w eseye yon lòt medikaman dabò anvan nou kouvri medikaman w mande a.

Swen ki nesèsè annijans: Se swen w resevwa poutèt yon maladi sibat, poutèt ou blese oswa poutèt yon pwoblèm ki pa yon ijans men ki mande pou yo ba w swen tousuit. Ou ka resevwa swen ki nesèsè annijans nan men pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a lè pwofesyonèl swen sante ki nan rezo a pa disponib oswa w pa ka jwenn yo.



Si w gen kesyon, tanpri rele Aetna Better Health FIDA Plan nan **1-855-494-9945 (TTY: 711)**, 24 è sou 24, 7 jou sou 7. Apèl la gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt la nan www.aetnabetterhealth.com/newyork.

AETNA BETTER HEALTH FIDA PLAN

55 W 125th St, Suite 1300
New York, NY 10027



Aetna, Inc. complies with applicable Federal civil rights laws and does not discriminate on the basis of race, color, national origin, age, disability, or sex. Aetna, Inc. does not exclude people or treat them differently because of race, color, national origin, age, disability, or sex.

Aetna, Inc.:

- Provides free aids and services to people with disabilities to communicate effectively with us, such as:
 - Qualified sign language interpreters
 - Written information in other formats (large print, audio, accessible electronic formats, other formats)

- Provides free language services to people whose primary language is not English, such as:
 - Qualified interpreters
 - Information written in other languages

If you need these services, contact Aetna Medicaid Civil Rights Coordinator

If you believe that Aetna, Inc. has failed to provide these services or discriminated in another way on the basis of race, color, national origin, age, disability, or sex, you can file a grievance with: Aetna Medicaid Civil Rights Coordinator, 4500 Cotton Center Blvd., Phoenix, AZ 85040, 1-888-234-7358, TTY 711, 860-900-7667, MedicaidCRCoordinator@aetna.com. You can file a grievance in person or by mail, fax, or email. If you need help filing a grievance, Aetna Medicaid Civil Rights Coordinator is available to help you.

You can also file a civil rights complaint with the U.S. Department of Health and Human Services, Office for Civil Rights, electronically through the Office for Civil Rights Complaint Portal, available at <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>, or by mail or phone at:

U.S. Department of Health and Human Services

200 Independence Avenue, SW

Room 509F, HHH Building

Washington, D.C. 20201

1-800-368-1019, 800-537-7697 (TDD)

Complaint forms are available at <http://www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html>

www.aetnabetterhealth.com/newyork

English: ATTENTION: If you speak English, language assistance services, free of charge, are available to you. Call **1-800-385-4104** (TTY: **711**).

Spanish: ATENCIÓN: si habla español, tiene a su disposición servicios gratuitos de asistencia lingüística. Llame al **1-800-385-4104** (TTY: **711**).

Chinese: 注意：如果您使用繁體中文，您可以免費獲得語言援助服務。請致電 **1-800-385-4104** (TTY: **711**)。

Russian: ВНИМАНИЕ: Если вы говорите на русском языке, то вам доступны бесплатные услуги перевода. Звоните **1-800-385-4104** (телетайп: **711**).

French Creole: ATANSYON: Si w pale Kreyòl Ayisyen, gen sèvis èd pou lang ki disponib gratis pou ou. Rele **1-800-385-4104** (TTY: **711**).

Korean: 주의: 한국어를 사용하시는 경우, 언어 지원 서비스를 무료로 이용하실 수 있습니다. **1-800-385-4104** (TTY: **711**) 번으로 전화해 주십시오.

Italian: ATTENZIONE: In caso la lingua parlata sia l'italiano, sono disponibili servizi di assistenza linguistica gratuiti. Chiamare il numero **1-800-385-4104** (TTY: **711**).

Yiddish: אויפמערקזאם: אויב איר רעדט אידיש, זענען פארהאן פאר אייך שפראך הילף סערוויסעס פריי פון אפצאל. **1-800-385-4104** (TTY: **711**) רופט

Bengali: লক্ষ্য করুনঃ যদি আপনি বাংলা, কথা বলতে পারেন, তাহলে নীচেরচায় ভাষা সহায়তা পরষিবো উপলব্ধ আছে। ফোন করুন **1-800-385-4104** (TTY: **711**)।

Polish: UWAGA: Jeżeli mówisz po polsku, możesz skorzystać z bezpłatnej pomocy językowej. Zadzwoń pod numer **1-800-385-4104** (TTY: **711**).

Arabic: ملحوظة: إذا كنت تتحدث اذكر اللغة، فإن خدمات المساعدة اللغوية تتوافر لك بالمجان. اتصل برقم **1-800-385-4104** (رقم هاتف الصم والبكم: **711**).

French: ATTENTION: Si vous parlez français, des services d'aide linguistique vous sont proposés gratuitement. Appelez le **1-800-385-4104** (ATS: **711**).

Urdu: خبردار: اگر آپ اردو بولتے ہیں، تو آپ کو زبان کی مدد کی خدمات مفت میں دستیاب ہیں۔ کال کریں **1-800-385-4104** (TTY: **711**)۔

Tagalog: PAUNAWA: Kung nagsasalita ka ng Tagalog, maaari kang gumamit ng mga serbisyo ng tulong sa wika nang walang bayad. Tumawag sa **1-800-385-4104** (TTY: **711**).

Greek: ΠΡΟΣΟΧΗ: Αν μιλάτε ελληνικά, στη διάθεσή σας βρίσκονται υπηρεσίες γλωσσικής υποστήριξης, οι οποίες παρέχονται δωρεάν. Καλέστε **1-800-385-4104** (TTY: **711**).

Albanian: KUJDES: Nëse flitni shqip, për ju ka në dispozicion shërbime të asistencës gjuhësore, pa pagesë. Telefononi në **1-800-385-4104** (TTY: **711**).

